# Тхылъэу «Апэрэ Самуел»

## Апэрэ шъхьэр

### Самуел икъэхъукIэрэ Тхьэм фэлэжьэнэу ар зэрэратыгъэмрэ

[1] Цыуф лIакъом щыщэу, ефрат лъэпкъым къыхэкIыгъэу, Елкъан
ыцIэу зы лIы горэ Ефраим къушъхьэлъэ хэкум итыгъэ къалэу
Рэмэтэим-Цэфим дэсыгъ. Ащ ятагъэр Ерэухъам, ятэжъыгъэр
Елыхъу, ятэжъым ятагъэр Цыуф ыкъо Тэхъу. [2] Елкъан шъузитIу
иIагъ: зым ыцIагъэр Хъаннэ, адрэм – Пынин. Пынин лъфыгъэхэр
иIагъэх, ау Хъаннэ сабый хэкIыщтыгъэп.

[3] Зиусхьанэу ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэ Тхьэм шъхьащэ
фишIынэуи, Ащ ыцIэкIэ къурмэн ышIынэуи а лIыр зыщыщ
къалэм икIыти илъэсым зэ къалэу Щылэу кIощтыгъэ. Алый
икIэлитIоу Хъофныйрэ Пинхъасрэ къурмэнышIхэу Зиусхьаным
Щылэу щыфэлажьэщтыгъэх. [4] Елкъан къурмэн зишIыкIэ
ишъхьагъусэу Пынинрэ ащ къылъфыгъэ кIалэхэмрэ пшъашъэхэмрэ
Iахьэхэр аритыщтыгъэх. [5] Адрэмэ афэмыдаIоу Хъаннэ шъхьафэу
Iахьэ ритыщтыгъ,[a] сыда пIомэ Хъаннэ шIу илъэгъущтыгъэ,
Зиусхьаным сабый къыримытыщтыгъэ нахь мышIэми. [6] Зиусхьаным
сабый къызэрэримытрэр гукъао щыхъунэу тIуанэу иIэм
къызэрэрихъонщтыгъэм Хъаннэ ыгу къыгъэцIыкIущтыгъэ. [7] Илъэс
къэс Зиусхьаным иунэ зыкIокIэ, тIуанэм ыгу къыхигъэкIыщтыгъэ,
мыдрэр, гукъао зэриIэм нахь хэмылъэу, шхэщтыгъэп. [8] Арти
ишъхьагъусэу Елкъан мыщ фэдэу къыриIуагъ: «Хъаннэ! Сыда

---

[a][1] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [ащ сабыйхэр иIагъэпти]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

узкӀэгъыри, узкӀэмышхэри, угу къэзгъэцӀыкӀури? ШъэуипшӀэу уиӀэн ылъэкӀыщтыгъэм оркӀэ сыанахь лъэпӀэнба сэ?»

9–11 Зы илъэс горэм Щылэу кӀохи Зиусхьаным иунэ зыщэшхэхэм, зыщешъохэм Хъаннэ къэтэджыжьыгъ. Лъэш дэдэу ыгу еӀэжьыгъэти, пчъэнымрэ гъынымрэ зэдыхэтхэу бзылъфыгъэр Зиусхьаным елъэӀузэ, тхьэлъанэ ышӀыгъ: «Зиусхьанэу ошъогу дзэхэр зиӀэрылъхьэр! СигукӀае къыплъэӀэсмэ, ащ ипэгъокӀэу гукӀэгъу къысфэпшӀынышъ, сыпщымыгъупшэу, угу сыкъэкӀыжьэу, уиӀумэт шъао къептмэ, ежь къыгъэшӀэщтым фэлэжьэнэу, Зиусхьаным ар естынэу,[b] ышъхьашъо егъашӀэми чан нэсымыгъэсыхэнэу тхьэлъанэ сэшӀы».

А уахътэм къурмэнышӀэу Алый пчъэихьапӀэм дэжь щытыгъэ тетӀысхьапӀэм тесэу Зиусхьаным иунэ лъапӀэ чӀэсыгъ.

12 ЫӀупэхэр хъублаблэхэу ар Зиусхьаным бэрэ елъэӀуфэ Алый къыӀуплъыхьагъ. 13 ЫгукӀэ зэриӀожьзэ, ышъхьэ фэгущыӀэжьрэм фэдэу, ыӀупшӀэхэр ыгъэхъублаблэхэу Хъаннэ щысыгъэти, ар утэшъуагъэу Алый къышӀошӀыгъ. 14 Арти Алый ащ риӀуагъ: «Сыдигъо нэс уутэшъуагъэу ухэтыщта? Чэфыр зыкӀэгъэкӀыжь».
15 Ащ иджэуап Хъаннэ къыритыжьыгъ: «Хьау, сизиусхьан, сэ гукӀаем сызэлъиштэгъэ бзылъфыгъ, унагъуи сис, узгъэутэшъони зыӀузгъэфахэрэп, ау сыгу илъыр зэкӀэ Зиусхьаным фэсэӀуатэ.
16 УсиӀумэт, ау бзылъфыгъэ мыхъатэ фэдэу укъысэмыплъ, сигуузышхорэ сызгъэчэфынчъэмрэ якъэбар джы нэс сӀотагъэ».
17 Алый ащ къыриӀожьыгъ: «Зыгъэрэхьати шъуадэжь гъэззэжь, узэрелъэӀугъэр Израилым и-Тхьэ къыпфишӀэщт». 18 Арти къыриӀожьыгъ: «УиӀумэт уинэшӀукӀэ еплъ!» Ар къыӀуи игъогу техьажьыгъ, шхэуи ар хъужьыгъэ, нахьыпэм фэдэуи чэфынчъэжьыгъэп.

---

[b][2] Мы чӀыпӀэм мыщ фэдэ къэӀуакӀи иӀ: [сани шъуати ар яшъощтэп]. Мы къэӀуакӀэр ижъырэ урымыбзэмкӀэ зэрадзэкӀыжьыгъэ Ӏэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкӀэ атхыгъэ Ӏэпэрытхым хэтэп.

[19] Пчэдыжьым Елкъан ибын къэтэджыжьыгъ. Зиусхьаным
шхьащэ фашIи ядэжь, Рамэ, къагъэзэжьыгъ. Елкъанрэ Хъаннэрэ
зызэкIэгъухэм бзылъфыгъэм илъэIу Зиусхьаным къызэхихыгъ.
[20] Уахътэ зытешIэм Хъаннэ ышъо сабый хэфагъ, шъауи къыфэхъугъ.
Самуел цIэу ащ фиусыгъ. Хъаннэ ыIощтыгъ: «Зиусхьаным
селъэIугъэти, ар къыситыгъ».

### Самуел Тхьэм фэлэжьэнэу зэрэратыгъэр

[21] Зиусхьаным илъэс къурмэн фашIынышъ, Ащ елъэIунхэм пае
Елкъанрэ унагъом исхэмрэ зэгъусэхэу Щылэу кIуагъэх. [22] Хъаннэ
ахэм адэмыкIоу илI риIуагъ: «Сабыир быдзыщэм пызгъэзыжьэу
зыкъызиIэткIэ, сэр-сэрэу Зиусхьаным иунэ сщэнышъ, Зиусхьаным
ыпашъхьэ итэу фэлэжьэным пае егъэшIэрэу къэзгъэнэщт».
[23] Ишъхьагъусэу Елкъан шъузым къыриIуагъ: «Узэрэфаеу зекIо;
быдзыщэр екъуфэ егъашъу; Зиусхьаным ыIуагъэр къыбдэрэхъу».
Шъузыр къани зегъэшъокIыфэ сабыир быдзыщэм ригъэшъуагъ.
[24] КIалэм ибыдзешъон зекъум, илъэсищ зыныбжь шкIэхъужъыр,
шъонтым из санэр, хьаджыгъэ дзыожъыер къыздаштэхи янэрэ
ыкъорэ Зиусхьаным иунэу Щылэу дэтым кIуагъэх. А лъэхъаным
кIалэр джыри сабыигъ. [25] [c]ШкIэхъужъыр шIуабзи, янэ шъэожъыер
Алый къыфищагъ. [26] Хъаннэ къыIуагъ: «О сизиусхьан, упсэ
Зиусхьаным бэ регъэгъашI! Уапашъхьэ исэу Зиусхьаным
елъэIущтыгъэ бзылъфыгъэр къэошIэжьмэ, сизиусхьан, ар сэры;
[27] Мы кIалэр ары Ащ сызфелъэIугъагъэр, сызэрелъэIугъэри
Зиусхьаным къысфишIагъ. [28] Ежь къыгъэшIэщтым фэлэжьэнэу
Зиусхьаным джы ар сэ есэты, сыда пIомэ ар къыситынэу Зиусхьаным

---

[c][3] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [Ар къащи Зиусхьаным ыпашъхьэ рагъэуцуагъ; мэфэ гъэнэфагъэхэм Зиусхьаным фишIыщтыгъэ къурмэныр ащ ятэ къурмэн ышIыгъ. ЕтIанэ кIалэр къащагъ]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

селъэIугъагъ». Ар къызеIом ыуж Зиусхьаным фэлэжьэнэу Хъаннэ кIалэр ащ къыгъэнагъ.

# ЯтIонэрэ шъхьэр

### Хъаннэ итхьэлъэIу орэд

1 Джаузэ Зиусхьаным елъэIузэ, Хъаннэ къыIуагъ:
«Зиусхьаным гушIуагъо дэзгъотыгъ;
КIуачIэу схэлъым Тхьэм хигъэхъуагъ;
ГущыIэкIэ сипыйхэм сапырикъугъ;
Зиусхьаным ишIуагъэкIэ щыIэныгъэм сыкIэгушIу.

2 Зиусхьаным нахь шыихъ щыIэп,
Ощ нэмыкI гори щыIэп,
Ти-Тхьэ ебгъэпшэнэу пытапIэ щыIэп.

3 ШъукъызшIошIыжьэу бащэ шъумыIо,
ГущыIэ дысхэр къызжэдэшъумыгъэкIых;
Зиусхьаныр – зэпстэуми ащыгъозэ Тхьэр ары,
ЦIыфмэ ашIэрэр зэкIэ къызэпещэчы.

4 Лъэшмэ ящэбзащэхэр къызэпэкIых,
Хъыбэйхэм кIуачIэкIэ зарегъэузэнды;

5 ШхэкIыгъэхэм ягъомылэ къалэжьыжьы,
Гъаблэ хэтыгъэхэм аIотэжьы;
Сабый къызхэмыкIыщтыгъэр гъогогъуиблэ къэгъэгъагъ,
Сабыибэ зиIагъэр чъыг гъугъэу къэнагъ.

6 Зиусхьаным дунаир къыуегъэбгынэ, псэр къыпегъэкIэжьы,

Хьадрыхапчъэр къыпфызэIуехы, хьадрыхэ гъогу
укъытырещыжьы;

7 Зиусхьаным гъончэнджынчъэу укъегъанэ, былымыр хышхоу
къыпфегъакIо,
УеушъхьакIу, уакъыхеIэтыкIы.

8 ТхьамыкIэхэр сапэм къыхещыжьых,
Ащыгъупшэжьыгъэхэр ежьэ Iуашъхьэм къыхехыжьых,
Лъэрыхьэмэ ахегъэуцожьых,
ЕгъэшIэрэ щытхъум итетыгъо къареты.

ЧIыгум ылъапсэ Зиусхьаным къыщежьагъ,
Тызтет дунайри ащ тыригъэуцожьыгъ.

9 Шъыпкъэныгъэ зыхэлъ ицIыфхэм ялъагъохэр къыухъумэщт,
Хэбзэнчъэмэ ялъагъо шIункIым ыдырыщт,
Къарыу закъор арэп цIыфыр зыгъэлъэшырэр.

10 Енэкъокъурэр зэкIэ Зиусхьаным рихьаджыхьащт;
Ошъогум шыблэ мэкъэшхоу къыщыгъогъощт.[d]
Дунаир зэрэщытэу Зиусхьаным ыухэсыщт,
Ипачъыхьи пытагъэ къыритыщт,

---

[d][4] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [Зиусхьаныр шыихъ. Губзыгъэр зэрэгубзыгъэм пае къызщэрэмытхъужь, къарыушIури зэрэкъарыушIум пае къызщэрэмытхъужь, байри зэрэбаим пае къызщэрэмытхъужь. Ау къызщытхъужьынэу зышIоигъор Зиусхьаныр къызэрэгурыIорэмрэ зэришIэрэмрэ пае къызщэрэтхъужь]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

и-Тхьэихэхи[e] ыкIуачIэ зыдыригъэIэтэещт».
[11] Елкъан ядэжь, Рамэ, ыгъэзэжьыгъ, ишъао Алый къурмэнышIым
дэжь, Зиусхьаным фэлэжьэным пае къыгъэнагъ.

## Алый ыкъохэм ябзэджэшIагъэхэр

[12] Алый ыкъохэр цIыф хъэтагъэхэп; ахэр Зиусхьаным
шIолIыкIщтыгъэхэп. [13] КъурмэншIынымкIэ Тхьэм къафигъэуцугъэ
хабзэхэу къурмэнышIым цIыфмэ аригъэлэжьынэу щытхэр
аукъощтыгъэх. Зыгорэм къурмэн зишIыкIэ лым игъэжъогъум
къурмэнышIым иIофтабгэ цацэр ыIэдакъэ чIэгъэнагъэу къэсыти,
[14] ар зыщыжъорэ лэгъупым рыхэIабэщтыгъ, цацэм къыпыфэрэр
къурмэнышIым фихьыщтыгъ. Щылэу къэкIорэ израил цIыф пстэуми
джары зэрадэзекIощтыгъэхэр. [15] КъурмэнышIым иIофтабгэ шэр
джыри амыгъэстызэ къэсыти къурмэн зышIырэм риIощтыгъ:
«КъурмэнышIым ыгъэжъэнэу лы къысэт, лы жъуагъэр ащ
пIихыщтэп, зэрэцIынэзэ къаштэ». [16] «Хабзэм тетэу Тхьэм пае шэр
загъэстыхэкIэ о узыфаем фэдиз етIанэ штэ» зыгорэм къызыриIокIэ,
мыдрэм риIожьыщтыгъ: «Хьау, джыдэдэм къаштэ, армырмэ,
кIуачIэкIэ птесхыщт». [17] А кIалэмэ псэкIодышхо Зиусхьаным
ыпашъхьэ щызэрахьэщтыгъ, сыда пIомэ Зиусхьаным ыцIэкIэ ашIырэ
къурмэныр зэщагъакъощтыгъ.

## КIалэу Самуел Щылэу щыI

[18] КIалэу Самуел къурмэншIыгъом къурмэнышI чэтэнIабгъур
ыбг пыпхагъэу Зиусхьаным фэлажьэщтыгъ. [19] Илъэс къэс атефэрэ
къурмэныр ашIынэу янэрэ ятэрэ зэгъусэхэу къакIощтыгъэхэти,
щыгъын кIыIутелъ цIыкIур ным къыфидыти, ащ къыфихьыщтыгъ.
[20] Алый Елкъанрэ ишъхьагъусэрэ Зиусхьаным ынэшIу къащыфэнэу

---

[e][5] Тхьэихэх – мы къэIуакIэм пае джуртыбзэм гущыIэу „Мэшыяхъ“, урымыбзэм „Христос“ ащагъэфедэ. ГущыIитIуми къарыкIырэр: дагъэр зыщафагъэр. Мэхьанэ шъыпкъэу иIэр: Тхьэм къахихыгъэр.

афелъэIущтыгъ: «Зиусхьаным фэбгъэшъошэгъэ кIалэм ычIыпIэ мы
уишъуз къыхэкIыгъэу сабыйхэр Зиусхьаным къыпферэгъэхъух!»
ЕтIанэ ахэр ядэжь къэкIожьыщтыгъэх.

21 Зиусхьанып Хъаннэ къыфеплъыгъ, кIэлищрэ пшъэшъитIурэ
ышъо хыригъадзи, джыри къыритыгъ. Самуел Зиусхьаным ынаIэ
къытетэу зыкъиIэтыщтыгъ.

22 Алый жъы дэдэ хъугъагъэ. ИкIалэхэр зэкIэ израил цIыфхэм
зэрадэзекIохэрэм, Тхьэм ицIыфхэр зэкIолIэрэ чэтэнгъэIэгъэ
лъапIэм щылэжьэрэ бзылъфыгъэхэм зэращыкIыгъухэрэм
якъэбархэр зэхихыщтыгъэти, 23 ахэм ариIуагъ: «Сыд пае ауштэу
зыжъугъэпсыра? ЗэкIэ цIыфхэм гущыIэ Iае нэмыкI къышъуаIуалIэу
зэхэсхырэп. 24 Хьау, сикIалэхэр, къэбар дэгъоп къыслъыIэсхэрэр,[f]
Зиусхьаным ицIыфхэр къызэIэшъогъахьэх. 25 Зы цIыфым адрэ
цIыфым лые зырихкIэ, Тхьэм изэхэфын, ау хэта лIыкIо фэхъущтыр
Зиусхьаным емыкIун бзаджэ зышIэрэм?» Ау кIалэхэр ятэ
къыIорэм едэIугъэхэп, сыда пIомэ Зиусхьаным хьадэгъур ахэм
афигъэнэфэгъэхагъ.

26 КIалэу Самуел ыныбжь нахьи нахь хахъощтыгъэ, Зиусхьаныри
цIыфхэри шIукIэ ащ къыпэгъокIыщтыгъэх.

**Къэхъущтыр зышIэрэм Алый икIалэхэм**
**къяхъулIэщтыр къызэрариIуагъэр**

27 Тхьэм илIыкIо Алый дэжь къакIуи къыриIуагъ:

«Зиусхьаным ыIорэр мары:
„Фирхьауным Мысыр хэгъэгум шъущигъэпщылI зэхъум
Уятэжъ ятэжъхэм закъыфэзгъэнэфэгъагъэба?

[f][6] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [ащ фэдэу шъумышIэ, сыда пIомэ шъощ пае къэбар дэгъоп зэхэсххэрэр]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

[28] О плъэпкъба къурмэнышIэу къысфэлэжьэнэу
Израил лъэпкъ пстэумэ къахэсхыгъэр,
СикъурмэншIыпIэ шъукъекIолIэным,
Гъомэ IэшIухэр къызпихырэ чъыг мыстхъухэр щыжъугъэстыным,
КъурмэнышI чэтэнIабгъур шъубгмэ апыпхагъэу
Сапашъхьэ шъуитыным пае?
Израил цIыфхэм сэ сцIэкIэ
МашIокIэ агъэстырэ къурмэн пстэумэ ащыщхэр
УкъызхэкIыгъэхэм къаIузгъэкIагъэба?

[29] Сыд пае шъуIупс къафечъэра
Сэщ пае ашIырэ къурмэнхэмрэ гъомылэ тынхэмрэ?
Сыда зытехъухьэрэр Сэщ нахь лъэшэу
УикIалэхэр бгъэлъэпIэнхэр?
Израил цIыфхэм сэ къысфагъэшъошэрэ шIухьафтын
Анахь дэгъухэр къызыфыхэпхыжьзэ, уишIугъо ухъуныр?“»

[30] «Ащ пае Израилым и-Зиусхьанэу Тхьэм
Джы ыIорэр мары:
„А лъэхъаным унашъо къышъуфэсшIыгъагъ:
О уиуни уятэ иуни егъашIэм
Сапашъхьэ шъуимыкIэу шъукъысфэлэжьэнэу“».
Ау Зиусхьаным джы къыIорэр мары:
«Ар хъужьыхэщтэп, сыда пIомэ
Сэ зищытхъу сIотэщтыр
Сищытхъу зыIуатэхэрэр ары,
Ау мыхъун Iаягъэхэр къыспызыIухьэхэрэр
ЦIыфхэм япхъэтэпэмыхьэу хъущтых.

[31] Мары лъэхъан къэсыщт
Ори укъызхэкIыгъэ уяти шъуилъэкI сыкъыхэIанэу.

Уиунагъо щыщ горэми игъашIэ жъыгъом нэсыщтэп.

32 Израилым итхьамыкIагъо къэплъэгъужьыщт,[g]
Зиусхьаным ынэшIу Израилым къызэрэщыфэзи,
О уиунагъо ис горэми
ИгъашIэ жъыгъом нэсыщтэп.

33 Сиунэ лъапIэ къурмэнышIэу чIэтынэу,
Зы нэбгырэ закъу ныIэп къэзгъэнэщтыр,
ЫнапIэхэр къэонтэгъунхэм,
ЫпсэхэIэжьыным пае.[h]
Ау уиунэ къихъорэ пстэури
Гурыт ныбжьым итэу лIэщт.

34 УикIэлитIоу ХъофныйкIи ПинхъаскIи
ГъэунэфыпIэ сэ къыпфэсшIыщт:
А зы мафэм ахэр зэдэлIэщтых,
КъыосIуагъэм ишъыпкъапIэ бгъэунэфыщт.

35 КъысфэшъыпкъэщтkъурмэнышIыр сэ къахэсхыщт,
Сыгу илъым къытыригъафэу,
Сыгу илъыр къышIэу ар зекIощт.
Иунагъо щыщхэр егъашIэм къурмэнышIыщтых,
Тхьэихэхым ыпашъхьэ ар итэу
ЕгъашIэм Ащ фэлэжьэщт.

---

[g][7] ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым мы гущыIэхэм къарыкIырэр къыбгурыIонэу зэхэугуфыкIыгъэу итэп. Урыс синодальнэ Библием зэрэхэтыр: [СипсэупIэ итхьамыкIагъо о къэплъэгъужьыщт].

[h][8] Ижъырэ Iэпэрытххэм къэIокIэ зэфэшъхьафхэр мыщ дэжьым ащыряIэх. Урыс синодальнэ Библием зэрэхэтыр: [Уибын щыщ пстэури сикъурмэншIыпIэ Iусщыщтхэп, унапIэхэр къэонтэгъунхэм, упсэ ухэIэжьыным пае].

36 Уиунагъо щыщэу псэоу къэнагъэм пэпчъ
А къурмэнышIым ыдэжь къакIозэ шъхьащэ фишIыщт,
Тыжьын ахъщэ тIэкIурэ хьалыгъу такъыррэ
Къыритынхэу Ащ елъэIущт.
„КъурмэнышIым ыгъэцэкIэн ылъэкIыщт
IофшIэн горэм сыфэгъаз,

Сшхын тIэкIу горэ къырызгъэхъэн слъэкIынэу“,
– ащ риIощт».

# Ящэнэрэ шъхьэр

## Тхьэм Самуел къызэрахихыгъэр

1 КIэлакIэу Самуел Алый унашъохэр къыфишIзэ, Зиусхьаным
фэлажьэщтыгъ. А лъэхъаным Зиусхьаным ипсалъэ цIыфхэм
бэрэ зэхаригъэхщтыгъэп, къаригъэхъулIэщтхэри бэрэ
къаригъэлъэгъущтыгъэхэп.
2 Алый ынэхэм лъэшэу къащыкIагъэу, хъатэуи ымылъэгъужьэу
чэщ горэм игъолъыпIэ хэлъыгъ. 3 ТхьэлъэIупIэм ыпашъхьэ
щытыгъэ остыгъэр джыри мыкIосагъэу Зиусхьаным иунэу, Тхьэм
иунэшъуипшI зытетхэгъэ мыжъо бгъуитIур зыдэлъ пхъонтэ лъапIэр
зычIэтым Самуел илъыгъ.[i]
4 Зиусхьаныр Самуел къеджагъ: «Самуел, Самуел!» Арти
мыдрэм къыIуагъ: «Мары сыщыт!» 5 Самуел Алый ыдэжь
чъи риIуагъ: «Укъысэджагъэшъ, мары сыкъыпкIэлъырыт».
Ау адрэм къыриIожьыгъ: «Сыоджагъэп. КIожьи, гъолъыжь».
Ар кIожьи гъолъыжьыгъэ. 6 Ау Зиусхьаныр джыри Самуел

---

[i][9] Пхъонтэ лъапI – Тхьэм Мосэ унашъоу къыфишIыгъэм тетэу пхъонтэ лъапIэр пхъэм хишIыкIыгъагъ. Пкъыгъо лъапIэхэмрэ Тхьэм иунэшъуипшI зытетхэгъэ мыжъобгъуитIумрэ ащ дэлъыгъэх. Еплъ: «Мосэ иятIонэрэ тхылъ» – «Исход», 25:10-22; 37:1-9; «Пачъыхьэмэ яхьылIэгъэ апэрэ тхылъыр» 8:9.

къеджагъ. ИкIэрыкIэу Самуел Алый ыдэжь къакIуи, къыриIуагъ:
«Мары сыщыт. Укъысэджагъэба». Арти адрэм къыриIуагъ:
«Сыоджагъэп, сикIал. Гъэзэжьи гъолъыжь». [7] Зиусхьаным ымакъэ
Самуел зэхихыгъэу, Ащ ипсалъэ къыфызэIуихыгъэу щытыгъэп.
[8] Ящэнэрэу Зиусхьаныр Самуел къеджагъ. ИкIэрыкIэу ар Алый
дэжь кIуи риIуагъ: «Мары сыщыт! Укъысэджагъэба». Ащ дэжьым
Алый къыгурыIуагъ Зиусхьаныр кIалэм къызэреджэрэр. [9] Арти
Алый Самуел риIуагъ: «КIожьи гъолъыжь. Ар къызыуаджэкIэ,
еIу: „КъаIо, Зиусхьан, уиIумэт укъызэхехы“». Самуел кIожьи
ичIыпIэ гъолъыжьыгъэ. [10] Арти Зиусхьаныр къакIуи къэуцугъ,
ыпэрэмэ афэдэу къеджагъ: «Самуел! Самуел!» Самуел
къыIуагъ: «КъаIо, уиIумэт укъызэхехы». [11] Зиусхьаным Самуел
къыриIуагъ: «Зы Iофыгъо Израилым щызгъэцэкIэщтышъ, икъэбар
зэхэзыхырэм зэригъэшIагъорэм нахь хэмылъэу ытхьакIумэнэIусхэр
къыIуигъэощтых. [12] Алый иунагъо есIолIагъэр зэкIэ а мафэм
згъэцэкIэжьыщт, дэсыублэнышъ, а Iофыр ыкIэм нэзгъэсыжьыщт.
[13] Тхьэм къемыкIунэу икIалэмэ зызэрагъэпсырэм щыгъуазэ пэтзэ,
ахэр ыIэжэнхэ зэримылъэкIыгъэм пае егъашIэм зыхэмыкIыжьын
бэлахьэ иунагъо къызэрэфезгъэхыщтыр ащ есIогъагъ. [14] Джащ
къыхэкIэу иунагъо телъ лажьэр къурмэнхэмкIи нэмыкI
шIухьафтынхэмкIи егъашIэм зэримыпщыныжьышъущтымкIэ
гущыIэ пытэ сэшIы».

[15] Самуел пчэдыжьым нэс чъыягъэу Зиусхьаным иунапчъэхэр
къыIуихыгъэх, ылъэгъугъэм икъэбар Алый фиIотэным
тещыныхьэщтыгъ. [16] Ау Алый Самуел къеджи къыриIуагъ:
«СикIалэу Самуел!» Адрэм риIожьыгъ: «Мары сыщыт!» [17] Алый
къеупчIыгъ: «Сыда къыуаIуагъэр? СшIомыушъэф. КъыуаIуагъэм
щыщ зысшIоуушъэфкIэ, уифэшъуашэр Тхьэм уигъэгъотыщт,
нахьыбэжьи къыуишIэщт». [18] Самуел зыпари шIуимыушъэфэу
зэкIэри къыфиIотэжьыгъ. Арти Алый къыIуагъ: «Ар – Зиусхьан,
зэрэшIоигъоу зэкIэ ышIэн ылъэкIыщт».

### Самуел тхьэлIыкIоныр пшъэрылъ зэрэфэхъугъэр

[19] Самуел хэхъуагъ. Зиусхьани ащ игъусагъ. Ащ къыриIогъэ
гущыIэмэ ащыщэу зы закъо гори мыгъэцэкIэжьыгъэу къэнагъэп.
[20] ТхьэлIыкIонэу, Зиусхьаным къыбгъодэкIырэ псалъэхэр
къышIынхэу Самуел пшъэрылъ къызэрэфехыгъэр зэрэ-Израилэу,
Дан къалэм къыщегъэжьагъэу БэрщэбаI къалэм нэсыжьэу къэбарыр
щызэлъашIагъ. [21] Щылэу дэс Самуел Зиусхьаным ипсалъэ
къыфыригъэхи, зыкъызырегъашIэм ыуж зэпымыоу ипсалъэкIэ
Самуел Щылэу къыщылъыIэсыщтыгъ.[j]

# ЯплIэнэрэ шъхьэр

[1] Самуел зэрэ-Израилэу псалъэкIэ зыфигъэзагъ.

### Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ зэратырахыгъэр

Израил цIыфхэр фылистхэм заокIэ апэгъокIыгъэх, АбэнхъаIэзэр
пэблагъэу ахэр агъэуцугъэх, фылистхэр Афэкъ дэжь къыщыуцугъэх.
[2] Фылистхэр израил цIыфхэм къязэонхэу къэуцухи, заор
къарашIылIагъ. Фылистхэр израил цIыфхэм къатекIуагъэх,
ахэм ащыщэу нэбгырэ миниплI фэдиз а чIыпIэм къыщаукIыгъ.
[3] Псэоу къэнэжьыгъэхэм уцупIэм къызагъэзэжьым, Израилым
инахьыжъ упчIэжьэгъухэм къаIуагъ: «Сыда Зиусхьаным фылистхэр
къызкIыттыригъэкIуагъэхэр? Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэу Щылэу
щыIэр мыщ къызытщэкIэ, Зиусханыр тигъусэ хъунышъ, заом
тызыкIокIэ, типыйхэм ащ тащиухъумэщт». [4] Арти Щылэу агъакIохи

---

[j][10] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [Арти Самуел Зиусхьаным зэритхьэлIыкIор зы къуапэм къыщегъэжьагъэу адрэ къуапэм нэсыжьэу зэрэ-Израилэу ашIошъ щыхъугъ. Алый жъы дэдэ хъужьыгъагъ, ащ ыкъохэм Зиусхьаным ыпашъхьэ псэкIодышхо джыри щызэрахьэщтыгъ]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

Зиусхьанэу ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэм ипхъонтэ лъапIэу Ар
къэрыубхэм[k]
атесэу зытешIыхьагъэр къахьыгъ. Алый ыкъуитIоу Хъофныйрэ
Пинхъасрэ Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ къыдэкIуагъэх.
5 Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ уцупIэм къызагъэсым израил
цIыфхэм куо мэкъэшхоу къаIатыгъэм чIыгур къыгъэгырзыгъ.
6 Фылистхэм а гушIогъо куо мэкъэшхохэр зэхахыгъэти,
зэупчIыжьыгъэх: «Сыд фэдэ куо мэкъэшхоха джуртмэ яуцупIэ
зыдэщыIэ лъэныкъомкIэ къыщыIухэрэр?» Зиусхьаным
ипхъонтэ лъапIэ уцупIэм къызэрэнагъэсыгъэр ахэм къашIагъ.
7 Арти фылистхэм къэщтагъэхэу зэраIожьыгъ: «Ахэм яуцупIэ
Тхьэр къэсыгъ. ТхьамыкIэгъошхор къытфэкIуагъ, сыда пIомэ
тыгъуаси тыгъоснахьыпи ащ фэдэ хъугъэп. 8 ТхьамыкIэгъошху
къытфэкIуагъэр. А Тхьэ кIочIэшхомэ хэт тащызыухъумэщтыр?
А Тхьэ дэдэхэр ары мысырхэр шъофнэкIым тхьамыкIагъомэ
ащыхэзыдзагъэхэр. 9 Фылистхэр, лIыгъэ къызыхэжъугъаф,
зыжъугъэпыт. Ежьхэр гъэры зэрэтшIыгъэхэм фэдэу, джуртмэ гъэры
тэ тамышIыжьыным пае, шъуязау. ЛIыгъэ къызхэжъугъаф, ахэм
шъуязау».
10 Ащ лъыпытэу фылистхэр къязэуагъэх, израил цIыфхэм ахэр
къатекIуагъэх, израил цIыфхэм къыкIаIажьи, чэтэнгъэIагъэмэ
ачIэлъэдэжьыгъэх. Хьалэч къырагъэфагъэх, израил лъэсыдзэм
щыщэу нэбгырэ мин щэкI хэкIодагъ. 11 Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ
фылистхэм зыIэкIагъэхьагъ. Алый ыкъуитIоу Хъофныйрэ Пинхъасрэ
къаукIыгъэх.

[k][11] къэрыубхэр: ошъогу псэушъхьэ тэмабгъох. Ахэм ятеплъэ зиIэу дышъэм хэшIыкIыгъэхэр тIу хъухэу Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ шъхьащытыгъэх. Къэрыубмэ атамэхэр Тхьэр зыдэщыIэ чIыпIэу ары зэралъытэрэр. Еплъ: „Мосэ иятIонэрэ тхылъ“ 25:18-20; 37:7-9.

## Алый дунаир зэрихъожьыгъэр

[12] Бынямин цIыф горэм зэуапIэр къыбгыни къыкIиIэжьыгъ.
А мэфэ дэдэм Щылэу ащ къыгъэзэжьыгъ. Къэбар гухэкIышхо
зэриIэм ишыхьатэу ищыгъынхэр зэIытхъыгъагъэх, ышъхьэ
ятIэр къыхэтэкъущтыгъ. [13] Ар къызэсым, Алый Тхьэм ипхъонтэ
лъапIэ икъэбар ымышIэу зэгоутыщтыгъэти, гъогум пэмычыжьэу
къэлапчъэм дэжь щыт тетIысхьапIэм тесэу гъогум рыплъэщтыгъ.
Бынямин цIыфыр къэси къэбарыр къызафеIуатэм, къалэм дэс
цIыфхэм хьадэгъэшхо къаIатыгъ. [14] Алый гъог макъэхэр зызэхехым
къяупчIыгъ: «Сыд фэдэ куо-хьау макъэха къэIухэрэр?» Къэбарыр
къафэзыхьыгъэр Алый къекIуалIи къэхъугъэм щигъэгъозагъ.
[15] Алый ащ дэжьым илъэс тIокIиплIрэ пшIырэ ыныбжьыгъ, ынэхэр
икIосыкIыгъагъэх, зыпари ылъэгъужьыхэщтыгъэп. [16] А цIыфым
Алый къыриIуагъ: «Сэ дзэм изэуапIэ къэсыбгынэгъэ къодый,
непэ зэуапIэм сшъхьэ къыIусхыжьыгъ». Алый къеупчIыгъ: «Сыда
къэхъугъэр, сикIал?» [17] Арти къэбарыхьэм къыриIожьыгъ: «Израил
цIыфхэр фылистхэм къафыгъэх. Заом дзэкIолIыбэ хэкIодагъ,
хьалэчыр къахагъэхьагъ. О уикIэлитIуи, Хъофныйрэ Пинхъасрэ,
хэкIодагъэх, Тхьэм ипхъонтэ лъапIи аштагъ». [18] Тхьэм ипхъонтэ
лъапIэ игугъу къызешIым, тетIысхьапIэм къефэхи, Алый кIыбкIэ
къызэхэфагъ, жъы дэдэ зэрэхъугъэмрэ зэрэонтэгъугъэмрэ къахэкIэу
ытхыкъупшъхьэ зэриути лIагъэ. Ар илъэс 40-рэ Израилым
ихьыкумышIщтыгъ.

## Пинхъас ишъхьагъусэ зэрэлIагъэр

[19] Алый инысэу, Пинхъас ишъхьагъусэ лъэрымыхьагъ, сабый
къыфэхъункIэ макIэ къыфэнэжьыгъагъэр. Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ
зэратырахыгъэм, ипщырэ ишъхьагъусэрэ зэрэщымыIэжьхэм
якъэбар зызэхехым бзылъфыгъэр етIысэхыгъ, хъушъэныр къэси
сабый къыфэхъугъ. [20] Ащ лIэныгъэр къызештэм, къыкIэрытыгъэ

бзылъфыгъэхэм раIуагъ: «УмыгумэкI, о шъао къыпфэхъугъ». Ау
адрэм зыпари къариIожьыгъэп, хъатэуи къапылъыжьыгъэп. 21 Тхьэм
ипхъонтэ лъапIэ затырахым, ипщырэ ишъхьагъусэрэ зэлIэхэм ауж
сабыим Ихабод[1]
цIэу фиуси ыIуагъ: «Щытхъум Израилыр къыбгынагъ». 22 Ащ
къыIуагъ: «Щытхъум Израилыр къыбгынагъ, сыда пIомэ Тхьэм
ипхъонтэ лъапIэ атырахыгъ».

# Ятфэнэрэ шъхьэр

### Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ фылистхэм бэлахь къызэрафихьыгъэр

1 Фылистхэм Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ АбэнхъаIэзэр къыращи
къалэу Ащдэд къащагъ. 2 Фылистхэм Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ тхьэу
Дагон ыцIэкIэ агъэуцугъэ унэм рахьи Дагон исынэ кIэрагъэуцуагъ.
3 Ащдэд дэсхэр пчэдыжьым жьэу къызэтэджыжьхэм Зиусхьаным
ипхъонтэ лъапIэ ыпашъхьэ Дагон ынэIу егъэзыхыгъэу чIыгум телъ.
Арти Дагон къаIатыжьи зыдэщытыгъэ чIыпIэм агъэуцужьыгъ.
4 КъыкIэлъыкIорэ мафэм пчэдыжьым жьэу къызэтэджыжьхэм
Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ ыпашъхьэ Дагон ынэIу егъэзыхыгъэу
чIыгум телъ; Дагон ышъхьи ыIитIуи гоупкIыгъэхэу пчъэшъхьаIум
телъыгъэх. Дагон ыпкъ закъо къэнагъ. 5 Джащ пае Дагон фэлэжьэрэ
къурмэнышIхэри Дагон иунэу Ащдэд дэтым ихьэрэ пстэури а
мафэм къыщегъэжьагъэу джы къызнэсыгъэми ащ ипчъэшъхьаIу
зэрэнэмысынхэм фэсакъхэзэ темыуцохэу елъэбакъох.
6 Зиусхьаным ынае Ащдэд дэсхэм къащыфагъ, бэ тхьамыкIагъоу
ахэм къафыригъэхыгъэр, яфэшъуашэм ипэгъокIэу Ащдэд

---

[1] [12] Ихабодым къикIырэр щытхъум къыбгынагъэр.

щыщхэми ащ иIэгъо-блэгъухэм ащыпсэухэрэми апкъышъолхэм
къахигъэбэгыкIыгъэх[m]
[7] Ащдэд дэсхэу хъугъэр зылъэгъугъэхэм аIуагъ: «Израилым
и-Тхьэ ипхъонтэ лъапIэ тадэжь къанэ хъущтэп, сыда пIомэ
тэри титхьэу Дагони Зиусхьаным ынае къытщыфагъ». [8] Фылист
иIэшъхьэтетхэм зэкIэми макъэ арагъэIуи, къызэIуагъакIэхи
яупчIыгъэх: «Сыда Израилым и-Тхьэ ипхъонтэ лъапIэ етпэсыщтыр?»
Арти Гъат дэсхэм къаIуагъ: «Израилым и-Тхьэ ипхъонтэ лъапIэ
Гъат къарэщэжь». Израилым и-Тхьэ ипхъонтэ лъапIэ Гъат
къарагъэщэжьыгъ. [9] Ар зарагъэщэжьым ыуж Зиусхьаным ынае
къалэм къыщыфагъ, дэсхэр гукIодыгъошхо хэфагъэх, ахэм зэкIэми,
кIэлэцIыкIумэ къащегъэжьагъэу инмэ анэсыжьэу, апкъышъолхэм
къахигъэбэгыкIыгъэх. [10] ЕтIанэ Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ Ашкъэлэн
арагъэщагъ. Ашкъэлэн зынагъэсым Ашкъэлэн дэсхэм куо-хьау
къаIатыгъ: «Тэри тлъэпкъи зэрэщытэу тагъэкIодыным пае Израилым
и-Тхьэ ипхъонтэ лъапIэ къытфахьыгъ». [11] Арти макъэ арагъэIуи
фылист Iэшъхьэтетхэр зэкIэ къызэфащэсхи араIуагъ: «Израилым
и-Тхьэ ипхъонтэ лъапIэ къыздырахыгъэ чIыпIэм арэхьыжь, тэри
тлъэпкъи темыкIодылIэнхэм пае». Сыдэу щытми зэрэкъалэу
щынэгъошхом зэлъиштагъ, Тхьэми ынае ащ дэсхэм къащыфагъ.
[12] Яфэшъуашэм ипэгъокIэу апкъышъолхэм къахигъэбэгыкIыгъэх,
гуIэным хэт къэлэдэсхэм ягъог макъэ ошъогум нэс зиIэтщтыгъэ.

---

[m][13] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [хэгъэгу кIоцIыр цыгъохэм зэлъакIугъ, къалэр гукIодыгъом зэлъиштагъ]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

# Яхэнэрэ шъхьэр

## Фылистхэм Израилым и-Тхьэ ипхъонтэ лъапIэ ичIыпIэ зэрахьыжьыгъэр

[1] Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ мэзиблэ фылист хэкум щыIагъ[n]
[2] Фылист цIыфхэм якъурмэнышIхэмрэ усэрэжъхэмрэ
къызэIуагъакIэхи яупчIыгъэх: «Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ
сыда етпэсыщтыр? Ар ичIыпIэ зэрэнэдгъэсыжьыщт шIыкIэм
тыщыжъугъэгъуаз». [3] Адрэхэм къаIуагъ: «Израилым и-Тхьэ
ипхъонтэ лъапIэ къыздырахыгъагъэ чIыпIэм яжъугъэхьыжьыщтмэ,
зыгорэ ешъумыпэсэу яшъумыгъэхьыжь, псэкIодэу шъушIагъэм пае
псэкIодышIыкIэгъожь къурмэн зышъушIыкIэ, шъухъужьынышъ,
Тхьэм ынае къызкIышъущыфагъэри къыжъугурыIожьыщт». [4] Арти
цIыфхэр къэупчIагъэх: «ПсэкIодышIыкIэгъожь къурмэнэу сыда
тшIыщтыр?» Адрэмэ къараIожьыгъ: «Фылист Iэшъхьэтетхэр
нэбгырэ пчъагъэу зэрэхъурэм телъытагъэу пкъышъолхэм
къахигъэбэгыкIыгъэхэм ятеплъэ зиIэ дышъитфырэ дышъэ
цыгъуитфырэ яжъугъэшI. ШъуиIэшъхьэтетхэми шъори
зэкIэми зэфэдэу пщыныжь къышъуфехыгъэшъ ары. [5] Арышъ,
шъупкъышъолмэ къахигъэбэгыкIыгъэхэмрэ шъуигубгъохэр
зэхэзышхыхьэгъэ цыгъохэмрэ ятеплъэ яIэу шъушIи, Израилым
и-Тхьэ рыжъугъэлъапIэу фэжъугъэшъуашэх. Ащ шъуихьазаб нахь
псынкIэ къышъуфишIынышъ, шъуитхьэхэми шъуичIыгуи ынэшIу
къащыфэнкIи мэхъу. [6] Сыд пае мысыр цIыфхэмрэ фирхьаунхэмрэ
афэдэу шъугухэмкIэ зыжъугъэжъалымра? Зиусхьаным ыкIуачIэ
зынэсырэр къызарегъашIэм, къамытIупщыжьыщтыгъэхэр шъхьафит
къашIыжьхи, ахэм яхэгъэгу къагъэзэжьыгъ. [7] Арышъ, зы кукIэ

---

[n][14] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [а чIыпIэр цыгъохэм зэлъакIугъ]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

къэжъугъэпс, бжьыр зыпшъэ нэмысыгъэ чэм щыпэлъфитIу кум
кIашъушI, шкIэу акIэсхэр къакIэшъущхи, ядэжь шъущэжьых.
8 Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ кум ижъугъэуцуи, шъуихьакъкIэ
Зиусхьаным къурмэн фэшъушIыщт дышъэ пкъыгъохэр
нэмыкI пхъуантэ дашъулъхьэхи, ыбгъукIэ къыгожъугъэуцуи,
кур шъутIупщи, зыфаем орэкIо. 9 Шъулъыплъ, пхъуантэр
къыздыращыгъэ чIыпIэм, Бэтщэмэщ ылъэныкъокIэ кум
занкIэу зигъазэкIэ, ащыгъум Тхьэр ары мы тхьамыкIэгъошхор
къытфезыгъэхыгъэр. Ащ фэдэу зымыхъукIэ Тхьэм ар
къызэрэтфимыхьыгъэр, ошIэ-дэмышIэу къызэрэтэхъулIагъэр
къытфэнэфэщт». 10 Фылистмэ джащ фэдэу ашIыгъ: чэм
щыпэлъфитIу къаубыти кум кIашIагъэх, шкIэу акIэсыгъэхэр
къакъырэм къычIанагъэх. 11 Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIи дышъэ
цыгъохэмрэ апкъышъолхэм къахигъэбэгыкIыгъэхэм ятеплъэ
зиIэхэмрэ зыдалъхьэгъэ пхъуантэри кум рагъэуцуагъэх. 12 Чэмхэм
Бэтщэмэщ кIорэ гъогум фаузэнкIыгъ; а гъогум тетхэу кIощтыгъэх,
кIохэзэ быущтыгъэх, ау джабгъумкIи сэмэгумкIи дэхыщтыгъэхэп;
фылист Iэшъхьэтетхэр ахэм ауж итхэу кIохэзэ, Бэтщэмэщ
иIэгъо-блэгъухэм анэсыгъэх.

13 Бэтщэмэщ щыщ цIыфхэм а уахътэм коцыр лъэгум щахыщтыгъ,
плъэхи Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ къызалъэгъум, гушIуагъэх.
14 Кур къакIозэ, Бэтщэмэщ щыщ Ехъошыуа ичIыгу Iахьэ къэси,
ащ хэлъ мыжъошхом дэжь къыщыуцугъ. Кур гъэстыныпхъэу
зэхакъутагъ, чэмэу ащ кIэшIэгъагъэхэр Зиусхьаным къурмэнгъэст
фашIыгъэх. 15 Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIи дышъэм хэшIыкIыгъэ
пкъыгъохэр зыдэлъыгъэри лэуйхэм[o]

къаIатхи джа мыжъошхом тырагъэуцуагъэх. А мафэм Бэтщэмэщ
дэсхэм Зиусхьаным ыцIэкIэ къурмэнгъэстхэри нэмыкI къурмэнхэри

---

[o][15] лэуйхэр – джуртхэм якъурмэнышI лъэпкъэу Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ зезыхьэщтыгъэхэр ары; егъапш: „Мосэ ияплIэнэрэ тхылъ“ – 3:6–8.

ашIыгъэх. [16] Фылист Iэшъхьэтетитфым а зэпстэур алъэгъуи, а мэфэ
дэдэм Iэкърэн къагъэзэжьыгъ.

[17] Апкъышъолхэм къахигъэбэгыкIыгъэхэм ятеплъэ зиIэ
дышъитфыр псэкIодышIыкIэгъожь къурмэнэу фылистхэм
Зиусхьаным фашIыжьыгъэх: зыр Ащдэд, зыр Iаззэ, зыр Ашкъэлэн,
зыр Гъат, зыр Iэкърэн пае; [18] джащ фэдэу дышъэм хэшIыкIыгъэ
цыгъохэри пытапIэхэр зиIэ фылист къалэхэмрэ къэмышIыхьэгъэ
къуаджэхэмрэ зыIэ илъыгъэ Iэшъхьэтетитфым ателъытэгъагъ.
Бэтщэмэщ дэсхэм Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ зытырагъэуцогъэгъэ
мыжъошхор непэ къызнэсыгъэми Бэтщэмэщ щыщ Ехъошыуа ичIыгу
Iахьэ зэрэхэлъ.

### Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ Къыриат-ЕIэрим зэрагъэкощыжьыгъэр

[19] [р]Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ зэрэдэплъагъэхэм пае
Бэтщэмэщ дэсхэм Зиусхьаным ынае къащыфагъэти, нэбгырэ
мин 50-м щыщэу нэбгырэ 70 ыукIыгъ. Зиусхьаным бэлахьышхо
къызэрафыригъэхыгъэм пае Бэтщэмэщ дэс цIыфхэм хьадэгъэшхо
къаIэтыгъ. [20] Бэтщэмщ дэс цIыфхэр къэупчIагъэх: «Хэта
Зиусхьаным, Тхьэу лъапIэу лъагэм, ыпашъхьэ иуцон зылъэкIыщтыр?
Тэ зыхядгъэщыжьмэ, хэт дэжь Ар ядгъэхьыщта?» [21] Арти
къэбарыр алъагъэIасынэу Къыриат-ЕIэрим дэсхэм адэжь лIыкIохэр
агъэкIуагъэх: «Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ фылист цIыфхэм
къарагъэхьыжьыгъэшъы, шъукъакIуи, ар шъуадэжь шъухьыжь».

# Яблэнэрэ шъхьэр

[1] Къыриат-ЕIэрим дэсхэр къакIохи Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ
къашти, Абинэдау иунэу Iуашъхьэм тетым къахьыгъ, ащ ыкъо

---

[р][16] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [БэтщэмэщылIхэм ащыщэу Ехъоный ыкъохэу Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ теплъагъэхэм зыгъэгушIонхэ къяхъулIагъэп]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джурытбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

ЕлыIазер зырагъэукъэбзи Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ ынаIэ
тыригъэтынэу пшъэрылъ фашIыгъ.
2 Пхъонтэ лъапIэр Къыриат-ЕIэрим къызагъэкощыжьым ыуж
охътабэ тешIагъ, илъэс 20 фэдиз горэ блэкIыгъ. Израилым ицIыфхэм
Зиусхьаным зыфагъэзэжьыгъ.

## Самуел Израилым ихьыкумышI зэрэхъугъэр

3 ЕтIанэ Самуел израил цIыф пстэумэ ариIуагъ: «Хэмэ тхьэхэри
Астарти[q]
къэшъубгынэхи, шъугухэмкIэ Зиусхьаным зыфэжъугъаз, а зы
закъом шъуфэлажь, джары фылистхэм шъуащызыухъумэщтыр».
4 Арти израил цIыфхэм БэIалрэ[r]
Астартрэ щагъэзыехи, Зиусхьан закъом зыфагъэзэжьыгъ. 5 Ащ
ыуж Самуел макъэ ыгъэIугъ: «Израил цIыфхэр зэкIэ Мыцпэ
къыщызэIужъугъакIэхи, шъощ пае зэкIэми Зиусхьаным селъэIущт».
6 Арти Мыцпэ къыщызэIукIагъэх. КъызэIукIагъэхэм псыр къахьи,
апсэ Зиусхьаным зэрэфагъазэрэм ищысэу чIыгум щыракIутыгъ, а
мафэми анэкIыгъ. ЕтIанэ аIуагъ: «Зиусхьаным ыпашъхьэ псэкIод
щытшIагъ». Iэшъхьэтетэу Самуел Мыцпэ къыщызэIукIэгъэ израил
цIыфхэр хьыкум ышIыгъэх.
7 Израил цIыфхэр Мыцпэ къызэрэщызэIукIагъэхэм икъэбар
фылистхэм зызэхахым, фылист Iэшъхьэтетхэр Израилым
къытебэнэнхэу къежьагъэх. Израил цIыфхэм ар зызэхахым

---

[q][17] Астарт – Астартрэ БэIалрэ КъокIыпIэ Благъэм щыпсэущтыгъэ ижъырэ лъэпкъхэр тхьэу зэлъэIущтыгъэхэм ащыщых. Астарт гъэбэжъугощагъ, БэIал ощхымрэ хыоешхомрэ ятхьэу алъытэщтыгъ.

[r][18] БэIал – егъапш „Астарт“.

фылистхэм ащыщтагъэх. 8 Арти ахэм Самуел раIуагъ: «Фылистхэм
тащиухъумэнэу ти-Зиусхьанэу Тхьэм тэщ пае зэпымыоу тфелъэIу».[s]
9 Самуел быдзыщэм джыри ешъорэ шъынэр Зиусхьаным
пае къурмэнгъэст ышIи, Израилым пае Зиусхьаным зелъэIум,
Зиусхьаным ар къызэхихыгъ. 10 Самуел къурмэнгъэстыр ышIызэ
фылистхэр Израилым къеззэонхэу къэсыгъэх. Зиусхьаным а мафэм
мэкъэшхохэр къыгъэIузэ, фылистхэр лъэшэу къыгъэщтагъэхэти,
шъхьэджэ-псаджэу ахэм Израилыр къабгынагъ. 11 Израил цIыфхэм
зэоныр Мыцпэ щырагъажьи фылистхэм язаохэзэ, ахэр къызэкIафэхи,
Бэткъар чIыпIэм нэс къафхи, щызэхакъутагъэх.

12 ЕтIанэ Самуел зы мыжъо горэ къышти Мыцпэрэ Ешанрэ азыфагу
щигъэтIылъыгъ, «Мы чIыпIэм нэс Зиусхьаныр къыддэIэпыIагъ»
ыIозэ, АбэнхъаIэзэркIэ[t]
ащ еджагъ. 13 Джащ тетэу фылистхэр агъэIэсагъэх, ащ нахьыбэрэ
ахэр Израилым ичIыгу къихьажьыгъэхэп, Самуел щэIэфэ фылистхэр
Зиусхьаным иунашъо пэшIуекIошъугъэхэп. 14 Фылистхэм
Iэкърэн къыщегъэжьагъэу Гъат нэс щаштэгъэгъэ къалэхэр
Израилым къызIэкIигъэхьажьхи, ахэм ягъунапкъэхэри фылистхэм
къаIэкIихыжьыгъэх. Ащ ыуж Израилрэ амэрхэмрэ мамырныгъэ
зэдыряIагъ.

## Самуел Израилым ихьыкумышI

15 Самуел щэIэфэ Израилым ихьыкумышIщтыгъ. 16 Илъэс
зэкIэлъыкIохэм къакIоцI къалэхэу Бэтэл, Гъылгъал, Мыцпэ
ащ къызэпикIухьэхэзэ, а чIыпIэ пстэуми израил цIыфхэм
ящыхьыкумышIщтыгъ. 17 ЕтIанэ Рамэ къыгъэзэжьыщтыгъ,

---

[s][19] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [Арти Самуел ыIуагъ: «Си-Зиусхьанэу Тхьэр къэсыбгынэнэуи, шъощ пае Тхьэм семылъэIунэуи Тхьэм ерэмышI!»]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

[t][20] АбэнхъаIэзэрым къикIырэр – IэпыIэгъум имыжъу.

сыда пIомэ иунэ ащ дэтыгъ. Мыщи израил цIыфхэм ящыхьыкумышIщтыгъ. А къалэми Зиусхьаным ыцIэкIэ къурмэншIыпIэ ащ щишIыгъ.

# Яенэрэ шъхьэр

### Пачъыхьар къафытырагъэхьаным цIыфхэр зэрэфэягъэхэр

[1] Самуел жъы зэхъум икIалэхэр Израилым хьыкум щашIынэу
тыригъэхьагъэх. [2] ИкIэлэ нахьыжъ ыцIагъэр Иоел, ятIонэрэ
кIалэм ыцIагъэр Абие; ахэр БэрщэбаI ихьыкумышIщтыгъэх.
[3] Ары шъхьае кIалэхэр тым игъогу рыкIощтыгъэхэп, мылъкум
зыдырагъэхьыхыгъэу, къуалъхьэхэр къаIахыщтыгъэх, шъыпкъэм
тетэу хьыкум ашIщтыгъэп.
[4] Арти Израилым инахьыжъ упчIэжьэгъухэр зэкIэ къэзэрэугъойхи
Самуел дэжь, Рамэ, къакIохи [5] къыраIуагъ: «Мары жъы
ухъугъ, ау уикIалэхэр уигъогу тетхэп; адрэ лъэпкъхэм афэдэу,
типэщэнэу пачъыхьэ къытфытегъахь». [6] «Типэщэнэу пачъыхьэ
къытфытегъахь» къызэрэраIуагъэр ыгу рихьыгъэпти, Самуел
Зиусхьаным елъэIугъ. [7] Зиусхьаным Самуел къыриIуагъ: «ЦIыфмэ
къыуаIорэ пстэуми едэIу, сыда пIомэ щагъэзыерэр сэры нахь орэп,
сыряпачъыхьаным ахэр фаехэп; [8] Мысырым къызщисщыжьыгъэхэ
мафэм къыщегъэжьагъэу непэ къызнэсыгъэми джары ахэр
зэрэзекIохэрэр, сэ сыкъабгынэти нэмыкI тхьэхэм ялъэIущтыгъэх,
ори джащ фэдэу къыбдэзекIох. [9] Арышъ, ахэм къаIорэм едэIу, ау
пачъыхьэ яIэ зыхъукIэ, яIэшъхьэтет фитныгъэу иIэщтхэр зыфэдэхэри
агурыгъаIу».
[10] Арти, Самуел пачъыхьэ афытыригъэхьанэу къелъэIурэ цIыфхэм
Зиусхьаным игущыIэхэр зэкIэ ариIожьи, [11] къыIуагъ: «Пащэу
шъуиIэщт пачъыхьэм ифитныгъэхэр мыщ фэдэщтых: шъуикIалэхэр
ыштэнхэшъ, зэоным фытегъэпсыхьэгъэ кухэм алъыплъэнхэу
ыгъэнэфэщтых, адрэхэр ишыухэм ахигъэхьащтых, нэмыкIхэри

ику зэкIэшIагъэмэ апэ итхэу чъэщтых; [12] зыгорэхэр нэбгырэ мин,
нэбгырэ шъэныкъо хъурэ дзэ купхэм яIэшъхьэтетыщтых; адрэхэм
игубгъохэр алэжьыщтых, илэжьыгъэхэр Iуахыжьыщтых, Iэшэ-
шъуашэхэмрэ зэоным фытегъэпсыхьэгъэ кухэм ящыкIэгъэщтхэмрэ
ашIыщтых, [13] шъупхъухэри ащ ыштэщтых мэ IэшIухэр зыпихырэ
щыфэн зэхэлъхэр агъэхьазырынхэм, пщэрыхьанхэм, хьалыгъу
агъэжъэным пае; [14] шъуилэжьыгъэшIэпIэ, шъуисэнэшъхьэлэжьыпIэ,
зэйтыншIэпIэ анахь дэгъухэри ащ ыштэнхэшъ, иунэIутхэм
аритыщтых; [15] лэжьыгъэу хэшъулъхьагъэмрэ сэнашъхьэу
шъулэжьырэмрэ азыпшIани пичынышъ, ичырэхэмрэ иунэIутхэмрэ
аритыщтых; [16] шъуипщылI хъулъфыгъэхэри, бзылъфыгъэхэри,
шъуичэм нахь лъэпкъышIухэри шъуищыдхэри шъуIихынхэшъ, ежь
ышъхьэ иIофхэм апае къызфигъэфедэщтых; [17] шъуимэл-пчэнхэм
азыпшIани ыштэщт, шъори ащ шъуриунэIутыщт; [18] етIанэ
шъор-шъорэу къыхэшъухыгъэ пачъыхьэм шъукъыгъэтхьаусыхэу
Зиусхьаным шъузелъэIукIэ, зыпари къышъуфишIэжьыщтэп».
[19] Самуел ариIуагъэм цIыфхэр къедэIунхэу фэягъэхэп: «Хьау,
– аIуагъ, – пачъыхьэм тыфай, [20] адрэ лъэпкъхэм тэри тафэдэщт:
типачъыхьэ типэщэщт, тапашъхьэ итыщт, заоу ятшIылIэщтхэмкIи
пащэу тиIэщт». [21] Самуел цIыфмэ къаIорэ пстэуми едэIуи,
зэхихыгъэр Зиусхьаным фиIотэжьыгъ. [22] Зиусхьаным Самуел
къыриIуагъ: «Зэрэфаехэу пачъыхьэр афытегъахь». Ащ ыуж Самуел
израил цIыфхэм ариIуагъ: «Джы шъхьадж икъалэ орэкIожь».

# Ябгъонэрэ шъхьэр

### Тхьэм Саул пачъыхьэнэу къызэрэхихыгъэр

[1] Бынямин лъэпкъым щыщэу лIы бэлахьэ горэ Къыщ ыцIэу
щыIагъ. Ар бынямин горэм къыхэкIыгъэ Афые икIалэу Бэхъорат
къаригъэлъфыгъэ Цырэур ыкъо Абиел икIалэу щытыгъ. [2] Саул ыцIэу
ащ кIалэ иIагъ, ныбжьыкIэу, дахэу: Саул фэдэу дахэу Израилым

щыщхэм зы нэбгыри ахэтыгъэп, илъэгагъэкIэ зэрэлъэпкъэу ар
къахэщыщтыгъэ.
3 Зэгорэм Саул ятэу Къыщ ищыдыбзхэр шIокIодыгъэхэти, Къыщ
Саул риIуагъ: «Тэджи, унэIутхэм ащыщ горэ гъусэ шIи, щыдыбзхэм
шъукъалъыхъунэу шъукIу». 4 Джащ тетэу ащ Ефраим къушъхьэр
зэпичыгъ, чIыпIэу Щалищ къызэпикIухьагъ, ау зылъежьагъэхэр
къагъотыгъэхэп. Ащ ыуж чIыпIэу ЩэIалим къызэпакIухьагъэти,
ащи къыщагъотыгъэхэп. ЕтIанэ Бынямин хэкур къызэпакIухьагъ
шъхьае, мыщи рагъотагъэхэп. 5 Джаузэ Цыуф чIыпIэм зынэсхэм,
унэIутэу игъусагъэм Саул риIуагъ: «Тэгъэгъэзэжь, армырмэ тятэ
щыдыбзхэри щыгъупшэжьыгъэхэу къытлъыримыгъэжьагъохэт».
6 Арти унэIутым ащ къыриIожьыгъ: «Мы къалэм Тхьэм ицIыф,
лъытэныгъэ фашIэу, ыIорэ пстэури тефэу дэс. Ащ ыдэжь тыгъакIуи,
зыдэдгъэзэн фэе лъэныкъор къытиIонкIи мэхъуба». 7 Саул иунэIут
риIожьыгъ: «ТыкIомэ, а цIыфым сыда фэтхьыщтыр? Тиматэмэ
хьалыгъу арылъыжьэп, шIухьафтыни тиIэп, Зиусхьаным ицIыф
еттынэу сыда тIэкIэлъыр?» 8 Арти унэIутым Саул риIожьыгъ:
«Тыжьын ахъщэм ызыплIанэ сIыгъышъ, Зиусхьаным ицIыф ар
естынышъ, лъэныкъоу зыдэдгъэзэщтыр къытиIощт». 9–11 Джыри
Саул иунэIут риIуагъ: «КъапIорэр дэгъу, некIо». Тхьэм ицIыф зыдэс
къалэм дэхьагъэх. Iуашъхьэм тет къалэм дэкIуаехэзэ, псыхьэ кIорэ
пшъашъэхэр апэ къифагъэхэти, ахэм яупчIыгъэх: «Усэрэжъыр мыщ
дэса?» НахьыпэкIэ Тхьэм еупчIынхэ зыхъукIэ Израилым щыщхэм
аIощтыгъэ: «Усэрэжъым дэжь некIо»; сыда пIомэ тхьэлIыкIокIэ
джы заджэхэрэм пасэм усэрэжъкIэ ягугъу ашIыщтыгъэ. 12 Адрэхэм
джэуап къатыжьыгъ: «Дэс, мары ар, шъуапэ итэу макIошъ,
шъуелъэкIони шъукIахь, къурмэн зыщашIырэ лъэгапIэм цIыфхэм
мэфэкI къурмэн щашIти, ар непэ къалэм къэкIуагъ; 13 къалэм
шъунэсмэ, шъуIукIэщт, щэджэгъуашхэ къыщишIынэу къурмэн
зыщашIырэ лъэгапIэм дэмыкIуаезэ шъуфэзыщт. Ар къэмысэу
цIыфхэм шхэныр рагъэжьэщтэп, къурмэным пае Тхьэм зелъэIухэкIэ

ары къырагъэблэгъагъэхэр зышхэщтхэр. Арышъ, шъукIу, джыри
ежьагъэпышъ, шъуIукIэщт». [14] Джащ тетэу ахэр къалэм кIуагъэх.
Къэлэгум зынэсхэм лъэгапIэм ежьэгъэ Самуел апэ къифагъ.
[15] Саул къэкIонкIэ зы мафэ къэнэжьыгъэу Зиусхьаным Самуел
къыриIогъагъ: [16] «Неущ мы уахътэм тефэу Бынямин хэкум
щыщэу зы цIыф горэ уадэжь къэзгъэкIощтышъ, сиизраил лъэпкъ
ипэщэщтым ышъхьэ дагъэ щыф – ащ силъэпкъ фылистхэм
атыригъэкIощт; итхьаусыхэ макъэ къыслъыIэсыгъэшъ, силъэпкъ
сыфэгумэкIы». [17] Самуел Саул къызелъэгъум Зиусхьаным ащ
къыриIуагъ: «Джары цIыфэу зигугъу къыпфэсшIыгъагъэр; джары
силъэпкъ зыгъэIорышIэщтыр». [18] Саул къэлапчъэм зынэсым Самуел
екIуалIи еупчIыгъ: «Усэрэжъым иунэ зыдэщытыр къысэпIона?»
[19] Самуел Саул къыриIожьыгъ: «Сэры усэрэжъыр, сапэ уитэу
къурмэн зыщашIырэ лъэгапIэм дэкIуай, непэ щэджэгъуашхэ
къыздэшъушIыщт, неущ пчэдыжьым устIупщыжьыщт, угу илъыр
зэкIэ къыосIощт; [20] мэфищкIэ узэкIэIэбэжьмэ пшIокIодыгъэ
щыдыбзхэм уафэмыгумэкI; ахэр къагъотыжьыгъэх. Хэта зыIэ
илъыщтыр Израилыр зэрэщытэу зыкIэхъопсырэ пстэури? Ар
орэп шъуIуа, уятэ иунагъо зэрэщытэу арэп шъуIуа?» [21] Арти
Саул къыриIожьыгъ: «Израилым ис лIэкъо нахь цIыкIухэм
ащыщэу быняминба сыкъызхэкIыгъэр? Бынямин лIакъом щыщхэм
анахь зыхамылъытэрэр арба сэ сыкъызхэкIыгъэр? Сыда ар
къызкIысапIорэр?»
[22] Самуел Саулрэ ащ иунэIутрэ зэригъэгъусэхи унэшхом
зыдырищагъэх, нэбгырэ щэкI фэдиз хъухэу къыригъэблэгъагъэхэм
апшъэкIэ ыщэхи ыгъэтIысыгъэх. [23] Самуел пщэрыхьакIом къеджи
риIуагъ: «„ГъэтIылъ“ зыфасIуи къыостыгъэгъэ лы Iахьэр къахь».
[24] ПщэрыхьакIом блантхъэ зэпытыр къыхьи Саул ыпашъхьэ
къырилъхьагъ. Самуел ащ риIуагъ: «Мыр дгъэтIылъыгъагъэшъ,
уапашъхьэ илъхьи шхы, цIыфхэр къызщызэIузгъэкIэщтхэ мы
уахътэм тефэу ощ пае ар къэдгъэнэгъагъ». Джаущтэу а мафэм Саул

Самуел щэджэгъуашхэ дишIыгъ. [25] ЕтIанэ ахэр къурмэн зыщашIырэ
лъэгапIэм къехыжьхи къалэм къызэкIожьхэм, Саул унашъхьэм пIэ
щыфашIи, чэщым ар ащ щычъыягъ[u]
[26] Нэф къэшъи тыгъэр къызыкъокIым, Самуел унашъхьэм
телъыгъэ Саул еджагъ: «Къэтэджи, узгъэкIотэжьыщт». Арти Саул
къэтэджыжьи, тIури зэгъусэу щагум къыдэкIыгъэх.

**Саул пачъыхьагъум зэрэтехьагъэр**

[27] Къэлэ гъунэм зыщынэсынхэм Самуел Саул риIуагъ: «Тапэ итэу
кIонэу унэIутым еIу». Адрэр апэ иуцуагъ. «О джы къэуцуи Тхьэм
къыIуагъэр къыпфэсIотэщт», – риIуагъ.

# ЯпшIэнэрэ шъхьэр

[1] Ащ ыуж Самуел дагъэр зэрыт бжъэр къышти, итыр Саул
ышъхьэ тырикIи, ебэуи риIуагъ: «Мары Зиусхьаным икIэн,
Ащ илъэпкъ пэщэныгъэ дызепхьанэу Iэшъхьэтетэу уегъэнафэ.[v]
[2] Садэжь уикIыжьэу укIожьзэ, Бынямин чIыгум ит псэупIэу
Цэлцахъ узынэсыжькIэ, Рахъэл икъашъхьэ дэжь нэбгыритIу уапэ
къыщифэщт. Ахэм къэбар уагъэшIэщт: „Узлъежьэгъэ щыдыбзхэр
къагъотыжьыгъэх шъхьае, уятэ щыдыбзхэри щыгъупшэжьыгъэхэу,
„СикIалэ сыда икъэбарыр?“ ыIозэ, мэгумэкIы“. [3] Ащ ыуж уапэкIэ
ебгъэхъунышъ, чIыпIэу Табор ит чъыгаем нэс укIощт, ащ дэжь
Тхьэм елъэIунхэу Бэтэл кIорэ нэбгырищыр къыщыппэгъокIыщт:

---

[u][21] Мы стихыр Септуагинтым – урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтым фэдэу зэдзэкIыгъэ хъугъэ. Ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр мары: [Саулрэ Самуелрэ унашъхьэм щызэдэгущыIагъэх].

[v][22] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [Зиусхьаным иизраил лъэпкъ пачъыхьагъур дызепхьащт, цIыфхэр къэзыуцухьэрэ пыйхэм ащыуухъумэщтых. ИкIэн урипачъыхьанэу укъызэрахихыгъэм ишыхьатри мары]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

зым чыцIищ ыIыгъыщт, адрэм – хьалыгъу хьакушищ, ящэнэрэм
санэр зэрыт нэтыр ыхьэу плъэгъущт. [4] УзаIукIэкIэ, ахэм шIуфэс
къыуахыщт, етIанэ хьалыгъуитIу къызыуаткIэ къаIыпхыщт.
[5] ЕтIанэ Зиусхьаным и-ГъыбIэкIэ заджэхэрэ Iуашъхьэу фылист
дзэ купыр къызщыуцугъэм унэсыщт. Къалэм уздахьэкIэ,
тхьэлIыкIоныр зипшъэрылъ цIыф купэу, бзэпсхэр зэрыщэгъэ
пхъонтэпщынэм, шъонтрыпIым, къамылым къяозэ, къурмэн
зыщашIырэ лъэгапIэм къехрэм уIукIэщт. Тхьэм кIочIэ лыеу
къахилъхьагъэм зэлъиштагъэхэу, Тхьэм къыбгъодэкIырэ псалъэхэр
ахэм къашIызэ, Ащ ищытхъу аIуатэ. [6] Джащ дэжьым Зиусхьаным
и-Псэ къыпхэхьанышъ, ори ахэм урягъусэу, Тхьэм кIочIэ лыеу
къыпхилъхьагъэм узэлъиштагъэу, Тхьэм къыбгъодэкIырэ псалъэхэр
къадэпшIызэ, Ащ ищытхъу адэпIотэщт, фэшъхьаф цIыфи ухъущт.
[7] Ахэр къызыохъулIахэкIэ, угу къыуиIорэр шIэ, Тхьэу уигъусэм
къыбдигъэхъущтышъ. [8] Сэ сынэмысзэ о Гъылгъал кIо, Зиусхьаным
пае къурмэнгъэстрэ зэгурыIоныгъэ къурмэнрэ щысшIынхэу
сэри сыкъэкIощт. Уадэжь сыкъакIоу пшIэщтыр къыосэIофэкIэ
мэфиблэ къысаж». [9] Саул ыгъэзэжьыгъэу Самуел ыдэжь икIыжьзэ,
Тхьэм ащ ицIыф гъэпсыкIэ къызэблихъугъ, къыриIуагъэхэри зэкIэ
а мэфэ шъыпкъэм къехъулIагъэх. [10] КъакIохэзэ, ахэр къурмэн
зыщашIырэ лъэгапIэм къызэсхэм, тхьэлIыкIоныр зипшъэрылъ
цIыф купым IукIагъэх. Тхьэм и-Псэ ащ къылъыIэси, Тхьэм кIочIэ
лыеу къыхилъхьагъэм зэлъиштагъэу, Тхьэм къыбгъодэкIырэ
псалъэхэр къышIхэу, Ащ ищытхъу адиIуатэу ежьми ригъэжьагъ.
[11] НахьыпэкIэ ар зышIэщтыгъэхэу, тхьэлIыкIоныр зипшъэрылъ
цIыфмэ ахэтэу, Тхьэм кIочIэ лыеу къыхилъхьагъэм зэлъиштагъэу,
Тхьэм къыбгъодэкIырэ псалъэхэр ащ къызэришIрэр зылъэгъухэрэм
зым адрэм риIожьщтыгъэ: «Сыда Къыщ ыкъо къыщышIыгъэр? Адэ
Саул тхьэлIыкIоныр зипшъэрылъ цIыфхэм джы ащыщ хъугъа?»
[12] Ащ дэжьым щытыгъэмэ ащыщ горэм къыIуагъ: «Адрэмэ
хэта ятэр?» Джары гущыIэжъым хэлъэу зыкIэхъугъэри: «Адэ

Саул тхьэлIыкIоныр зипшъэрылъ цIыфхэм джы ащыщ хъугъа?»
13 ЕтIанэ Тхьэм къыхилъхьэгъэ кIочIэ лыеу зэлъызыштагъэм ар
къызебгынэм, Тхьэм къыбгъодэкIырэ псалъэхэр къызэришIрэр,
Тхьэм ищытхъоу ыIуатэрэр зэпигъэуи, къурмэн зыщашIырэ
лъэгапIэм дэкIоягъ. 14 Ащ ыуж Саул ятэшыр ежьми иунэIути
къяупчIыгъ: «Тыда шъуздэкIогъагъэр?» Арти риIожьыгъ:
«Щыдыбзхэм талъыхъунэу тыщыIагъ, ахэр къызэтэмыгъотхэм,
Самуел дэжь тыIухьэгъагъ». 15 Арти ятэшым Саул къыриIуагъ:
«Самуел къышъуиIуагъэр къысфэIотэжь». 16 Саул ятэшым
риIуагъ: «Щыдыбзхэр къагъотыжьыгъэхэу ащ къытиIуагъ». Ау
зэрэпачъыхьэщтым ехьылIагъэу Самуел къыриIуагъэм икъэбар
хигъэгъозагъэп.

## Саул пачъыхьэу зэрэтырагъэхьагъэр

17 ЕтIанэ Зиусхьаным игухэлъ щигъэгъозэнхэм пае Самуел
цIыфхэр Мыцпэ къыщызэIуигъакIэхи, 18 израил цIыфхэм
ариIуагъ: «Израилым и-Зиусхьанэу Тхьэм ыIорэр мары: „Израил
Мысырым къисщыжьи, мысыр цIыфхэм шъуакъыIэкIэсхыжьыгъ,
шъузгъэпщылIщтыгъэ пачъыхьэгъу пстэуми ягъэрыпIэ
шъукъисщыжьыгъ. 19 Ау шъуи-Тхьэу тхьамыкIэпIэ пстэуми
шъукъарызыщыжьэу, шъуигумэкIыгъо шъушъхьащызыхрэр джы
щыжъугъэзыий, Зиусхьаным шъо ешъуIуагъ: „ТиIэшъхьэтетынэу
пачъыхьэ къытфытегъахь“. Арышъ, лъэпкъ-лъэпкъэу, лIэкъо-лIакъоу,
лъэпкъэгъу-лъэпкъэгъоу Зиусхьаным ыпашъхьэ джы шъуиуцу“».
20 Самуел израил лъэпкъ пстэуми къяджи, бынямин лIакъор
къахихыгъ. 21 Арти бынямин лIакъом чэзыур зынэсым, ар
зэрэзэтефыгъэ зэкъошхэмкIэ зэхэушъхьафыкIыгъэхэу къекIолIэнхэу
ариIуи, матыр лъэпкъэгъур къахихыгъ. ЕтIанэ матыр лъэпкъэгъум
щыщ хъулъфыгъэхэр къызыхащхэм, Къыщ ыкъо Саул ыцIэ
къыраIуагъ. Ащ лъыхъугъэх, ау къагъотыгъэп. 22 Арти Зиусхьаным
еупчIыгъэх: «Саул къэкIуагъэба?» Зиусхьаным къариIожьыгъ:

«Мары ар, IапIэхэм захигъэбылъхьагъ». [23] Лъагъачъэхи ар къащи
цIыфхэм къызахэуцом, илъэгагъэкIэ зэрэлъэпкъэу къахэщыгъ.
[24] Самуел зэкIэми къариIуагъ: «Зиусхьаным къыхихыгъэр
шъолъэгъуа? Зэрэлъэпкъэу ащ фэдэ хэтэп». Ащ дэжьым цIыфхэр
зэкIэ къэзэрэгъэкууагъэх: «Пачъыхьэр орэпсэу!»

[25] ЕтIанэ Самуел упачъыхьэным унашъоуи фитныгъэуи пылъхэр
зыфэдэхэр цIыфхэм къафиIотагъ. КъафиIуати, ахэр зыдитхэгъэ
тхылъыр Зиусхьаным ыпашъхьэ рилъхьагъ, ащ ыуж къекIолIагъэхэр
шъхьадж пэпчъ иунэ кIожьынэу зэбгыритIупщыжьыгъэх. [26] Саули
ядэжь, ГъыбIэ, зегъэзэжьым, Тхьэр зыгу къихьэгъэ лIэхъупхъэхэу
къыхихыгъэхэр игъусэхэу кIожьыгъэх. [27] Ары шъхьае зэIышIэкIо
цIыфхэм аIощтыгъэ: «Ара тыкъэзыухъумэщтыр?» Джаущтэу
пхъэтэпэмыхь ашIыгъ, шIухьафтынхэри фахьыгъэхэп; ау адрэм
зыпари ымылъэгъурэм фэдэу зишIщтыгъэ.

# ЯпшIыкIузэнэрэ шъхьэр

## Саул Iамон лъэпкъым зэрэтекIуагъэр

[1] Iамон лъэпкъым щыщэу Нэхъащ ГъылыIад хэкум ит къалэу Яощ
къыдзыхьагъ. Арти Яощ дэс хъулъфыгъэхэм зэкIэми Нэхъащ раIуагъ:
«Зэзэгъныгъэ къыддэшIи тыбготыщт, къулыкъуи пфэтшIэщт».
[2] Арти Iамон лъэпкъым щыщэу Нэхъащым ахэм ариIуагъ:
«Зэзэгъныгъэ къыжъудэсшIыщт унашъо пылъэу: шъуащыщ пэпчъ
ынэ джабгъу къыскIынышъ, зэрэ-Израилэу ынапэ тесхыщт».
[3] Арти Яощ дэс нахьыжъ упчIэжьэгъухэм къыраIожьыгъ: «Израил
ичIыпIэ пстэуми тилIыкIохэр тIофтэнхэм пае мэфибл къытэт,
тыкъыдэзыщыжьын гори зытымыгъоткIэ, тыкъыпфэкIощт». [4] Ащ
ыуж лIыкIохэр агъэкIуагъэх Саул зыдэс къалэу ГъыбIэ, къэбарыр
цIыфхэм къызафаIуатэм, ахэм куо-хьаушхо къаIатыгъ, гъыныри
къыхадзагъ.

5 Ащ тефэу Саул губгъэм щыIагъэти, цухэм ауж итэу
къызыдэхьажьым къяупчIыгъ: «Сыда цIыфхэм къяхъулIагъэр,
сыда ахэр зыкIэгъыхэрэр?» Арти Яощ къикIыгъэхэм къахьыгъэ
къэбарым ар щагъэгъозагъ. 6 КъаIорэр зэхэзыхыгъэ Саул Тхьэм
и-Псэ куоу къыхахьи, лъэшэу къызэкIигъанэу къэгубжыгъ. 7 ЕтIанэ
цуитIур пкъырыпкъэу зэхиупкIэтагъэх, Саулрэ Самуелрэ ауж
имыхьэхэрэм зэкIэми яцухэм джащ фэдэу зэрадэзекIощтхэр
лIыкIоу къаIофтагъэхэм ащ лъыпытэу Израилым ичIыпIэ
пстэуми къэбарэу аригъэхьыжьыгъ. Арти Зиусхьаным къаришIэн
ылъэкIыщтым цIыфхэр зэкIэ ыгъэщынагъэхэти, зэгурыIохи,
зыч-зыпчэгъоу заом зэдежьагъэх. 8 КIохэзэ, Бэзэкъ зынэсхэм ахэр
Саул къызызэпеплъыхьэхэм, Израилым щыщхэр нэбгырэ мин
шъищ, Ехъудэм щыщхэр нэбгырэ мин щэкI хъухэу къычIэкIыгъ.
9 Арти лIыкIоу къэкIуагъэхэм араIуагъ: «ГъылыIад ит къалэу
Яощ дэсхэм макъэ яжъугъэIужь: неущ тыгъэм къыгъэплъэу
зыригъажьэкIэ, IэпыIэгъур къышъулъыIэсыщт». ЛIыкIохэм
къагъэзэжьи, Яощ дэсхэр къэбарым зыщагъэгъуазэхэм, адрэхэр
лъэшэу гушIуагъэх. 10 Яощ дэсхэм Нэхъащ къэбар фарагъэхьыжьыгъ:
неущ тыкъышъупэгъокIыщтышъ, шъузыфаер къыташъушI.
11 КъыкIэлъыкIорэ мафэм Саул ицIыфхэр купищэу зэхидзи къежьэхи,
тыгъэр къызэрэкъокIэу Iамонхэм яуцупIэ къэсыгъэх. Тыгъэнэстыр
къэхъуфэ ахэр зэхакъутагъэх. Псэоу къэнагъэхэр пэкIэ-пакIэу
зэбгырычъыжьыгъэх.

12 Ащ ыуж цIыфхэм Самуел къыраIуагъ: «Тыдэ щыIэха „Саула
ыкIи типачъыхьэщтыр?“ зыIуагъэхэр? Ахэр къытIэкIэжъугъахьэхи,
апсэ хэтхыщт». 13 Ау Саул ар афидагъэп: «Мы мафэм зыми ыпсэ хэпх
хъущтэп, сыда пIомэ Зиусхьаным непэ Израил къыгъэнэжьыгъ».

14 Ащ ыуж Самуел цIыфхэм ариIуагъ: «Гъылгъал тыкIонышъ,
пачъыхьэр зэрэтехьэрэр къэдгъэшъыпкъэжьыщт». 15 Арти цIыфхэр
зэкIэ зэрэзэхэтхэу Гъылгъал кIохи, Зиусхьаныр ишыхьатэу
Саул Гъылгъал ипачъыхьэу тырагъэхьагъ. ЕтIанэ зэгурыIоныгъэ

къурмэнхэр Зиусхьаным пае ашIхи, Саули израил цIыфхэри зэкIэ
лъэшэу ащ щычэфыгъэх.

# ЯпшIыкIутонэрэ шъхьэр

## Самуел цIыфхэм псалъэ зэрадишIыгъэр

[1] Самуел зэрэ Израилэу риIуагъ: «ЗэкIэми къысашъуIорэм
сыкъедэIуи, пачъыхьэр къышъуфытезгъэхьагъ, [2] мары, пачъыхьэр
джы шъуапашъхьэ ит; сэ жъы сыхъугъ, сшъхьацхэри тхъуагъэх;
сикIалэхэри къышъухэтых; сикIэлэгъум къыщегъэжьагъэу непэ
къызнэсыгъэм шъуапашъхьэ ситыгъ; [3] мары сыщыт, Зиусхьанри
щыгъуазэу, Тхьэм къахихыгъэ пачъыхьэми шъукъызэхихэу,
къашъуIо: хэта зицу зыIысхыгъэр, хэта зищыд зыIысхыгъэр,
хэта зыгу хэзгъэкIыгъэри сиягъэ зэзгъэкIыгъэри, хэта къуалъхьэ
къызIысхи, зилажьэ сыушъэфыгъэри, – ащ фэдэ къышъухэкIмэ,
Iысхыгъэр къэстыжьыщт». [4] Арти къыраIожьыгъ: «О тыгу
хэбгъэкIыгъэп, тишъхьафитныгъи ттепхыгъэп, зыгорэми
зыпари Iыпхыгъэп». [5] ЕтIанэ ащ ариIуагъ: «Лажьэ гори симыIэу
къызэрэшъуIуагъэмкIэ мы мафэм Зиусхьаныри Тхьэихэхыри
шъуишыхьатых». Адрэхэм къыраIожьыгъ: «Ары, тIури тишыхьат».
[6] Арти Самуел цIыфхэм ариIуагъ: «Зиусхьаныр Мосэрэ Хьарунрэ
къытезгъэхьагъэхэу, шъуятэхэр мысыр чIыгум къизыщыжьыгъэр
ары. [7] Джы шъукъэуцуи, Зиусхьаным тыкъызэхихэу Зиусхьаным
шъори шъуятэхэми шIоу къышъуфишIэгъэ пстэури шъугу
къэзгъэкIыжьзэ, сышъодэощт. [8] Якъубэ Мысырым зэкIом шъуятэхэр
агурэ апсэрэ еIэжьыгъэхэу Зиусхьаным елъэIухэу зырагъажьэм,
Зиусхьаным Мосэрэ Хьарунрэ къафигъакIохи, ахэм шъуятэхэр
Мысырым къыращыжьхи, мы чIыпIэм къагъэтIысыгъэх. [9] Ау
ахэм я-Зиусхьанэу Тхьэр зыщагъэгъупшагъэти, къязаощтыгъэхэм,
Хъэцэр идзэпащэу Сисрэ, фылистхэми, мэуаб пачъыхьэми ахэр
Ащ аригъэгъэпщылIыгъэх. [10] Арти, агурэ апсэрэ еIэжьыпагъэхэу,

ахэр Зиусхьаным елъэIугъэх: „Тыхэукъуагъ ти-Зиусхьан
къызэтэбгынэм, тхьэ нэпцIхэу БэIалхэмрэ Астартхэмрэ
тафэIорышIэу зэтэублэм. Джы типыйхэм такъыIэкIэхыжьи,
тыпфэлэжьэщт“. [11] Арти Зиусхьаным ЕрыубэIали, Баракъи,
Ифтахъи, Самуели къыгъэкIуагъэх, пыеу шъукъэзыуцухьэщтыгъэмэ
шъуакъыIэкIихижьи, щынэгъончъэу шъущыIагъ. [12] ЕтIанэ
Iамон ипачъыхьэу Нэхъащ къышъозэонэу къызэрежьагъэр
къызэшъолъэгъум шъукъысэлъэIугъ: „Хьау, пачъыхьэм ыIэмычIэ
терэлъ“, Зиусхьанэу Тхьэр шъуипачъыхьэу щыт нахь мышIэми.
[13] Арышъ, мары пачъыхьэу хэжъудзыгъэр, шъузыфэягъэр:
Зиусхьаным пачъыхьэр къышъуфытыригъэхьагъ. [14] Зиусхьаным
шъущэрэщын, шъуфэрэлажь, Зиусхьаным ыIорэм шъуерэдэIу,
Зиусхьаным иунашъохэм шъуапэрэмыуцужь, шъори шъуипачъыхьэу
зыIэ шъуилъри шъуи-Зиусхьанэу Тхьэм ыуж шъуерэт. [15] Зиусхьаным
ыIорэм шъуемыдэIоу, Ащ иунашъохэм шъуапэуцужь зыхъукIэ,
шъуятэхэм аришIагъэр къышъуишIэщт, ынае къышъущыфэщт.
[16] Джы шъукъэуцуи, шъуинэрылъэгъоу Зиусхьаным Iофышхо
зэрэзэшIуихыщтым шъукъеплъ: [17] коцым джы иIухыжьыгъоба?
Ау Зиусхьаным селъэIунышъ, шыблэри къыгъэгъогъощт, ощхыри
къыригъэщхыщт, пачъыхьэ къышъуфытыригъэхьанэу Зиусхьаным
шъузелъэIум лъэшэу шъузэрэхэукъуагъэр зыдышъуигъэшIэжьыщт».
[18] Арти Самуел Зиусхьаным елъэIуи, Зиусхьаным шыблэри ощхыри
а мафэм къытIупщыгъэх, цIыфхэр Зиусхьаными Самуели лъэшэу
ащыщынагъэх.

[19] Ащ ыуж цIыфхэр зэкIэ Самуел елъэIугъэх: «Зиусхьанэу уи-Тхьэ
тфелъэIу уиIумэтхэр ымыгъэлIэнхэу, пачъыхьэ къытфигъэкIонэу
тызелъэIум хэукъоныгъэу тиIагъэхэм джыри зы ахэдгъэхъуагъэшъ
ары». [20] Арти Самуел цIыфхэм ариIожьыгъ: «А хэукъоныгъэхэр
шъушIыгъахэми, шъумыщын, ау Зиусхьаныр зыкIи шъумыбгын,
шъугукIэ шъуфэхьалэлэу Зиусхьаным шъуфэлажь. [21] ШIуагъэ
зыхэмылъ, шъукъыхэзымыщыжьыщт Iофмэ шъуапымылъ,

ахэр зэрэбылым щыӀэп. [22] ИӀорэ ишӀэрэ зэрэзэтетхэм, ыцӀэ
лъагэ илъэпӀагъэ къызэриухъумэрэм ялъытыгъэу Зиусхьаным
ыгъэлъэпӀэгъэ лъэпкъыр къыбгынэщтэп, сыда пӀомэ Зиусхьаным
шъурилъэпкъ шӀоигъоу шъукъахихыгъ. [23] Сэри джащ фэдэу
Зиусхьаным ыпашъхьэ псэкӀод щысшӀэщтэп. ГъогушӀу
шъузэрэтетыным шъуфэзгъэсэщт. [24] Ау Зиусхьаным шъущыщын,
шъыпкъагъэ фышъуиӀэуи шъугукӀи шъуфэкъабзэу шъуфэлажь,
шъуинэрылъэгъугъэба гъэунэфыпӀэшхо къызэрэшъуишӀылӀагъэр.
[25] Армырмэ бзэджагъэхэр зызешъухьэхэкӀэ, шъори шъуипачъыхьи
шъузэрзэпылъэу шъуритэкъухьащт».

# ЯпшӀыкӀущэнэрэ шъхьэр

### Фылистхэм апэшӀуекӀорэ заомрэ
### Саул къурмэныр зэриукъуагъэмрэ

[1] Джащ тетэу Саул ятӀонэрэ илъэсым пачъыхьагъэ.[w]
[2] Саул израил лъэпкъым щыщэу нэбгырэ минищ къахихыгъ:
нэбгырэ минитӀур игъусэу къалэу Мыхмэсрэ Бэтэл къушъхьэмрэ
ащыӀагъэх, адрэ миныр Саул ыкъо Ионэтан игъусэу Бынямин
хэкум ит къалэу ГъыбӀэ щыӀагъэх; адрэ цӀыфхэр ячэтэнгъэӀагъэхэм
якӀужьынхэу ащ зэбгыритӀупщыжьыгъагъэх. [3] Ащ ыуж Ионэтан
фылист дзэ купэу ГъыбӀэ къыщыуцугъэм тебани зэрэзэхикъутагъэм

---

[w][23] Ижъырэ джуртыбзэмкӀэ атхыгъэ Ӏэпэрытхым Саул ыныбжь зыфэдизыгъэр гъэнэфагъэу къырахыжьышъугъэп. Саул илъэс пчъагъэу зэрэпачъыхьагъэм ехьылӀагъэу къэбар зэфэшъхьафхэр щыӀэх: егъапш „Апостолхэм Ӏофэу ашӀагъэхэр“ 13,21. УрымыбзэкӀэ зэрадзэкӀыгъэ Ӏэпэрытхым техыгъэ урыс синодальнэ Библием апэрэ стихыр зэритыр мары: Саул пачъыхьэу зытехьагъэм илъэс тешӀагъэу, адрэ илъэсми ар Израилым ипачъыхьагъэу Саул джуртмэ нэбгырэ минищ къахихыгъ.

икъэбар фылистхэм зэхахыгъ. Арти, Саул гъоупщынэм[x] къэхъугъэм
икъэбар зэрэхэгъэгоу щызэхаригъэхыгъ. 4 ЕтIанэ Саул фылист дзэ
купыр зэрэзэхикъутагъэм, фылистхэм Израилым агу зэрэщыкIыгъэм
икъэбар зэрэ Израилэу зызэхехым, цIыфхэр къэзэрэугъойхи, Саул
дэжь Гъылгъал къэкIуагъэх.

5 Арти фылистхэр Израилым къезэонхэм пае зэоным
фытегъэпсыхьэгъэ ку мин щэкI шыкоо нэбгырэ миних ягъусэжьэу,
хы Iушъом Iулъ пшахъом ибагъэм фэдиз хъунэу, цIыф бэ дэдэ хъухэу
къэзэрэугъойхи къежьагъэх. Бэтавэн икъокIыпIэ лъэныкъокIэ
дзыгъэу щыIэ Мыхмэс къэсхи къыщыуцугъэх. 6 Джуртхэр
лъэныкъо пстэухэмкIи къаухъурэигъэхэти, ахэр къащтэхи къушъхьэ
гъочIэгъхэми, къушъхьэ тIуакIэхэми, мыжъошхохэмрэ къэхэмрэ
акъогъуи, псы зэIугъэкIапIэхэми гъэбылъыпIэкIэ якIужьыгъэх;
7 джуртмэ ащыщхэр псыхъоу Иордан зэпырыкIхи, Гъад, ГъылыIад
хэгъэгумэ ячIыгумэ анэсыгъэх. Саул Гъылгъал къыдэнэгъагъэ нахь
мышIэми, ыуж итэу къэкIогъэ цIыфхэр зэкIэ зэрэщынэщтыгъэхэм
къыхэкIэу кIэзэзщтыгъэх.

8 Самуел къыфигъэнэфэгъэ уахътэр къэсыфэ Саул мэфиблэ ащ
ежагъ. Ау Самуел Гъылгъал къызэмыкIом, цIыфхэм Саул къабгынэу
рагъэжьагъ. 9 Арти Саул ариIуагъ: «Къурмэнгъэстрэ зэгурыIоныгъэ
къурмэнрэ сшIыщтхэшъ, ищыкIагъэхэр къысфашъущэх». Ежьым
къурмэнгъэст ышIыгъ. 10 Къурмэнгъэстыр ыухыгъэ къодыеу
Самуел къэсыгъ. Саул шIуфэс рихынэу ащ пэгъокIыгъ. 11 «Сыд
джы пшIагъэр?» ыIуи Самуел къызеупчIым, Саул риIожьыгъ:
«Сигъусэ цIыфхэр зэрэзэбгырычъыжьхэрэр слъэгъугъэ, ау
къэбгъэнэфэгъэ мафэхэм яхъулIэу укъызэмыкIом, фылистхэри
Мыхмэс къыщызэрэугъоигъэхэти, 12 укъэсыфэ сегупшысыгъ: „Сэ
Зиусхьаным IэпыIэгъу къытитынэу джыри семылъэIузэ, фылистхэр

[x][24] Гъоупщынэр – джуртхэм къэбар ашIэным пае запщэхэзэ агъэфедэщтыгъэ тIыбжъэ гъэщыгъэр. Зао къызежьэкIэ, мэфэкI зыхъукIэ е нэмыкI хъугъэ-шIагъэ горэхэм яхьылIагъэу тIыбжъэмкIэ макъэ арагъэIущтыгъэ.

Гъылгъал къэсынхэшъ, къысэзэощтых“. Джары къурмэнгъэстхэр
зыкIэсшIыгъэхэр». 13 Ау Самуел Саул риIуагъ: «Делагъэу узекIуагъ.
Уи-Зиусхьанэу Тхьэм къыуиIорэр бгъэцэкIагъэп. Ащ къыIорэм
ублэмыкIыгъагъэмэ, уилIакъо егъашIэм Израилым ипачъыхьэщтыгъ.
14 Ау джы уипачъыхьагъу укъытенэжьыщтэп. Зиусхьаным ыгу
рихьэу, Ежь ыIорэм шIомыкIынэу лIы къыгъотыгъ, илъэпкъ
ипэщэнэу Зиусхьаным ащ унашъо фишIыгъ, сыда пIомэ Зиусхьаным
къыпфишIыгъэ унашъор о бгъэцэкIагъэп». 15 ЕтIанэ Самуел
Гъылгъал къыбгыни Бынямин хэкум ит къалэу ГъыбIэ кIуагъэ.[У]

Саул игъусэхэр къызелъытэм нэбгырэ шъих Iэпэ-цыпэ хъоу
къычIэкIыгъ. 16 Саулрэ ыкъо Ионэтанрэ дзэкIолIэу ягъусэхэри
Бынямин ит къалэу ГъыбIэ къыщыуцугъэх. Адрэ фылистхэм
къалэу Мыхмэс уцупIэкIэ хахыгъ. 17 Арти фылистхэм яуцупIэ дзэ
купищ къыдэкIыгъ апэ къифэрэ чIыгур зэрапхъонэу. Зыр хэкоу
ШыуIал ит къалэу Iофрэ лъэныкъомкIэ кIорэ гъогум техьагъ, 18 адрэ
купым Бэтхъорэн екIурэ гъогур хихыгъ, ящэнэрэм ЦыоIим лъэгум
игъунапкъэкIэ щыIэ шъофнэкIым фигъэзагъ.

19 А лъэхъаным зэрэ Израил хэгъэгоу гъукIэхэр исыгъэхэп, сыда
пIомэ джуртхэм чатэхэмрэ пчыпыджынхэмрэ ашIынэу фылистхэм
къафадэщтыгъэп. 20 ЯшIуанэхэр, яотычхэр, ягъупчъэхэр алъынхэм
пае джуртхэр зэкIэ фылистхэм адэжь кIонхэ фэягъ. 21 Къэуцэкугъэ
пхъэIэшацэхэр, шIонажэхэр зэрафалъхэрэм пае фылист гъукIэхэм
тыжьын ахъщэу грамми 8 фэдиз аIахыщтыгъэ, Iэмэ-псымэ
папцIэхэмрэ отычхэмрэ ягъэлъын уасэу фашIыщтыгъэр тыжьын
ахъщэу грамми 4 фэдиз. 22 Арти зэзаохэ зыхъукIэ Саулрэ Ионэтанрэ
ягъусэгъэ дзэкIолIхэм зэкIэми чатэхэмрэ пчыпыджынхэмрэ

---

[У][25] Мы чIыпIэр урымыбзэкIэ зэрадзэкIыгъэ Iэпэрытхым зэритым техыгъэу урыс синодальнэ Библием щызэдзэкIыгъ: «Хэмылъэдэжьыгъэ цIыфхэр Саул гъусэ фэхъухи, къязэонэу къакIощтыгъэ пыидзэм пэгъокIынхэу Гъылгъал къыдэкIхи, Бынямин хэкум ит къалэу ГъыбIэ ылъэныкъокIэ ежьагъэх».

аIыгъщтыгъэхэп, Саулрэ ащ икIалэу Ионэтанрэ ары ныIэп Iашэхэр
зиIагъэхэр.
23 ЕтIанэ фылист дзэ купыр Мыхмэс зэпырыкIыпIэм къэсыгъ.

# ЯпшIыкIуплIэнэрэ шъхьэр

## Ионэтан лIыгъэ зэрэзэрихьагъэр

1 Зы мафэ горэм Саул икIалэу Ионэтан иашъоджэнэзехьэ риIуагъ:
«МодрабгъукIэ щыIэ фылист дзэ купым дэжь тыгъакIу». Ау а
къэбарым ятэ щигъэгъозагъэп. 2 Саул къалэу ГъыбIэ къыпэгъунэгъу
чIыпIэу Мигърэун къыщыкIырэ нар чъыгым ычIэгъ чIэсыгъ.
Нэбгырэ шъих фэдиз ащ кIыгъугъ. 3 Ахэм ахэтыгъ Зиусхьаным
фэлэжьэрэ къурмэнышIэу къурмэнышI чэтэнIабгъур зыбг
пыпхэгъэгъэ Ахъые. Ар Ихабод ышэу Ахъытыу икIэлагъ. Ихабод
къызхэкIыгъэр Пинхъас, Пинхъас зыкъуагъэр Щылэу дэсыгъэ
къурмэнышIэу Алый ары. Ау Ионэтан зэрежьагъэм цIыфхэр
щыгъозагъэхэп. 4 Ионэтан фылист дзэ купым зэрекIолIэнэу фэегъэ
лъэныкъуитIумкIи къушъхьэ цэкIэ лъэгэшхохэр къапэIутыгъэхэти,
ахэм дэкIыпIэу афэхъущтым Ионэтан егупшысщтыгъэ. Зы къушъхьэ
цакIэм зэреджэщтыгъэхэр Боцэц, адрэм – Сэн; 5 зыр Мыхмэс итемыр
лъэныкъокIэ гъэзагъэу, адрэр ГъыбIэ икъыблэкIэ нахь дзыгъэу
щытыгъ.

6 Ионэтан иашъоджэнэзехьэ риIуагъ: «Сунэт амышIыгъэ фылист
дзэ купым тегъэкIу. Тэ тишIуагъэкIэ Зиусхьаным татыригъэкIонкIи
мэхъуба. Зиусхьаныр къэзгъэуцушъун щыIэп, нэбгырабэкIи зы
нэбгырэкIи укъигъэнэжьын ылъэкIыщт». 7 Ашъоджэнэзехьэм
къыриIожьыгъ: «Угу къызэрэуиIорэм тетэу зекIо. Сэ сыуигъусэщт,
угу зэрилъым фэдэу сызекIощт». 8 Ионэтан ащ риIожьыгъ:
«Фылистхэм якъэрэгъулхэм благъэу тякIолIэнышъ, тыкъалъэгъунэу
тыуцущт. 9 Ежьхэр къытэкIолIэфэхэ тымыхъыенэу, тыщытынэу
унашъо къызытфашIкIэ, тыкъызэтеуцощт, къушъхьэм тыдэкIоещтэп.

[10] Ау някIолIэнэу унашъо къызытфашIыкIэ, къушъхьэм тыдэкIоещт,
сыда пIомэ Зиусхьаным ахэм тызэратыригъэкIощтым инэшанэу
тэркIэ ар хъущт». [11] ЕтIанэ Ионэтанрэ иашъоджэнэзехьэрэ кIохэзэ,
фылист дзэ купым иплъапIэ зефэхэм, фылист къэрэгъулхэм
аIуагъ: «Зызщагъэбылъыгъэ къушъхьэ тIуакIэхэм джуртхэр
къызэрадэпшыжьхэрэм модэ шъуеплъ». [12] Фылист дзэ купым
хэтхэр Ионэтанрэ ащ иашъоджэнэзехьэрэ къякуугъэх: «Моу
шъукъыдэкIуай. Зыгорэ къышъодгъэлъэгъущт!» Арти Ионэтан
иашъоджэнэзехьэ риIуагъ: «Сауж къихь, Зиусхьаным ахэр джы
Израилым ыIэ къырилъхьагъэх». [13] Ионэтан къушъхьэм дэпшыенэу
зежьэм, иашъоджэнэзехьи ыуж ихьагъ. Ионэтан фылистхэр
риутхи, иашъоджэнэзехьэ ахэр ыукIыжьыгъэх. [14] Ахэм яапэрэ
илъыгъо а чIыпIэу гектарым ипшIэниплI фэдиз хъурэм нэбгырэ
тIокI фэдиз щызэхаукIагъ. [15] Арти губгъэм итыгъэ фылист дзэ
пстэури, апэ итхэу къэкIорэ дзэ купхэри, аубытыгъэ чIыгухэр
зезыпхъощтыгъэхэри лъэшэу къэщтагъэх, чIыгури зэрэщытэу
къэтIыгурыгугъ, зыздагъэзэщтри амышIэжьэу гузэжъогъушхо
хэфагъэх.

**Фылистхэм зэратекIуагъэхэр**

[16] Саул иухъумакIохэу Бынямин хэкум ит къалэу
ГъыбIэ дэсыгъэхэм фылист дзэкIолIхэр шъхьадж ыпакIэ
зэрэхэлъэдэжьхэрэр къалъэгъугъ. [17] Саул игъусэ цIыфхэм ариIуагъ:
«ЦIыфхэр къызэпэшъуплъыхьэхи, тэ тиемэ ащыщэу уцупIэм
дэкIыгъэр къызэжъугъашI». Къызаплъыхьэхэм Ионэтанрэ ащ
иашъоджэнэзехьэрэ ахэмытыжьхэу къычIэкIыгъ. [18] Арти Саул
къурмэнышIэу Ахъые риIуагъ: «Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ
къахь». Сыда пIомэ а уахътэм Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ израил
цIыфхэм зыдаIыгъыгъ. [19] Саул къурмэнышIым джыри зыгорэхэр
риIощтыгъэх фылистхэм яуцупIэ гумэкIыгъом нахь зыкъызщеIэтым.
Арти Саул къурмэнышIым риIуагъ: «Хъугъэ, икъущт!» [20] ЕтIанэ

Саул цIыфхэр къыугъойхи, зэуапIэм зэдыIухьагъэх, фылист
дзэкIолIхэр къыкIащтэхи, зэзэожьхэу рагъэжьагъ. 21 Фылистхэм
агохьэгъэ джуртхэу, ахэм яцупIэ щыIагъэхэр Саулрэ Ионэтанрэ
ягъусэгъэ джуртхэм къагохьажьыгъэх. 22 Адрэ израил цIыфхэу
Ефраим къушъхьэмэ защызгъэбылъгъагъэхэм фылистхэм ашъхьэ
зэрэрахьыжьэжьыгъэр зызэхахым, ахэм язаохэрэм къахэхьажьхи
фылистхэр афыхэу аублагъ. 23 Зиусхьаным а мафэм Израил
атыригъэкIуагъ. Бэтаон нэсэу заор щыкIуагъ.[z]

## Саул цIыфхэм афигъэпытагъэр

24 Израил цIыфхэр а мафэм лъэшэу зэхэукIэгъагъэх, сыда
пIомэ ипыйхэм яфэшъуашэр аремыгъэгъотыжьыфэ, пчыхьэ
охъуфэ зы нэбгыри Iулъхьэ римыгъэхынэу Саул цIыфхэм
афигъэпытэгъагъ. Ар зымыгъэцакIэрэм Зиусхьаным нэлат рихыщтэу
ыIуи афигъэпытагъэти, цIыфхэм ащыщ горэми гъомлапхъэ
зыIуигъэфагъэп. 25 ЕтIанэ цIыфхэр кIохэзэ мэз горэм зынэсхэм,
шъоур бэу зэрылъ гъэхъунэм ихьагъэх. 26 ДзэкIолIэу кIощтыгъэхэм
шакомэ къадэчъырэ шъоур къалъэгъугъ, ау ащыщ горэми ар
зыIуигъэфагъэп, сыда пIомэ афагъэпытэгъагъэр аукъонкIэ щынагъэх.
27 Ионэтан ятэ цIыфхэм зэрафигъэпытагъэр зэхихыгъэпти, бэщэу
ыIыгъым ыIэпакIэ шъоум хигъауи ыжэ зыфехьым, нахь
къызэгурыIожьи, ынэхэр къэлыдыгъэх. 28 Арти дзэкIолIмэ ащыщ
горэм мыразэу Ионэтан къыриIуагъ: «„Непэ Iулъхьэ езыгъэхрэр
Зиусхьаным ерэгъэунэхъу“ ыIуи, уятэ къызэрэтфигъэпытагъэм
къыхэкIэу тышхагъэпышъ, цIыфхэр къарыунчъэ хъугъэх».
29 Ионэтан къыриIожьыгъ: «Тятэ хэгъэгур къин хидзагъ. Мы шъоум
щыщ тIэкIу зызIосэгъафэм, скIуачIэ къихьажьыгъ. 30 ДзэкIолIхэм

[z][26] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [Саул идзэ нэбгырэ минипшI фэдиз хэтыгъ. Къушъхьэлъэ чIыпIэу Ефраим ит къалэ пэпчъ заор щыкIуагъ]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

непэ пыим къытырахыгъэм щыщ ашхыгъагъэмэ бэкIэ нахьышIугъ,
фылистхэми нахьыбахэу ахэкIодыкIыныгъэба?»
[31] А мафэм Мыхмэс къыщегъэжьагъэу Аялэун нэсэу фылистхэр
ащызэхакъутагъэхэти, дзэкIолIхэр лъэшэу улэугъагъэх. [32] Ахэм
фылистхэм мэлхэри, чэмхэри, шкIэхэри къатырахыгъэхэти,
мэлакIэм зэригъалIэхэрэм къыхэкIэу былымхэр аукIхи, лъыр
джыри къызэрэпычъзэ лыр ашхэу аублагъ. [33] Арти зыгорэм
Саул къэбарыр къылъигъэIэсыгъ: «Зиусхьаным къемыкIурэр
дзэкIолIхэм зэрашIэрэм еплъ! Лъыр къызэрэпычъэу лыр ашхы».
Саул ахэм ариIуагъ: «Шъухэукъуагъэшъ, джы мыжъошхор
моу сапашъхьэ къижъугъэукIорай». [34] Ащ ыуж Саул унашъо
афишIыгъ: «Шъхьадж ицуи имэли къыщэнышъ, мы чIыпIэм
щышIуибзынышъ, етIанэ зэрэщишхыжьын фаем ехьылIагъэу
цIыфмэ макъэ яжъугъэIу. Зиусхьаным къемыкIущтыр шъумышIэ,
лъыр къыпычъэу лыр шъумышхы». Арти чэщым хэти ицуи имэли
къыщи ежь ыIэшъхьитIукIэ шIуибзыгъ. [35] ЕтIанэ Саул Зиусхьаным
пае къурмэншIыпIэ ыгъэуцугъ: джары ащ Зиусхьаным ыцIэкIэ апэрэ
къурмэншIыпIэу ыгъэуцугъэр.
[36] ЕтIанэ Саул дзэкIолIхэм ариIуагъ: «Чэщым фылистхэм
талъежъугъажьи, такIэжъугъахь, нэфылъэр къызэкIимычзэ яIэр зэкIэ
къатетхынышъ, зы нэбгыри къэмынэу зэхэтыукIэщтых». Адрэмэ
къыраIожьыгъ: «ЗэрэпшIоигъоу зэкIэри шIы». Ау къурмэнышIым
къариIуагъ: «Ыпэ рапшIэу Тхьэм тежъугъэлъэIу». [37] Арти Саул
Тхьэм еупчIыгъ: «Фылистхэм ауж сихьэмэ хъущта? Израил ахэм
атебгъэкIощта?» Ау Зиусхьаным а мафэм зи къыриIожьыгъэп.
[38] Ащ ыуж Саул дзэпащэхэр зэкIэ къызэIуаригъэгъакIэхи ариIуагъ:
«Шъуащыщэу непэ псэкIод зышIагъэр къыхэгъэщыгъэн фае.
[39] Израил къэзгъэнэжьырэ Зиусхьаныр зэрэщыIэр сэIо, хэтынкIи фит,
сикIалэу Ионэтан орэхъу фаеми, псэкIод зышIагъэм, Iо хэмылъэу,
ыпсэ Iусхыщт». Ау цIыфмэ ащыщ горэми зыпари къыIуагъэп.
[40] ЕтIанэ Саул израил цIыфхэм ариIуагъ: «Шъо зы бгъумкIэ

шъукъэуцу, сэррэ сикIалэу Ионэтанрэ адрэ бгъумкIэ тыкъэуцущт».
ЦIыфхэм Саул къыраIожьыгъ: «Нахь пшIотэрэзыр шIэ». 41 ЕтIанэ
Саул къыIуагъ: «А Зиусхьанэу Израилым и-Тхь! Зытет шъыпкъэр
къэгъэнаф. Лажьэр зытефэрэр сэрмэ е сикIалэу Ионэтанмэ, уримыр
къыгъэкI, ау лажьэр уиизраил лъэпкъ тефэмэ, туммимыр къыгъэкI».[a]

Мыщ дэжьым Саулрэ Ионэтанрэ лажьэ зэряIэр, ау цIыфхэр
зэрэзафэхэр къыгъэнэфагъ. 42 Ащ ыуж Саул «Сэррэ сикIалэу
Ионэтанрэ пхъэдзым тишъулъхь» зеIом, пхъэдзым Ионэтан
къыкIыгъэти,

43 Саул Ионэтан еупчIыгъ: «Сыда пшIагъэр? КъысфэIуат». Арти
Ионэтан бэщэу ыIыгъыгъэм ыIэпакIэ шъоум зэрэхигъэуагъэри, ар
зэрэзыIуигъэфагъэри къыфиIотагъ. «Ащ пае сыуукIыщтмэ, мары
сыхьазырэу сыщыт», – Ионэтан ыIуагъ. 44 Арти Саул къыIуагъ:
«СIуагъэр зысымыгъэцэкIэжькIэ сифэшъуашэр Тхьэм сигъэгъотынэу
сэ тхьэлъанэ сшIыгъэ. Арышъ, Ионэтан, улIэн фае!» 45 Ау
цIыфхэм ащ къыдырагъэштагъэп: «Ионэтан ары непэ текIоныгъэр
Израилым къыдезгъэхыгъэр. Ар джы лIэн фая? Ар хъухэнэу
щытэп! Зиусхьаныр зэрэщыIэр тэIо. Зы шъхьац налъи ащ ышъхьэ
къыхэзынэу щытэп. Тхьэм къызэриIорэм тетэу непэ ар зекIуагъэ».
ЦIыфхэм Ионэтан къарагъэтIупщыжьи, псэоу къагъэнагъ. 46 Саул
фылистхэм яззожьыгъэп, фылистхэм зыщыпсэухэрэ чIыпIэмэ
агъэзэжьыгъ.

---

[a][27] Тхьэм ыIорэр ышIэным пае къурмэнышIым мыжъо лъапIэхэу уримымрэ туммимымрэ пхъэдзым рилъхьэщтыгъэх. Ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым ахэм яхьылIагъэу зыпари итэп. Ижъырэ урымыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым ахэм ягугъу къызэрэщишIырэм фэдэу зэтыдзэкIыжьыгъ. Урыс синодальнэ Библием уримымрэ туммимымрэ яхьылIагъэу зыпари итэп. Ау скобкэм зэрэдэтыр мары: [Сыд пае уиIумэт непэ джэуап къемытыжьыгъа? Сэра лажьэр зиер хьаумэ скъоу Ионэтана? Зиусхьанэу Израилым и-Тхь! Зытет шъыпкъэр къэгъэнаф. Уиизраил лъэпкъ илажьэмэ, ащ зегъэукъэбз].

### Саул заомэ текIоныгъэу къащыдихыгъэхэр

[47] Саул Израилым ипачъыхьэ зэхъум ипыйхэу къыкIэлъырысхэм
язаощтыгъ. Мэуаб, Iамонхэм, Едом, Цэубэ ипачъыхьэ, фылистхэм
зязаом текIоныгъэр къыдихыгъ. Тыдэ зигъэзагъэми, тхьамыкIагъо
нэмыкI къыпыкIщтыгъэп. [48] Идзэ зэтыригъэпсыхьи Iамалэкъхэм
язауи атекIуагъ, ахэм яхъункIакIохэм Израил ащиухъумагъ.
[49] Саул къуищ иIагъ: Ионэтан, Ишыуй, МэлкъэшыуаI. Ахэм
анэмыкIэу пхъуитIу иIагъ: апэрэр Мэраб, нахьыкIэр Михэл. [50] Саул
ишъхьагъусэ ыцIагъэр АхъынэIам, ащ ятагъэр АхъымэIац. Саул
дзэпащэу иIагъэр ятэшэу Нэр ыкъо Абинэр. [51] Саул ятэу Къыщрэ
Абинэр ятэу Нэррэ Абиел икIэлагъэх.
[52] Саул опачъыхьэфэ зэпымыоу фылистхэм язэуагъ. КIэлэ
кIочIэшхоу, лIэхъупхъэу ыпэ къифэрэр зэкIэ Саул идзэ
хигъахьэщтыгъэх.

# ЯпшIыкIутфэнэрэ шъхьэр

### Iамалэкъхэм зэрязэуагъэхэр

[1] Уахътэ зытешIэм Самуел Саул риIуагъ: «Илъэпкъ, Израил,
урипачъыхьаным пае дагъэр къыпщызыфэнэу Зиусхьаным
къыгъэкIуагъэр сэры. Арышъ, Зиусхьаным ыдэжь къикIэу
къыпфэсхьыгъэ псалъэм джыдэдэм къедэIу. [2] Зиусхьанэу ошъогу
дзэхэр зиIэрылъхьэм ыIорэр мары: „Израил къыришIагъэр,
Мысырым къикIыжьхэ зэхъум, гъогум тепшъыхьэхи ауж къинэгъэ
джуртхэр зэраукIгъагъэхэр сыгу къэкIыжьыгъэшъ, Iамалэкъ
лъэпкъым сыкъыфырехыщт. [3] Арышъ, джы о кIуи Iамалэкъхэм язау,

ащыщ гори къэмыгъанэу укIых,[b] хъулъфыгъи, бзылъфыгъи, кIэлэ
Iэтахъуи, быдзашъуи, цуи, мэли, махъуши, щыди псэоу зыпари
къэмыгъанэу зэкIэ зэтеукIэх“».
4 Арти Саул идзэ Тылаим щызэIуигъэкIагъ. Нэбгырэ пчъагъэу
зэрэхъурэр къызелъытэм лъэсыдзэр нэбгырэ мин шъитIоу,
Ехъудэм къытекIыгъэхэр минипшI хъухэу къычIэкIыгъ. 5 ЕтIанэ
Саул ежьи, Iамалэкъхэм якъалэ нэси, псы игъукIыгъэм ылъэгу
щапэтIысыгъ. 6 Ащ ыуж Саул къэнхэм макъэ аригъэIугъ:
«ШъуадэсымыгъэкIодыным пае Iамалэкъхэм шъуакъыхэкIыжь,
сыда пIомэ израил цIыфхэр Мысырым къикIыжьхэ зэхъум
шIукIэ шъуакъыпэгъокIыгъагъ». Арти къэнхэр Iамалэкъхэм
къахэкIыжьыгъэх. 7 ЕтIанэ Саул Хъэуил къыщегъэжьагъэу Мысырым
игъунапкъэ щыIэ Шыур нэсыжьэу атебани ащыпсэущтыгъэ
Iамалэкъхэр зэхикъутагъэх. 8 Iамалэкъхэм япачъыхьэу Агъагъ
псэоу къыубыти, лъэпкъыр лъэпсэкIод ышIыгъ. 9 Ау Саулрэ ащ
игъусэхэмрэ Агъагъ аукIыгъэп, ащ имэл, ицу анахь дэгъухэр,
ишъынэ гъэшхэкIыгъэхэр, нахьышIоу иIэр зэкIэ псэоу къагъэнагъ,
агъэкIодынэу фэягъэхэп, ашIомыхъэтагъэхэмрэ былым хьапцэхэмрэ
ары ныIэп агъэкIодыгъэр.

## Тхьэр Саул пачъыхьэкIэ къызэрэфэмыежьыгъэр

10 Зиусхьаным ыдэжь къикIэу Самуел мыщ фэдэ псалъэ
къылъыIэсыгъ: 11 «СыкIэгъожьыгъ Саул пачъыхьэу
зэрэтезгъэхьагъэм, сыда пIомэ сыкъыридзэжьырэп». Самуел
гухэкIышхом зэлъиштиш, Саул пае чэщ ренэм зэпымыоу Зиусхьаным
елъэIугъ. 12 Самуел пчэдыжьым жьэу къэтэджи Саул зыIуигъэкIэным
пае ежьагъ. Арти Саул Ехъуд хэкум ит къалэу Къармэл

---

[b][28] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [яеу зыпари къэмышт, яIэр зэкIэ кIодыкIае игъаф, бгыбзэ атеIу]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

зэрэкIуагъэри, ежь пае саугъэт ащ зэрэщигъэуцугъэри, етIанэ
Гъылгъал зэрэдэхьагъэри Самуел къыраIуагъ. [13] Самуел Саул дэжь
къызэсым, Саул ащ къыриIуагъ: «Зиусхьаным ынэшIу къыпщэрэф;
Зиусхьаным къыIуагъэр згъэцэкIагъэ». [14] Арти Самуел ащ еупчIыгъ:
«Адэ сыд мэл Iой макъа, цу быу макъа стхьакIумэ къыридзэу
зэхэсххэрэр?» [15] Саул къыриIожьыгъ: «Ахэр дзэкIолIхэм Iамалэкъхэм
къатырахыгъэх. Уи-Зиусхьанэу Тхьэм къурмэн фашIынхэм пае
мэл, цу нахь дэгъухэр ахэм къагъанэхи къафыгъэх; адрэхэр зэкIэ
тыукIыгъэх». [16] Самуел Саул риIуагъ: «Зэгу, Зиусхьаным нычэпэ
къысиIуагъэм къедэIу». Саул къыриIожьыгъ: «КъаIо».
[17] Самуел къыIуагъ: «ЗыпшIоцIыкIужьэу узэплъыжьщтыгъэми,
израил лъэпкъ пстэумэ уряIэшъхьэтетынэу, Израилым
урипачъыхьанэу Зиусхьаным уакъыхихыгъэба?» [18] Зиусхьаным
гъогу утыригъахьи къыпфигъэпытагъ: „КIуи, Iамалэкъ
псэкIодышIхэр зэкIэ оукIыфэ язау“. [19] Сыд пае Зиусхьаным
къыуиIуагъэм уемыдэIоу былымхэр къатепхыгъа, Зиусхьаным
инэрылъэгъоу бзаджэ пшIагъа?» [20] Саул Самуел къыриIожьыгъ:
«Зиусхьаным къыIорэм седэIугъи, Зиусхьаным сыздиIофтагъэм
сыкIуи, Iамалэкъхэм япачъыхьэщтыгъэу Агъагъ къэсщагъ,
ахэр зэкIэ лъэпсэкIод сшIыгъэх. [21] ДзэкIолIхэр армэ, ахэм
къыздафыгъэ былымхэр адрэ тыукIыгъэхэм нахь зишIугъоу
ахэтыгъэ мэлхэмрэ цухэмрэ арышъ, уи-Зиусхьанэу Тхьэм ахэр
Гъылгъал къурмэн щыфашIыщтых». [22] Арти Самуел къыриIуагъ:
«Тара Зиусхьаным нахь игуапэр: къурмэнгъэстхэри нэмыкI
къурмэнхэри фэпшIыныр ара, хьауми ыIорэр бгъэцэкIэныр ара?
УдэIоныр къурмэн пшIыным нахьышIу, ыIорэр бгъэцэкIэныр
мэлышэм нахьышIу, [23] сыда пIомэ умыдэIоныр шхъухьэ
зепхьаныр зэрэпсэкIодым фэд, уапэуцужьынри тхьэ нэпцIхэм
уялъэIунри зэфэдэх. Зиусхьаным ыIуагъэр зэрэмыгъэцэкIагъэм пае,
Израилым уримыпачъыхьажьынэу Зиусхьаным ущигъэзыягъ».
[24] Саул Самуел къыриIожьыгъ: «ПсэкIод сшIыгъэ, Зиусхьаным

иунашъорэ о къысэпIуагъэмрэ згъэцэкIагъэхэп, ау цIыфхэм
сащыщыни аIорэм дезгъэштагъ. [25] Джы сыолъэIу сипсэкIодшIагъэ
къысфэбгъэгъунэу, Зиусхьаным шъхьакIафэ фэсшIыным пае
сыуигъусэу къэбгъэзэжьынэу». [26] Ау Самуел Саул риIожьыгъ:
«Сыуигъусэу къэбгъэзэжьыщтэп, Зиусхьаным ыIуагъэр
щыбгъэзыягъэшъ, Израилым уримыпачъыхьажьынэу Зиусхьаным
ущигъэзыягъ». [27] ЕтIанэ Самуел IукIыжьынэу фежьагъ. Ау Саул
кIэлъыбани, джэнэ IэпакIэр къыIэкIэфагъэти, щыгъыныр зэIитхъыгъ.
[28] Арти Самуел къыриIуагъ: «Джы Зиусхьаным Израилым
къыщыуитыгъэгъэ пачъыхьагъур пIэкIитхъыжьыгъ, къыппэблэгъэ
ощ нахьышIу цIыф горэм ар ритыгъ; [29] Израилым и-Щытхъузехьэ
мышъыпкъэ гори ыIощтэп, ыIорэм пае кIэгъожьыщтэп, сыда
пIомэ цIыфэп ар кIэгъожьынэу». [30] Саул къыриIожьыгъ: «ПсэкIод
сшIагъэ, ау джы силъэпкъ инахьыжъ упчIэжьэгъухэмрэ Израилымрэ
апашъхьэ уасэ къыщысфэшI, зэдэтэгъэзэжьи уи-Зиусхьанэу Тхьэм
шъхьащэ фэсшIын». [31] Арти Самуел Саул ыуж итэу къыгъэзэжьыгъ,
Саул Зиусхьаным шъхьащэ фишIыгъ.

[32] ЕтIанэ Самуел къыIуагъ: «Iамалэкъхэм япачъыхьэу Агъагъ
къысфашъущ». КIэзэззэ, Агъагъ ащ къыкIэрыхьи, къыIуагъ:
«Хьадэгъу дыджым сыпэIуфэгъаха?» [33] Ау Самуел риIуагъ:
«Уичатэ ныхэм ясабыйхэр зэрашIуигъэкIодыщтыгъэхэм фэдэу,
о уяни зыкъо зышIуагъэкIодыгъэ бзылъфыгъэмэ афэдэ орэхъу».
Самуел ар къыIуи, Зиусхьаным инэрылъэгъоу Агъагъ Гъылгъал
щызэхиупкIэтагъ. [34] ЕтIанэ Самуел Рамэ къыгъэзэжьыгъ, Саул
ядэжь, ГъыбIэ, кIожьыгъэ. [35] Джащ къыщегъэжьагъэу Самуел
олIэжьыфэ ащ нахьыбэрэ Саул IукIэжьыгъэп; ау Самуел Саул ыгу
фэузыщтыгъ. Израилым ипачъыхьанэу Саул зэрэтыригъэхьагъэм пае
Зиусхьаным ыгу егъущтыгъ.

# ЯпшIыкIухэнэрэ шъхьэр

### Даут пачъыхьанэу ышъхьэ дагъэ зэрэщафагъэр

1 Зиусхьаным Самуел къыриIуагъ: «Саул пае джыри бэрэ
угумэкIыщта? Сыфэмыежьэу Израилым ипачъыхьагъу IэнатIэ
ащ Iысхыжьыгъ. Дагъэр бжъэм игъахъуи осэIофтэшъ Бэтлэхъэм
дэс Ищай дэжь кIо, ащ икIалэмэ ащыщ пачъыхьэ хъунэу Сэ
къахэсхыгъ». 2 Арти Самуел ыIуагъ: «Сыдэущтэу сыкIощта? Саул
къэбарыр зызэхихкIэ сиукIыщт». Зиусхьаным къыIуагъ: «ШкIэ горэ
зыдещажьи, Зиусхьаным къурмэн фэпшI пшIоигъоу узэрэкIуагъэр
яIу. 3 Ищай къурмэным къегъэблагъ. Ащ ыуж о пшIэщтыр Сэ
къыозгъэлъэгъунышъ, къахэсхыщтым ышъхьэ дагъэ щыпфэщт».
4 Зиусхьаным къызэрэриIуагъэм тетэу Самуел зекIуагъэ. Ар
Бэтлэхъэм къызэсым, къалэм дэс нахьыжъ упчIэжьэгъухэр гумэкIым
зэлъиштагъэхэу зыкъыIуагъакIи къеупчIыгъэх: «ГухэлъышIу
уиIэу укъэкIуагъа?». 5 Самуел къариIожьыгъ: «Ары, гухэлъышIу
сиIэу, Зиусхьаным къурмэн фэсшIынэу сыкъэкIуагъ. Хабзэм тетэу
зышъуукъэбзи, къурмэным тызэдекIолIэщт». ЕтIанэ Самуел Ищайрэ
икIалэхэмрэ апае Зиусхьаным шIукIэ афелъэIуи, къурмэным
къыригъэблэгъагъэх.

6 Ахэр къурмэншIыпIэм къызекIуалIэхэм, Елыаб ыкъо Ищай
зелъэгъум Самуел ыгукIэ зэриIожьыгъ: «Мырын фае Зиусхьаным
къахихыгъэр». 7 Ау Зиусхьаным Самуел къыриIуагъ: «Елыаб
илъэгагъэрэ итеплъэрэ зыдямыгъэхьых. Сэ ар зыпыздзыгъ.
Зиусхьаныр зэреплъырэр цIыфыр зэреплъырэм фэдэп. ЦIыфхэр
теплъэм дехьыххэмэ, Зиусхьаныр гум еплъэ». 8 Ащ ыуж Ищай
Абинэдау къеджи Самуел зырещалIэм, Самуел къыриIуагъ: «Хьау,
мыри Зиусхьаным къыхихыгъэп». 9 ЕтIанэ Ищай Щам Самуел
зырещалIэм, «Хьау, мыри Зиусхьаным къахихыгъэп» къыриIуагъ.
10 Джаузэ Ищай икIэлибл зырызэу Самуел зырещалIэхэм, «Мыхэм

ащыщ зыпари Зиусхьаным къыхихыгъэп» ыIуи, Самуел къыриIуагъ.
[11] ЕтIанэ Самуел Ищай еупчIыгъ: «УикIалэхэр зэкIэ мыщ щыIэха?»
Ищай къыриIуагъ: «АнахьыкIэ дэдэр къэнагъ, ар мэлахъо щыI».
Арти Самуел ащ риIуагъ: «ЛъыгъакIохи къягъэщэжь, ар мыщ
къэмысыжьэу тытIысэу къурмэнылым тыхэIэщтэп». [12] Ищай кIэлэ
нахьыкIэм лъигъакIохи къаригъэщэжьыгъ. Ар бжьышIоу, къуапцIэу,
ынитIуи дахэу къэгъэтхъыхьагъэу къычIэкIыгъ. Джащ дэжьым
Зиусхьаным Самуел къыриIуагъ: «Джарышъ къахэсхыгъэр, тэджи
дагъэр ышъхьэ щыф». [13] Самуел дагъэр зэрыт бжъэр къышти, ышхэр
зэрэщытхэу ащ ышъхьэ дагъэр щифагъ. Джащ къыщегъэжьагъэуи,
ащ ыужи Зиусхьаным и-Псэ Даут къылъыIэс зэпытыгъ. Самуел
Рамэ, ядэжь, къыгъэзэжьыгъ.

**Даут Саул зэрэфэлэжьагъэр**

[14] Зиусхьаным и-Псэ Саул къыбгынагъэти, Зиусхьаным
фэIорышIэрэ джынапцIэр ыгу къыщышхэщтыгъ. [15] ИIумэтхэм Саул
къыраIуагъ: «Тхьэм фэIорышIэрэ джынапцIэр угу къыщэшхэшъ,
[16] тизиусхьан ыпашъхьэ ит иIумэтхэм унашъо къытферэшIи,
пхъонтэпщынэм дэгъоу къеорэр къыфэдгъэсынышъ, Тхьэм
фэIорышIэрэ джынапцIэр угу къыщышхэ зыхъукIэ, IапэхэмкIэ
къыпфеозэ, уигъэрэхьатыжьыщт». [17] Арти Саул иIумэтхэм ариIуагъ:
«Пхъонтэпщынэм дэгъоу ео горэ къэжъугъоти къысфашъущ».
[18] Мыщ дэжьым иIумэтхэм ащыщ горэм къыIуагъ: «Пхъонтэпщынэм
еошъоуи, лIэхъупхъэуи, зэолI пхъашэуи, жэбзэ дахи Iулъэу,
лъэгъупхъэуи, Зиусхьаныр игъусэу Бэтлэхъэм щыщ Ищай зы кIалэ
горэ иIэу сэшIэ». [19] Арти Саул мэкъэгъэIухэр Ищай дэжь ыгъакIохи
раригъэIуагъ: «Мэлхэр зыгъэхъурэ уикIалэу Даут садэжь къэгъакIу».
[20] Арти Ищай хьалыгъу, санэр зэрыз шъонтыр щыдым тырилъхьэхи,
зы чыцI кIигъэгъужьи, икIалэу Даут Саул ыдэжь ыгъэкIуагъ. [21] Даут
Саул дэжь къакIуи фэлэжьагъ. Саул Даут лъэшэу ыгу рихьыгъэти,
иашъоджэнэзехьэу ыгъэнэфагъ. [22] Арти Саул Ищай дэжь ыгъакIохи

варигъэIуагъ: «Даут садэжь къэрэни къулыкъур щерэхь, сыда пIомэ
нэшIукIэ сэ ащ сеплъыгъ». 23 Тхьэм фэIорышIэрэ джынапцIэм
Саул щыхьагъу къызишIкIэ, Даут пхъонтэпщынэр къыштэти,
къыфеощтыгъэ, Саул ыгу къыдищаети, изытет нахьышIу хъущтыгъэ,
джынапцIэри ащ шъхьащыкIщтыгъэ.

# ЯпшIыкIублэнэрэ шъхьэр

## Даут Голиат зэрэтекIуагъэр

1 Фылистхэм заом зыкъыфагъэхьазыри, ядзэхэр Ехъудэм ит
псэупIэу Сэхэу къыщызэIуагъакIэхи, Сэхэурэ Iазэкърэ азыфагу
къыдафэу Афэсдамым дэжь пщыпIэ щашIыгъ. 2 Саулрэ израил
цIыфхэмрэ загъэхьазыри чъыгэе кIэир уцупIэу къыхахыгъ,
фылистхэм апэшIуекIорэ заом зыфагъэхьазырыгъ. 3 Фылистхэр зы
бгъумкIэ Iуашъхьэм къытеуцуагъэх, израил цIыфхэри ащ пэчIынэтIэ
Iуашъхьэм, кIэир азыфагоу, къыщыуцугъэх. 4 ЕтIанэ Голиат
ыцIэу, Гъат щыщ бэнакIоу, метри 3 ехъу зилъэгагъэр фылистхэм
къахэкIотыгъ. 5 Джэрз танджыр, пцэжъыепIон теплъэ зиIэу зэхэдэгъэ
джэрз ашъоджанэу килограмм 60 фэдиз горэ зионтэгъугъэр ащ
щыгъыгъэх; 6 ылъашъхьэмэ къащегъэжьагъэу ылъэгуанджэхэм
хьазырэу къанэсэу джэрз тедэхэр яIагъэх, джэрзым хэшIыкIыгъэ
пчыпыджын кIэкIыр ыкIыб къыкъощыщтыгъ. 7 ИпчыпыджыныкI
лIы къызэрыкIом ыIапшъэкIэ умыубытышъунэу гъумыгъэ, гъучI
пчыпыджынышъхьэм ионтэгъугъэ килограмми 7 хъущтыгъэ.
Голиат имэIузехьэ ыпэ итэу къакIощтыгъ. 8 Голиат къэуцуи
израилхэм ядзэ къекуугъ: «Сыд пае шъукъэзэонэу шъукъэуцугъа?
Сэ сыфылистба, шъо Саул шъузэриунэIутыр шъушIэрэба? Зы
нэбгырэ къызхэжъугъэкIи къысэжъугъэзау. 9 Джар къысэзэошъоу,
сыкъызиукIкIэ, тэ тышъуипщылIыщт. Ау сэ ежь сытекIоу,
зысыукIкIэ, шъо шъутипщылIыщт, шъукъытфэлэжьэщт». 10 ЕтIани
фылистым къариIуагъ: «Сэ непэ израил дзэхэр хьайнапэ сшIыщтых!

ТитIо тызэзэонэу цIыф къызхэжъугъэкI!» [11] Фылистым къыIуагъэхэр
зызэхахым, Саули зэкIэ израил цIыфхэри лъэшэу къыгъащтэхи,
щынэгъошхом зыIэкIиубытагъэх.

## Даут Саул иуцупIэ зэрэкIуагъэр

[12] Даут ятэщтыгъэр ефрат лъэпкъым къыхэкIыгъэ Ищай. Ар
Ехъудэм ит къалэу Бэтлэхъэм щыпсэущтыгъ. Ащ кIэлий иIагъ. Саул
ипачъыхьэгъум ар лIыжъы хъугъэу анахь алъытэрэ нахьыжъхэм
ащыщыгъ. [13] Ищай икIэлэ нахьыжъищ Саул заом дежьагъэх.
Анахьыжъыр Елыаб, къыкIэлъыкIорэр – Абинэдау, ящэнэрэр – Щам.
[14] Даут зэшхэм анахьыкIагъ. Зэш нахьыжъищыр Саул дежьагъэх.
[15] Даут Саул дэжь къикIыжьзэ, чэзыу-чэзыукIэ Бэтлэхъэм дэс ятэ
имэлхэр ыгъэхъунхэм пае къакIощтыгъ. [16] Фылистыр къахэкIзэ
мэфэ тIокIитIум ипчэдыжьи ипчыхьи къахэкIотти, израил цIыфхэм
апашъхьэ къиуцоти, езэонхэу къяджэщтыгъ. [17] Зы мафэ горэм Ищай
ыкъо Даут риIуагъ: «Килограмм 15 фэдиз горэ хъунэу лэжьыгъэ
гъэгъугъэрэ хьалыгъуипшIрэ зыдаштэхи, дзэр зыдэщытым дэжь
кIуи, пшыхэм афэхь. [18] Ахэм ягъэгъусэжьых къое хьалипшIыр,
пшыхэр зыхэт дзэм идзэпащэхэм ахэр ятых. Пшымэ япсэуныгъэ
изытети, яфэныкъуагъэхэми, яIоф зыфэдэми ишъыпкъапIэ сшIэным
пае сыд щыщми зыгорэ къысфыздахь».

[19] Саули, ахэри, израилыдзэри зэгъусэхэу чъыгэе кIэим
щыIэхэу фылистхэм язэонхэу загъэхьазырщтыгъэ. [20] Даут
пчэдыжьым жьэу къэтэджи, имэлхэм нэмыкI мэлахъо къапигъэуци,
ыгъэхьазырыгъэр къыздишти Ищай къыриIогъэ чIыпIэм кIуагъэ.
Дзэр зыдэщыт чIыпIэм зынэсым, зэрэгъэкуохэзэ етIупщыгъэу
зэоным зыфагъэхьазырщтыгъэ. [21] Израил цIыфхэмрэ фылистхэмрэ
ясатырэхэр зэпэIууцуагъэх. [22] Даут къыхьыгъэхэр IапIэхэм апэтыгъэ
къэрэгъулым къыфыщинэхи, дзэкIолIхэр зыдэщыт лъэныкъомкIэ
ечъэжьагъ. Зынэсым ышхэм япсэуныгъэ изытет кIэупчIагъ. [23] Ар
ахэм адэгущыIэзэ, Гъат щыщ фылист бэнакIоу Голиат фылистхэм

къахэкIоти, джа къыIощтыгъэхэр джыри къыIохэу зырегъажьэм,
Даут къызэхихыгъ. [24] Израил цIыфхэм а лIыр къызэралъэгъоу,
лъэшэу къыгъэщынагъэхэти, къыкIатхъужьыгъ. [25] Мыщ дэжьым
израил цIыфхэм зэраIожьыщтыгъэ: «Шъолъэгъуа мо лIэу
къахэкIотыгъэр? Джар къызкIахэкIотыгъэр Израилым Iэягъэхэр
къыриIолIэнхэм пае. Ар зыгорэм ыукIмэ, пачъыхьэм мылъкушхо
ащ ритыщт, ипшъашъи ригъэщэщт, ятэ иунагъо хьакъулахьхэр
римыгъэтхэу, шъхьафитэу Израилым щигъэпсэущт». [26] Арти
Даут къыкIэрыт цIыфхэм яупчIыгъ: «Мы фылистыр зыукIэу,
Израилым ынапэ зыукъэбзэжьыщтым сыд шъуIуи фашIэщтыр?
Сыда зыщыщыр сунэт амышIыгъэ мо фылистэу Тхьэу щыIэм идзэ
шIоигъэхэр къезыIуалIэрэр?» [27] Ар зыукIрэм фашIэщтыр зыфэдэр
цIыфхэм Даут къыфаIотагъ.

[28] Даут ышнахьыжъэу Елыаб ышнахьыкIэ цIыфхэм
зэрадэгущыIэрэр къыззэхехым къэгубжи, Даут къыриIуагъ:
«Сыда мыщ укъызкIэкIуагъэр, хэта мэл тIэкIур шъофнэкIым
къызфыщыунагъэри? О зыкъызэрэпшIошIыжьрэми угу зэрэшIойми
дэгъоу сащыгъуаз, зэрэзэзэощтхэм уеплъынэу укъэкIуагъ». [29] Даут
къыриIожьыгъ: «СызэряупчIыгъэм нэмыкIэу мыхъун горэ сшIагъа?»
[30] Ар къыIуи, зыдыригъэзэкIи, къакIэрытыгъэ горэм а упчIэ дэдэр
зыретым, къызэхэзыхыгъэхэм апэ къыраIогъагъэр къаIожьыгъ.

[31] Даут къыIуагъэхэр Саул зыраIожьхэм, адрэм къылъигъакIохи
аригъэщагъ. [32] Даут Саул риIуагъ: «Ащ пае хэти орэмыгумэкI,
уиIумэт кIонышъ фылистым езэощт». [33] Арти Саул Даут риIуагъ: «А
фылистым о уезэон пфэлъэкIыщтэп, сыда пIомэ джыри укIэлащ,
адрэр икIэлэгъум къыщегъэжьагъэу зэолI». [34] Даут Саул риIожьыгъ:
«УиIумэт ятэ имэлхэр ыгъэхъущтыгъэхэти, аслъан е мышъэ горэ
къахахьэу Iэхъогъум хэт мэлхэм ащыщ зырихьыжьэкIэ, [35] ащ
сылъежьэти сыкIахьэщтыгъэ, сытебанэти, ыжэ дэлъэу ыхьырэр
къытесхыжьыщтыгъ. КъызыстебэнэжькIэ ытхыцIашъо зыхэзгъанэти
исыутщтыгъэ, стхьалэщтыгъэ; [36] Арышъ, уиIумэт аслъанми

мышъэми затекIуагъэкIэ, сунэт амышIыгъэ мо фылистми джар дэдэр
есшIэн, сыда пIомэ Тхьэу щыIэм идзэ ынапэ ащ тырехы».[c]
37 ЕтIани Даут къыIуагъ: «Аслъанми мышъэми сащызыухъумэгъэ
Зиусхьаным а фылистми сыщиухъумэщт». Арти Саул Даут риIуагъ:
«КIо, Зиусхьаныр гъусэ къыпфэхъу».
38 Арти Саул идзэ шъуашэ Даут зыщыригъэлъагъ, джэрз танджыр
шъхьащилъагъ, ашъоджанэри зыщыригъэлъагъ. 39 Даут чатэр
щыгъынхэм акIыIу къышIыжьи, тезэкIухьагъ, сыда пIомэ ащ
фэдэ Iэшэ-шъуашэхэр зыщилъэхэу есэгъагъэп. ЕтIанэ «Мыхэр
сщыгъхэу сесагъэпышъ, зызгъэзэшъурэп», – Даут Саул риIуи,
зыщырагъэлъагъэхэр зэкIэ къызщихыжьыгъэх. 40 ЕтIанэ ибэщ
къыштэжьи, псы игъукIыгъэм ылъэгу мыжъо джэшъуитф къыхихи,
имэлэхъо Iалъмэкъ рилъхьагъэх. Мыжъодзыр ыIэдакъэу фылистым
езэонэу ежьагъ.
41 Фылистри Даут дэжькIэ къежьагъ, имэIузехьэ ащ ыпэ итыгъ.
42 Фылистыр къаплъи Даут къызелъэгъум, пхъатэ зыпимыхьэу
къеплъыгъ, сыда пIомэ ар ныбжьыкIэу, къуапцIэу, бжьышIоу
щытыгъ. 43 Фылистым Даут къыриIуагъ: «Бэщыжъ цIыкIухэр
уиIэдакъэу укъыспэгъокIынэу сыхьа сэ?» Ащ тетэу фылистыр
ежь итхьэмэ ацIэкIэ Даут къебгыгъ. 44 ЕтIанэ фылистым Даут
къыриIуагъ: «КъысэкIуалI уихьадэ ошъогу бзыухэмрэ шъофым
ис хьэкIэ-къуакIэхэмрэ ястыжьыщтышъ». 45 Даут фылистым
риIожьыгъ: «О чатэр, пчыпыджынышхор, пчыпыджын кIэкIыр
уиIэдакъэхэу укъыспэгъокIыгъэмэ, сэ Зиусхьанэу ошъогу
дзэхэр зиIэрылъхьэм, Израилым идзэмэ я-Тхьэу, Iаягъэхэр
къызэпIолIагъэм ыцIэкIэ сыкъыппэкъокIыгъ. 46 Джы Зиусхьаным сIэ
укъырилъхьащтышъ, усыукIыщт, пшъхьэ шIосхынышъ, фылистхэм

[c][29] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [СэрэкIуи ар хэсэрэгъафа Израилым ынапэу тырахыгъэр къытехьажьыным пае? Армырмэ хэт щыща а сунэт амышIыгъэр?] Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

ядзэкIолIхэми яхьадэхэр ошъогу бзыухэмрэ чIым тет хьэкIэ-
къуакIэхэмрэ ястыжьынхэшъ, Израилым Тхьэ зэриIэр зэрэдунаеу
щызэлъашIэщт. 47 ЕтIанэ мы цIыф жъугъэмэ къашIэщт Зиусхьаным
чатэмрэ пчыпыджынымрэкIэ укъызэримыухъумэрэр, сыда пIомэ
мыр Зиусхьаным изаошъ, Ащ шъо тIэ шъукъырилъхьащт».
48 Ащ ыуж фылистыр къезэонэу Даут ыдэжькIэ къызежьэм,
Даут фылистым ылъэныкъокIэ псынкIэу ечъэжьагъ. 49 Даут
иIалъмэкъ иIэбэжьи мыжъор къырихыгъ, мыжъодзым дилъхьи,
ыгъэчэрэгъу-ыгъэчэрэгъуи, зы къуапэр къытIупщи, фылистым
ынатIэ тыригъэпсыхьи еуагъ. Арти ащ ынатIэ мыжъом пхыриути,
ыIу егъэзыхыгъэу чIым къытыригъэфагъ.
50 Джащ тетэу Даут мыжъомрэ мыжъодзымкIэрэ фылистым
текIуи ыукIыгъ; ау Даут чатэ ыIыгъыгъэп. 51 Ар дэдэм Даут
фылистым ечъалIи, теуцуи, ащ ичатэ чэталъэм къырихи, еуи ышъхьэ
шIуиупкIыгъ. ЯбэнакIо къызэраукIыгъэр къызалъэгъум, фылистхэм
кIатхъужьыгъ. 52 Арти израил ыкIи ехъудэ дзэкIолIхэм зыкъаIати,
зэрэгъэкуохэзэ фылистхэр рафыжьэхи, кIэим икъыдэхьапIэ,
Iэкърэн икъэлапчъэмэ анэс, афыжьыгъэх. ЗыкIэхьэгъэхэ фылистхэр
Гъатрэ Iэкърэнрэ азыфагу илъ ЩэIараим гъогум тыраукIыхьагъэх.
53 ЕтIанэ израил цIыфхэу фылистхэр езыфыжьагъэхэм къагъэзэжьи,
ахэм яуцупIэщтыгъэр зэрапхъуагъэ. 54 Даут ыукIыгъэ фылистым
ышъхьэ къыздишти, Ерыусэлэм къыхьыгъ. Ащ иашъоджанэ ежь
ичэтэнгъэIагъэ щигъэтIылъыгъ.

### Даут Саул къызэрэфащагъэр

55 Даут фылистым езэонэу зэрежьагъэр Саул зелъэгъум, дзэм
ипащэу Абинэр еупчIыгъ: «Абинэр, мо кIалэр хэта зыкъор?» Абинэр
къыриIожьыгъ: «Упсэ бэ егъашI, пачъыхь, ар сшIэрэп». 56 Арти
пачъыхьэм ыIуагъ: «Ащыгъум къызэгъашI а кIалэр зыкъор». 57 Даут
фылистыим текIуагъэу къыгъэзэжьыгъэу къэкIожьзэ, Абинэр ащ
екIуалIи Саул дэжь къыщагъ; фылистым ышъхьэ ащ ыIыгъыгъ.

[58] Саул ащ къеупчӀыгъ: «Хэта узыкъор, кӀалэ?» Даут къыриӀожьыгъ:
«Бэтлэхъэм щыщ уиӀумэтэу Ищай сырикӀал».

# ЯпшӀыкӀуенэрэ шъхьэр

## Ионэтанрэ Даутрэ Ӏуагъэ зэрэзэдашӀыгъэр

[1] Даутрэ Саулрэ язэдэгущыӀэн заухым, Ионэтан ыпсэ Даут ыпсэ
хэтӀагъэ хъугъэ, ежь ыпсэ фэдэу Ионэтан ар шӀу ылъэгъугъ. [2] Саул
а мафэм Даут ятэ дэжь кӀожьынэу фидагъэп. [3] Ионэтан Даут гъусэ
зэрэфэхъурэмкӀэ Ӏуагъэ дишӀыгъ, сыда пӀомэ ежь ыпсэ фэдэу ар
шӀу ылъэгъугъ. [4] Арти Ионэтан ищыгъын кӀыӀутелъ къызщихи
Даут ритыгъ, джащ фэдэу иашъоджани, ичати, ищабзи, ибгырыпхи
ритыгъэх. [5] Ащ ыуж Саул Даут тыдэ ыгъэкӀуагъэми, акъылыгъэ
хэлъэу зекӀощтыгъэ. Саул ар дзэкӀолӀхэм Ӏэшъхьэтет зафешӀым, цӀыф
пстэуми Саул иунэӀутхэми агу рихьыгъ. [6] Даут фылист бэнакӀом
текӀуагъэу къагъэзэжьыгъэу къэкӀожьхэ зэхъум, бзылъфыгъэхэр
орэдхэр къаӀохэзэ, къашъохэзэ, пачъыхьэу Саул Израилым икъэлэ
пстэумэ къыщапэгъокӀыгъэх, ищытхъу аӀозэ, гушӀогъошхо хэлъэу
шъонтӀырыпӀхэмрэ нэмыкӀ пщынэ Ӏэмэ-псымэ зэфэшъхьафхэмрэ
къяощтыгъэх. [7] Орэдхэр къэзыӀозэ къашъоштыгъэ бзылъфыгъэхэр
къыхэкуукӀыщтыгъэх: «Саул нэбгырэ минхэм атекӀуагъэмэ, Даут
нэбгырэ минипшӀхэм атекӀуагъ!» [8] Саул ащ лъэшэу къыгъэгубжыгъ,
зэхихыгъэхэр имыгуапэу ыгукӀэ зэриӀожьыгъ: «Даут минипшӀхэр
ратхи, сэ минхэр къысапэсыгъэмэ, пачъыхьэгъур ары ныӀэп джы ар
зыщыкӀэжьрэр». [9] А мафэм къыщегъэжьагъэу Саул цыхьэ ымышӀэу
Даут лъыплъэщтыгъ.

## Саул Даут ыукӀынэу зэрэфэягъэр

[10] КъыкӀэлъыкӀогъэ мафэм Тхьэм фэӀорышӀэрэ джынапцӀэм Саул
къыригъэзыгъэти, иунэ исэу зишхыхьажьщтыгъэ. Адрэ мафэхэм
зэришӀщтыгъэ хабзэу, Даут пхъонтэпщынэм къеощтыгъэ. Саул

пчыпыджыныр ыIыгъыгъэти, [11] «Даут дэпкъым хезгъэIулIэн», –
ыIуи ыгукIэ зэриIожьи, пчыпыджыныр ыдзыгъ. ГъогогъуитIо зеом
Даут зиуфэзэ, ар зытыригъэфагъэп.
[12] Арти Саул Даут щыщынэу ригъэжьагъ, сыда пIомэ Зиусхьаныр
Даут игъусагъ, ау Зиусхьаным Саул къыбгынэгъагъ. [13] Саул
Даут ынэIу ригъэкIи, нэбгырэ мин хъурэ дзэкIолI купым пащэу
фишIыгъэти, Даут дзэкIолIхэр къэзэонхэу ыщэщтыгъэх. [14] Даут сыд
фэдэрэ Iоф фежьагъэми, акъылым рыгъуазэщтыгъэ, Зиусхьаныр
ренэу ащ игъусагъ. [15] Даут акъылым зэрэрыгъуазэрэр Саули
ылъэгъущтыгъэ, джащ къыхэкIэуи щыщынэщтыгъэ. [16] Ау
зэрэ-Израилэуи Ехъуди Даут шIу ащалъэгъущтыгъэ, сыда пIомэ апэ
итэу зэонхэу ыщэщтыгъэх.

## Даут Саул ыпхъу къызэрищагъэр

[17] Ащ ыуж Саул Даут риIуагъ: «Мары спхъу нахьыжъэу Мэраб,
уишъхьагъусэнэу къыостыщт, ау укъысфэшъыпкъэу лIыхъужъэу
къулыкъур сфэпхьыщт, Зиусхьаным ыцIэкIэ зао». Ау ежь
егупшысыгъ: «Сэ сымыукIэу фылистхэм ар къарэукI». [18] Ары
шъхьае Даут Саул къыриIуагъ: «Сыд гущ сэ, цIыф лъэрыхьэмэ
сащымыщэуи, тиунагъокIи Израилым тыщызэлъамышIэуи
пачъыхьэм махълъэ сыфэхъун слъэкIына?» [19] Ау Саул ыпхъу
Мэраб Даут зыригъэщэнэу щытыгъэ пIалъэр къызэсым Мыхьолат
щыщ Iадриел ар дагъэкIуагъ. [20] Саул иадырэпхъоу Михэл Даут
шIу къылъэгъугъ. А къэбарыр Саул зырагъэIум, гуапэ щыхъугъ.
[21] Саул егупшысыгъ: «Ар ащ зыдэзгъакIокIэ, тIэсхъапIэ фэхъунышъ,
фылистхэм аIэкIэкIодэпэн». ЕтIанэ Саул Даут риIуагъ: «Махълъэ
укъысфэхъунэу уфаемэ, ятIонэрэу джыри амал уиI». [22] Ащ ыуж
Саул иIумэтхэм унашъо афишIыгъ: «Даут шъэфэу шъудэгущыIи
ешъуIу: „Пачъыхьэм ыгу узэрэрихьрэми, ащ иIумэтхэм зэкIэми
шIу узэралъэгъугъэми еплъ. Пачъыхьэм махълъэ фэхъу“». [23] Саул
иIумэтхэм Даут ар зыраIом, Даут къариIожьыгъ: «Пачъыхьэм

уримэхълэныр псынкIагъокIэ шъогугъа? Сэ сыбаеп, сыцIэрыIоп».
24 Даут ыIуагъэр иIумэтхэм Саул зынагъэсыжьым, 25 Саул ахэм
ариIуагъ: «Даут сфешъуIожь пачъыхьэм ипыйхэм яфэшъуашэр
ягъэгъотыжьыгъэным пае фылист нэбгыришъэм яукIытапIэхэу
къыпыуипкIыгъэхэм анэмыкI пшъэшъэ уасэу пачъыхьэр
зэрэфэмыер». Фылистхэм аIэкIэ Даут зэригъэкIодыщтыр ары
Саул зэгупшысыщтгъэр. 26 Саул иIумэтхэм ариIуагъэр Даут
зынагъэсым, пачъыхьэм имахълъэ хъун зэрилъэкIыщтыр ащ
лъэшэу игуапэ хъугъэ. ПIалъэу агъэнэфагъэр къэмысзэ, 27 Даут
ицIыфхэр игъусэхэу кIуи, фылист нэбгырэ шъитIу къыукIыгъ. Ахэм
яукIытапIэхэр къапиупкIхи, имахълъэ хъуным тегъэпсыхьагъэу
пачъыхьэм къыфихьыгъэх. Арти Саул ыпхъу Михэл ащ дигъэкIуагъ.
28 Джащ тетэу Зиусхьаныр Даут зэригъусэри, ыпхъу Михэл ар шIу
зэрилъэгъури инэрылъэгъузэ Саул къырыкIуагъ. 29 Джащ къыхэкIэуи
Саул Даут нахьи нахь лъэшэу щыщынэу хъугъэ, ежь опсэуфэ ар
ыгъэпыигъ.

30 Фылист дзэпащэхэр зэонэу къежьэхэ къэси, Саул идзэ
къулыкъушIэ пстэумэ анахь акъылышIоу Даут ренэу зекIощтыгъэти,
ищытхъу дахэ чыжьэу Iугъэ.

# ЯпшIыкIубгъонэрэ шъхьэр

### Саул Даут къаигъэ зэришIыгъэр

1 Джащ ыуж Саул ыкъо Ионэтани зэкIэ иIумэтхэми Даут агъэлIэнэу
ариIощтыгъэ; ау Саул ыкъо Ионэтан Даут шIу дэдэ ылъэгъущтыгъэ.
2 Арти Ионэтан Даут риIуагъ: «Тятэу Саул уигъэкIод шIоигъошъ,
неущ зыфэсакъыжь, зы чIыпIэ шъэф горэм зыщыгъэбылъ.
3 ЧIыпIэу шъофым зызщыбгъэбылъыгъэм тятэрэ сэррэ тызэгъусэу
тыкIонышъ, сыпфыдэгущыIэщт, ащ ыуж къызэзгъэшIагъэм
ущызгъэгъозэщт». 4 ЕтIанэ Ионэтан ятэу Саул Даут игугъу дахэкIэ
фишIыгъ: «Пачъыхьэм иIумэтэу Даут ыгу рерэмыгъабгъ, сыда

пIомэ угу зэрэфыхэкIын зыпари мыхъун ащ ышIагъэп, ышIэрэ
пстэуми уифедэ ахэлъ шъыпкъ. [5] Фылист бэнакIом текIоным пае
ыпсэ еблэжьыгъэп, Зиусхьаными зэрэ-Израилэу къыухъумагъ; ор
дэдэми уинитIукIэ ар плъэгъугъэти, уигушIогъошхуагъ. Адэ сыда
джы лажьи хьакъи зимыIэм ылъ умыгъачъэмэ, Даут умыгъэкIодмэ
мыхъунэу узкIыпыхьагъэр?» [6] Арти Саул Ионэтан риIуагъэм едэIуи,
тхьэлъанэ ышIыгъ: «Зиусхьаныр зэрэщыIэр сэIо, Даут псэущт».
[7] Ащ ыуж Ионэтан Даут къеджи а гущыIэ дэдэхэр риIожьыгъэх.
ЕтIанэ Ионэтан Саул дэжь Даут къыщи, ыпэкIэ зэрэщытыгъэу
джыри фэлажьэщтыгъэ. [8] ЕтIанэ заор икIэрыкIэу къызежьэм, Даут
фылистхэм апэуцужьи, хьалэч зэхишIыхьэхи, кIаригъэIэжьыгъ.
[9] ИкIэрыкIэу Тхьэм фэIорышIэрэ джынапцIэр Саул къытебэнагъ.
Пчыпыджыныр ыIыгъэу иунэ ар исыгъ. Даут ыIапэхэр
хъонтэпщынэм ригъачъэхэзэ, ащ къыфеоштыгъэ. [10] Саул
пчыпыджынымкIэ Даут дэпкъым хыригъэIулIэнэу фэягъ, ау
Саул ар къызедзым, Даут Саул кIэлъырылъэти, пчыпыджыныр
дэпкъым хисагъ. Арти Даут а чэщым ышъхьэ рихьыжьэжьи, ыпсэ
къыухъумагъ.
[11] Даут иунэ лъыплъэнхэм, къаубытынышъ, нэф къырамыгъэкIэу
аукIыным пае Саул иIофтабгэхэр Даут ядэжь ыгъэкIуагъэх.
Даут ишъхьагъусэу Михэл илI риIуагъ: «Нычэпэ пшъхьэ
зыщымыгъэзыекIэ, неущ уаукIыщт». [12] Михэл ар риIуи, Даут
шъхьангъупчъэмкIэ унэм ригъэкIи, ар хэхьажьыгъ, псэоуи
къэнэжьыгъ. [13] Михэл тхьэ нэпцIым исурэт къышти пIэм
хилъхьагъ, пчэнышъор ышъхьэ тырихъуи, ыфэпагъ. [14] Саул
иIофтабгэхэр Даут къаубытынэу зегъакIохэм, «Ар сымадж», –
ыIуи, Михэл къариIуагъ. [15] Даут къеплъынхэу Саул иIофтабгэхэр
джыри ыгъэкIуагъэх. «СыукIыщтышъ, пIэм зэрэхэлъэу ар
къысфэшъухь», – ариIуагъ. [16] Арти иIофтабгэхэр зэкIохэм тхьэ
нэпцIым исурэтэу пчэнышъор зышъхьэ телъыр пIэм къыхагъотагъ.
[17] ЕтIанэ Саул Михэл риIуагъ: «Сыд пае сыбгъэпцIагъа, сипый

птIупщыжьи зебгъэгъэбылъыжьыгъа?» Михэл Саул къыриIожьыгъ:
«СымытIупщмэ сиукIынэу къызысеIом сигъэщынагъ».

### Даут Самуел Рамэ зэрэщыIукIагъэр

[18] Даут ышъхьэ Iуихыжьи, Самуел дэжь, Рамэ, кIуи, Саул
къыришIагъэр зэкIэ фиIотагъ. ЕтIанэ Самуел игъусэу ежьэхи, Рамэ
ичIыпIэу Нэуат кIуагъэх. [19] «Даут Рамэ ичIыпIэу Нэуат кIуагъэ»
аIуи, Саул къэбар къыфахьыгъ. [20] Арти Саул Даут къаубытынэу
иIофтабгэхэр ыгъэкIуагъэх. Самуел зипэщэ тхьэлIыкIохэу Тхьэм
кIочIэ лыеу къахилъхьагъэм зэлъиштагъэхэр, Тхьэм къыбгъодэкIырэ
псалъэхэр къэзышIхэрэр, Ащ ищытхъу зыIуатэхэрэр ахэм алъэгъугъ.
Ардэдэм Саул иIофтабгэхэми Тхьэм и-Псэ къахахьи, Тхьэм кIочIэ
лыеу къахилъхьагъэм зэлъиштэхи, Тхьэм къыбгъодэкIырэ псалъэхэр
къашIэу, Ащ ищытхъу аIуатэу хъугъэх. [21] Хъурэм икъэбар Саул
зынагъэсыжьым, нэмыкI иIофтабгэхэр джыри ащ ыгъэкIуагъэх.
Ау ахэри Тхьэм кIочIэ лыеу къахилъхьагъэм зэлъиштэхи, Тхьэм
къыбгъодэкIырэ псалъэхэр къашIэу, Ащ ищытхъу аIуатэу хъугъэх.
ЕтIани Саул иIофтабгэхэр ящэнэрэу зегъакIохэм, ахэри Тхьэм
кIочIэ лыеу къахилъхьагъэм зэлъиштэхи, Тхьэм къыбгъодэкIырэ
псалъэхэр къашIэу, Ащ ищытхъу аIуатэу хъугъэх. [22] Арти ежь
Саул Рамэ кIуагъэ, кIозэ, Сэхыу дэт псынэкIэчъышхом зынэсым
кIэупчIагъ: «Самуелрэ Даутрэ тыда зыдэщыIэхэр?» «Рамэ ичIыпIэу
Нэуат щыIэх», – аIуи къыраIожьыгъ. [23] Ар Рамэ ичIыпIэу Нэуат
зэкIом, Тхьэм и-Псэ къылъыIэси, Рамэ ичIыпIэу Нэуат омыкIофэ
зэримыхэбзагъэу, Тхьэм кIочIэ лыеу къыхилъхьагъэм зэлъиштi,
Тхьэм къыбгъодэкIырэ псалъэхэр къышIэу, Ащ ищытхъу ыIуатэу
хъугъэ. [24] Ащ зитIэкIыгъ, Самуел ыпашъхьэ зэритзэ, Тхьэм кIочIэ
лыеу къыхилъхьагъэм зэлъишти, Тхьэм къыбгъодэкIырэ псалъэхэр
къышIэу, Ащ ищытхъу ыIуатэу хъугъэ. А мафэми къыкIэлъыкIогъэ
чэщми мыфэпагъэу ар щылъыгъ. «Адэ Саул тхьэлIыкIоныр
зипшъэрылъ цIыфхэм джы ащыщ хъугъа?» джары зытыраIукIыгъэр.

# ЯтIокIэнэрэ шъхьэр

### Ионэтан Даут зэригъэныбджэгъугъэр

[1] Даут Рамэ ичIыпIэу Нэуат къыбгыни, Ионэтан дэжь къакIуи
къеупчIыгъ: «Сыда сшIагъэр, тара сызэрэмысэр, сыда уятэ
къызкIысфэмыразэр, сыда спсэ къызкIылъыхъурэр?» [2] Ионэтан
къыриIожьыгъ: «Хьау, ар угу къимыгъахь, о улIэщтэп, сыда пIомэ
сэ сыщимыгъэгъуазэу тятэ зыпари ышIэрэп. Сыд пая тятэ а
Iофыр зыкIысшIуиушъэфын фаер? Ар хъун Iофэу щытэп». [3] Даут
тхьэлъанэ ышIызэ къыIуагъ: «УгукIэ укъызэрэсфэщагъэр уятэ
дэгъоу ешIэшъ, ежь-ежьырэу зэреIожьы: „Ионэтан ыгу къемыоным
пае ымышIэмэ нахьышIу“. Ау Зиусхьаныр зэрэщыIэр сэIо, упсэ
зэрэщыIэм фэдэу, мы къасIорэр шъыпкъэ: сэррэ хьадэгъумрэ
тызэрэзэпэчыжьэр лъэбэкъу закъу ныIэп». [4] «УгукIэ узфаер зэкIэ
къыпфэсшIэщт» ыIуи, Ионэтан Даут зыреIом, [5] Даут Ионэтан
къыриIожьыгъ: «Неущ мэзакIэр къызэрихьэрэр агъэмэфэкIыщтышъ,
пачъыхьэм зы Iанэ сыдыпэсын фае. Ау ащ емылъытыгъэу
сытIупщи, зызгъэбылъынышъ, ящэнэрэ мафэм ипчыхьэ нэс
зыкъэзгъэлъэгъощтэп. [6] ЗыгорэкIэ уятэ къыскIэупчIэмэ, еIу: „Даут
илIакъо зэрэщытэу илъэс къурмэн ешIыти, къалэу Бэтлэхьэм кIо
шIоигъоу къысэлъэIугъ“. [7] „Дэгъу“ къызыуиIожькIэ, уиIумэт иIоф
мамырыщт; ау ар къызыгубжкIэ, гухэлъ бзаджэ зэрэрихъухьагъэр
оркIэ гъэнэфагъэ. [8] Арышъ, уиIумэт унэшIу къыщыгъаф, Зиусхьаныр
тишыхьатэу оррэ сэррэ гъусэ тызэрэзэфэхъугъэмкIэ Iуагъэ
зэдэтшIыгъ, ау лажьэ горэ сиIэмэ, о сыукI нахь, сыд пае уятэ дэжь
сыпщэна?» [9] Ионэтан къыриIожьыгъ: «Ар о къыохъулIэхэщтэп.
Тятэ бзэджагъэ горэ ыгу риубытагъэу зыгорэкIэ дасшIэмэ,
къэбарыр осымыгъашIэ хъуна?» [10] Даут Ионэтан риIуагъ: «Уятэ
пхъашэу къыбдэгущыIэжьмэ, хэта къэбарыр сэзгъэшIэщтыр?»
[11] «НекIо, хашъом тигъахь», – ыIуи, Ионэтан Даут зыреIом, тIури

зэгъусэу хашъом зехьэхэм, [12] Ионэтан Даут риIуагъ: «Израилым
и-Зиусхьанэу Тхьэр зэрэщыIэр сэIо! Тятэ сыIуупчIыхьанышъ, неущ
мы уахътэм ехъулIэу е неущмыкIэ нэс ыгу илъыр къезгъэIощт. Ар
ыгукIэ Даут фэшIоу къэбар зэрэщыIэр къыпфясымгъэхьынэуи,
зэхэосымгъэхынэуи? [13] Тятэ ыгу шIу къызэрэпфимылъыр сшIагъэу
къэбарыр къызыплъысымыгъэIэскIэ, Ионэтан ифэшъуашэр
Зиусхьаным рерэгъэгъот, нахьыбэжьи къырерэшI. Ар аущтэу
зыхъукIэ, устIупщыжьынба, узфаем усымыгъэкIонэуи? Зиусхьаныр
тятэ зэригъусагъэм фэдэу ори уигъусэнэу сыпфэлъаIо. [14] Ау сэ
джыри сыпсэунэу щытмэ, Зиусхьаным игукIэгъу ори къысфэшI.
[15] Сэ сыщымыIэжьми, Даут ипый пстэури Зиусхьаным чIым
тыригъэкIодыкIыгъэхэми, егъашIэми сиунагъо гукIэгъу къыфэшI».
[16] Джащ тетэу Даут иунагъо Iуагъэ зыдешIыхэм, Ионэтан къыIуагъ:
«Ори уиунагъуи Iуагъэу зэдэтшIыгъэр зышъумыгъэцакIэкIэ,
Зиусхьаным шъуифэшъуашэ зэпстэуми шъуигъэгъотыщт». [17] Даут
шIу зэрилъэгъурэмкIэ икIэрыкIэу Ионэтан тхьэлъанэ ышIыгъ, сыда
пIомэ ыпсэ фэдэу ар икIэсагъ.

[18] ЕтIанэ Ионэтан ащ риIуагъ: «Неущ мэзакIэу къихьэрэм
имэфэкIыщтышъ, уищысыпIэ нэкI зыхъукIэ, къыпкIэупчIэщтых.
[19] Арышъ, ящэнэрэ мафэм зызщыбгъэбылъщтыгъэ чIыпIэм
псынкIэу къекIужьи, укъамылъэгъунэу мыжъошхо горэм ыкъогъу
къотIысхьи зыгъэбылъ. [20] Сэ псагъэ горэм тезгъафэ сшIоигъом
фэдэу а лъэныкъомкIэ щэбзищ къэстIупщыщт. [21] „КIуи, щабзэхэр
къэгъотыжьых“, – сIонышъ, кIэлэцIыкIур сIофтэщт. „Щабзэхэр
уакIыбкIэ щылъхэшъ, къэштэжьых“ кIэлэцIыкIум зесIокIэ,
къыскIэрыхь; ащ къикIрэр уиIофхэр мамырэу ары, Зиусхьаныр
зэрэщыIэр сэIо, мыхъун гори къыохъулIэщтэп. [22] „Щабзэхэр
уапэкIэ щыIэх“ кIэлэцIыкIум зесIокIэ, пшъхьэ щыгъэзый, сыда
пIомэ Зиусхьаным уиутIупщыжьыгъэу ащ къекIы. [23] АдыкIэ оррэ
сэррэ зэтIуагъэм Зиусхьаныр егъашIэм фэшыхьат». [24] Ащ ыуж
Даут хашъом зыщигъэбылъыгъ. МэзакIэу къихьагъэм имэфэкI

къэсыгъэти, пачъыхьэр Iанэм пэтIысхьагъ. [25] Зэрихабзэу пачъыхьэр
дэпкъым кIэлъырыт тетIысхьапIэм тесыгъ. Ионэтан ащ пэчIынатIэу
щысыгъ. Абинэр Саул кIэрытIысхьагъ; Даут итIысыпIэ нэкIыгъэ.
[26] Даут мэфэкIым зыфимыгъэхьазырыгъэу, зимыукъэбзыгъэу
къышIошIыгъэти, Саул а мафэм зыпари ыIуагъэп. [27] МэзакIэу
къихьагъэм имэфэкI иятIонэрэ мафэ къэсыгъ, ау Даут итIысыпIэ
джыри нэкIыгъэ. Арти Саул икIалэу Ионэтан еупчIыгъ: «Сыда
Ищай ыкъо тыгъуасэ Iанэм къызызкIыдыпэмысыгъэр, непи
къызкIэмылъэгъуагъэр?» [28] Ионэтан Саул риIожьыгъ: «Бэтлэхъэм
кIожь шIоигъоу Даут къысэлъэIуи, зысигъэтIупщыгъ. [29] Ащ
къысиIуагъ: „ТиунагъокIэ мэфэкI къурмэн къалэм щэтэшIышъ
сытIупщыгоба, сши сыригъэблэгъагъ; нэшIукIэ укъысэплъымэ,
сыкIонышъ, сшыхэр къызэзгъэлъэгъущтых“; джары ар пачъыхьэм
Iанэм зыкIыдыпэмытIысхьагъэр».
[30] Ар зызэхехым, Саул лъэш дэдэу Ионэтан фэгубжи риIуагъ:
«Шъуз мыхъатэм къылъфыгъ! Ори укъэзылъфыгъэу уяни
шъунапэ тырихэу Ищай ыкъо зэрэбгъэныбджэгъурэр сымышIэу
къыпшIошIа? [31] Ищай ыкъо дунаим тетыфэ ори уипачъыхьагъуи ащ
шъупэлъэшыжьышъущтэп. Джы ащ лъыгъакIохи къягъащ, сыда
пIомэ ихьадэгъу къэсыгъ». [32] ЕтIанэ Ионэтан ятэу Саул зыфигъази
еупчIыгъ: «Сыд пае ар аукIын фая? Сыда ащ ышIагъэр?» [33] Арти
Ионэтан ыукI шIоигъоу Саул пчыпыджынымкIэ ащ зеом, Даут
ыукIынэу ятэ зэрэрихъухьагъэр Ионэтан къыгурыIуагъ. [34] Ионэтан
ыгу Даут фэузыщтыгъэти, яти лъэшэу ыгу хигъэкIыгъагъэти,
губжыпагъэу Iанэм къыпэкIыжьи, мэзакIэм имэфэкIэу къихьагъэм
иятIонэрэ мафэ Iанэм къекIолIагъэп.
[35] КъыкIэлъыкIогъэ мафэм пчэдыжьым зыфиIогъэгъэ уахътэм
тефэу Ионэтан хашъом кIуагъэ. КIэлэцIыкIури ащ игъусагъ.
[36] КIалэу игъусэм ащ риIуагъ: «СтIупщырэ щабзэхэм чъи
къалъыхъу». КIалэр зечъэжьэм ащ шъхьарыкIынэу щабзэхэр
ежь ытIупщыщтыгъэх. [37] Ионэтан щэбзащэхэр зыдитIупщыгъэ

лъэныкъомкӀэ кӀалэр зечъажьэм Ионэтан ащ кӀэлъыджагъ:
«Щабзэр уапэкӀэ зэрэщылъыр олъэгъуа?». [38] Ионэтан джыри
кӀалэм кӀэлъыджагъ: «Укъэмыуцоу псынкӀэу чъэ!» КӀалэм Ионэтан
ищабзэхэр къыугъоижьхи, изиусхьан къекӀолӀэжьыгъ. [39] КӀалэм
къэбар гори ышӀэщтыгъэп; Ионэтанрэ Даутрэ ныӀэп Ӏофыр
зытетым щыгъозагъэхэр. [40] ЕтӀанэ Ионэтан игъусэгъэ кӀалэм иӀашэ
ритыжьи риӀуагъ: «Къалэм кӀожь, мыхэр зыдэхьыжьых». [41] КӀалэр
зыӀокӀыжьым Даут мыжъо къогъум икъыблэ лъэныкъокӀэ къыкъокӀи
ынэӀу егъэзыхыгъэу чӀым зытыридзи гъогогъуищэ шъхьащэ
къышӀыгъ; тӀури зэбэугъэх, тӀури гъыгъэх, ау Даут нахь лъэшэу
гъыгъэ. [42] Ионэтан Даут риӀуагъ: «Зыгъэрэхьати кӀо, „Ори, сэри,
силӀакъуи, уилӀакъуи Зиусхьаныр тазыфагу ерэт“ тӀуи, Зиусхьаным
ыцӀэкӀэ тӀуми тхьэлъанэу тшӀыгъэр егъашӀэм къэрэнэжь».

# ЯтӀокӀэнэрэ зырэ шъхьэр

### Даут хьалыгъу лъапӀэр къызэрэратыгъэр

[1] Даут къэтэджи ӀукӀыжьыгъ, Ионэтан къалэм къыгъэзэжьыгъ.[d]
[2] Даут къалэу Нэу дэсыгъэ къурмэнышӀэу Ахъымэлэх дэжь
кӀуагъэ. Даут къызелъэгъум Ахъымэлэх къэщтагъэу къеупчӀыгъ:
«Сыда зыкӀыуизакъор, зыгорэ зыкӀыуимыгъусэр?» [3] Арти Даут
къурмэнышӀэу Ахъымэлэх риӀуагъ: «Пачъыхьэм Ӏоф горэм
сыфигъази, сызфигъакӀори пшъэрылъэу къысфишӀыгъэри хэти
ышӀэ мыхъунэу къысиӀуагъ. Джащ пае, етӀанэ тыщызэӀукӀэжьынэу,
сигъусэ кӀалэхэр чӀыпӀэ горэм згъэкӀуагъэх. [4] Къысэптын плъэкӀынэу
зыгорэ пӀэкӀэлъа? Хьалыгъуитф горэ е къэбгъотрэ щыӀэмэ къысэт».
[5] Арти къурмэнышӀым Даут риӀожьыгъ: «Хьалыгъу къызэрыкӀо
къэсштэнэу щыӀэп, щыӀэр Тхьэм фагъэуцугъэ хьалыгъу лъапӀэр

[d][30] Мы стихыр Септуагинтым – ижъырэ урымыбзэмкӀэ зэрадзэкӀыжьыгъэ ӀэпэрытхымТехыгъэу урысыбзэмкӀэ зэрадзэкӀыжьыгъэм ия 20-рэ шъхьэ ия 43-рэ стихэу щыт.

арышъ, уицӀыфхэр бзылъфыгъэ кӀымыгъугъэхэмэ, ашхы хъущт».
[6] Даут къурмэнышӀым къыриӀожьыгъ: «Мэфэ заулэ хъугъэу,
гъогу тыкъызтехьагъэм къыщегъэжьагъэу, тихабзэ тетэу кӀалэхэр
апкъкӀэ къабзэх. Тинепэрэ гухэлъ имэхьанэ зэрэиным елъытыгъэу,
хабзэмкӀэ ахэр къэбзэнхэ фае». [7] ЕтӀанэ къурмэнышӀым Тхьэм
фагъэуцугъэ хьалыгъу лъапӀэр ащ къыритыгъ, нэмыкӀ щыӀагъэп.
Хабзэу щыӀагъэмкӀэ, Тхьэм фагъэуцугъэ хьалыгъу лъапӀэм ычӀыпӀэ
Ащ ыпашъхьэ нэмыкӀ хьалыгъу фабэ ибгъэуцожьын фэягъэ.
[8] Саул иӀумэтхэм ащыщэу, Саул иӀахъохэм яӀэшъхьэтетэу, адэмхэм
къахэкӀыгъэ Дэукъ Зиусхьаным пае гухэлъ иӀэу а мафэм ащ щыӀагъ.
[9] Даут Ахъымэлэх еупчӀыгъ: «Пчыпыджынми чатэми къысэптынэу
зыгорэ уиӀэба? Пачъыхьэм иунашъо псынкӀэу згъэцэкӀэн
фэягъэти, чатэми е нэмыкӀ Ӏашэ горэми къыздэсштэнэу игъо
сифагъэп». [10] КъурмэнышӀым къыриӀожьыгъ: «Чъыгэе кӀэим
узщытекӀогъэ фылистэу Голиат ичатэ щыгъынхэм акӀоцӀыщыхьагъэу
мыжъогъозэсыным ыкӀыб дэтышъ, уфаемэ, джар штэ нахь, ащ
нэмыкӀ гори мыщ щыӀэп». Даут къыӀуагъ: «Ащ фэдэ щыӀэпышъ,
къаштэ».

### Даут Гъат шъхьэегъэзыпӀэкӀэ зэрэкӀуагъэр

[11] А мэфэ дэдэм Даут Саул зышӀуигъэбылъи Гъат ипачъыхьэу
Ахыщ дэжь кӀуагъэ. [12] Арти иӀумэтхэм Ахыщ къыраӀуагъ: «Модрэ
хэгъэгум ипачъыхьэу Даутба мыр? „Саул минхэм атекӀуагъ, Даут
– минипшӀхэм“ аӀомэ, къашъохэзэ, мырба орэд къызфаӀуагъэр?»
[13] А гущыӀэхэр Даут ыгу риубытагъэхэу щытти, Гъат ипачъыхьэу
Ахыщ лъэшэу щыщынагъ. [14] А чӀыпӀэм Даут иӀуплъэ зэблихъуи,
делашъо къызтыригъауи, зэрмырэу зыкъаригъэлъэгъугъ, пчъэхэр
зэхицӀалэхэу, Ӏупсыр ыжакӀэ тыригъэтӀатӀэу ригъэжьагъ. [15] Ахыщ
иӀумэтхэм ариӀуагъ: «Шъулъэгъурэба ащ ышъхьэ зэрэзэӀыхьагъэр,
сыд пае къысфэшъущагъа? [16] МакӀа делэу сэ сиӀэр мыр

къысфэшъумыщэмэ мыхъунэу, сапашъхьэ делагъэхэр щишIэнхэм
пая? Адэ джы мыр сэ къыскIэрысыщта?»

# ЯтIокIэнэрэ тIурэ шъхьэр

### КъурмэнышIхэр зэраукIыгъэхэр

1 Ащ ыуж Даут Гъат къыбгыни Iэдулам гъочIэгъым
зыщигъэбылъыгъ. А къэбарыр ышхэмрэ ятэ иунэ исхэмрэ
алъыIэсыгъэти, зэрагъэлъэгъунэу ыдэжь къэкIуагъэх. 2 Къинихьагъу
зиIэхэр зэкIэ, чIыфэм зэлъиштагъэхэр, зыгу кIодыгъэхэр ащ ыдэжь
къакIохи, ахэм яIэшъхьэтет хъугъэ. Нэбгырэ шъиплI фэдиз зэкIэмкIи
гъусэ ащ къыфэхъугъ.
3 ЕтIанэ Даут а чIыпIэр къыбгыни, Мэуаб ит къалэу Мыцпэ кIуи,
мэуаб пачъыхьэм елъэIугъ: «Тхьэм къысипэсыгъэр зэсэгъэшIэфэ,
сятэрэ сянэрэ уадэжь сфыщыгъаIэхэгоба». 4 Ащ ыуж ахэр мэуаб
пачъыхьэм дэжь къыщэхи, Даут пытапIэм зыщегъэбылъыфэ
щыIагъэх. 5 ТхьалIыкIоу Гъад Даут къыриIуагъ: «Мы пытапIэм ащ
нахьыбэрэ удэмысыжьэу, ежьи Ехъуд хэгъэгум кIо». Арти Даут
ежьи, Хъэрэт мэзым нэсыгъ.
6 Даутрэ игъусэхэмрэ къызэрэсыгъэхэм икъэбар Саул
зэхихыгъ. А уахътэм Саул ГъыбIэ щыIагъ, пчыпыджыныр
ыIэдакъэу, изэолIхэр къегъэуцокIыгъэхэу чъыгэе чIэгъым
ар чIэсыгъ. 7 Арти изэолIэу игъусагъэхэм Саул ариIуагъ:
«Бынямин кIэлэжъхэр, шъукъэдаIолъ зэ: лэжьыгъэшIапIэхэри
сэнэшъхьэлэжьыпIэхэри Ищай ыкъо къышъуитынхэшъ, дзэкIолI
мин ыкIи шъэ зырызхэр шъуIэ къырилъхьащтха? 8 Джащ пая
зэкIэми шъукъыспекIонэу шъузкIызэгохьагъэр? Ищай ыкъорэ
сикIалэрэ гъусэ зэрэзэфэхъугъэхэмкIэ Iуагъэ зэрэзэдашIыгъэм
икъэбар шъуащыщ горэми сигъэшIагъэп. Джы къызэрэнафэрэмкIэ,
шъуащыщ горэми ыгу къысэгъугъэп, сикIалэ сиунэIут
къысигъэбэныжьынэу зэрэфежьагъэм икъэбар шъуащыщ горэми

сыхигъэгъозагъэп». [9] Едом лъэпкъым щыщэу, Саул иIумэтхэм
яIэшъхьэтетмэ ащыщэу Дэукъ къыIуагъ: «Нэу дэс Ахъытыу ыкъо
Ахъымэлэх дэжь Даут къызэрыкIогъагъэр сэ слъэгъугъэ. [10] Арти
ащ иIоф къырыкIощтымкIэ Зиусхьаным еупчIи, гъомлапхъэхэмрэ
фылистэу Голиат ичатэрэ къыритыгъэх».
[11] Ащ ыуж пачъыхьэм ыгъакIохи, Ахъытыу ыкъо къурмэнышIэу
Ахъымэлэх, ащ иунагъо зэрэщытэу, Нэу дэс къурмэнышIхэр
зэкIэ къэкIонхэу унашъо афишIыгъэти, ахэр зэкIэ пачъыхьэм
дэжь къэкIуагъэх. [12] Саул къыIуагъ: «Ахъытыу ыкъу, мо къэдаIу».
Арти адрэм къыриIожьыгъ: «СыкъэдаIо, сизиусхьан». [13] Саул
ащ риIуагъ: «Сыд пае оррэ Ищай ыкъорэ шъукъыспекIоу
шъузэрэгъэIушыжьыгъэха, хьалыгъухэмрэ чатэмрэ ептыгъэха, иIоф
къырыкIощтымкIэ Тхьэм уеупчIыгъа? Непэ къызэрэнафэрэмкIэ,
къысэбэнынэу, сэ къыспэшIуекIоу зыкъиIэтынэу арба?»
[14] Ахъымэлэх пачъыхьэм джэуап къыритыжьыгъ: «УиIумэтмэ
ащыщэу Даут фэдэу хэта о нахь къыпфэшъыпкъэр? Ар пачъыхьэм
имахълъэба, къыпфэсакъырэ цIыфхэм яIэшъхьэтетба, уиуни
лъытэныгъэшхо щыфашIыба? [15] Джыра ащ иIоф къырыкIощтымкIэ
Тхьэм сызеупчIыгъэр? Хьау, пачъыхьэр, уиIумэти тибынхэри
зэкIэ умыгъэмысэх, сыда пIомэ уиIумэт зыпарми щыгъуазэп».
[16] Ау пачъыхьэм къыриIуагъ: «Ахъымэлэх, ори уибынхэми
зэкIэми хьадэгъур джы къышъуфэкIуагъ». [17] ЕтIанэ пачъыхьэм
ухъумакIоу иIагъэхэм унашъо афишIыгъ: «ШъукIуи, Зиусхьаным
икъурмэнышIхэр шъуукIых, сыда пIомэ ахэр Даут готых, ар
зэрэхэхьажьыгъэр ашIэзэ, къэбар къыслъагъэIасыгъэп». Ау
пачъыхьэм иIумэтмэ Зиусхьаным икъурмэнышIхэр аукIынхэу, ахэм
аIэ атыращэенэу фэягъэхэп. [18] Арти пачъыхьэм Дэукъ риIуагъ: «КIуи,
къурмэнышIхэр укIых». Едом лъэпкъым къыхэкIыгъэ Дэукъ кIуи,
къурмэнышIхэм атебэнагъ, чэтэнIабгъур зыбг пыпхэгъэ хъулъфыгъэ
тIокIиплIрэ тфырэ а мафэм ыукIыгъ; [19] КъурмэнышIхэм якъалэу
Нэу чатэр щигъэхъушIагъ; хъулъфыгъэхэри, бзылъфыгъэхэри,

кӀэлакӀэхэри, сабый быдзашъохэри, цухэри, щыдхэри, мэлхэри
чатэкӀэ зэтыриукӀагъэх.
[20] Псэоу къэнэжьыгъэ закъор Ахъытыу ыкъо Ахъымэлэх
икӀалэу Абыетарти, Даут дэжь ар чъэжьыгъэ. [21] Зиусхьаным
икъурмэнышӀхэр Саул зэраригъэукӀыгъэхэм икъэбар Абыетар Даут
риӀотэжьыгъ. [22] Арти Даут Абыетар риӀуагъ: «Едомый лъэпкъым
къыхэкӀыгъэ Дэукъ а мафэм ащ зыщэсэлъэгъум къэбарыр Саул
зэрэнигъэсыжьыщтыр сшӀагъэ. Шъуибынхэм апсэ зэрагъэгъугъэр
сэ силажь. [23] О садэжь къанэ, умыщын, сэ спсэ къылъыхъущтыр
ары ныӀэп о упси къылъыхъущтыр; мыщ ущыӀэмэ, оркӀэ щынагъо
щыӀэщтэп».

# ЯтӀокӀэнэрэ щырэ шъхьэр

### Даут къалэу КъыӀил пыйхэм зэращиухъумагъэр

[1] Ащ ыуж Даут макъэ къырагъэӀугъ: «Фылистхэр КъыӀил
къытебэнагъэх, хьамэщым телъыр зэкӀэ тыращы». [2] Арти Даут
Зиусхьаным еупчӀыгъ: «СыкӀощта, а фылистхэм сатекӀощта?»
Ащ лъыпытэу Зиусхьаным Даут къыриӀожьыгъ: «КӀо, фылистхэм
уатекӀонышъ, КъыӀил къэуухъумэщт». [3] Ау Даут игъусагъэхэм
къыраӀуагъ: «Мыщ, Ехъудэм, тызэрэщыӀэу тэщынэмэ, КъыӀил
тыкӀонышъ, фылистмэ ядзэхэм сыдэущтэу тапэуцужьыщта?» [4] Арти
Даут джыри Зиусхьаным зеупчӀым, Зиусхьаным къыриӀожьыгъ:
«Тэджи КъыӀил кӀо, фылистхэр Сэ о пӀэ къислъхьащтых». [5] ЕтӀанэ
Даут ицӀыфхэр игъусэхэу ежьи, КъыӀил кӀуагъэ. фылистхэм язауи
ябылымхэр къызатырехым, ахэр зэхихьаджыхьэхи, КъыӀил дэсхэр
Даут псэоу къыгъэнэжьыгъэх.
[6] Ахъымэлэх ыкъо Абыетар Даут дэжь КъыӀил къызэкӀом,
мыжъогъуазэр къыздихьыгъагъ. [7] ЕтӀанэ Даут КъыӀил
къызэрэсыгъэм икъэбар Саул зынагъэсым, Саул ыӀуагъ: «Тхьэм
ар сӀэ къырилъхьагъ, сыда пӀомэ къэлапчъэхэмрэ сэххэмрэкӀэ

зэтегъэпытыхьэгъэ къалэм дахьи, ащ зыдишIыхьажьыгъ».
8 КъыIил зэлъекIунхэшъ, Даутрэ игъусэхэмрэ ащ къыдамыгъэкIхэу
даубытэнхэм пае, Саул зэрэхэгъэгоу заом рищэжьагъ. 9 Даут
Саул игухэлъ бзаджэ зыфэдэр къызешIэм, къурмэнышIэу
Абыетар риIуагъ: «Мыжъогъуазэр къахь». 10 Даут къыIуагъ:
«Израилым и-Зиусхьанэу Тхьэр! Сэщ нахь хэмылъэу КъыIил
къэкIонышъ, ар зэрипхъонэу Саул гухэлъ зэришIыгъэм икъэбар
уиIумэт зэхихыгъ. 11 Сэррэ сигъусэхэмрэ КъыIил дэсхэм Саул
тыIэкIалъхьащта? УиIумэт къэбар къызэрэлъыIэсыгъэм фэдэу Саул
мыщ къэкIощта? Израилым и-Зиусхьанэу Тхьэр! УиIумэт къэбарым
щыгъэгъуаз». Арти Зиусхьаным ащ къыриIуагъ: «КъэкIощт».
12 ЕтIанэ Даут еупчIыгъ: «КъыIил дэсхэм сэррэ сигъусэхэмрэ
Саул тыIэкIалъхьащта?» «ШъуIэкIалъхьащт» ыIуи, Зиусхьаным
къыриIожьыгъ. 13 Ащ ыуж Даути нэбгырэ шъих фэдиз хъоу
игъусагъэхэми КъыIил къабгыни, зызщагъэбылъын лъыхъухэу
нэмыкI чIыпIабэ къызэпакIухьагъ. Даут КъыIил къызэрибгынагъэм
икъэбар Саул зылъагъэIэсым, игухэлъ зэблихъужьыгъ.

### Даут шъофнэкIэу Зиф зызэрэщигъэбылъыгъэр

14 Даут шъофнэкIым ит пытапIэм, шъофнэкIэу Зиф къэзыуцухьэрэ
къушъхьэлъэ хэкум защигъэбылъщтыгъ. Саул мафэ къэс ащ
лъыхъущтыгъэ, ау Тхьэм Даут ащ къыIэкIигъэхьагъэп. 15 Ыпсэ
ыгъэгъунэу Саул ыуж къызэрихьагъэм Даут щыгъуазэти, Хъорыш
пэмычыжьэу шъофнэкIэу Зиф итыгъ. 16 ЕтIанэ Саул ыкъо Ионэтан
Даут дэжь, Хъорыш, къакIуи Тхьэр гугъэпIэшхоу зэрэщытымкIэ
шIошъхъуныгъэ ригъэшIи, 17 къыриIуагъ: «Умыщын, сыда пIомэ
сятэу Саул о къыплъыIэсыщтэп, оры Израилым ипачъыхьащтри,
уаужкIэ сэры ятIонэрэщтыр; сятэу Саули ащ щыгъуаз». 18 Ащ
ыуж ахэм Зиусхьаныр яшыхьатэу Iуагъэ зэдашIи, Даут Хъорыш
къани, Ионэтан ядэжь кIожьыгъэ. 19 ЕтIанэ Зиф щыщхэр Саул
дэжь, ГъыбIэ, къакIохи къыраIуагъ: «ШъофнэкIым ит пытапIэу

тадэжькIэ щыIэм, Ещымон икъыблэкIэ щыIэ Iуашъхьэу Хъахыл,
Даут зыщегъэбылъы. [20] О узщыфаем, пачъыхьэр, кIо, тэ тиIофыр
ар пачъыхьэм ыIэ къидгъэхьаныр ары». [21] Саул ахэм ариIуагъ:
«Шъугу къызэрэсфэгъурэм пае Зиусхьаным ынэшIу къышъущэф.
[22] ШъукIуи джыри зэ жъугъэунэфы, илъэужхэр къыхэжъугъэщых,
зылъэгъугъэхэм шъуяупчI, сыда пIомэ ар тхьагъэпцIэу къэбархэр
зэхэсэхы. [23] Зызщигъэбылърэ чIыпIэхэр зэкIэ къызэжъугъашIи,
къэбар шъыпкъэр къысфэшъухьыжьи, сыжъудежьэщт. А лъэныкъом
ар щыIэу къычIэкIмэ, ехьуд унагъо пэпчъ ащ сыщылъыхъущт».
[24] Ащ ыуж ахэр къэтэджыжьхи, Саул нахьи нахь пасэу ахэр
Зиф нэсыгъэх. А уахътэм Даутрэ игъусэхэмрэ Ещымон икъыблэ
лъэныкъокIэ щыIэ шъофнэкIэу МэIон зыщагъэбылъщтыгъэ.
[25] ЕтIанэ Саулрэ игъусэ цIыфхэмрэ лъыхъунхэу ащ ыуж ихьагъэх.
Ау Даут макъэ рагъэIугъэти, шъофнэкIэу МэIон къымыбгынэу,
ащ ит къушъхьэм дэкIоягъ. Саул ар зызэхехым, Даут шъофнэкIэу
МэIон къыщиубытынэу лъежьагъ. [26] Саул къушъхьэм иадырабгъукIэ
щыIагъ, Даутрэ игъусэхэмрэ мыдрэ бгъумкIэ зыщагъэбылъщтыгъэ.
Саул IэкIэкIхэмэ ашIоигъоу, Даутрэ игъусэхэмрэ гузэжъогъу
хэтхэу, елъэкIонщтыгъэх. Даутрэ игъусэхэмрэ къаубытынхэм
пае, Саулрэ кIыгъухэмрэ ахэм абгъукIэ къадаухьэщтыгъэ. [27] Ащ
тефэу Саул дэжь мэкъэгъэIу горэ къакIуи къыриIуагъ: «ПсынкIэу
къэс нахь, фылистхэр тичIыгу къибэнагъэх». [28] Арти Саул
Даут ыуж икIыжьи, фылистхэм апэгъокIыгъ. Джары а чIыпIэм
Сэлэ-Гъамэхълэкъоф, ЗыщзэбгъодэкIыжьыгъэхэ къушъхьэр,
зыфиIорэр цIэу зыкIыфаусыгъэр.

# ЯтIокIэнэрэ плIырэ шъхьэр

## Даут Саул ищыIэныгъэ къызэригъэнэжьыгъэр

1 ЕтIанэ Даут а чIыпIэр къыбгыни, зэкIолIэгъуаеу щыт
къушъхьэлъэ чIыпIэу Iэнгъэдый щыIагъ.[е]
2 Саул фылистхэм язауи къызегъэзэжьым, «Даут зэкIолIэгъуаеу
щыт къушъхьэлъэ чIыпIэу Iэнгъэдый щыI» аIуи, къэбар
къынагъэсыгъ. 3 Арти зэрэ-Израилэу ис хъулъфыгъэмэ анахь
кIочIэшхоу нэбгырэ минищ зэригъэгъуси, Даутрэ ащ кIыгъухэмрэ
къыгъотынхэу Пчэн Iэлхэм якъушъхьэ пцIанэкIэ заджэхэрэм
Саул кIуагъэ. 4 КIохэзэ, гъогунапцэм Iутыгъэ чэтым дэжь
къызыщэуцухэм, Саул щагу щикIынэу гъочIэгъым чIэхьагъ.
Даутрэ игъусэхэмрэ а гъочIэгъым ыпхачIэ зыщагъэбылъщтыгъэ.
5 Арти игъусэхэр Даут къеIушъэшъагъэх: «„Уипый Сэ пIэ
къислъхьанышъ, узфаер ащ епшIэщт“ къызэрэуиIогъагъэм
фэдэу, уиIоф Зиусхьаным къыригъэкIыгъ». Даут къэтэджи,
цIыкIу-цIыкIоу Саул ищыгъын кIыIутелъ ыIэпакIэ къыпигъэчъыгъ.
6 Саул ищыгъын IэпакIэ къызэрэпигъэчъыгъэм Даут ыгу
къыгъэлъэпэрэпагъ. 7 Арти игъусэхэм ариIуагъ: «ТилIышъхьэпащэ,
Зиусхьаным пачъыхьанэу къахихыгъэм, сIэ тесщаемэ, Зиусхьаным
къысфигъэгъунэп, сыда пIомэ ар Зиусхьаным пачъыхьанэу
къахихыгъ». 8 Даут игущыIэхэмкIэ игъусэхэр ыгъэIасэхи, ахэр Саул
тыригъэбэнагъэхэп. Саул къэтэджыжьи, гъочIэгъым къычIэкIыжьи
гъогум къытехьажьыгъ.
9 Ащ ыуж Даути къэтэджи, гъочIэгъым къычIэкIи,
Саул къыкIэлъыджагъ: «Сизиусхьанэу пачъыхьэр!» Саул
къызызэплъэкIым, Даут ынэIу егъэзыхыгъэу чIыгум зытыридзи,

---

[е][31] Мы стихыр ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым ия 23-рэ шъхьэ ия 29-рэ стихэу щыт. АдыгабзэмкIэ зэдзэкIыгъэр урыс синодальнэ Библием техыгъэу ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытхым зэритым фэд.

шъхьащэ фишIыгъ. [10] Даут Саул риIуагъ: «„Даут гухьагужъ
къыфыриI“ къыозыIорэмэ сыда узкIядэIурэр? [11] Мары
непэ плъэгъугъэ гъочIэгъым укъызчIэхьэм Зиусхьаным сIэ
укъызэрэрилъхьэгъагъэр; усыукIынэуи къысаIогъагъ, ау псэоу
укъэзгъэнэжьыгъ. Сэр-сэрэу зэсIожьыгъ: „ТилIышъхьэпащэ сIэ
тесщэенэп, сыда пIомэ Зиусхьаным ар пачъыхьанэу къахихыгъ“.
[12] Тят! Уищыгъын IэпакIэу къыпысыупкIыгъэр зэрэсIыгъыр
олъэгъуба, ау усыукIыгъэп: сыгу бзэджагъэ зэримылъри мыхъун
зэрэсымышIагъэри зэгъашIэ, пшIошъи гъэхъу. О зэрар пфэхъунэу
зыпари сшIагъэп, ау о спсэ хэпхынэу гухэлъ зыфэпшIыжьыгъэу
сауж уит. [13] Арышъ, сэрми орми зафэр Зиусхьаным зэхифын,
къинэу о сэбгъэлъэгъугъэр Зиусхьаным уигъэпщыныжьын;
ау сIэ къыптесщэещтэп. [14] Ижъырэ къэбарыжъым зэрэхэлъэу,
„Хабзэ зыхэмылъхэр ары хэбзэнчъагъэр къызпыкIрэр“. Ау сэ
сIэ къыптесщэещтэп. [15] Хэта Израилым ипачъыхьэ зэзэощтыр?
Хэта зыуж уитыр? Сэ сауж уитынри хьэ лIагъэм, бжыдзэ закъом
ауж уитынри зэфэдэ. [16] Зиусхьаныр хьыкум орэхъу, орми сэрми
зафэр Ащ зэхифын. СиIоф Ар хэплъэнышъ, къызэхифыщт, ори
сыпщиухъумэщт».

[17] Саул фэгъэзагъэу Даут къыIощтыр къызеухым, Саул къыIуагъ:
«О умакъа зэхэсхырэр, сикIалэу Даут?» Саул ымакъэ нахь лъэш
къэхъуи, къэгъыгъ. [18] ЕтIанэ ащ Даут риIуагъ: «Сэщ нахьи о унахь
заф, сыда пIомэ шIукIэ укъыспэгъокIыгъ, сэ къыппэзгъохыгъэр
бзэджагъ; [19] Зиусхьаным пIэ сыкъызырелъхьэм, сэщ пае
гукIэгъушхоу къызхэбгъэфагъэмкIэ непэ ар о къэуушыхьатыгъ
– сыуукIыгъэп. [20] Хэта зипый къызIэкIэхьэгъахэу шIукIэ ар
зытIупщыжьщтыгъэр? Непэ о сэ къысфэпшIагъэм ипэгъокIэу
Зиусхьаным шIу къыпферэшIэжь. [21] Арышъ, узэрэпачъыхьащтыр
джы къызгурыIуагъ, Израилым ипачъыхьагъуи пытэу о
къэбгъэгъунэщт. [22] Джы къыспыкIыгъэхэу саужкIэ псэущтхэр
зэрэмыгъэкIодыщтхэмкIэ, сятэ иунэ сцIэ зэрэщымыгъэкIосэщтымкIэ

Зиусхьаным ыцIэкIэ тхьэлъанэ къысфэшI». [23] Ащ дэжьым Даут
Зиусхьаным ыцIэкIэ тхьэлъанэ Саул фишIыгъ. ЕтIанэ Саул ядэжь
ыгъэзэжьыгъ, Даутрэ игъусэхэмрэ зэкIолIэгъуаеу щыт къушъхьэ
чIыпIэу Iэнгъэдый агъэзэжьыгъ.

# ЯтIокIэнэрэ тфырэ шъхьэр

### Самуел дунаир зэрихъожьыгъэр

[1] Самуел лIагъэ. Израил цIыф пстэури хьадагъэм къекIуалIэхи ар
загъэежьым, иунэ зыдэтыгъэ къалэу Рамэ щагъэтIылъыжьыгъ.

ЕтIанэ Даут зыдэсыгъэ чIыпIэр къыбгыни, шъофнэкIэу Пэран
кIуагъэ.

### Даутрэ Абигаилрэ

[2–3] Къалэб лIакъом щыщэу зы лIы бай дэдэ горэ псэупIэу
МэIон щыпсэущтыгъ, ыгъэлэжьэрэ чIыгур чIыпIэу Къармэл
щыIэу; мэл минищрэ пчэн минрэ ащ иIагъ. А лIым Нэбал
ыцIагъэр, ишъуз – Абигаил; а бзылъфыгъэр лъэшэу Iушыгъэ
ыкIи дэхагъэ, ау лIыр жъалымэу, гу цIапIэ кIоцIылъэу щытыгъ.
Нэбал имэлхэм цыр къатырищыкIынэу Къармэл кIогъагъэ. [4] Нэбал
имэлхэм цыр къызэратырищыкIырэр шъофнэкIым щыIэгъэ Даут
зэхихыгъэти, [5] ицIыф нэбгырипшI ыIофыти, ахэм ащ ариIуагъ:
«Къармэл шъукIуи, Нэбал дэжь шъуIухь, сэ сцIэкIэ сэлам ешъухи,
[6] мырэущтэу ешъуIу: „Ори, уиунагъуи, уие пстэуми мамыр шъогъот;
[7] уимэлхэр зэращхэрэм икъэбар зэхэсхыгъ. Мары уимэлахъохэр
къытихьылIэщтыгъэхэшъ, ахэм агу зэрэхэтымыгъэкIыгъэри,
Къармэл щэIэфэхэ зыпари зэрашIомыкIодыгъэри [8] уицIыфхэм яупчIи
къыуаIощт. Арышъ, сицIыфмэ нэшIукIэ укъарегъэплъ, мафэкIэ
уадэжь тыкъэкIуагъ; уиIумэтхэми уикIалэу Даути пфызэшIокIырэр
къяптыгъэмэ дэгъугъэ“». [9] Ащ ыуж Даут ицIыфхэр Нэбал дэжь
кIохи, Даут игущыIэхэр зэкIэ ащ ыцIэкIэ раIохи, къызэтеуцуагъэх.

[10] Ау Нэбал Даут ицIыфхэм къариIожьыгъ: «Хэт щыща Даути, хэт
щыща Ищай ыкъуи? Зизиусхьанхэм къашIухэхьажьрэ унэIутхэр
джы бэ хъугъэ. [11] Сихьалыгъуи, сипси, симэлхэр сфэзыщхэрэм
апае згъэхьазырыгъэ лыри къыздикIыгъэр сымышIэрэ цIыфхэм
ястынэуи?» [12] Даут ицIыфхэм къагъэзэжьи, ягъогу къытехьажьхи
къэкIожьыгъэх. Хъугъэр зэкIэ Даут зыфаIотэжьым, [13] Даут ицIыфхэм
ариIуагъ: «Шъуичатэхэр къызгуашъулъхьэх». Арти зэкIэми ячатэхэр
къызгуалъхьагъэх, ежь Даути ичатэ къыштагъ. Нэбгырэ шъиплI
фэдизыр Даут ыуж къихьагъ, нэбгырэ шъитIур IапIэхэм къапэнагъ.
[14] Ащ дэжьым чырэмэ ащыщ горэм Нэбал ишъузэу Абигаил
къыриIуагъ: «Даут ицIыфхэр шъофнэкIым къыригъэкIхи тизиусхьан
дэжь сэлам къырахынэу къыгъэкIогъагъэх, ау мыдрэр губжыгъэу,
атекуозэ ахэм адэгущыIэжьыгъ. [15] Ары шъхьае а цIыфхэр лъэшэу
къытфэшIугъэх, тыгуи хагъэкIыгъэп, ахэм тырягъусэу шъофым
тыкъэтыфэ зыпари тшIокIодыгъагъэп. [16] Тапэгъунэгъоу Iэхъогъухэр
щыдгъэхъухэ зэхъум, чэщи мафи ренэу тыкъагъэгъунагъ. [17] Джы
хъурэм еплъи, пшIэн фаем егупшыс, армырмэ тизиусхьани иунагъуи
зэрэщытэу зыхэмыкIыжьышъущтхэ тхьамыкIагъо хэфэщтых, ежь гу
цIапIэ зыкIоцIылъ цIыфышъ, удэгущыIэн плъэкIыщтэп».
[18] Арти Абигаил гуIэнкIэ хьалыгъу шъитIу, нэтитIум арыз
санэр, гъэжъагъэу мэлитф, хьакукIэ гъэгъугъэу лэжьыгъэ
пщыгъитф, сэнэшъхьэгъэгъугъэ блэришъ, шхынцумпэр зыдэлъ
хьалыгъу IашIу шъитIу къыштэхи, щыдхэм атырилъхьагъэх.
[19] ЕтIанэ иунэIутхэм ащ ариIуагъ: «Шъо сапэ шъуитэу шъукIу,
сэ шъуауж ситыщт». Ишъхьагъусэу Нэбал зыпари ащ риIуагъэп.
[20] Ар щыдым тесэу къушъхьэ лъагъом къех пэтзэ, Даутрэ
ицIыфхэмрэ зэгъусэхэу къакIохэу ыпэ къифагъэх. [21] Ежь Даут
ыгукIэ зэриIожьщтыгъэ: «А цIыфым имылъку зэрэщытэу
шъофнэкIым къызэрэщысыухъумагъэри иIэм щыщ зыгори
зэрэхэмыкIодыкIыгъэри хьаулый. ШIоу фэсшIагъэр зэхимышIыкIэу,
бзаджэкIэ къыспэгъокIыжьыгъ. [22] Даут ипыйхэм яфэшъуашэр

Тхьэм аригъэгъотыщт, нахьыбэжьи къаришІэщт, дэпкъым
кІэлъырыгъутхьэу Нэбал иунэ исмэ ащыщ горэ пчэдыжь нэс нэф
къызизгъэкІыкІэ».

[23] Абигаил Даут къызелъэгъум гуІэнкІэ щыдым къехи, ынэІу
егъэзыхыгъэу Даут ыпашъхьэ зыщыридзыхи, чІыгум нэсэу шъхьащэ
къыфишІыгъ. [24] Ащ ыуж Даут ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэу
къитІысхьи, къыриІуагъ: «Лажьэр зытефэрэр сэры, сизиусхьан.
УиІумэт къэгущыІэн ылъэкІынэу фит къэшІи, къыІощтым къедэІу.
[25] Сизиусхьан шэнрэ акъылрэ зимыІэ Нэбал пэрэмылъ, сыда
пІомэ ыцІэм фэд ащ ышъхьи. Ащ ыцІэр Нэбал, къикІрэр зиакъыл
имыкъу. Ау сэ, сыуиІумэт, сизиусхьан ицІыфэу къыгъэкІогъагъэхэр
слъэгъугъэхэп.

[26] Джы, сизиусхьан, Зиусхьаныри о упси зэрэщыІэхэр сэІо. Арышъ,
лъыр уигъэгъэчъэнэп, уигухьагужъи къызтырыуигъэгъэкІонэп,
уипыйхэри, сизиусхьан, гужъ къыбдызиІэхэри Нэбал фэдэу джы
орэхъух. [27] Сизиусхьан фэлэжьэрэ кІалэхэм аритынэу сизиусхьан
иІумэт къыхьыгъэ тынхэр мары. [28] УиІумэт илажьэ къыфэгъэгъу;
сизиусхьан иунагъо Зиусхьаным егъашІэм щигъэІэщт, сыда
пІомэ сизиусхьан зыфэзаорэр Зиусхьаным иІофышъ, ущэІэфэ
уишэнычъагъэ къызтебгъэкІощтэп. [29] Изэрар къыуигъэкІынэу, цІыф
горэ уауж къихьэу, упсэ къеІэ шІоигъо зыхъукІэ, сизиусхьан ыпсэ
уи-Зиусхьанэу Тхьэм, мылъку лъапІэр къызэраухъумэрэм фэдэу
къыухъумэщт, ау уипыйхэм хьашъом далъхьэрэ мыжъор зэрадзырэм
фэдэу Ар яощт. [30] ЕтІанэ Зиусхьаным сизиусхьан шІоу къыдэхъунэу
фигъэнэфагъэр зэкІэ къыдигъэхъоу, Израилым иІэшъхьэтетэу
зытыригъахьэкІэ, [31] игухьагужъ джы къызтыримыгъакІоу,
лажьэ зимыІэ цІыфхэр зимыукІхэкІэ, сизиусхьан ыужкІэ
кІэгъожьыщтэп, ыгуи къеожьыщтэп. Зиусхьаными сизиусхьан
ишІушІэ ыгъэкІодыщтэп, уІумэти угу къэгъэкІыжь».

[32] Арти Даут Абигаил къыриІуагъ: «Израилым и-
Зиусхьанэу Тхьэу непэ сапэ укъызгъэфагъэм щытхъур ыдэжь!

[33] ШъхьакIоу сагъэшIыгъэм пае лъы згъэчъэнэу сежьагъэу
сыкъызэтебгъэуцуагъэшъ, Зиусхьаным ынэшIу уиакъыли
ори къащэф. [34] Ау, Израилым и-Зиусхьанэу Тхьэу, сизэрар
къыозгъэкIыным сыщызыухъумагъэр, зэрэщыIэр къэсэIо –
укъемылъэкIоныгъагъэмэ, сапи зыкъимыгъэфэгъагъэмэ, дэпкъым
кIэлъырыгъутхьэу Нэбал иунэ исмэ ащыщ горэ пчэдыжь нэс
нэф къизгъэкIыщтгъэп». [35] ЕтIанэ Абигаил къыфищагъэхэр
къыIиххи, Даут ащ риIуагъ: «Гупсэфэу шъуадэжь гъэзэжь,
къэпIуагъэми сыкъедэIугъ, узфаер къыпфэсшIагъ». [36] Ащ ыуж
Абигаил ыгъэзэжьи, Нэбал дэжь зыIохьэм, пачъыхьэм иешхэ-ешъо
фэдэу, яунэ щыешхэ-ешъошхощтыгъ, Нэбали ыгукIэ чэфыгъ; ар
лъэшэу утэшъогъагъэти, пчэдыжьым нэс зы гущыIи ащ риIуагъэп.
[37] Пчэдыжьым Нэбал чэфыр кIэкIыжьи, шъузым къэбарыр
зыфеIуатэм, лIым ыгучIэ изи, ыIэпкъ-лъэпкъхэр ыубытыгъэх.
[38] Джыри мэфипшI фэдиз зытешIэм, Зиусхьаныр Нэбал къыфехыгъ,
ащ къыхэкIэуи лIагъэ.

[39] Нэбал икъэбар зызэхехым Даут ыIуагъ: «ШъхьакIоу
къысихыгъэм пае Нэбал ифэшъуашэр езгъэгъоти, иIумэт
бзаджэ езымыгъашIэу, Нэбал ыгу илъыгъэ шIоир ащ ышъхьэ
къезкъутэхыжьыгъэ Зиусхьаным щытхъур ыдэжь». Ащ ыуж Даут
Абигаил дэжь иIумэт лIыкIохэр ыгъакIохи, шъузкIэ зэриштэрэр
раригъэIуагъ. [40] Арти Даут илIыкIохэр Абигаил дэжь, Къармэл,
кIохи раIуагъ: «Даут шъузэу уфэтщэнэу тыкъыплъигъэкIуагъ».
[41] Ар къэтэджи, чIыгум нэс шъхьащэ ышIи къыIуагъ: «Мары
уиIумэт, сизиусхьан илIыкIохэм алъакъохэр афитхьакIзэ фэчырэнэу
ар хьазыр». [42] Абигаил гузэжъогъукIэ зыкъыгъэхьазыри щыдым
къытетIысхьагъ. УнэIут бзылъфыгъитфыр ащ игъусагъ; Даут
къылъигъэкIуагъэхэм ауж итэу, Даут дэжь кIуи, шъуз фэхъугъ.

[43] Ащ ыуж Даут ИзрыIэл щыщ АхъынэIами къыщи, тIури шъузкIэ
ыштагъ. [44] Даут ишъхьагъусэщтыгъэу Саул ыпхъу Михэл Гъалым
щыщ Лаиш ыкъо Палтый ятэ ригъэщэгъагъ.

# ЯтIокIэнэрэ хырэ шъхьэр

## Даут Саул псэоу джыри къызэригъэнэжьыгъэр

[1] Зифхэр Саул дэжь, ГъыбIэ, къакIохи къыраIуагъ: «Ещымон
ыпашъхьэ ит Iуашъхьэу Хъахыл Даут зыщегъэбылъы». [2] Арти
Саул къежьи, израил дзэкIолI анахь лIыбланэмэ ащыщэу минищ
къызэригъэгъуси, Даут лъыхъунэу шъофнэкIэу Зиф кIуагъэ.
[3] Саул Ещымон ыпашъхьэ ит Iуашъхьэу Хъахыл, гъогум дэжь,
къыщыуцугъ. Даут шъофнэкIым итыгъ. ЫIуж къыфынэу Саул
ащ къызэрихьагъэр къылъэгъугъэти, [4] Даут ицIыфхэр шъэфэу
къэплъэнхэу ыгъакIохи, Саул къызэрэкIогъэ шъыпкъэм икъэбар
къыфахьыжьыгъ. [5] Арти Даут Саул къыхихыгъэ уцупIэм зекIуалIэм,
Саулрэ ащ идзэпащэу Нэр ыкъо Абинэррэ ягъолъыжьыпIэ
къылъэгъугъ. Саул игъусэхэр къегъэтэкъокIыгъэхэу ежь ахэм агузэгу
илъыгъ.

[6] Ащ дэжьым Даут хъыт лъэпкъым щыщ Ахъымэлэхрэ Иоаб
ышэу, Цырыуй ыкъо Абищайрэ закъыфигъази къяупчIыгъ: «Хэта
Саул иуцупIэ къыздэкIощтыр?» Абищай къыриIожьыгъ: «Сэ
сыкъыбдэкIощт». [7] Чэщым Даутрэ Абищайрэ цIыфхэм ахэхьагъэх;
мары Саул, игъусэхэр къегъэтэкъокIыгъэхэу мэчъые, ипчыпыджыни
ышъхьэ зыдэгъэзэгъэ лъэныкъомкIэ чIыгум щыхэIугъ; Абинэррэ
дзэкIолIхэмрэ ащ къыкIэрылъых. [8] Абищай Даут риIуагъ: «Тхьэм
уипый джы пIэ къырилъхьагъ; арышъ, Iизын къысэти, ятIонэрэу
сIэ тесымыщэежьынэу, зэ огъукIэ пчыпыджынымкIэ чIыгум
хэсIулIэщт». [9] Ау Даут Абищай къыриIожьыгъ: «УмыукIы, армырмэ
Зиусхьаным пачъыхьанэу къахихыгъэм зыIэ тезыщэягъэу хэта псэоу
къэнэжьын зылъэкIыщтыр?» [10] ЕтIани Даут къыIуагъ: «Зиусхьаныр
зэрэщыIэр сэIо! Зиусхьаныр ащ къыферэх е иаужыпкъэрэ мафэ
къыфэрэси орэлIэ, е заом орэкIуи, ащ хэрэкIуад; [11] ау Зиусхьаным
пачъыхьанэу къахихыгъэм сIэ тесщэеныр Зиусхьаным къысфидэнэп;

арышъ, ащ ышъхьэ зыдэгъэзэгъэ лъэныкъомкӀэ чӀыгум щыхэсэгъэ
пчыпыджынымрэ псыр зэрыт къошынэу къыкӀэрытымрэ къаштэхи,
тыӀугъэкӀыжь». [12] Саул ышъхьэ зыдэгъэзагъэмкӀэ щытыгъэхэ
пчыпыджынымрэ псыр зэрыт къошынымрэ Даут къыштэхи,
нэбгыритӀум къагъэзэжьыгъ; зыгорэми зи къылъэгъугъэп, зыгорэми
зи къышӀагъэп, зи къэущыгъэп. ЗэкӀэри чъыещтыгъэ, сыда пӀомэ
Зиусхьаным къафигъэкӀогъэ чъые ӀэшӀум ахэр хэтыгъэх.
[13] ЕтӀанэ Даут адрэ бгъумкӀэ зэпырыкӀыжьи, чыжьэкӀэ апэӀудзыгъэ
къушъхьэтхым къытеуцуагъ; уцупӀэмрэ ежь зыдэщыт чӀыпӀэмрэ
бэкӀэ зэпэчыжьагъэх. [14] Ащ ыуж Даут цӀыфхэмрэ Нэр ыкъо Абинэррэ
къяджагъ: «Зэхэоха, Абинэр?» Абинэр ащ риӀожьыгъ: «Ухэта о,
сыда узкӀэкуорэр, пачъыхьэри зыкӀэбгъэгумэкӀырэр?» [15] Арти
Даут Абинэр риӀуагъ: «УлӀыба о, хэт о пфэдэу Израилым исыр?
Сыда уизиусхьан, пачъыхьэм, узкӀыфэмысакъырэр? Пачъыхьэр,
уизиусхьан, ыукӀынэу цӀыф горэ къызэрыкӀогъагъэр ошӀа?
[16] УизекӀуакӀэ дэгъоп; Зиусхьаныр зэрэщыӀэр сэӀо! Зиусхьаным
пачъыхьанэу къахихыгъэм шъузэрэфэмысакъырэм пае шъуаукӀыныр
къышъутефэ. Еплъэлъ, тыдэ хъугъа пачъыхьэм ышъхьэкӀэ щыӀэгъэхэ
пчыпыджынымрэ псыр зэрытыгъэ къошынымрэ?» [17] Ащ дэжьым
Саул Даут ымакъэ къышӀэжьыгъэти риӀуагъ: «СикӀалэу Даут, умакъа
зэхэсхырэр?» Даут къыриӀожьыгъ: «Сымакъэ адэ, сизиусхьанэу
пачъыхьэр». [18] ЕтӀани ащ къыӀуагъ: «Сыд пае сизиусхьан иӀумэт
илъэуж зэрифэра? Сыда сшӀагъэр? БзэджагъэкӀэ сӀэ къыптесщэягъа?
[19] Сизиусхьанэу пачъыхьэр иӀумэт къыӀощтым джыри къерэдэӀу:
Зиусхьаным укъысфигъэгубжыгъэмэ, сикъурмэн Зиусхьаным шӀу
къысферэшӀыжь; цӀыфхэр армэ тазыфагу къихьагъэр, Зиусхьаным
ынае къащэф, сыда пӀомэ, „КӀо, тхьэ хамэхэм афэлажь“ аӀозэ,
Зиусхьаным сфыхихыгъэ чӀыгум сизыфыгъэхэр ахэр арых.
[20] Арышъ, Зиусхьаным инэрылъэгъу, чӀыгур слъыкӀэ згъэшъокӀынэп;
сыда пӀомэ, щылэчэтыр къушъхьэм къызэрэщырафэкӀырэм фэдэу,
зы бжыдзэм лъыхъунэу Израилым ипачъыхьэ къежьагъ».

[21] Арти Саул къыIуагъ: «Сыхэукъуагъ, къэгъэзэжь, сикIалэу Даут,
ащ нахьыбэрэ сизэрар озгъэкIыжьыщтэп, нычэпэ спсэ бгъэлъэпIагъэ:
акъылынчъэу сэ сызекIуагъ, бэрэ сыхэукъуагъ». [22] ЕтIанэ Даут
джэуап къытыжьыгъ: «Мары пачъыхьэм ипчыпыджын, зы кIалэ
горэ къэрэкIуи ар ерэштэжь; [23] Зиусхьаным шъхьадж ифэшъуашэр
ригъэгъотын; Зиусхьаным о сIэ укъырилъхьэгъэхагъ, ау Зиусхьаным
пачъыхьанэу къахихыгъэм сIэ тесщэягъэп; [24] непэ о упсэ сэ
зэрэзгъэлъэпIагъэм фэдэу сищыIэныгъэ Зиусхьаным ерэгъэлъапI,
сыд фэдэрэ тхьамыкIагъуи ащ сыщерэухъум!» [25] ЕтIанэ Саул Даут
риIуагъ: «Зиусхьаным ынэшIу къыпщэф, сишъаоу Даут; Iофыбэ
пшIэщт, гъэхъагъэхэри уиIэщт». Ащ ыуж Даут игъогу техьажьыгъ,
Саули ичIыпIэ ыгъэзэжьыгъ.

# ЯтIокIэнэрэ блырэ шъхьэр

### Даут Гъат ипачъыхьэ зэрэфэлэжьагъэр

[1] Ащ ыуж Даут ыгукIэ зэриIожьыгъ: «Зэгорэм Саул секIодылIэщт
шъыпкъ, арэу зыхъукIэ, сэркIэ нахьышIур фылист чIыгур
къэсыбгынэныр ары. Саул етIанэ сауж икIыжьыщт, ащ нахьыбэри
Израилым ыкъопэ пстэумэ къащыслъыхъужьыщтэп, сэри ащ
сыIэпыкIыжьын». [2] ЕтIанэ Даут зиIэти, игъусэгъэ хъулъфыгъэ
шъихыр кIыгъоу Гъат ипачъыхьэу МэIох ыкъо Ахыщ дэжь кIуагъэ.
[3] Даути ащ идзэкIолIхэри, хэти иунагъо кIыгъоу, Даут ишъузитIуи –
ИзрыIэлым щыщэу АхъынэIамрэ Нэбал игощагъэу, Къармэл щыщэу,
шъузабэу къэнэгъэ Абигаилрэ игъусэхэу, Ахыщ дэжь щыIэхэу,
Гъат щыпсэущтыгъэх. [4] Даут Гъат зэрэкIожьыгъэм икъэбар Саул
къылъыIэсыгъэти, нахьыбэрэ ар ащ лъыхъужьыгъэп.

[5] Ащ ыуж Даут Ахыщ риIуагъ: «НэшIукIэ укъысэплъмэ, къэлэ
цIыкIумэ ащыщ горэм чIыпIэ къыщысэти, ащ сыщыпсэущт, сыд
пае уиIумэт уигъусэу пачъыхьэр зыдэс къалэм къыбдыдэсын фая?“
[6] Арти Ахыщ ащ Цыкълагъ къыритыгъ, джащ къыхэкIэуи Цыкълагъ

Ехъудэм ипачъыхьэмэ къафэнагъэу джыри аIэ илъ. [7] Даут фылист
хэгъэгум зэпстэумкIи зэрисыгъэр илъэсрэ мэзиплIырэ.
[8] ЕтIанэ Даут ицIыфхэр игъусэхэу къежьэхэти, къалэу Сур,
Мысыр хэгъэгум анэсэу бэшIагъэу ащыпсэущтыгъэ гъышыур,
гъызыр, Iамалэкъ лъэпкъхэм атебанэщтыгъэх. [9] Даут а хэгъэгур
зэрипхъощтыгъэ, хъулъфыгъи бзылъфыгъи псэоу къыгъанэщтыгъэп,
мэлхэр, цухэр, щыдхэр, махъшэхэр, щыгъынхэр къатыриххэти,
Ахыщ дэжь къыгъэзэжьщтыгъэ. [10] «Хэта джы шъузтебэнэгъагъэр?»
ыIоу Ахыщ Даут зеупчIыкIэ, Даут къыриIожьыщтыгъ: «Зэм
– Ехъудэм икъыблэ лъэныкъу, етIанэ – ерахъмыел лъэпкъыр
зыщыпсэурэ чIыпIэм икъыблэ лъэныкъу, ящэнэрэм – къэн лъэпкъыр
зыщыпсэурэ чIыпIэм икъыблэ лъэныкъу». [11] Гъат къыздимыщэнхэм
пае Даут хъулъфыгъи бзылъфыгъи псэоу къыгъанэщтыгъэп. Ар
егупшысщтыгъэ: «„Джары Даут зэрызекIуагъэр“ аIозэ, ахэм таIотэн
алъэкIыщт». Фылист хэгъэгум есыфэ Даут ышIагъэхэр джары.
[12] «Ежь къызхэкIыгъэ израил лъэпкъым ар фэлъэгъужьырэпышъ,
егъашIэм сэ сичырэщт» зэриIожьзэ, джаущтэу Ахыщ Даут цыхьэ
фишIыгъ.

# ЯтIокIэнэрэ трэ шъхьэр

[1] ЕтIанэ фылистхэм Израилым зао дашIыным пае дзэхэр
къаугъоигъэх, Ахыщ Даут риIуагъ: «Ори уицIыфхэри шъусигъусэхэу
заом тызэрэкIощтым ущэсэгъэгъуазэ». [2] Арти Даут Ахыщ риIуагъ:
«Хъунба адэ, уиIумэт джы ышIэщтыр къэплъэгъущт». Ахыщ
Даут риIуагъ: «Дэгъу, джащ пае сэпсэуфэ ренэу усиухъумэкIонэу
осэгъэнафэ».

### Саул удыгъэхэр зезыхьэрэм дэжь зэрэкIуагъэр

[3] Самуел зэлIэм зэкIэ израил цIыфхэм ар агъэежьи, икъалэу Рамэ
щагъэтIылъыжьыгъагъ. Удыгъэхэр зезыхьэхэрэмрэ джэнчыдзхэмрэ
Саул хэгъэгум рифыгъагъэх. [4] ЕтIанэ фылистхэр къэзэрэугъоихи

къежьагъэх, Шыунэм нэс къакIохи къыщыуцугъэх; Саули израил
цIыфхэр зэкIэ къызэIуигъакIэхи къушъхьэу ГъылбэуаI дэжь
къыщыуцугъэх. 5 Саул фылистхэм ядзэ зелъэгъум къэщтагъ,
ыгуи лъэшэу къыгъэкIэзэзыгъ. 6 Арти Саул Зиусхьаным
еупчIыгъ, ау Зиусхьаным джэуап къыритжьыгъэп, пкIыхьапIэкIи
зыкъыригъэлъэгъугъэп, мыжъо лъапIэу уримыр зырарегъадзэми,
джэуапыр къылъигъэIэсыгъэп, тхьэлIыкIохэмкIи къэбарыр
къыригъэшIагъэп. 7 ЕтIанэ Саул иунэIутмэ ариIуагъ: «Удыгъэхэр
зезыхьэрэ бзылъфыгъэ горэ къысфэжъугъоти, ыдэжь сыкIонышъ
сеупчIыщт». ИунэIутмэ джэуап къыратыжьыгъ: «Удыгъэхэр
зэрихьэу бзылъфыгъэ горэ Iэндор дэс».
8 Ащ ыуж Саул ищыгъынхэр зыщиххи, нэмыкIхэр зыщилъэхи,
нэбгыритIу игъусэу чэщым къежьэхи бзылъфыгъэм дэжь
къэкIуагъэх. Саул ащ риIуагъ: «СыолъэIу джэнч къысфэбдзынэу,
зыцIэ къесIорэр къысфычIэпщынэу, зигугъу къыпфэсшIырэр
къэпщэнэу». 9 Ау бзылъфыгъэм къыриIожьыгъ: «Саул ышIагъэм,
удыгъэхэр зезыхьэхэмрэ джэнчыдзхэмрэ хэгъэгум зэрэрифыгъэхэм
ущыгъуазэба; сыд пае сытекIодэнэу спсэ хъытыу къыфэбгъэуцура?»
10 Арти Саул тхьэлъанэ ышIи риIуагъ: «Зиусхьаныр зэрэщыIэр сэIо!
Мы Iофым пшъэдэкIыжь рыпхьыщтэп». 11 ЕтIанэ бзылъфыгъэр
къеупчIыгъ: «Хэта къыпфычIэсщыщтыр?» Адрэм къыриIожьыгъ:
«Самуел къысфычIэщ». 12 Бзылъфыгъэм Самуел зелъэгъум
лъэшэу къэкууагъ; Саул зыкъыфигъази, къеупчIыгъ: «Сыда
сызкIэбгъэпцIагъэр? О у-Саул». 13 Арти пачъыхьэм ащ риIуагъ:
«Умыщын, сыда плъэгъурэр?» Бзылъфыгъэм Саул къыриIожьыгъ:
«Джынэм фэдэу зыгорэ чIы чIэгъым къычIэкIэу сэлъэгъу». 14 «Сыд
теплъа ащ иIэр?» – Саул ащ еупчIыгъ. Адрэм къыриIуагъ: «Зы
лIыжъ горэ чIы чIэгъым къычIэкIы, джэнэ кIыхьэ щыгъэу». Ар
зэрэ-Самуелыр Саул къышIагъэти, ыIу егъэзыхыгъэу чIыгум
зытыридзи, шъхьащэ фишIыгъ.

[15] Самуел Саул къыриIуагъ: «Сыда сыкъычIэмыкIмэ мыхъунэу
сызфэбгъэгумэкIрэр?» Саул риIожьыгъ: «СиIофхэр дэй дэдэх;
филистхэр къысэзаох; Тхьэм сыкъыбгынагъ; тхьэлIыкIохэмкIи
пкIыхьапIэкIи Тхьэм джэуап къыситыжьрэп. СшIэщтымкIэ
сыоупчIыжьынэу сыкъызкIыоджагъэр джары». [16] Самуел
къыриIуагъ: «Зиусхьаным укъыбгыни уипыеу хъугъэмэ, сыд
пае сэ укъысэупчIыжьра? [17] Зиусхьаным сэ къысигъаIощтыгъэр
ары Зиусхьаным ышIагъэр; Зиусхьаным пачъыхьагъур пIэкIихи,
къыппэблэгъэ цIыфым, Даут, ыIэ рилъхьагъ. [18] Зиусхьаным
къыуиIуагъэм узэремыдэIугъэм, Iамалэкъхэм зафэгубжым ахэм
яфэшъуашэ зэрямыгъэгъотыгъэм пае Зиусхьаным ар джы къыуешIэ.
[19] Арышъ, Израили ори Зиусхьаным шъузэгъусэу филистхэм аIэ
шъурилъхьащт: ори уикIалэхэми неущ тызэгъусэщтых, Израилым
идзэ Зиусхьаным филистхэм аIэ рилъхьащт».
[20] Самуел къыриIуагъэм лъэшэу къыгъэщынагъэти, Саул ошIэ-
дэмышIэу къызэхэфагъ, мэфэ ренэми чэщми фыгукIэ Iуфэгъагъэпти,
ар кIочIаджэ хъугъэ. [21] А бзылъфыгъэр Саул къызекIуалIэм лъэшэу
зэрэщынагъэр ылъэгъугъэти къыриIуагъ: «Мары уиIумэт, пIорэм
къедэIуи, ыпсэ рыджэгужьзэ, унашъоу фэпшIыгъэр ыгъэцэкIагъ;
[22] джы сыолъэIу уиIумэт къыуиIощтым къедэIу; хьалыгъу такъыр
къыостынышъ шхы, гъогум утехьажьмэ гъэрет уиIэу хъущт».
[23] Ау шхэнэу фэягъэпти риIуагъ: «Сышхэщтэп». Арти иунэIутхэри
бзылъфыгъэри къелъэIухэ зэхъум, ахэм къыраIорэм едэIуи,
къэтэджыжьи пIэм хэтIысхьагъ. [24] Бзылъфыгъэм шкIэкIэ пщэр
иIагъэти, гузэжъогъукIэ ар аригъэукIи, хьаджыгъэ къышти тхьацу
ыпшагъ, хьалыгъу мыкIу-мыпш ыгъэжъагъ. [25] ЕтIанэ Саулрэ
иунэIутхэмрэ къафытыригъэуцуагъ, ахэр шхагъэх, къэтэджыжьхи а
чэщ дэдэм къагъэзэжьыгъ.

# ЯтIокIэнэрэ бгъурэ шъхьэр

### Даут фылистхэм къызэрэзыхафыгъэр

[1] Фылистхэм ядзэхэр зэкIэ Афэкъ къыращалIэхи, израил цIыфхэр
ИзрыIэл щыIэ псынэкIэчъым дэжь къыщыуцугъэх. [2] Нэбгырэ
шъэрышъэу, мин-минэу зэхэдзыгъэ ядзэхэр ягъусэхэу фылистмэ
япщыхэр къакIощтыгъэх. Даутрэ ащ ицIыфхэмрэ Ахыщ ягъусэу ахэм
ауж итыгъэхэти, [3] фылистмэ япщыхэм зэраIожьыгъ: «Мыхэр сыд
джуртха?» Ахыщ фылистмэ япщыхэм ариIожьыгъ: «Шъущыгъуазэба
мыр израил пачъыхьэу Саул зэриIумэтым, зэрэ-Даутым? Илъэсым
къехъугъэу ар садэжь щыIэшъ, къызыкIуагъэм къыщегъэжьагъэу
непэ къызнэсыгъэм мыхъун гори ащ хэслъэгъуагъэп». [4] Ау фылистмэ
япщыхэр къыфэгубжхи къыраIуагъ: «Мы цIыфыр утIупщыжьи
чIыпIэу фэбгъэзагъэм орэкIожь, тигъусэу ар заом къэрэмыкIу, заом
пыи къыщытфэмыхъужьыным пае. Изиусхьан ыгу къыщэфынба
мы лIыхэм ашъхьэ харигъалъхьэу ащкIэ ыгу къыдищаемэ?» [5] „Саул
минхэм атекIуагъэмэ, Даут зытекIуагъэр минипшIых“ зыфиIорэ
гущыIэхэр зыхэлъ орэдыр цIыф купышхомэ зыфызэхалъхьэгъэ
Даутыр арба ар?»
[6] Арти Ахыщ Даут къеджи риIуагъ: «Зиусхьаныр зэрэщыIэр
сэIо! Шъыпкъагъэ пхэлъышъ, тызэгъусэу заом тызэдыIухьэу
тыкъызэдыIукIыжьщтыгъэмэ сигопэщтгъэ, сыда пIомэ садэжь
укъызыкIуагъэм къыщегъэжьагъэу непэ къызынэсыгъэм мыхъун
гори пхэслъэгъуагъэп, ау типщымэ агу урихьырэп. [7] Арышъ,
джы гъэзэжьи, зыгъэрэхьати кIожь, фылистмэ япщыхэм агухэр
къащымыгъахь». [8] Даут Ахыщ риIуагъ: «Сыда сшIагъэри,
уинэплъэгъу сыкъызиуцуагъэмрэ непэрэ азыфагу уиIумэт мыхъунэу
хэплъэгъуагъэри, сыд пае сизиусхьан ипыйхэм сязэонэу ащ
сыкIымыгъущта?» [9] Арти Ахыщ Даут къыриIожьыгъ: «Зиусхьаным
имэлэIич фэдэу сыоплъышъ, сэркIэ узэрэшIур пшIошъ гъэхъу; ау

фылистмэ япщыхэм аӀуагъ: „Ар тигъусэу заом къыддэрэмыкӀу“.
10 Арышъ, ори уизиусхьанэу Саул ипщылӀщтыгъэхэу уигъусэхэми
пчэдыжьым жьэу шъукъэтэдж.[f] Пчэдыжьым шъукъыкӀэтаджи, нэф
къызэрэшъэу шъукӀожь».
11 ЕтӀанэ Даути ицӀыфхэри фылист чӀыгум агъэзэжьынэу
пчэдыжьым къэтэджыгъэх. Фылистхэр ИзрыӀэл кӀуагъэх.

# ЯщэкӀэнэрэ шъхьэр

### Ӏамалэкъхэм зэратекӀуагъэхэр

1 Даутрэ ицӀыфхэмрэ Цыкълагъ зэкӀохэм ыуж мэфищ тешӀагъэу
Ӏамалэкъхэр къыблэ лъэныкъомкӀэ хэгъэгум къытебэнагъэх. Къалэу
Цыкълагъ аубыти тырагъэстыкӀыгъ. 2 Бзылъфыгъэхэри къалэм
адрэ дэсыгъэхэри, анахь цӀыкӀум къыщегъэжьагъэу анахь иным
нэсыжьэу, амыукӀхэу, гъэрэу зыдыращажьэхи ягъогу техьажьыгъэх.
3 Даутрэ ащ ицӀыфхэмрэ а къалэм зыдахьэхэм машӀокӀэ ар
тырагъэстыкӀыгъагъ, ахэм яшъузхэр, яшъаохэр, япшъашъэхэр
зэгъусэхэу гъэрэу Ӏуафыгъагъэх. 4 Арти Даути игъусагъэхэми
хьадэгъэшхо къаӀати, гъын амылъэкӀыжьыфэ гъыгъэх. 5 Даут
ишъузитӀуи гъэрэу аубытыгъагъэх: ИзрыӀэл щыщ АхъынэӀамрэ
Къармэл щыщэу, Нэбал игощагъэу, шъузабэу къэнэгъэ Абигаилрэ.
6 КъащышӀыгъэм апсэ хигъэӀэжьыгъэхэти, нэбгырэ пэпчъ ыкъохэмрэ
ыпхъухэмрэ ыгу афэгъущтыгъэти, мыжъокӀэ еохэзэ аукӀынэу
цӀыфхэр зэрэфэягъэм Даут гузэжъогъу хидзагъ. Ау къыщышӀыгъэм
еуцолӀэнымкӀэ и-Зиусхьанэу Тхьэм фыриӀэ шӀошъхъуныгъэм Даут
кӀуачӀэ къызхыригъэгъотэжьыгъ.

---

[f][32] Мы чӀыпӀэм мыщ фэдэ къэӀуакӀи иӀ: [чӀыпӀэу шъуфэзгъэнэфагъэм шъукӀожь, угу Ӏэягъэ къысфимыгъэлъ, сыда пӀомэ сэркӀэ о ухъупхъ]. Мы къэӀуакӀэр ижъырэ урымыбзэмкӀэ зэрадзэкӀыжьыгъэ Ӏэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкӀэ атхыгъэ Ӏэпэрытхым хэтэп.

7 Ахъымэлэх ыкъо къурмэнышIэу Абыетар мыжъогъуазэр
къыхьынэу Даут риIуагъ. Абыетар мыжъогъуазэр Даут
къыфихьыгъ. 8 ЕтIанэ «Мы дзэ мацIэм ыуж сихьащта, сылъежьэмэ,
сыкIэхьашъущта?» ыIуи, Даут Зиусхьаным еупчIыгъэти, джэуап
къыритыжьыгъ: «Ары, ыуж ихь, уакIэхьащт, къатепхыжьыщт».
9 Арти Даутрэ игъусэгъэ дзэкIолI нэбгырэ шъихымрэ ежьагъэх; псы
игъукIыгъэу Бэсэр ылъэгу зынэсхэм, пшъыгъэхэти, къэуцугъэх.
10 ЕтIанэ Даутрэ нэбгырэ шъиплIымрэ апэ рагъэхъугъ. Нэбгырэ
шъитIум псы игъукIыгъэу Бэсэр ылъэгу зэпачынэу кIуачIэ
яIэжьыгъэпти, а чIыпIэм къыщыуцугъэх. 11 КIохэ пэтзэ зы мысырылI
горэ шъофым апэ къыщифагъэти Даут дэжь къащагъ. Ащ хьалыгъу
зыратым, ышхыгъ, псыри тыришъухьажьыгъ; 12 шхынцумпэр
зыдэлъ хьалыгъу IашIуитIурэ сэнэшъхьэгъугъэ блэритIурэ ратхи
рагъэшхыгъ. ЕтIанэ зэшхэм, чэщ-мэфищым хьалыгъуи пси
Iуфэгъагъэпти, ыкIуачIэ къихьажьыгъ. 13 Даут ащ еупчIыгъ: «Хэтмэ
уащыща, тыда узщыщыр?» Адрэм къыриIожьыгъ: «Сэ мысыр
лъэпкъым сыщыщ кIал, Iамалэкъ горэм сырипщылI, мэфищэ
сысымэджагъэти сизиусхьан сыкъычIидзыжьыгъ. 14 Къырэт
лъэпкъыр зыщыпсэурэ чIыпIэм икъыблэ, Ехъуд хэкуми, Къалэб
икъыбли тарыхьэщтыгъэ, Цыкълагъ машIокIэ тедгъэстыкIыгъ».
15 Даут ащ риIуагъ: «А дзэм сепщэлIэщта?» Адрэм къыIуагъ:
«СымыукIынэу, сизиусхьан семытыжьынэу Тхьэ къапIомэ, а дзэм
уесщэлIэщт».
16 [g]ЕтIанэ ар ащ ыщагъ; мары Iамалэкъхэр, а хэгъэгум
щизэрэтэкъухьагъэхэу ешъох, ешхэх, фылистхэм ячIыгурэ Ехъуд
хэкумрэ мылъкушхо къызэраращыгъэр агъэмэфэкIы. 17 Даут ахэм
атебани, пчыхьэ чэпэзэхэогъум къыщегъэжьагъэу ятIонэрэ мафэм
ипчыхьэ нэс язэуагъ, махъшэмэ затезыдзи хэлъэджьыгъэ кIэлэ

[g][32] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [Даут тхьэлъанэ ащ фишIыгъ]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

шъиплIым анэмыкIэу, ахэм ащыщ гори псэоу IэкIэкIыжьыгъэп.
[18] Iамалэкъмэ аштэгъагъэхэр зэкIэ Даут къатырихыжьыгъ,
ишъузитIуи Даут къатырихыжьыгъ. [19] Арти зи ахэм ашIокIодыгъэп,
акъохэми, апхъухэми, Iамалэкъмэ атырахыгъагъэми ащыщ гори
ахэмызэу зэкIэри Даут ыIэ къыригъэхьажьыгъ. [20] Былымхэри,
пчэн-мэлхэри Даут къатырихыгъэх, ежьхэм ябылымхэм ахэр апэ
итхэу, «Мыхэр Даут къатырихыгъэх» аIозэ, къафыщтыгъэх.
[21] ЕтIанэ Даут псы игъукIыгъэу Бэсэр ылъэгу къимыкIышъугъэгъэ
нэбгырэ шъитIум къякIолIэжьыгъ, ахэр Даут къыпэгъокIыгъэх.
А цIыфхэм якIуалIи Даут сэлам арихыгъ. [22] Арти Даут игъусэмэ
ахэтыгъэ цIыф бзаджэхэм аIуагъ: «Зэрэтимыгъусагъэхэм
пае къатетхыгъэ мылъкур ахэм адэдгощыщтэп; шъхьадж
ишъузрэ икIалэхэмрэ ерэштэжьхи, зырарэгъэхь». [23] Ау Даут
къыIуагъ: «Сикъошхэр, Зиусхьаным мыр къызытитыгъэм,
псэоу тыкъызигъэнэжьыгъэм, къытэзаощтыгъэ дзэр тIэ
къызырилъхьагъэм ауж арэущтэу шъумышIы. [24] Хэта ащ фэдэ
IофымкIэ къыжъудезгъэштэщтыр? Заом щыIагъэхэм атефэрэ
Iахьэм фэдиз IапIэхэм къапэдгъэнэгъагъэхэм атефэу зэкIэми
зэфэдэу афэдгощын фае». [25] Джащ къыщегъэжьагъэу ыужми
джары зэрашIыщтыгъэр; ИзраилкIэ хабзэу ыкIи бзыпхъэу ар джы
къызнэсыгъэми агъэуцугъ.
[26] ЕтIанэ Даут Цыкълагъ къакIуи, мылъкоу къатырихыгъэм
щыщ инымбджэгъу ехъуд анахьыжъ упчIэжьэгъухэм афаригъащи
арарigъэIуагъ: «Зиусхьаным ипыйхэм къатетхыгъэм
щыщ шIухьафтынэу къышъосэты». [27] Зыфаригъэщагъэхэр
зыщыпсэущтыгъэхэр Бэтэл, къыблэмкIэ щыIэ Рамот, Ятыр,
[28] IарэIэр, Сифмэт, АштымаI, [29] Рахэл, ерахъмыелхэм якъалэхэм,
къэнхэм якъалэхэм, [30] Хьорым, БорIащан, Iатэх, [31] Хъэурэн, ежь
Даутрэ ицIыфхэмрэ зынэсыгъэ чIыпIэ пстэури.

# ЯщэкIэнэрэ зырэ шъхьэр

### Саулрэ икIалэхэмрэ хьадэгъур къызэрафэкIуагъэр

[1] Джащ фэдизым фылистхэр Израилым къеззэуагъэх, фылистхэм
защаухъумэнэу израилылIмэ къыкIатхъужьыгъэти, къушъхьэу
ГъылбэуаI къыщызэхакъутагъэх. [2] Фылистхэр Саулрэ ыкъохэмрэ
къакIэхьагъэх, Саули, икIалэхэу Ионэтани, Абинэдауи,
МэлкъэшыуаIи фылистхэм аукIыгъэх. [3] Саул пэшIуекIорэ заор
пхъэшагъэ, щэбзащэхэмкIэ охэрэм щабзэхэр къытырагъафэхи,
хьылъэу ар къызэхауIыхьагъ. [4] Арти Саул иашъоджэнэзехьэ риIуагъ:
«Сунэт амышIыгъэхэр къакIохэу, самыукIэу, къызрэмыджэгуфэхэкIэ,
уичатэ къихи сылI». Ау иашъоджэнэзехьэ лъэшэу щынэщтыгъэти,
ащ фэягъэп. Арти Саул ежь ичатэ къырихи, ащ зытыридзэжьыгъ.
[5] Саул зэрэлIагъэр иашъоджэнэзехьэ зелъэгъум, ежьми ичатэ
зытыридзэжьи зырилIыжьыгъ. [6] Джаущтэу а мафэм Саули, икIэлищи,
иашъоджэнэзехьи, зэкIэ ицIыфхэри зэрэзэгъусэхэу хэкIодагъэх.
[7] КIэим къыкIэрысыгъэ, Иордан ыкIыбкIэ щыпсэущтыгъэхэ
израил цIыфхэм израил дзэкIолIхэм къызэрэкIатхъужьыгъэр,
Саулрэ икIалэхэмрэ зэрэщымыIэжьхэр къызалъэгъум, якъалэхэр
къабгынэхи, ашъхьэ рахьыжьэжьыгъ. Фылистхэр къакIохи ахэм
адэтIысхьагъэх.

[8] КъыкIэлъыкIорэ мафэм аукIыгъэхэр ахъункIэнхэу фылистхэр
къэкIуагъэхэти, къушъхьэу ГъылбэуаI щыфэхыгъэ Саули икIэлищи
къагъотыжьыгъэх. [9] Арти ащ ышъхьэ шIуаупкIи, иашъоджанэ щахи,
ятхьэ нэпцIхэр зычIэт унэхэмрэ цIыфхэмрэ къэбарыр алъыIэсыным
пае зэрэфылист чIыгоу мэкъэгъэIухэр къащырагъэкIокIыгъэх.
[10] ЕтIанэ ащ иашъоджанэ гъэбэжъугуащэу Астарт итхьалъэIупIэ
чIалъхьи, ихьадэ къалэу Бэтщан идэхьапIэ дэжь дэпкъым
щыпалъагъ. [11] Ащ ыуж фылистхэм Саул рашIагъэм икъэбар
ГъылыIад ит къалэу Яощ дэсхэм зэхахыгъэти, [12] лIыгъэ зыхэлъ

цIыфхэр зэкIэ къежьэхи, чэщ ренэм къакIохэзэ, Саулрэ икIалэхэмрэ яхьадэхэр Бэтщан идэпкъ къыпахыжьхи, Яощ къагъэзэжьи, ахэр ащ щагъэстыжьыгъэх. [13] ЕтIанэ яхьадэкъупшъхьэхэр Яощ дэт чъыгаем ычIэгъ щычIатIэжьхи, мэфиблэ анэкIыгъ.

# Тхылъэу «ЯтIонэрэ Самуел»

## Апэрэ шъхьэр

### Саул зэрэщымыIэжьым икъэбар Даут зэрэзэхихыгъэр

[1] Саул зызеукIыжьым ыуж Даут Iамалэкъхэм атекIуи, Цыкълагъ
къыгъэзэжьи мэфитIо дэсыгъ. [2] Ящэнэрэ мафэм цIыф горэ Саул
идзэ зыщызаощтыгъэ чIыпIэм къикIи къэкIуагъ: ищыгъынхэр
зэIытхъыгъагъэх, ышъхьаци ятIэр къыхэтэкъуштыгъэ. Даут дэжь
ар къэси, ыпашъхьэ зыщыридзыхи, чIыгум нэс шъхьащэ фишIыгъ.
[3] Даут ащ еупчIыгъ: «Тыда укъыздикIырэр?» Адрэм къыриIожьыгъ:
«Израилым идзэ зыщызэорэ чIыпIэм сыкъечъыжьы». [4] ЕтIанэ
Даут ащ еупчIыгъ: «Сыда къэхъугъэр? КъысфэIуат». Адрэм
къыриIожьыгъ: «ЗэуапIэр къабгыни дзэкIолIхэр къечъэжьэжьыгъэх,
хэкIодагъэри къауIагъэу лIэжьыгъэри бэдэд, Саули ыкъо Ионэтани
щыIэжьхэп». [5] Къэбарыр къыфэзыхьыгъэ кIалэм Даут еупчIыгъ:
«Саули ащ ыкъо Ионэтани зэрэщымыIэжьхэр сыдэущтэу
пшIэнэу хъугъа?» [6] КIалэм къыриIожьыгъ: «ГъылбэуаI Iуашъхьэм
сыдэкIуае зэхъум, Саул пчыпыджыным зытыригъэкIэгъагъ,
зэоным фытегъэпсыхьэгъэ кухэу щэбзаохэр зэрытыгъэхэр ащ
кIахьэщтыгъэх. [7] КъызызэплъэкIым сыкъылъэгъугъэти, къысэджагъ.
Арти есIуагъ: «Мары сыкъэдаIо». [8] Ар къысэупчIыгъ: «Ухэт о?»
ЕсIожьыгъ: «Сэ Iамалэкъмэ сащыщ». [9] ЕтIанэ ащ къысиIуагъ:
«Сиакъыл сыщымыозэ, къысэкIуалIи сыукI, сыда пIомэ спсэ
джыри хэтыщт». [10] Арти секIуалIи сыукIыжьыгъэ, сыда пIомэ
къызытекIохэм ыуж зэрэщымыIэжьышъущтыр къызгурыIуагъ.
Танджэу шъхьащысыгъэмрэ ыIапшъэ илъыгъэ Iэхъумрэ
къыпысхыжьхи сизиусхьан къыфэсхьыгъэх».

[11] Ащ дэжьым Даут ищыгъынхэр ыцунтхъагъэх, игъусэгъэ
цIыфхэми ар дэдэр ашIагъ. [12] Ахэм яхьадэгъэшхуагъ, Саулрэ ащ
ыкъо Ионэтанрэ, Зиусхьаным идзэрэ Израил хэгъэгумрэ чатэм
зэрэзэхигъэфагъэхэр ягукъэошхоу гъымэ пыхьэхэзэ агъэягъэх,
пчыхьэ нэс анэкIыгъ. [13] ЕтIанэ къэбарыр къыфэзыхьыгъэм
Даут еупчIыгъ: «Хэтмэ уащыща о?» Адрэм къыриIожьыгъ:
«Хэхэс Iамалэкъым сырикIал». [14] Даут ащ риIуагъ: «Зиусхьаным
къахихыгъэр уукIыным утемыщыныхьэу сыдэущтэу пIэ
тепщэягъа?». [15] Ар къыIуи, Даут идзэкIолI кIалэ горэм къеджи
риIуагъ: «Еуи мор укIы». Ар ащ еуи ыукIыгъ. [16] Даут аукIыгъэм
кIэлъиIожьыгъ: «Уихьадэгъу ор-орэу къэблэжьыгъ: Зиусхьаным
къахихыгъэр уукIыгъэу къызэоIом уифэшъуашэр ор-орэу
къызфэпхьыжьыгъ».

**Даут Саулрэ Ионэтанрэ зэигъэягъэхэр**

[17] Даут Саулрэ ащ ыкъо Ионэтанрэ мыщ фэдэ гъыбзэ къафиIуагъ:
[18] „Яшар итхылъ“[h] зэритхагъэу, ехъуд лъэпкъым „Щабзэм иорэд“
[i]ебгъэшIагъ:

[19] «А Израил, уищытхъузехьэхэр уилъэгапIэхэм ахэкIодагъэх,
О лIыхъужъ гущэхэр зэрэфэхыгъэхэр!

[20] Гъат къалэм къэбар щышъумыIуат,
Ащкъэлэн иурамхэми макъэ ащышъумыгъэIу,
армырмэ фылистмэ япхъухэр гушIоных,
сунэт зымышIыгъэмэ япхъухэр тхъэжьыных.

---

[h][1] Ижъырэ тхыгъэмэ ащыщэу „Яшар итхылъ“ джы щыIэжьэп. Яшарым имэхьанэр цIыф заф.

[i][2] Ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр: щабзэ, ау мэхьанитIу иIэу къыбгурыIон ылъэкIыщт: апэрэр орэдым ыцI, ятIонэрэр ехъуд лъэпкъыр щэбзэуакIэм фэбгъэсэныр.

21 ГъылбэуаI Iуашъхьэхэр! Осэпси ощхи къышъуферэмых,
лэжьыгъэ зэрылъ губгъуи шъуакIыIу терэмылъ,
лIыхъужъхэм ямэIу къызэхакъутагъэшъ,
Саул имэIоу дагъэ зыщафэгъагъэм къытекIуагъэхэшъ.

22 УкIыгъэмэ алъ къытенэу,
лIыхъужъхэм апкъышъол пхыригъэкIэу
Ионэтан ищэбзащэ дэлъ щабзэр ренэу атыригъафэщтыгъ,
Саул ичати фэIазэу ыгъабзэщтыгъ.

23 Саулрэ Ионэтанрэ зэшIугъэх, зэгурыIощтыгъэх,
щэIэфэхи ядунай захъожьми зэшIокIодыгъэхэп;
бгъашхъомэ анахь псынкIагъэх ахэр,
аслъанхэм анахь лъэшыгъэх.

24 О израилыпхъухэр! Жъугъае Саулэу,
шэкI плъыжь дахэкIэ шъузыфапэщтыгъэр,
щыгъынхэм къадэшъуштэнэу дышъэ хьап-щыпхэр
къышъуфязгъащэщтыгъэр.

25 О лIыхъужъ гущэхэр зэуапIэм зэрэщыфэхыгъэхэри!
О уилъэгапIэ гущэхэм къащаукIыгъэу Ионэтан щылъи.

26 Сшэу Ионэтан, ощ пае сэшъыгъо, усилъэпIэ дэдагъ;
гуфэбэныгъэу къысфыуиIагъэр сэркIэ бзылъфыгъэм ишIулъэгъу
нахьи нахь лъэшыгъ.

27 О лIыхъужъ гущэхэр зэрэфэхыгъэхэри – Iашэ гущэхэри
хэкIодагъэхи!»

# ЯтIонэрэ шъхьэр

## Даут Ехъудэм ипачъыхьэ зэрэхъугъэр

[1] А зэпстэумэ ауж Даут Зиусхьаным еупчIыгъ: «Ехъуд хэкум
икъалэмэ ащыщ горэм сыкIомэ хъущта?» Зиусхьаным ащ
къыриIожьыгъ: «КIо». Даут къыIуагъ: «Тыда сыздэкIощтыр?» Ащ
къыриIожьыгъ: «Хъэурэн». [2] Арти ишъузитIуи, ИзрыIэлым щыщ
АхъынэIамрэ чIыпIэу Къармэл щыщ Нэбал игощагъэу, шъузабэу
къэнэгъэ Абигаилрэ игъусэхэу Даут ащ кIуагъэ. [3] Игъусэхэри хэт
иунагъуи кIыгъоу къакIохи, Хъэурэнрэ ащ къыпэблэгъэ къалэхэмрэ
адэтIысхьагъэх. [4] Ехъуд лIыхэр къызэIукIэхи, ехъуд лъэпкъым
ипачъыхьанэу Даут дагъэ щафагъ. ГъылыIадым ит къалэу Яощ щыщ
лIыхэм Саул зэрагъэтIылъыжьыгъэм икъэбар Даут къыфахьыгъ.
[5] Арти ГъылыIадым ит къалэу Яощ дэсхэм адэжь лIыкIохэр
ыгъакIохи, Даут ахэм араригъэIуагъ: «Шъуизиусхьанщтыгъэу Саул
гукIэгъу фэшъушIи зэрэжъугъэтIылъыжьыгъэм пае Зиусхьаным
ынэшIу къышъуущэф, [6] джы Зиусхьаныр шъоркIэ гукIэгъушIэу,
къышъуфэшъыпкъэу, ыпэкIэ къызэрэшъуфыщытыгъэм
фэдэу къэрэнэжь, сэри шъуизекIуакIэ ипэгъокI шIуфашIэ
къышъоспэсыжьын; [7] джы зыжъугъэпыт, лIыгъэ къызхэжъугъаф,
сыда пIомэ шъуизиусхьанэу Саул щыIэжьэп, сэ ехъуд лъэпкъым
сырипачъыхьэнэу дагъэ сшъхьэ къыщафагъ».

## Ищбощэт Израилым ипачъыхьэ зэрэхъугъэр

[8] Ау Нэр ыкъо, Саул идзэпащэу Абинэр, Саул икIалэу Ищбощэт
къызэригъэгъуси, Мэхъэнэим къыщагъ. [9] ЕтIанэ зэрэ-Израилэу
ипачъыхьанэу тыригъэхьагъ. ЧIыпIэхэу ГъылыIадыр, Ашыурыр,
ИзрыIэлыр, ефраим, бынямин лъэпкъхэр а пачъыхьагъум
къыхиубытэщтыгъэх. [10] Саул ыкъо Ищбощэт Израилым
ипачъыхьанэу зытехьэм илъэс тIокIитIу ыныбжьыгъэр,

пачъыхьагъум зэрэтетыгъэр илъэситӀу. Даут игъусагъэр ехъуд
лъэпкъыр ары. [11] Ехъуд лъэпкъым ипачъыхьэу Даут зэпстэумкӀи
Хъэурэн зэрэдэсыгъэр илъэсиблрэ мэзихрэ.

**Саулрэ Даутрэ ялӀакъохэр зэрэзэшӀонагъэхэр**

[12] Нэр ыкъо Абинэр, Саул ыкъо Ищбощэт идзэкӀолӀхэр зэгъусэхэу
Мэхъэнэим къикӀхи ГъыбӀон къалэм къэкӀуагъэх. [13] Цырыуй икӀалэу
Иоаб Даут идзэкӀолӀхэр кӀыгъухэу ахэм апэуцужьынхэу къежьэхи,
ГъыбӀон псыуцупӀэм дэжь щызэӀукӀагъэх. Зы купыр зы нэпкъым
къыщыуцугъ, ятӀонэрэ купым адрэ нэпкъыр уцупӀэкӀэ къыхихыгъ.
[14] Ащ ыуж Абинэр Иоаб риӀуагъ: «КӀэлэ заулэ къыхэрэкӀи, тапашъхьэ
щызэрэзаох». Иоаб къыриӀожьыгъ: «КъыхэрэкӀых». [15] Арти
бгъуитӀумкӀи дзэкӀолӀ заулэ къахэкӀотыгъ, Саул ыкъо Ищбощэт
игъусэмэ быняминэу нэбгырэ пшӀыкӀутӀу, Даут игъусэхэми
джащ фэдиз къызхагъэкӀыгъ. [16] Ахэр зэжэхэбанэхи, ашъхьэхэр
шӀозэрэубытыкӀхэмэ, чатэхэмкӀэ зэхэпыджэжьхэмэ зэрэукӀыжьхэзэ,
а чӀыпӀэм щыхэзэрэгъэфагъэх. Ащ пае а чӀыпӀэм ГъыбӀон дэжь щыӀэ
Хъэлкъат-ХаццуримкӀэ, Чатэмэ яшъофкӀэ еджагъэх. [17] А мафэм зэо
пхъашэ щыӀагъ, Даут идзэкӀолӀхэр Абинэррэ темыр Израилым щыщ
дзэкӀолӀэу ащ игъусагъэхэмрэ атекӀуагъэх.

[18] Цырыуй ыкъуищи: Иоаби, Абищаи, Ӏасаели ахэм ахэтыгъэх.
Ӏасаел къушъхьэпчэн Ӏэлым фэдэу лъэпсынкӀэу щытыгъ. [19] Арти
Ӏасаел Абинэр рифыжьи, илъэужхэм занкӀэу атетэу, кӀэкӀэу ыуж
ихьагъ. [20] Чъэхэзэ Абинэр къызэплъэкӀи къеупчӀыгъ: «Ора ар,
ӀсаӀэл?» Мыдрэм ащ риӀожьыгъ: «Сэры». [21] Абинэр ащ къыриӀуагъ:
«Сэ сауж икӀи, дзэкӀолӀ ныбжьыкӀэмэ ащыщ горэм ыуж ихьи,
иӀэшэ-шъуашэхэр къыпыхых». Ау Ӏасаел ащ ыуж икӀыгъэп.
[22] Джыри икӀэрыкӀэу Абинэр Ӏасаел къыриӀуагъ: «Сауж икӀ, сыд пае
усэонышъ, ухэзгъэфэн фая? Пшэу Иоаб ыпашъхьэ етӀанэ сыдэущтэу
сихьажьыщта?» [23] Адрэр ыуж икӀынэу фэягъэпти, Абинэр
зыкъызэригъэзэкӀи пчыпыджынымкӀэ ыныбэ къыхэпыджагъ;

пчыпыджыныр пхырыкӀыпи, ащ дэжьым ар къыщызэхафи, а
чӀыпӀэм ыпсэ щыхэкӀыгъ. ЫӀужкӀэ Ӏасаел зыщыфэхыгъэу, ыпсэ
зыщыхэкӀыгъэ чӀыпӀэм блэкӀырэ пстэури къыщызэтеуцощтыгъэх.
24 Ау Иоабрэ Абищайрэ Абинэр лъежьагъэх. ЫӀуж итэу
кӀохэзэ, ГъыбӀон шъофнэкӀым екӀурэ гъогур Ӏуашъхьэу Гъыяхъ
зыщебгъукӀорэм дэжь пэчӀынэтӀэ Ӏуашъхьэу Аммэ зынэсхэм,
тыгъэр къохьэгъэхагъ. 25 Арти быняминхэр Абинэр купэу
къезэрэугъоилӀэхи, зэонхэу загъэхьазыри, Ӏуашъхьэ горэм ышыгу
зыщагъэпытагъ. 26 ЕтӀанэ Абинэр Иоаб къеджи къыриӀуагъ:
«Икъущтба чатэкӀэ лъэу дгъэчъагъэр? Хьауми заом тхьамыкӀагъо
къызэрэздихьырэм ущыгъуазэба? Акъошхэм ащ нахьыбэрэ
ямызэожьынхэу уицӀыфхэм ямыӀоу джыри бэ тебгъэшӀэщта?»
27 Иоаб ащ къыриӀожьыгъ: «Тхьэр зэрэщыӀэр сэӀо! Ар джы
къэмыӀогъагъэмэ, цӀыфхэм пчэдыжь нэс акъошхэм ялъэуж
афыщтыгъэ». 28 Ащ ыуж Иоаб бжъэ сырынэм къызепщэм,
дзэкӀолӀхэр зэкӀэ къызэтеуцуагъэх, ащ нахьыбэри израилхэм ауж
итыжьыгъэхэп; заор щагъэтыжьыгъ.
29 Абинэррэ игъусэгъэ дзэкӀолӀхэмрэ а чэщым ренэу Иордан
кӀэим рыкӀуагъэх, етӀанэ Иордан зэпырыкӀхи, пчэдыжьым
къыщегъэжьагъэу щэджагъом нэс гъогу тетыгъэхэ нэуж
Мэхъэнэим нэсыгъэх. 30 Иоаб Абинэр ыуж икӀыжьи къэуцужьыгъ,
дзэкӀолӀхэр зэкӀэ къызызэӀуегъакӀэхэм, Даут идзэкӀолӀмэ
Ӏасаел нэмыкӀэу нэбгырэ пшӀыкӀубгъу ахэтыжьыгъэп. 31 Даут
идзэкӀолӀхэм быняминхэри Абинэр игъусагъэмэ ащыщхэри
нэбгырэ шъищрэ тӀокӀищрэ хъоу зэхаукӀагъэх. 32 ЕтӀанэ
Ӏасаел ятэ зыщагъэтӀылъыжьыгъэ чӀыпӀэу Бэтлэхъэм дэтым
щагъэтӀылӀыжьыгъ. Иоабрэ игъусэ дзэкӀолӀхэмрэ чэщ ренэм кӀохи,
нэфшъагъом Хъэурэн нэсыгъэх.

# Ящэнэрэ шхьэр

[1] Саул иунагъорэ ащ готхэмрэ Даут иунагъорэ ащ готхэмрэ зэнэкъокъухэу бэрэ хэтыгъэх. Даут ылъапсэхэр нахь пытэщтыгъэх, Саул иунагъорэ ащ готхэмрэ яIофхэр нахь дэй хъу зэпытыщтыгъэх.

## Даут икIалэхэр

[2] ЕтIанэ Даут кIалэхэр Хъэурэн къыщыфэхъугъэх. Апэрэ
шъаоу Аминон къыфэзылъфыгъэр изрыIэлыпхъоу АхъынэIам
ары, [3] ятIонэрэр Къылау, ар[j] зиягъэр, Нэбал игощагъэу Къармэл
щыщ Абигаил; ящэнэрэр – Абищэлэм, ащ янагъэр Гъышыурым
ипачъыхьэу Тэлмай ыпхъоу МэIах; [4] яплIэнэрэр – Адоный, Хъаджэт
икIэлагъ; ятфэнэрэр – Щэфатый, Абитал икIэлагъ; [5] яхэнэрэр –
ИтрэIам, къэзылъфыгъэр Даут ишъхьагъусэу Iэгълэ. Ахэр Даут
Хъэурэн къыщыфэхъугъэх.

## Абинэррэ Даутрэ яззэгурыIоныгъ

[6] Саул иунагъорэ ащ готхэмрэ, Даут иунагъорэ ащ готхэмрэ
азыфагу зэмызэгъыныгъэ елъыфэ Абинэр Саул иунагъорэ ащ
готхэмрэ ягъусэу Iэшъхьэтетныгъэ IэнатIэм щылъыкIотагъ. [7] Айэ
ыпхъоу РицпэкIэ заджэхэрэр Саул ишъузгуадзэщтыгъ. Саул
ыкъо Ищбощэт Абинэр риIуагъ: «Сятэ ишъузгуадзэщтыгъэм
дэжь сыда узкIихьэщтыгъэр?» [8] Ищбощэт къыриIуагъэм лъэшэу
къыгъэгубжыгъэу Абинэр ащ риIожьыгъ: «Сыкъумал къыпшIошIа?
Ехъудэм сыпэшIуекIоу, уятэу Саул, ащ ышхэмрэ иныбджэгъухэмрэ
сагоуцуагъ, ори Даут ыIэ уислъхьагъэп, ау бзылъфыгъэм пае
псэкIодэу сшIагъэр къыспэоIэты. [9–10] Пачъыхьагъур Саул иунагъо
къызэрэIэкIихыжьыщтыр, Даут ипачъыхьагъу Дан къыщегъэжьагъэу
БэрщэбаI нэсыжьэу Израилымрэ Ехъудэмрэ зэращигъэуцущтыр

[j][3] ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтым фэдэу, Даут иятIонэрэ кIалэ ыцIэ урыс синодальнэ Библием зэрэхэтыр Далуиа.

Тхьэм къыIуагъ. Зиусхьаным Даут къыдишIыгъэ зэзэгъыныгъэр
зысимыгъэцэкIэжькIэ, ифэшъуаши ащ нахьыбэжьи Тхьэм Абинэр
рерэгъэгъот!» [11] Арти Ищбощэт Абинэр зыпари риIожьышъугъэп,
сыда пIомэ ар ащ щыщынэщтыгъэ.

[12] Ащ ыуж Абинэр Даут дэжь лIыкIохэр ыгъакIохи ригъэупчIыгъэх:
«Орба мы чIыгур зыIэ илъыщтыр? Iуагъэ зэдэтэгъэшIи, израил
лъэпкъыр зэрэщытэу къыбгоуцоным пае гъусэ сыпфэхъущт».
[13] Арти къырарыгъэIожьыгъ: «Дэгъу, Iуагъэ къыбдэсшIыщт, ау
зыгорэкIэ сыолъэIущт – Саул ыпхъоу Михэл къыздэмыщагъэу
укъысIукIэнэу укъызыкIокIэ, зыозгъэлъэгъущтэп». [14] Ащ ыуж
Саул ыкъо Ищбощэт дэжь Даут лIыкIохэр ыгъакIохи раригъэIуагъ:
«Фылист нэбгыришъэм яукIытапIэхэу къапысыупкIыгъэхэр уасэу
зыфэстыгъэ сишъузэу Михэл къысэтыжь». [15] Арти Ищбощэт ащ
лъигъакIохи, илI, Лаиш ыкъо Палтый, къытырихыжьыгъ. [16] ЛIыр
ауж къихьи, Бахъурим нэс гъызэ къадэкIуагъ; ау Абинэр «Гъэзэжь!»
ащ зыреIом, адрэм ыгъэзэжьыгъ.

[17] ЕтIанэ Абинэр Израилым инахьыжъ упчIэжьэгъухэм ариIуагъ:
«Даут шъуипачъыхьэнэу тапэкIэ шъуфэягъэшъ, [18] шъуигухэлъ
джы къыздэжъугъэхъун шъулъэкIыщт. Сыда пIомэ Зиусхьаным
Даут къыгъэгугъагъ: „СиIумэтэу Даут ишIуагъэкIэ сиизраил
лъэпкъ фылистхэми адрэ ипый пстэуми ащысыухъумэщт“».
[19] Ар дэдэр Абинэр быняминхэми ариIуагъ. ЕтIанэ Абинэр
зэрэ-Израилэуи бынямин лIакъоми зэрэщытэу яшIоигъоныгъэ
зыфэдэр къыфиIотэнэу Даут дэжь Хъэурэн кIуагъэ. [20] Нэбгырэ
тIокI игъусэу Абинэр Даут дэжь Хъэурэн къэкIуагъ, Абинэррэ
ащ игъусэхэмрэ ешхэ-ешъо Даут къафишIыгъ. [21] Арти Абинэр
Даут риIуагъ: «Сизиусхьанэу пачъыхьэм зэрэизраил лъэпкъэу
Iуагъэ къыдишIыным, къыIукIэнхэм, ыгу къызэриIоу зэкIэми
япачъыхьаным пае сыкIонышъ къыфесщэлIэщт». Даут Абинэр
ытIупщыжьыгъ, адрэми мамырэу ыгъэзэжьыгъ.

## Абинэр зэраукIыгъэр

[22] Даут идзэкIолIхэу, Иоаб игъусэхэу чIыпIэ зэфэшъхьафмэ
къащызэуагъэхэр мылъкушхо къыздащи къэкIожьыгъэх. Ау
Абинэр Даут ытIупщыжьыгъагъэти, Даут дэжь, Хъэурэн, ар
щыIэжьыгъэп, ащ мамырэу ыгъэзэжьыгъагъ. [23] Иоабрэ дзэу ащ
игъусагъэмрэ къызагъэзэжьым, Нэр ыкъо Абинэр пачъыхьэм
дэжь къызэрэкIогъагъэри, адрэм ар зэритIупщыжьыгъэри,
мамырэу зэригъэзэжьыгъэри къыфаIотагъэх. [24] Арти Иоаб
пачъыхьэм дэжь къакIуи къыриIуагъ: «Сыда пшIагъэр? Абинэр
уадэжь къэкIогъагъ, сыда ар зыкIэптIупщыжьыгъэр, мамырэу
зыкIебгъэгъэзэжьыгъэр? [25] Нэр ыкъо Абинэр зыфэдэр ошIэба:
уигъэпцIэнэу, угу зыришIыкIынэу, уидэхьапIи уидэкIыпIи – зэкIэ
пшIэрэр пкIэкIишIыкIыным пае ар мыщ къызкIэкIогъагъэр».
[26] Ащ ыуж Иоаб Даут дэжь къикIыжьи Абинэр лъыригъэжьагъэх;
Бэр-Сирэ чIыпIэм нэсыжьыгъэу, Даут щымыгъуазэу ащ
къырагъэгъэзэжьыгъ. [27] Абинэр Хъэурэн къызегъэзэжьым, Iоф шъэф
горэм пае дэгущыIэщт фэдэу зыригъэшIзэ, Иоаб ар къэлапчъэхэм
акIоцIырищи, укъызщымылъэгъощт къогъу горэм дэжь ыныбэ
щыхэпыджагъ. Джаущтэу Иоаб ышэу Iасаел ылъэу ыгъэчъагъэм
Абинэр текIодэжьыгъ.

## Абинэр ихьадэгъу Даут къызэрэзыхишIагъэр

[28] Ащ ыуж Даут къэбарыр зишIагъэр. «Нэр ыкъо Абинэр ылъэу
агъэчъагъэм сэри сипачъыхьагъуи тилажьэ Зиусхьаным ыпашъхьэ
егъашIи щыхэлъынэп. [29] Иоабрэ ащ ятэ иунагъорэ зэрэщытэу лажьэр
атерэф, Иоаб иунагъо щынуз зиIэхэм, бэгушIоIунэ хъугъэхэм, е
бэщыр зикIэгъэкъон сэкъатхэм, е чатэкIэ хагъафэхэрэм, е зышхын
зэзымыгъотылIэжьхэрэм егъашIэм ащэрэмыкI». [30] ГъыбIон дэжь
щыкIогъэ заом Iасаел зэрэщиукIыгъагъэм пае ащ ышхэу Иоабрэ
Абищайрэ Абинэр зыкIаукIыжьыгъэр.

31 Даут Иоабрэ ащ игъусэ цIыфхэмрэ унашъо афишIыгъ:
«Шъуищыгъынхэр зэIышъутхъхи, дзыопхъэ шэкI пхъашэм
хэшIыкIыгъэ шъыгъошъэ джанэхэр зыщышъулъэхи, Абинэр
жъугъае». Ар зыдэлъ пхъэмбаим ыуж итэу пачъыхьэу Даут
кIощтыгъэ. 32 Абинэр Хъэурэн щагъэтIылъ зэхъум, ащ икъэ дэжь
щытэу пачъыхьэм лъэшэу ар ыгъэягъ; зэкIэ цIыфхэми ар агъэягъ.
33 ЕтIанэ пачъыхьэм гъыбзэ ащ фызэхилъхьагъ:

«Абинэр фэдэр ара делэгъэ лIакIэр зэпэсыгъэр?
34 О пIэхэр пхыгъагъэхэп,
плъакъохэми пшъэхъухэр ателъыгъэп,
бзэджашIэхэм цIыфыр зэраукI хабзэу,
жъалымыгъэкIэ узыхагъафэм».

Ащ цIыфхэр зэкIэ джыри нахь къыгъэгъыгъэх. 35 ЦIыфхэр Даут
дэжь къакIохи гъомлапхъэм хэIанэу къызыраIом джыри мэфагъэ,
ау Даут тхьэлъанэ ышIыгъ: «Тыгъэр къомыхьафэ хьалыгъуми е
нэмыкI гори зызIузгъафэкIэ Тхьэм сифэшъуашэри нахьыбэжьи
серэгъэгъот». 36 ЦIыфхэм зэкIэми ар зэхахыгъэти, пачъыхьэм адрэ
ышIэрэ пстэури зэрягуапэщтыгъэм фэдэу мыдрэри ягопагъ. 37 Нэр
ыкъо Абинэр пачъыхьэм зэремыкIодылIагъэр зэкIэ дзэкIолIхэми
зэрэ-Израилэуи а мафэм къагурыIуагъ. 38 Пачъыхьэм иIумэтхэм
ариIуагъ: «Пэщэшхощтыгъэмрэ зы лIэу щытыгъэмрэ мы мафэм
Израилым зэрэщаукIыгъэр шъошIэба? 39 Сыпачъыхьанэу сшъхьэ
дагъэ къыщафагъэми, сэ джыри лъэкI сиIэгоп, мыдрэ лIыхэр,
Цырыуй ыкъохэр, сэщ нахь лъэшых. Бзэджагъэ зышIэрэ цIыф
бзаджэм ифэшъуашэ Зиусхьаным рерэгъэгъот!»

# ЯплIэнэрэ шъхьэр

## Ищбощэт зэраукIыгъэр

[1] Абинэр Хъэурэн зэрэщылIагъэм икъэбар Саул ыкъо Ищбощэт
зызэхехым, ыгу къышIуефэхыгъ, зэрэ-Израилэуи зытыриубытэщтыр
ымышIэу гумэкIым зэлъиштагъ. [2] Саул ыкъо Ищбощэт дзэ куп
хэушъхьафыкIыгъэмэ япащэхэу нэбгыритIу иIагъ, зым ыцIагъэр
БэIан, адрэм – Рехаб. Ахэм ятагъэр бынямин лIакъом къыхэкIыгъэу,
БэIэрот къалэм щыщэу Риммон. БэIэрот Бынямин хэкум
къыхиубытэщтыгъэ. [3] БэIэрот щыщхэр Гъытаим екIужьыгъагъэх,
хэхэсыцIэр яIэу джы къызнэсыгъэми ахэр ащ щэпсэух.
[4] Саул ибын къыхэкIыгъэу джыри зы кIалэ щыIагъ. Ар Саул
ыкъо Ионэтан икIалэу лъащэщтыгъэр ары. Ионэтанрэ Саулрэ
якъэбар ИзрыIэл къалэм къырахи къызагъэсым ащ ыныбжьыгъэр
илъэситф. Ар зыIыгъыщтыгъэ бзылъфыгъэм шъэожъыер
къыпхъуати къечъэжьагъ. ГуIэным хэтэу чъэзэ, къыIэпызи
тыригъэфэгъагъэти ары кIалэр лъащэ зыкIэхъугъагъэр. Ащ
зэреджэщтыгъэхэр Ищбощэт. [5] БэIэрот щыщ Риммон ыкъохэу
Рехабрэ БэIанрэ ежьэхи, щэджэгъонэстырым тефэу Ищбощэт иунэ
екIолIагъэх; щэджэгъо чъые ышIэу адрэр щылъыгъ. [6] [k]Рехабрэ
ышэу БэIанрэ коц къырахыщт фэдэу унэм ихьэхи, ащ ыныбэ
хэпыджэхи къыкIатхъужьыгъ. [7] Унэм ихьэгъагъэх, чъыяпIэм ит
пIэкIорым ар илъыгъагъэти, ахэр ащ еохи аукIыгъагъ, ышъхьэ
къышIуаупкIыгъагъ. Ар къыздашти, чэщ ренэм Араба шъофнэкIым
итхэу кIуагъэх. [8] ЕтIанэ Ищбощэт ышъхьэ Даут дэжь Хъэурэн
къахьи пачъыхьэм раIуагъ: «Мары Ищбощэт, упсэ ыуж итыгъэ

---

[k][4] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [Унагъом икъэблэчъэIутэу коцыр зэхэзышыпыкIыщтыгъэр къечъыехи хэчъыягъ]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

уипыеу Саул ыкъо ышъхьэ; тизиусхьанэу пачъыхьэм пае Саули ащ
ибыни яфэшъуашэр Зиусхьаным аригъэгъотыжьыгъ».
[9] Ау Даут БэIэрот щыщ Риммон ыкъохэу Рехабрэ ащ ышэу
БэIанрэ ариIожьыгъ: «Къиныгъо пстэуми спсэ ащызыухъумэгъэ
Зиусхьаныр зэрэщыIэр сэIо! [10] „Мары Саул лIагъэ“, – ыIоу къэбар
къысфэзыхьыгъэр, мэкъэшIу къысигъэIугъэу зылъытэщтыгъэр
сыубыти Цыкълагъ щязгъэукIыгъ. Джары къэбарышIоу къыхьыгъэм
пае сэ ащ фэзгъэшъошагъэр. [11] Адэ джы лажьэ зимыIэ цIыфыр
иунэ илъэу пIэм хэзыукIыхьэгъэ бзэджэ-наджэхэм аIэкIэ
хьакъынчъэу агъэчъэгъэ лъыр ясымыгъэпщыныжьынэуи, чIыгум
тесымыгъэкIодыкIынхэуи?» [12] Ащ тетэу Даут идзэкIолIхэм унашъо
афишIи, ахэр аригъэукIыгъэх, аIэхэмрэ алъакъохэмрэ паупкIхи,
Хъэурэн дэт псыутIэм дэжь щыпалъагъэх. Ищбощэт ышъхьэ
Хъэурэн щагъэтIылъыгъэ Абинэр икъэ дычIалъхьажьыгъ.

# Ятфэнэрэ шъхьэр

### Даут Израилымрэ Ехъудэмрэ япачъыхьэ зэрэхъугъэр

[1] Ащ ыуж Израилым илIэкъо пстэури Даут дэжь Хъэурэн
къэкIохи къыраIуагъ: «Тэри ори зыл тыщыщ шъыпкъ. [2] Нахьыпэм,
Саул зыщыпачъыхьагъэм, израилыдзэхэм урягъуазэу заом
Iупщэщтыгъэхэба. Зиусхьаным о къыуиIуагъ: „Мэлахъом Iэхъогъур
хъупIэшIум зэрифырэм фэдэу, сиизраил лъэпкъ зезыщэщтыр оры,
Израилым ипэщэщтыр оры“». [3] Израилым инахьыжъ упчIэжьэгъухэу
пачъыхьэм дэжь Хъэурэн къэкIогъагъэхэм пачъыхьэу Даут
Зиусхьаным ыпашъхьэ Iуагъэ ащыдишIыгъ; зэрэ-Израилэу
ипачъыхьанэу Даут ышъхьэ дагъэ щафагъ. [4] Даут пачъыхьэ зэхъум
ыныбжьыгъэр илъэс щэкI; зэрэпачъыхьагъэр илъэс тIокIитIу.
[5] Хъэурэн дэсэу илъэсиблрэ мэзихрэ Ехъудэм ипачъыхьагъ,
Ерыусэлэм дэсэу илъэс щэкIырэ щырэ Израилымрэ Ехъудэмрэ
зэрэщытэу япачъыхьагъ.

## Даут Ерыусэлэм зэриштагъэр

[6] ЕтIанэ пачъыхьэу Даутрэ ащ идзэхэмрэ Ерыусэлэм аштэнэуи
а чIыпIэм щыпсэурэ еусхэм язэонхэуи ежьагъэх. Ау адрэхэр
«Даут мыщ къыдэхьашъущтэп» аIозэ егупшысщтыгъэхэти, Даут
къыраIуагъ: «Мыщ укъыдэхьашъущтэп, нэшъухэри лъащэхэри
къыозэожьышъущтых». [7] Ау Цион пытапIэр Даут ыштагъ: ыужкIэ
Даут икъалэкIэ ащ еджагъэх. [8] Арти а мафэм Даут ыIуагъ: «Еусхэр
шъуукIынхэу шъуфаемэ, къалэр зытет къушъхьэм пхыраутыгъэ
псырыкIуапIэмкIэ шъукIуи, Даут зыфэмылъэгъухэу зыфаIорэ
нэшъухэмрэ лъащэхэмрэ шъуащытебан». «Нэшъухэмрэ лъащэхэмрэ
Зиусхьаным иунэ ихьашъущтхэп» джары зытыраIукIыгъэри. [9] Ащ
ыуж Даут пытапIэм дэтIысхьи, Даут икъалэкIэ ащ еджагъ. ЫкIыбкIи,
ыкIоцIкIи, тыдэкIи ар зэкIигъэпытыхьагъ. [10] Джащ тетэу Даут
иIофхэр нахьышIоу кIохэзэ, нахь лъэши, нахь лъэрыхьи хъущтыгъэ.
Зиусхьанэу ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэ Тхьэр ащ игъусагъ. [11] ЕтIанэ
Цэур ипачъыхьэу Хьирам лIыкIохэр Даут дэжь къыгъэкIуагъэх,
кедр пхъэхэр къыфаригъэщагъэх, пхъашIэхэмрэ унэзэтелъхьэхэмрэ
къыгъэкIуагъэхэти, ахэм Даут къэлэсэрай фашIыгъ. [12] Джащ тетэу
Израилым ипачъыхьанэу Зиусхьаным зэрэтыригъэхьагъэри, Ежь
иизраил лъэпкъ пае ипачъыхьагъу зэрахиIэтыкIыгъэри Даут
къыгурыIуагъ.

## Даут икIалэхэр

[13] Даут Хъэурэн къызыдэкIыжьым ыуж, Ерыусэлэм дэсзэ,
шъузхэри шъузгуадзэхэри джыри къыщагъэх. Арти шъаохэмрэ
пшъашъэхэмрэ бэу джыри ащ къыщыфэхъугъэх. [14] Ерыусэлэм
къыщыхъугъэхэм мары ацIэхэр: ЩаммыуаI, Щэубаб, Нэтан,
Сэлмэн, [15] Ипхъар, ЕлышыуаI, Нэфэгъ, ЯфиаI, [16] ЕлыщэмаI, ЕладаI,
Елыфэлэт.

## Фылистхэм зэратекIуагъэхэр

[17] Израилым ипачъыхьанэу Даут дагъэ зэрэщафагъэр зызэхахым,
ар къаубытыным пае фылистхэр лъыхъухэу къезэрэфыжьагъэх.
Ар Даут зызэхехым пытапIэм екIугъ. [18] Джы фылистхэр къэсхи
РэфаIим кIэим къыщыуцугъэх. [19] Арти Даут Зиусхьаным еупчIыгъ:
«Фылистмэ сязаомэ хъущта? Ахэм сатебгъэкIощта?» Зиусхьаным
Даут къыриIожьыгъ: «КIо, фылистхэр Сэ, шъыпкъэмкIэ, пIэ
къыслъхьащтых». [20] ЕтIанэ Даут БэIал-Фэрацим кIуи, ахэр ащ
щызэхикъутагъэх. Даут ыIуагъ: «Псы къиугъэм зэкIэ зэрыздихьырэм
фэдэу, Зиусхьаным сипыйхэр, слъэгъузэ, сыпырт ригъэфагъэх».
Джары а чIыпIэм БэIал-ФэрацимкIэ [l]зыкIеджагъэхэр. [21] Теплъэ
зэфэшъхьафхэр зиIэ тхьэ папкIэхэу ашIыгъэхэр фылистмэ
къагъэнагъэхэти, ахэр Даутрэ идзэкIолIхэмрэ чIыпIэ горэм
Iуащыгъэх.
[22] Ащ ыужи фылистхэр къакIохи РэфаIим кIэим къыщыуцугъэх.
[23] Арти ышIэщтымкIэ Даут Зиусхьаным [m]зеупчIым, Ащ
къыриIожьыгъ: «УапэмыгъокIэу, мэркIо чъыгхэр зыщызэхэт
чIыпIэм кIуи, акIыбкIэ къикIи къатебан. [24] ЕтIанэ дзэм икIо
макъэ мэркIо чъыгмэ ашъхьагъкIэ къыщыIоу зызэхэпхкIэ ежь,
сыда пIомэ фылистыдзэм утекIоным пае Зиусхьаныр уапэ
итыщт». [25] Зиусхьаным къыриIуагъэм тетэу Даут зекIуагъэ, ГъэбаI
къыщегъэжьагъэу Гъэзэр нэс фылистхэр щызэхикъутагъэх.

---

[l][5] БэIал-Фэрацимым къикIырэр: Тхьэу сыпырт изгъэфагъэхэр.

[m][6] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [фылистмэ апэшIуекIоу апэуцужьмэ, ахэр ыIэ къиригъэхьащтхэмэ ыIуи Даут Зиусхьаным еупчIыгъ]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

# Яхэнэрэ шъхьэр

### Тхьэм ипхъонтэ лъапІэ Даут Ерыусэлэм къызэрихьыжьыгъэр

[1] Ащ ыуж Израилым идзэкIолI анахь лIыбланэхэр зэкIэ
нэбгырэ мин щэкI хъухэу Даут къызэIуигъэкIагъэх. [2] ЕтIанэ
Тхьэм ипхъонтэ лъапIэу, ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэ Зиусхьаным
ыцIэкIэ зэджагъэхэу, Ар къэрыубхэм [+[7]]атесэу зытешIыхьагъэр
къыдахыжьыным пае Даутрэ идзэкIолIхэмрэ зэкIэ ехъуд къалэу
БэIал кIуагъэх. [3] Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ Абинэдау иунэу Iуашъхьэм
тетым къырахыжьи, ку зэкIэт ашIыгъакIэм къырагъэуцуи
къыращэжьэжьыгъ. Абинэдау икIалэхэу Iузэрэ Ахъиурэ ку зэкIэтыр
къащэщтыгъэ. [4] Ахъиу Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ зэрытыгъэ ку зэкIэтым
ыпэ итыгъ. [5] Даути израил лъэпкъ пстэури шъонтрыпхэм, нэмыкI
пщынэ лъэпкъ зэфэшъхьафхэмрэ Iэпэ одыджынхэмрэ Зиусхьаным
ыпашъхьэ щяощтыгъэх, орэдхэр къаIощтыгъэх, къашъощтыгъэх.

[6] Нэхъон ихьамэщ дэжь къызэсхэм, кум кIэшIэгъэ цухэм Тхьэм
ипхъонтэ лъапIэ къагъэукъончыгъэти, ар къемыфэхыным пае Iузэ
ыIэ ыщэи ичIыпIэ ригъэуцожьыгъ. [7] Ау емынэгуеу Тхьэм ипхъонтэ
лъапIэ зэрэнэсыгъэм пае Зиусхьаныр Iузэ лъэшэу къыфэгубжи,
къытыригъафи, Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ дэжь ар щылIагъ.
[8] Зиусхьаным Iузэ сыпырт зэрэригъэфагъэм пае Даут губжыгъэ. А
чIыпIэм джы къызнэсыгъэми «Iузэ сыпырт зыщырагъэфагъэр» аIозэ
еджэх. [9] А мафэм Даут Зиусхьаным лъэшэу щыщти, зэриIожьыгъ:
«Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ таущтэу къэсыухъумэхэн?»
[10] Арти Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ ежь ыдэжь, Даут икъалэ,
даримыгъахьэу, гъытытмэ ащыщэу Iабэд-Едом иунэраригъэуцуагъ.

---

[+[7]]къэрыубхэр: ошъогу псэушъхьэ тэмабгъох. Ахэм ятеплъэ зиIэу дышъэм хэшIыкIыгъэхэр тIу хъухэу Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ шъхьащытыгъэх. Къэрыубмэ атамэхэр Тхьэр зыдэщыIэ чIыпIэу ары зэралъытэрэр. Еплъ: Мосэ иятIонэрэ тхылъ 25:18-20; 37:7-9.

[11] Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ гъытытэу Iабэд-Едом иунэ мэзищэ
итыгъэти, Iабэд-Едоми, иунагъуи, имылъкуи зэрэщытэу Зиусхьаным
ынэшIу къащыфагъ.
[12] «Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ пае Iабэд-Едом иунагъуи ащ иIэ
пстэуми Зиусхьаным ынэшIу къащыфагъ» аIуи, пачъыхьэм къэбар
къыфахьыгъ. Ащ лъыпытэу Даут гушIуагъом хэтэу Тхьэм ипхъонтэ
лъапIэ лъыкIуи, Iабэд-Едом иунэ къырихыжьи, Даут икъалэ ар
къыхьыжьыгъ. [13] Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ къэзыхьхэрэм
лъэбэкъуих задзым, быгъурэ шкIэкIэ зишIугъорэ къурмэн ащ
ышIыгъ. [14] Зиусхьаным ыпашъхьэ итэу Даут пкIэтэ-лъатэзэ
чъэщтыгъэ; Даут къурмэнышI чэтэнIабгъур пэIупхъогъагъ.
[15] Джаущтэу Даутрэ израил лъэпкъымрэ къыхэкуукIхэзэ, сырынэмэ
къяпщэхэзэ, Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ къахьыщтыгъэ.
[16] Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ Даут икъалэ къыдахьэ зэхъум, Саул
ыпхъоу Михэл шъхьангъупчъэм къиплъи, Зиусхьаным ыпашъхьэ
Даут зэрэщыдэпкIаерэмрэ къызэрэщышъорэмрэ къызелъэгъум,
ыгукIэ къыкIэнэкIагъ.
[17] Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ къахьи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм,
Даут чIыпIэу щыфигъэнэфэгъагъэм агъэуцуи, Зиусхьаным ыпашъхьэ
къурмэнгъэстрэ зэгурыIоныгъэ къурмэнрэ Даут щишIыгъэх.
[18] Къурмэнгъэстрэ зэгурыIоныгъэ къурмэнрэ зешIыхэм ыуж
Зиусхьанэу ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэм ыцIэкIэ шIоу щыIэ
пстэури къыдэхъунэу лъэпкъым фэлъэIуагъ. [19] Ащ ыуж Израилым
ицIыф пстэуми, хъулъфыгъэхэми бзылъфыгъэхэми хьалыгъу
джэгурыдзэ, финик гъэгъугъэ зэхэгъэчъыхьэгъэ такъыр зырыз ыкIи
сэнэшъхьэгъугъэ афаригъэгощыгъ. ЕтIанэ цIыфхэр зэкIэ шъхьадж
иунэ екIужьыгъэх.
[20] Иунагъо исхэм Тхьэм ынэшIу къащыфэмэ зэрэшIоигъор
ариIонэу Даут ядэжь къыгъэзэжьыгъ. Ишъхьагъусэу, пачъыхьэу
Саул ыпхъоу Михэл къыпэгъокIи, къыриIуагъ: «УкIытэ зымышIэрэм
зызэришIытэжьынэу Израилым ипачъыхьэ иIумэтмэ яунэIут

бзылъфыгъэхэм апашъхьэ зыщитIэкIи, делэм фэдэу непэ
зыкъызщешIытэжьым, боу къахэщыпагъэм!» [21] Арти Даут Михэл
риIуагъ: «Уяти ащ иунагъуи зэрэщытэу къаблэIабыкIи Зиусхьаным
илъэпкъэу Израилым илIышъхьэу сызышIыгъэ Зиусхьаным
ыпашъхьэ сыкъыщешIагъ. Зиусхьаныр згъэлъапIэу ыпашъхьэ джыри
сыщычэфыщт; [22] нахь лъэшыжьэуи зызгъэцIыкIущт, сэр шъыпкъэми
сыгу зыфэмыкIожьэу зызгъэпсыщт, а зигугъу къэпшIырэ унэIут
бзылъфыгъэхэм сищытхъу нахь аIощт». [23] Саул ыпхъоу Михэл
илIэжьыгъо мафэ къэсыфэ сабый къыхэкIыгъэп.

# Яблэнэрэ шъхьэр

## Тхьэм Даут къызэригъэгугъагъэр

[1] Пачъыхьэр иунэ гупсэфэу исэу, Iэгъо-благъом щыпсэурэ
пыйхэр Зиусхьаным ащ къытыримыгъэбанэхэу зыригъэгъэпсэфзэ,
[2] пачъыхьэм тхьэлIыкIоу Нэтан риIуагъ: «Кедрым хэшIыкIыгъэ унэм
мары сэ сис, ау Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэт».
[3] Арти Нэтан пачъыхьэм къыриIожьыгъ: «Угу илъыр зэкIэ шIэ, сыда
пIомэ Зиусхьаныр уигъусэ».

[4] Ау а чэщ дэдэм Зиусхьаным ыдэжь къикIыгъэ псалъэр Нэтан
къылъыIэсыгъ: [5] «КIуи сиIумэтэу Даут еIу: „Зиусхьаным ыIорэр
мары“: Сэ сисынэу ора джы унэ сфэзышIыщтыр? [6] Израил цIыфхэр
Мысырым къызисщыжьыгъэхэм щегъэжьагъэу унэ симыIэу
къадэскIухьэзэ, непэ къызнэсыгъэми чэтэнгъэIагъэм сычIэтзэ
къэсэхьы. [7] Израил цIыфхэм сырягъусэу тыдэ сыщыIагъэми, „Кедр
чъыгым хэшIыкIыгъэу сыд пае унэ сфэшъумыгъэуцура?“ сIоу
Сиизраил лъэпкъ ипэщэнэу пшъэрылъ зыфэсшIыгъэ лIакъомэ
ащыщ горэм есIуагъа? [8] Арышъ сиIумэтэу Даут мыщ фэдэу
сфеIу: Зиусхьанэу ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэм ыIорэр мары:
Сиизраил лъэпкъ илIышъхьэ ухъуным пае мэл Iэхъогъум Сэрба
укъыхэзыщыгъэр? [9] Тыдэ укIуагъэми сыуигъусагъ, уипый пстэуми

кIодыкIаер къафэсхьыгъ, дунаим щызэлъашIэрэ цIыфышхомэ
афэдэу пцIэ чыжьэу згъэIущт. [10] Сиизраил лъэпкъ чIыпIэ
къыфэзгъэотыщт, ылъапсэхэр згъэпытэщтых, гупсэфэу чIыпIэ ар
исыщт, ащ нахьыбэри гумэкI хэтыжьыщтэп, бзэджэ-наджэхэм
язэрари ащ къырагъэкIыжьыщтэп, ыпэкIэ [11] Сиизраил лъэпкъ
хьыкумышIхэр Iэшъхьэтет зыфэсшIыгъэхэм къыщегъэжьагъэу
зэрэщытыгъэм фэдэу. Уипый пстэури къыптесымыгъэбанэу
зыозгъэгъэпсэфыщт. Уиуиунагъо итетыгъо ыгъэпытэнэу
Зиусхьаным етIани укъегъэгугъэ. [12] КъэбгъэшIэнэу щытыр
къэбгъэшIагъэу, уятэхэр зыдэщыIэм зыбгъэзэжькIэ, къыппыкIыгъэу
уаужкIэ псэущтыр къэзгъэтэджыжьыщт, ипачъыхьагъу згъэпытэщт.
[13] Джары Сэ сцIэ пае унэ зыгъэуцущтыр. Ащ ипачъыхьагъу егъашIэм
Сэ щызгъэIэщт. [14] Сэ ащ сырятэщт, ежь Сэ сикIэлэщт, псэкIод
зишIэкIэ, цIыфыр зэрагъасэ хабзэу чырэ IэкIэрэ сыпыухьащт,
цIыфхэр къезгъаохэзэ, ифэшъуашэр езгъэгъотыщт; [15] ау ощ пае
щызгъэзыий Саул сигукIэгъу зэрэхэсыныгъэм фэдэу ар хэсыныщтэп.
[16] Уиунагъуи уипачъыхьагъуи сапашъхьэ егъашIэм итыщтых,
уитетыгъуи егъашIэм къызэщыкъощтэп“». [17] Джары Тхьэм Нэтан
зэкIэ къыриIуагъэхэу, къыригъэлъэгъугъэхэу Даут риIожьыгъэхэр.

## Даут Тхьэм зэрелъэIугъэр

[18] ЕтIанэ пачъыхьэу Даут кIуи, Зиусхьаным ыпашъхьэ иуцуи
ыIуагъ: «Сыхэт сэ, Зиусхьанэу Тхьэр, сиунагъуи зыщыщыр сыд, ащ
фэдизым нэсэу сызлъыпщэным пае! [19] Ар имыкъунэу О плъытагъэ,
Зиусхьанэу Тхьэр; уиIумэт иунагъо къырыкIощтым икъэбар
къэбгъэIугъ. Аущтэу зэрэхъущтыр сэ, цIыфым, къэсэогъашIэ,
Зиусхьанэу Тхьэр! [20] Сыда джыри Даут О къыуиIон ылъэкIыщтыр?
Зиусхьанэу Тхьэр, уиIумэт зыфэдэр ошIэ! [21] Къызэрэбгъэгугъагъэм
пае угу къызэриIорэм фэдэу а Iофышхор уиIумэт къыфызэIоохы.
[22] СыдрэмкIи О, Зиусхьанэу Тхьэр, уапшъэ кIошъун щыIэп,
сыда пIомэ Ощ нэмыкI зэрэщымыIэми, Ощ фэдэ хъунэу Тхьэ

зэрэщымыIэми икъэбар тэ сыдыгъуи зэхэтхыщтыгъэ. [23] Уиизраил
лъэпкъ, Тхьэр къызфэкIогъэ лъэпкъ закъоу дунаим тетым хэт фэдэн?
Ежь ыцIэ къырырашIэжьыным паеба къыгъэнэжьыгъэ лъэпкъыр
мысырхэм къызкIахищыжьыгъэр, нэмыкI лъэпкъхэмрэ тхьэхэмрэ
зэбгырыпфхи, къахэпхыгъэ уилъэпкъ лъэкIэуи щынэгъуагъэуи
пхэлъхэр нэрылъэгъу къыфэпшIыгъэба? [24] Уиизраил лъэпкъ
зыкъоуубыти, Ощ пае егъэшIэрэу зыкъобгъэпытыхьагъ, О,
Зиусхьан, Тхьэ ащ уфэхъугъ. [25] Зиусхьанэу Тхьэр, О уиIумэтрэ
ащ иунагъорэ яхьылIагъэу къэпIуагъэр егъэшIэрэу джы гъэпытэ,
О пIуагъэри гъэцакIэ. [26] „Зиусхьанэу ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэ
Тхьэр – Израилыр зыIэ илъ Тхьэр“ аIозэ, егъашIэми о пцIэ
агъэлъэпIэщт. УиIумэтэу Даут иунагъуи къэплъэгъузэ ылъапсэ
пытэщт. [27] Зиусхьанэу ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэу, Израилым и-Тхь,
„Уиунагъо итетыгъо згъэпытэщт“ пIуи, уиIумэт къызэрепIуагъэм
пае сыкъыолъэIунэу гу тесшIыхьагъэу, О уиIумэт джащ фэдэ
тхьэлъэIур ыгу щызэригъэзэфагъ. [28] Арышъ, Зиусхьанэу Тхьэр!
Оры Тхьэр, о пIорэр шъыпкъэ, Оры ащ фэдэ къэбарышIур уиIумэт
къыфыхэзыщыгъэр! [29] ЕгъашIэм уапашъхьэ итынэу уиIумэт иунагъо
джы щегъэжьагъэу унэшIу къыщыпфэнэу сыолъэIу, сыда пIомэ Оры,
Зиусхьанэу Тхьэр, а къэбарыр къэзгъэIугъэр, О уиIэмыркIэ уиIумэт
иунагъо егъашIэм унэшIу щыфэгъэщт».

# Яенэрэ шъхьэр

## Даут итекIоныгъэхэр

[1] Ащ ыуж Даут фылистмэ атекIуи ахэр ыгъэIэсагъэх, Мэтэдж-Амэ
фылистмэ къаIэкIихыжьыгъ. [2] Мэуаб лъэпкъми текIуи, къаубытыгъэ
мэуабхэр чIыгум сатырэ-сатырэу тыригъэгъуалъхьэхи, сатырищ
пэпчъ тIум ателъхэр аригъэукIыгъэх. Ящэнэрэ сатырэм телъыгъэхэр
псэоу къагъэнэнхэу тыриубытагъ. Тын Iахьэхэр къыратынхэу
мэуабхэр Даут пщылIы аригъэшIыгъэх. [3] Псыхъоу Пэрат пэIулъ

чIыпIэм итетыгъо щигъэуцужь шIоигъоу Цэубэ ипачъыхьэу Рэхъоб
ыкъо ХъэдадIэзэр Даут къезэонэу къызежьэм, ащи ар текIуагъ.
4 Арти шыу минрэ шъиблрэ лъэсыдзэм щыщэу нэбгырэ мин тIокIырэ
ащ къытырихи, зэоным фытегъэпсыхьэгъэ кухэм акIэшIэгъэгъэ
шымэ зэкIэми ялъынтфэхэр Даут зэпаригъэгъэчъыгъэх, ежь
къызфигъэнэжьыгъэр куишъэм акIишIэщт шыхэр ары. 5 Шам щыщ
арамхэр Цэубэ ипачъыхьэу ХъэдадIэзэр къыдеIэнхэу къежьагъэх,
ау Даут арам нэбгырэ мин тIокIырэ тIурэ ыукIыгъ. 6 ЕтIанэ
Даут дзэ куп Шам дэс арамхэм якъэрэгъулынхэу ыгъакIуи, тын
Iахьэхэр къыратынхэу арамхэр ипщылI хъугъэх. Тыдэ кIуагъэми
Зиусхьаным Даут текIоныгъэр къыдыригъэхщтыгъэ. 7 Ащ ыуж
Даут ХъэдадIэзэр ипщылIмэ аIыгъыгъэ дышъэ мэIухэр къаIиххи
Ерыусэлэм къыщагъэх. n8 ХъэдадIэзэр икъалэхэу Бэтахърэ Бэротайрэ
джэрзыбэ Даут къадищыгъ. +[9]

9 Даут ХъэдадIэзэр идзэ зэрэтекIуагъэм икъэбар Хъэмат
ипачъыхьэу ТоIый зызэхехым, 10 ТоIый ХъэдадIэзэр езаощтыгъэти,
ащ зэрезэуагъэмрэ зэрэтекIуагъэмрэ апае шIуфэс къырихынэу,
къызэрэфэразэри къыриIонэу ыкъо Иорам ТоIый Даут дэжь
къыгъэкIуагъ. Тыжьыным, дышъэм, гъуаплъэм ахэшIыкIыгъэ
шыкъухэр Иорам ыIыгъыгъэх. 11 Пачъыхьэу Даут ахэри зытекIогъэ
лъэпкъ пстэумэ къатырихыгъэхэ тыжьынымрэ дышъэмрэ ягъусэхэу
Зиусхьаным фигъэшъошагъэх 12 Даут зытекIогъэ арамхэм, мэуабхэм,

---

n[8] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [Сэлмэн ыкъо РыхъэбыIам илъэхъаным мысыр пачъыхьэу Щыщакъ Ерыусэлэм къызытебанэм ахэр зэкIэ ыIэ къыригъэхьагъэх.]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

+[9]Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [Сэлмэн джэрзыхыри, джэрз пкъэухэри, зытхьакIыпIэхэри, зэкIэ хьакъу-шыкъухэри ащ харигъэшIыкIыгъэх]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

Іамонхэм, фылистхэм, Іамалэкъхэм, Цэубэ ипачъыхьэу Рэхъоб ыкъо
ХъэдадІэзэри ахэр къатырихыгъагъэх.
[13] КІэй ЩыугъэкІэ заджэхэрэм арам нэбгырэ мин пшІыкІуир
зыщызэхекъутэм Даут ыцІэ чыжьэу Іугъэ. [14] Ащ ыуж дзэ куп Едомым
щыкъэрэгъулынэу ригъэуцуагъ; зэрэ-Едомэу щыкъэрэгъулынэу дзэ
куп ригъэуцуагъэти, едомхэр зэкІэ Даут ипщылІ хъугъагъэх. Тыдэ
кІуагъэми Зиусхьаным Даут текІоныгъэр къыдыригъэхщтыгъэ.

### Даут икъулыкъушІэхэр

[15] Джаущтэу Даут зэрэ-Израилэу ипачъыхьагъ, зэрэлъэпкъэу
Даут ихьыкумышІщтыгъ, шъыпкъэм тетэу ащ дэзекІощтыгъ.
[16] Цырыуй ыкъо Иоаб дзэм иІэшъхьэтетыгъ, Ахъылыуд ыкъо
Иощэфат иупчІэжьэгъу шъхьаІэщтыгъ, пачъыхьэм иунашъохэр
цІыфмэ алъигъэІэсщтыгъэх. [17] Ахъытыу ыкъо Цэдокъ, Абыетар ыкъо
Ахъымэлэх къурмэнышІщтыгъэх, Сэрай тхакІощтыгъэ, хэгъэгум
къихъухьэрэ хъугъэ-шІагъэхэр ытхыжьынхэр ипшъэрылъыгъ;
[18] ИодаІ ыкъо Бэнай Даут иухъумэкІо шъхьагъырытхэу къэрэт,
пэлэт лъэпкъмэ ащыщхэм яІэшъхьэтетыгъ, Даут ыкъохэр
къурмэнышІщтыгъэх.

# Ябгъонэрэ шъхьэр

### Даутрэ Мэфибэущэтрэ

[1] Ащ ыуж Даут къыІуагъ: «Ионэтан ихьатыркІэ Саул ибынхэм
ащыщ горэм гукІэгъу фэсымышІыгъэу къэнагъа?» [2] ЦыбэкІэ
еджэхэу Саул иІумэт горэ щыІагъэти, ащ къеджэхи Даут дэжь
къащагъ. Даут ащ еупчІыгъ: «Ора Цыбэр?» Адрэм къыриІожьыгъ:
«Сэры, сыуиІумэт». [3] Арти пачъыхьэм ащ риІуагъ: «Саул ибынхэм
ащыщ горэ псэуа? Тхьэм ихьатыркІэ гукІэгъу фэсшІыщтыгъэ».
Цыбэ пачъыхьэм къыриІожьыгъ: «ЫІлъэкъуитІукІэ лъащэу Ионэтан
икІалэ псэу». [4] Пачъыхьэр ащ еупчІыгъ: «Тыда ар зыдэщыІэр?»

Цыбэ пачъыхьэм къыриIожьыгъ: «Iамиел ыкъоу къалэу Лэудэбар
дэс Махыр иунэ ис». 5 Арти пачъыхьэу Даут Iамиел ыкъоу Лэудэбар
дэс Махыр лъигъакIохи къаригъэщагъ. 6 Саул ыкъо Ионэтан икIалэу
Мэфибощэт Даут дэжь къакIуи, ыпашъхьэ зыщыридзыхи, чIыгум
нэс шъхьащэ къыфишIыгъ. Даут ащ риIуагъ: «Мэфибэущэт!»
Адрэм къыриIожьыгъ: «Мары, сыуиIумэт». 7 Арти Даут ащ риIуагъ:
«Умыщын, уятэу Ионэтан ихьатыркIэ гукIэгъу къыпфэсшIыщт,
уятэжъэу Саул ичIыгухэр къыостыжьынхэшъ, сиIанэ упэсэу
сигъомылэ пшхыщт». 8 Адрэм шъхьащэ къыфишIи къыриIуагъ:
«Сэщ фэдэ хьэ лIагъэм уеплъынэу уиIумэт сыда зыхэтыр?»
9 Арти пачъыхьэр Саул иIумэтэу Цыбэ къеджи, ащ риIуагъ: «Саул
иунагъо ыIэ илъыгъэ мылъкур зэкIэ уизиусхьан ыкъом ыкъожьым
есэтыжьы, 10 ащ ичIыгухэр ори, уикIалэхэми, уипщылIхэми
фэжъулэжьых, уизиусхьан ыкъом ыкъожьым ышхын иIэным пае
лэжьыгъэр къэшъухьыжь; узиусхьан ыкъом ыкъожьэу Мэфибощэт
сэ сиIанэ ренэу пэсыщт». Цыбэ кIэлэ пшIыкIутфрэ пщылIэу
нэбгырэ тIокIырэ иIагъ. 11 Цыбэ пачъыхьэм риIуагъ: «Сизиусхьан
иIумэт къыриIорэр зэкIэ уиIумэт ыгъэцэкIэщт». Пачъыхьэм
ыкъохэм афэдэу Мэфибощэт ащ иIанэ пэсыгъ. 12 МихэкIэ еджэхэу
Мэфибощэт шъэожъые иIагъ. Цыбэ иунагъо исхэр зэкIэ Мэфибощэт
иунэIутыгъэх. 13 Джаущтэу Мэфибощэт Ерыусэлэм дэсыгъ, сыда
пIомэ пачъыхьэм иунэ ренэу щышхэщтыгъ. Ар ылъэкъуитIукIи
лъэщагъэ.

# ЯпшIэнэрэ шъхьэр

### Iамонхэмрэ арамхэмрэ зэратекIуагъэхэр

1 Ащ ыуж охътэ тIэкIу тешIагъэу Iамонмэ япачъыхьэ лIи, ащ ыкъо
Хъаныун пачъыхьагъум техьагъ. 2 Арти «Ятэ къысфишIагъэм пае
Нэхъащ ыкъо Хъаныун гукIэгъу фэсшIын» ыIуи, Даут Хъаныун ятэ
зэрэщымыIэжьым пае фэтхьаусхэнхэу лIыкIохэр ыгъэкIуагъэх. Ау

Даут илIыкIохэр Iамон хэгъэгум къызэкIохэм, [3] Iамон лIышъхьэхэм
язиусхьанэу Хъаныун раIуагъ: «Уятэ лъытэныгъэу къыфишIырэм
пае тхьаусхакIохэр Даут уадэжь къыгъэкIуагъэхэу къыпшIошIа?
Къалэм иIоф зытет шъыпкъэр зэрагъэшIэнышъ, етIанэ зэхакъутэным
паеп шъуIуа Даут илIыкIохэр уадэжь къызкIигъэкIуагъэхэр?»
[4] Арти Хъаныун Даут илIыкIохэр аригъэубытхи, нэбгырэ пэпчъ
ыжакIэ икIэлъэныкъо тыраригъэупсыкIи, абгымэ анэсэу ящыгъын
IэпакIэхэр къыпаригъэупкIхи къытIупщыжьыгъэх. [5] А къэбарыр
Даут къызылъагъэIэсыжьым, анапэ лъэшэу къытырахыгъэти,
ахэм апигъэгъокIхи, пачъыхьэм араригъэIуагъ: «ШъужакIэхэр
къэкIыжьыфэхэ Ерихъэу шъукъыдэси, етIанэ шъукъэкIожь».
[6] Ащ ыуж Даут зэрэфэмылъэгъухэрэр Iамонхэм нафэ къызафэхъум,
къызгуащэнхэшъ, зыдагъэзэонхэм пае, Бэтрэхъобрэ Цэубэрэ ащыщ
арамхэм лъэсэу дзэкIолI нэбгырэ мин тIокI, МэIах ипачъыхьэ
ицIыфхэу нэбгырэ мин, Тэу щыщэу нэбгырэ мин пшIыкIутIу
къахащынхэшъ къаугъоинхэу цIыфхэр аIофтагъэх. [7] А къэбарыр
Даут зызэхехым израил дзэ хэшыпыкIыгъэ пстэури игъусэу Иоаб
заом ыгъэкIуагъ. [8] Iамонхэри къежьэхи ежьмэ якъалэ икъэлапчъэ
дэжь къэуцугъэх, Цэубэрэ Рэхъобрэ къарыкIыгъэ арамхэр, Тэурэ
МэIахрэ къарыкIыгъэ лIыхэр шъхьафэу шъофым къыщыуцугъэх.
[9] Пыидзэхэр ыпэкIи ыужкIи къызэрэпэуцугъэхэр Иоаб
къызелъэгъум, Израилым идзэкIолIмэ анахь лIыбланэхэр къахищхи
арамхэм апигъэуцугъэх. [10] Адрэ къэнагъэхэр Iамонмэ язэонхэм
пае ыгъэуцунхэу ышэу Абищай афигъэзагъ. [11] Иоаб ащ риIуагъ:
«Арамхэр сэщ нахь лъэшхэ зыхъукIэ, укъыздеIэщт; Iамонхэр
ощ нахь лъэшхэ зыхъукIэ, сыкъэкIонышъ сыкъыбдеIэщт.
[12] Зыгъэлъэш, тилъэпкъырэ Тхьэм къытитыгъэ къалэхэмрэ апае
зытэгъэгъэпыт. Зиусхьаным зэрэшIоигъоу зэкIэ ышIэн ылъэкIыщт».
[13] Ащ ыуж Иоаб къыгъэзэжьи, игъусэ дзэкIолIхэм къахэхьажьи
арамхэм заор задеублэм, адрэмэ кIатхъужьыгъ. [14] Арамхэм
ашъхьэ зэрэIуахыжьыгъэр Iамонхэм къызалъэгъум, Абищай

кӀэрыхъушъутыжьхи къалэм агъэзэжьыгъ. Арти Иоаб Ӏамонхэр
къыбгынэхи Ерыусэлэм кӀуагъэ.
15 Израил цӀыфхэр къызэратекӀуагъэхэр къызагурэӀом, арамхэр
къэзэрэугъоижьыгъэх. 16 Арти ХъэдадӀэзэр Пэрат псыхъом
зэпырыдзыгъэу щыпсэурэ арамхэм алъигъакӀохи, ХъэдадӀэзэр
идзэпащэу Щэубах ягъусэу, ахэр цӀыфпсэупӀэу Хъэлам
къекӀолӀагъэх. 17 Къэбарыр Даут зынагъэсым, зэкӀэ дзэкӀолӀхэр ащ
къыугъойхи, Иордан къызэпырыкӀи, Хъэлам кӀуагъэ. Арамхэр Даут
къыпэуцухи, къезэуагъэх. 18 Арти израилхэм защаухъумэзэ, арамхэр
ечъэжьэжьыгъэх. Арамхэм якухэу зэоным фытегъэпсыхьагъэхэм
афэдэу шъиблырэ шыу мин тӀокӀитӀурэ Даут зэхикъути, ядзэпащэу
Щэубахи ыуӀагъэти, а чӀыпӀэм ар щылӀагъ. 19 Израил цӀыфхэр
къызэратекӀуагъэхэр ХъэдадӀэзэр зипэщэгъэ пачъыхьэмэ зэкӀэми
къызагурэӀом, ахэр израил цӀыфхэм къяшӀухи, Ӏэрылъхьэ
закъыфашӀыгъ. Ӏамонхэм ащ нахьыбэрэ адеӀэнхэкӀэ арамхэр
щынэщтыгъэх.

# ЯпшӀыкӀузэнэрэ шъхьэр

### Имышъузэу БатщэбаӀ Даут зэрэкӀыгъугъэр

1 Гъатхэм икъихьагъум, пачъыхьэхэр заом зыщыкӀорэм, идзэкӀолӀ
пащэхэмрэ зэкӀэ израилылӀхэмрэ Иоаб игъусэхэу Даут заом
зегъакӀохэм Ӏамонхэм атекӀохи, Раббэ къалэ къадзыхьагъ; ау ежь
Даут Ерыусэлэм къыдэнэгъагъ.
2 Мафэ горэм, пчыхьэм фигъэзагъэу, Даут гъолъыпӀэм
къытетэджыкӀыжьыгъэу, пачъыхьэ унэм ышъхьагъ тетэу
тезэкӀухьэзэ, унашъхьэм къызеплъыхым, бзылъфыгъэу
зызгъэпскӀырэр къылъэгъугъ; а бзылъфыгъэр нэр пӀэпихэу дэхэ
дэдагъ. 3 Арти бзылъфыгъэр зыщыщыр къызэрагъэшӀэнэу Даут
ыӀофтагъэхэти, ЕлыӀам ыпхъоу, хъыт лъэпкъым щыщ Урый
ишъуз БатщэбаӀ арэу къэбар къыфахьыжьыгъ. 4 Ар къыфащэнэу

Даут иIумэтхэр лъигъэкIуагъэх; арти ар ащ дэжь къэкIуагъ,
ар ащ кIыгъугъ. Бзылъфыгъэ хабзэу къыфэкIогъагъэм ыуж
зыгъэкъэбзэжьыгъо мафэхэри блэкIыгъэхагъ. ЕтIанэ ащ ядэжь
къыгъэзэжьыгъ. [5] Бзылъфыгъэр лъэрмыхьэ хъугъэти, Даут дэжь
ыгъакIохи раригъэIуагъ: «Лъэрмыхьэ сыхъугъ».
[6] Арти Даут Иоаб дэжь ыгъакIохи раригъэIуагъ: «Хъыт лъэпкъым
щыщ Урый къысфэгъакIу». Иоаб Даут дэжь Урый ыгъэкIуагъ.
[7] ЕтIанэ Урый ащ ыдэжь къэкIуагъэти, Иоаб изытети, дзэкIолIхэм
язытети, заор зэрэкIорэми Даут акIэупчIагъ. [8] Даут Урый
риIуагъ: «Шъуадэжь кIожьи зыгъэпсэф». Урый пачъыхьэм иунэ
къикIыжьыгъ, пачъыхьэм ишIухьафтынхэр ащ кIэлъахьыгъэх. [9] Ау
Урый изиусхьан иухъумакIохэм ягъусэу пачъыхьэм иунэ ихьапIэ
дэжь чэщыр щырихыгъэ нахь ядэжь кIожьыгъэп. [10] Урый ядэжь
мыкIожьыгъэу аIуи Даут къэбар къызыфахьым, Даут Урый еупчIыгъ:
«Гъогум укъытекIыжьыгъэба, сыд пае шъуадэжь умыкIожьыгъа?»
[11] Ащ ипэгъокIэу Урый Даут къыриIожьыгъ: «Тхьэм ипхъонтэ
лъапIи, Израили Ехъуди ядзэкIолIхэр чэтэнгъэIагъэхэм ачIэсхэу,
сиIэшъхьэтетэу Иоаби, сизиусхьан идзэкIолIхэри шъофым итхэу
тадэжь сыкIожьынышъ, сышхэщт, сешъощт, сишъуз сыкIыгъущт
арба! О узэрэщыIэр, упсэ зэрэщыIэр сэIо, ау ар сшIэщтэп». [12] Арти
Даут Урый риIуагъ: «Непи мыщ къанэ, неущ устIупщыжьыщт». А
мафэми къыкIэлъыкIогъэ мафэми Урый Ерыусэлэм къыдэнэгъагъ.
[13] ЕтIанэ Даут ар къыригъэблэгъагъэти, Урый ащ дэжь щышхагъ
ыкIи щешъуагъ, оутэшъофэ Даут ар ригъэшъуагъ. Ау пчыхьэм Урый
изиусхьан ипщылIхэм ягъусэу игъолъыпIэ екIужьи чъыежьыгъэ
нахь ядэжь кIожьыгъэп.

**Даут Урый зэраригъэукIыгъэр**

[14] Пчэдыжьым Даут тхылъыпIэ тхьапэм тетхи, ар Урый рити
Иоаб фыригъэхьыгъ. [15] А тхылъыпIэм тыритхагъ: «КъыщауIэу,
хэкIодэным пае, заом ианахь жъотыпIэ горэм Урый Iужъугъэуцуи,

шъо шъукъызэкӀэкӀожь». [16] Арти къалэр аштэн зэхъум, Иоаб заор
анахь зыщыхьылъэн ылъэкӀыщтыр ешӀэти, Урый ащ ыгъэкӀуагъ.
[17] Къалэм дзэкӀолӀхэр къыдэкӀхи Иоаб къеззэуагъэх, Даут идзэкӀолӀмэ
ащыщхэр ащ дэжьым хэкӀодагъэх; джащ фэдэу хъытэу Урыий
къыщаукӀыгъ. [18] ЕтӀанэ заор зэрэкӀуагъэм икъэбар зэрэщытэу
лъагъэӀэсынэу Иоаб Даут дэжь ыгъэкӀуагъэх. [19] ЫӀофтагъэм
фигъэпытэзэ мырэущтэу риӀуагъ: «Заор зэрэкӀуагъэм икъэбар
фэпӀотэгъахэу, [20] пачъыхьэр зэрэгубжыщтым гу лъыптэу, „Сыд
пае шъуязэонэу къалэм ащ фэдизэу благъэу шъуекӀолӀэгъагъа?
Идэпкъхэм къарадзыххэзэ къызэрэшъутырадзэщтхэм
шъущыгъозагъэба? [21] ЕрыубэӀал ыкъо Абимэлэх хэта зыукӀыгъэр?
Бзылъфыгъэм мыжъо шъхьал къутафэр дэпкъым къыридзыхи ащ
къызтырегъафэм ыужба ар етӀанэ Тэбэц зыщылӀэжьыгъэр? Сыда ащ
фэдизэу благъэу дэпкъым шъузкӀекӀолӀэгъагъэр?“ къызыуиӀокӀэ, о
еӀожь: «УиӀумэтэу хъытэу Урыий джащ фэдэу щыӀэжьэп».
[22] Арти Иоаб иӀофтабгэ кӀуи, зыфигъэкӀуагъэр зэкӀэ Даут
фынигъэсыгъ, заор зэрэкӀуагъэм икъэбари зэрэщытэу фиӀотагъ.
[o] [23] АӀофтагъэм Даут риӀуагъ: «Ӏамон дзэкӀолӀхэр къыттекӀощтыгъэх,
къытэзэонхэуи шъофым къихьэгъагъэхэти, етфыжьэхи къалэм
идэхьэпӀэ къэлапчъэ нэс тфыжьыгъэх. [24] Ащ дэжьым дэпкъым
тетыгъэ псэгъаохэр уидзэкӀолӀхэм къызяохэм пачъыхьэм идзэкӀолӀмэ
ащыщ горэхэр хэкӀодагъэх; джащ фэдэу уиӀумэт хъытэу Урыий
хэкӀодагъ». [25] Ащ ыуж Даут Ӏофтабгэм риӀуагъ: «Иоаб мыщ фэдэу
еӀу: „Къэхъугъэм земыгъэгъэгумэкӀ, сыда пӀомэ модрэр мыдрэр ыӀоу

---

[o][10] Мы чӀыпӀэм мыщ фэдэ къэӀуакӀи иӀ: [Арти Даут Иоаб фэгубжи къаӀофтагъэм риӀуагъ: «Сыд пае шъузэонэу къалэм благъэу шъуекӀолӀэгъагъа? Хьауми дэпкъхэм къяоххэзэ шъукъызэрэхагъэфэщтыр шъушӀагъэба? Хэта ЕрыубэӀал ыкъо Абимэлэх зыукӀыгъэр? Бзылъфыгъэп шъуӀуа шъхьал къутафэр дэпкъым къезыдзыхи ащ къытезгъэфагъэр, етӀанэ ар Тэбэц щылӀэжьыгъэба? Сыд пае благъэу дэпкъым шъуекӀолӀэгъагъа?»] Мы къэӀуакӀэр ижъырэ урымыбзэмкӀэ зэрадзэкӀыжьыгъэ Ӏэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкӀэ атхыгъэ Ӏэпэрытхым хэтэп.

чатэм зэхэдз ышIырэп; къалэм пэшIуекIорэ заор гъэлъэши зэхэкъут“.
Ар еIуи, ыгу къыдэщай».
[26] ИлI зэрэщымыIэжьыр Урый ишъуз зызэхехым хьадагъэ ышIыгъ.
[27] Шъыгъон уахътэр ащ зеухым лъигъакIохи Даут ыдэжь ар
къаригъэщагъ, ишъуз хъуи, шъао къыфилъфыгъ. Ау Даут аущтэу
зэришIыгъэр Зиусхьаным ыгу рихьыгъэп.

# ЯпшIыкIутIонэрэ шъхьэр

### ТхьэлIыкIоу Нэтан Даут зэригъэмысагъэр

[1] Ащ ыуж Зиусхьаным тхьэлIыкIоу Нэтан Даут дэжь ыIофтагъэти,
ар ащ дэжь кIуи риIуагъ: «Зы къалэ горэм нэбгыритIу дэсыгъ: зыр
баигъ, адрэр тхьамыкIагъ. [2] Баим былымрэ мэлрэ бэу иIагъэх, [3] ау
тхьамыкIэм къалъфыгъакIэ шъынэ цIыкIоу къыщэфи ыхъугъэм
нэмыкI зыпари иIагъэп. ЗэрэфэлъэкIэу ащ пылъыщтыгъ, исабыйхэм
ахэсэу ар къэхъугъ; ихьалыгъу щыщ Iуфагъэти, ищалъэкIэ псы
ешъуагъэти, ыбгъашъо телъэу чъыещтыгъэти, ипшъэшъэжъыем
фэдэщтыгъ. [4] Зы мафэ горэм зекIолI горэ баим дэжь къызыдэхьэм,
имыхьамелэ ащ Iуигъэфэным пае имэлхэми ибылымхэми
ахэмыIабэу, тхьамыкIэм ишъынэ ыубыти хьакIэм ригъэшхынэу
аригъэшIыгъ». [5] Ащ дэжьым Даут а баим лъэшэу фэгубжыгъэу
Нэтан риIуагъ: «Тхьэр зэрэщыIэр сэIо! Ар зышIэгъэ цIыфым
хьадэгъур ифэшъуаш. [6] ЫшIагъэмрэ гукIэгъу къызэрэхэмыфагъэмрэ
апае шъынэр фэдиплIыкIэ нахьыбэу ыпщыныжьын фае».
[7] Арти Нэтан Даут риIуагъ: «А лIыр оры. Израилым и-Зиусхьанэу
Тхьэм ыIорэр мары: „Израилым урипачъыхьанэу дагъэ Сэ
къыпщысфагъ, уизиусхьанэу Саули Сэ укъыIэкIэсхыжьыгъ,
[8] ащ иуни, ащ ишъузхэри Сэ къыостыгъэх, Израилми
Ехъудэми япачъыхьэу усшIыгъ, ар пшIомакIэмэ, нахьыби
къыпфыхэзгъэхъощтгъэ. [9] Сыд пае Зиусхьаным иунашъохэр
пхъэтэпэмыхь пшIыхэу, Ащ къылъэгъоу бзэджагъэ пшIагъа? Хъытэу

Урый оры зэкIодылIагъэр, ащ игуащэ шъузэу пштагъэ, Iамонхэм ар
къябгъэукIыгъ. 10 Сэ пхъэтэпэмыхь сызэрэпшIыгъэм, хъытэу Урый
игуащэ бгъэшъузынэу къызэрэпщагъэм апае уиунагъо щыщхэр
къаукIыхэзэ егъашIэм къэшъухьыщт“. 11 Зиусхьаным ыIорэр мары:
„Уиунэгъо кIоцI щыщ шъыпкъэм бэлахьэр къыпфезгъэхьыщт,
плъэгъузэ уишъузхэр къыппэблэгъэ шъыпкъэм естынхэшъ, мэфэ
нэфым ахэр ащ езгъэгъэшъузыщтых. 12 Ау гъэбылъыгъэкIэ о
пшIагъэр зэрэ-Израилэу къылъэгъоу мэфэ нэфым Сэ сшIэщт“».
13 Ащ дэжьым Даут Нэтан риIуагъ: «Зиусхьаным ыпашъхьэ псэкIод
щысшIагъ». Арти Нэтан Даут къыриIожьыгъ: «УипсэкIодшIагъэ
Зиусхьаным къыпфигъэгъугъ; о улIэщтэп; 14 ау пшIагъэмкIэ
Зиусхьаныр бгъэцIыкIугъэшъ, сабыеу къыпфэхъугъэр лIэжьыщт».
15 ЕтIанэ Нэтан ядэжь кIожьыгъэ.

**БатщэбаI Даут къыфилъфыгъэ шъаор зэрэлIэжьыгъэр**

Ащ ыуж Урый ишъуз Даут къыфилъфыгъэ сабыим Зиусхьаным
ынае къыщыфи сымэджэ хьылъэ хъугъэ. 16 Арти сабыим пае Даут
Тхьэм елъэIущтыгъэ, мышхэу, зыришIыхьажьи, джэхашъом телъэу
Даут чэщыр рихыгъ. 17 ЕтIанэ ар къагъэтэджыжьынэу иIумэт
упчIэжьэгъухэр ыдэжь ихьагъэх, ау ар ащ фэягъэп, адэшхагъэп.
18 Яблэнэрэ мафэм сабыир лIагъэ. Сабыир зэрэлIагъэр Даут
раIонкIэ иIумэт упчIэжьэгъухэр щынэщтыгъэх, сыда пIомэ
ахэм аIощтыгъэ: «Сабыир джыри псэузэ тызелъэIум етIуагъэм
къемыдэIугъэмэ, ар зэрэлIагъэр сыдэущтэу ащ джы етIощта?
Зы тхьамыкIагъо горэ зэришIэжьын ылъэкIыщт». 19 ИIумэт
упчIэжьэгъухэр зэрэзэIушъэшъэжьхэрэр зелъэгъум сабыир
зэрэлIагъэр къыгурыIуагъэти, иIумэтхэм Даут яупчIыгъ: «Сабыир
лIагъа?» КъыраIожьыгъ: «ЛIагъэ».

20 Арти Даут къэтэджи зитхьакIыгъ, дагъэ зыщифи, ищыгъынхэри
зэблихъухи, Зиусхьаным иунэ кIуи, Тхьэм шъхьащэ фишIыгъ.
Ядэжь къыгъэзэжьи агъэшхэнэу зялъэIум, гъомлапхъэ къыфахьи

ыпашъхьэ къырагъэуцуагъ. [21] Арти иIумэтхэр ащ еупчIыгъэх:
«УизекIуакIэ зыфэгъэхьыгъэр къыдгурыгъаIу: сабыир псэу
зэхъум унэкIыгъэ ыкIи угъыгъ, сабыир зэлIэм, укъэтэджыжьи
мыхьамелэр зыIубгъэфагъ?» [22] Даут къариIожьыгъ: «Сабыир
опсэуфэ зыкIэсынэкIыгъэри сызкIэгъыгъэри „Хэт ышIэра,
Зиухьаным ынэшIу къысщыфэнышъ, сабыир псэоу къэнэжьынкIи
мэхъуба?“ зыфэпIоным сегупшысщтыгъэти ары. [23] Ау джы ар лIагъэ,
сыд пае сынэкIыщта? Ар сэ къэзгъэхъужьын слъэкIыщта? Сэ ащ
сыкIэлъыкIожьыщт нахь, ащ сэ къысфигъэзэжьыщтэп».

## Сэлмэн къызэрэхъугъэр

[24] ЕтIанэ Даут ишъузэу БатщэбаI еушъыигъ, ащ ыдэжь ихьи
кIыгъугъэти, иуахътэ къызэсым, шъао къылъфыгъ, Сэлмэн цIэу
ащ фиусыгъ: Зиусхьаным ар шIу къылъэгъугъэти, [25] тхьэлIыкIоу
Нэтан къыгъакIуи, Иедидиа цIэу къыфыригъэусыгъ. Ащ имэхьанэр:
Зиусхьаным шIу къылъэгъугъэр.

## Даут Раббэ зэриштагъэр

[26] А уахътэм Иоаб Iамонмэ якъалэу Раббэ езэуагъ, пачъыхьэр
зыдэс къалэр ыштагъ. [27] Арти Иоаб раригъэIонэу Даут дэжь
ыгъэкIуагъэх: «Раббэ сытебани къалэм ыгъэфедэрэ псырыкIуапIэр
сыубытыгъэ. [28] Арышъ адрэ къэнэгъэ дзэкIолIхэр къызэгъэгъусэхи,
удэхьанэу къалэм къекIуи, ар штэ; армырмэ, сэ зысштэкIэ, сэ сцIэкIэ
ащ еджэнхэу хъущт». [29] Арти Даут дзэр зэрэщытэу зэригъэгъуси
Раббэ екIугъ, ащ езауи ыштагъ. [30] Ащ ыуж Даут Iамонмэ япачъыхьэ
шъхьащысыгъэ танджыр къыщихи, – дышъэу ащ илъыгъэр
килограмм щэкI фэдиз, мыжъо лъапIи хэсыгъ, – а танджыр Даут
зышъхьащигъэтIысхьагъ. Джащ фэдэу мылъку бэдэди къалэм
къыдищыгъ. [31] ЦIыфэу ащ дэсыгъэхэр къыдищхи, ащыщхэм Iоф
ашIэнэу пхъэххэр, гъучI къазгъырхэр, отычхэр аритыгъэх, адрэхэр
чырбыщ агъэжъэнэу хьакухэм аIуигъэуцуагъэх. Iамон къэлэ пстэуми

джары ащ аришIагъэр. А зэпстэумэ ауж Даутрэ зэкIэ идзэхэмрэ Ерыусэлэм къагъэзэжьыгъ.

# ЯпшшIыкIущэнэрэ шъхьэр

### Аминон Тэмар ынапэ зэрэтырихыгъэр

[1] ТIэкIу горэ джыри тешIагъ. Даут ыкъо Абищэлэм шыпхъу
дэхэ дэдэ иIагъ Тэмар ыцIэу. Ар Даут ыкъо нэмыкIэу Аминон
шIу ылъэгъугъ. [2] Арти зэришIыщтыр ымышIэу, ыгъэнэшхъэеу
ышыпхъоу Тэмар лъэш дэдэу зэрегупшысырэм нахь хэмылъэу,
Аминон сымаджэ хъугъэ; сыда пIомэ ар пшъэшъагъэти, емыкIу
зэрепхыщт шIыкIэр къымыгъотышъоу Аминон къин хэтыгъ.
[3] Аминон ныбджэгъу иIагъ; ар Даут ышэу ЩымIэ ыкъоу Ионэдаб
зыцIэр арыгъэ. А Ионэдабыр ахэхьэгъэ-ахэкIыгъэ щытыгъэти,
[4] ар Аминон къеупчIыгъ: «Сыда, пачъыхьэм ыкъу, мафэ къэс нахь
чэфынчъэ узкIэхъурэр, къысаIоба?» Аминон ащ риIожьыгъ: «СятэкIэ
сшэу Абищэлэм ышыпхъоу Тэмар шIу слъэгъугъэ». [5] Арти Ионэдаб
ащ риIуагъ: «ПIэм хэгъуалъхьи, сымаджэ ухъугъэ фэдэу зышI; етIанэ
узэрэсымаджэр зэхихэу, къыпкIэупчIэнэу уятэ уадэжь къызыкIокIэ
еIу: „Сшыпхъоу Тэмар садэжь къэрэкIуи, слъэгъузэ сапашъхьэ
шхын щысферэшIи, къарыу сфэхъунэу серэгъэшх, ар слъэгъунэуи,
ыIэкIэ сигъэшхэнэуи сыфай“». [6] Ащ ыуж Аминон гъолъи сымаджэ
хъугъэ фэдэу зишIыгъ. Ащ къыкIэупчIэнэу пачъыхьэр къызэкIом,
Аминон пачъыхьэм риIуагъ: «Сшыпхъоу Тэмар къысфэгъакIоба,
слъэгъузэ сапашъхьэ хьалыгъу IашIу зытIущ горэ щысферэгъажъи,
къысIуилъхьэмэ сышхэщт». [7] Арти Даут Тэмар дэжь ыгъакIохи
раригъэIуагъ: «Пшэу Аминон иунэ кIуи шхын фэшI». [8] Ар ышэу
Аминон иунэ зэкIом, адрэр щылъыгъ. Хьаджыгъэр къышти тхьацур
ыпшагъ, ащ къылъэгъузэ хьалыгъу IашIухэр ридзэхи ыгъэжъагъэх.
[9] ЕтIанэ ахэр табэм щызэпыригъазэхи, ыпашъхьэ ригъэуцуагъэх;
ау адрэр шхэнэу фэягъэп. Ащ ыуж «Садэжь итхэр зэкIэ ерэкIых»

Аминон къыIуагъэти, цIыфхэр зэкIэ икIыгъэх. [10] Ащ дэжьым
Аминон Тэмар риIуагъ: «Унэ гъолъыжьыпIэм гъомлапхъэр хьи,
къысIуплъхьэзэ сыбгъэшхэщт». Тэмар ыгъэжъэгъэ хьалыгъу
IашIухэр къыштэхи ышэу Аминон дэжь унэ гъолъыжьыпIэм ыхьыгъ.
[11] ЕтIанэ ыхьыгъэр ригъэшхынэу ащ ыпашъхьэ зырегъэуцом,
адрэр къатхъуи ыубыти къыриIуагъ: «КъакIуи садэжь къэгъолъ,
сшыпхъу». [12] Ау мыдрэм риIожьыгъ: «Хьау, сшы, ащ фэдэ щашIэу
Израилым щыхабзэпышъ, сынапэ темых; а хьайуаныгъэр умышIэ.
[13] Сэ нэпэнчъэу сыкъанэмэ, тыда сшъхьэ зыдэсхьыжьыщтыр? Ори
Израилым ис бзэджашIэмэ уанахь бзэджашIэу уалъытэнба. СыолъэIу
пачъыхьэм дэгущыI, ащ сыкъыуитынба». [14] Ау ащ къыIорэм ар
едэIунэу фэягъэпти, кIуачIэкIэ къытекIуи ынапэ тырихыгъ. [15] Ащ
ыуж Аминон ар фэмылъэгъужь хъугъэ, шIу зэрилъэгъуштыгъэм нахь
лъэшыжьэу, зынахь лъэш къэмыхъужьынэу фэмылъэгъужь хъугъэ.
Арти Аминон ащ риIуагъ: «Тэджи IукI». [16] Ау ащ къыриIожьыгъ:
«Хьау, сипфыныр апэрэ емыкIоу къысэпхыгъэм нахь Iаежьых».
Ау адрэр къедэIунэу фэягъэп. [17] ЕтIанэ ежь къыдекIокIыщтыгъэ
ипщылI кIалэм къеджи риIуагъ: «Мыдэ мы бзылъфыгъэр ифыжьи
ыкIыбкIэ пчъэр щыгъэпытэжь». [18] Iашъхьэ зыпыт джэнэ кIыхьэ
Тэмар щыгъыгъ, сыда пIомэ а лъэхъаным пачъыхьэм ыпхъу
дэмыкIуагъэхэм джащ фэдэ джанэхэр ары зыщалъэщтыгъэхэр. Ащ
дэжьым пщылIым пчъэр ащ ыкIыбкIэ щигъэпытэжьыгъ. [19] Тэмар
ышъхьац яжьэр хитакъуи, джэнэ кIыхьэу щыгъыгъэри зэIитхъи,
ыIэхэмкIэ ышъхьэ шIуиубытыкIи гъогзэ ежьагъ. [20] Ышэу Абищэлэм
ащ къыриIуагъ: «Пшэу Аминонба къыпкIыгъугъэр? – Джы, ужэ
зэтелъхь, сшыпхъу; ар – пшы; къыпщышIыгъэм пае гухэкIым
земыгъэшх». ЕтIанэ Тэмар цIыфмэ ахэмыхьэу ышэу Абищэлэм дэжь

исыгъ. 21 Хъугъэр пачъыхьэу Даут зызэхехым лъэш дэдэу губжыгъэ, +[12]

22 Ау Абищэлэм шIукIи бзаджэкIи Аминон дэгущыIагъэп, сыда пIомэ ышыпхъоу Тэмарэ ынапэ зэрэтырихыгъэм пае гухьагужъ фыриIагъ.

### Абищэлэм Аминон зэригъэпщынэжьыгъэр

23 Ащ ыуж илъэситIу тешIагъэу Ефраимым пэблэгъэ къалэу
БэIал-Хъацэур Абищэлэм имэлхэр щащынхэ зэхъум, пачъыхьэм
ыкъохэр зэкIэ Абищэлэм къыригъэблэгъагъэх. 24 Абищэлэм
пачъыхьэм дэжь кIуи риIуагъ: «УиIумэт имэлхэр ащыщтхэшъ, ори,
уиIумэтхэри, сэри тызэгъусэу тызэдэкIонхэба». 25 Ау пачъыхьэм
Абищэлэм къыриIожьыгъ: «Хьау, сикIал, утымыгъэгумэкIыным пае
зэкIэми ащ тыкъэкIощтэп». Абищэлэм лъэш дэдэу ащ елъэIугъ;
ау адрэр къыфытегъэнагъэп, игухэлъ къыдэхъунэу фэлъаIуи
къытIупщыжьыгъ. 26 Арти Абищэлэм ащ риIуагъ: «Ащыгъум сшэу
Аминон къыддэрэкIоба». Пачъыхьэм къыриIожьыгъ: «Сыда ар о
къызыкIыбдэкIон фаер?» 27 Сыдми Абищэлэм ар къытыригъани
Аминонрэ пачъыхьэм зэкIэ ыкъохэмрэ къыдигъэкIуагъэх. р
28 ЕтIанэ Абищэлэм игъусэгъэ кIалэмэ унашъо афишIызэ
ариIуагъ: «Санэу зэшъуагъэм Аминон чэф къызэрэритыгъэм
тетэу, „Аминон шъуеу“ къызэрэшъуасIоу, шъуукIы. Шъумыщын,
сэры унашъор къышъуфэзышIырэр, лIыгъэрэ теубытагъэрэ
къызхэжъугъаф». 29 Арти зэрариIуагъэм тетэу Абищэлэм игъусэгъэ

+[12]Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [ау ыкъо Аминон ыгу хигъэкIыгъэп, сыда пIомэ ар зэриапэрэ шъаом пае шIу ылъэгъущтыгъ]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

р[13] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [Пачъыхьэм зэришIыным фэдэу Абищэлэм ешхэ-ешъошхо ышIыгъ]. Мыщ ыпэрэ ехьыхыгъэм къыIорэм рыгъуаз. Аужырэ гущыIэухыгъэр ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

кIалэхэр Аминон дэзекIуагъэх. Ащ дэжьым пачъыхьэм зэкIэ адрэ
ыкъохэм зыкъаIатыжьи, шъхьадж ищыд тетIысхьажьи ашъхьэ
къыIуахыжьыгъ. 30 Ащыщ гори псэоу къэмынэу, пачъыхьэм ыкъохэр
зэкIэ Абищэлэм ыукIыгъэхэу аIуи Даут къэбар къызылъагъэIасым,
ахэр гъогум джыри тетыгъэх. 31 Арти пачъыхьэр къэтэджи иджанэ
зэIитхъыгъ, чIыгум зытыридзагъ, иIумэтэу къегъэуцокIыгъэхэм
зэкIэми яджанэхэр зэIатхъыгъэх. 32 Ау Даут ышэу ЩымIэ ыкъо
Ионэдаб ащ риIуагъ: «Пачъыхьэм зэкIэ ыкъохэр аукIыгъэхэу
сизиусхьан къышIорэмышI; Аминон закъу ныIэп щымыIэжьыр,
сыда пIомэ Аминон ышыпхъоу Тэмар ынапэ зытырихыгъэм
къыщегъэжьагъэу Абищэлэм ар игухэлъыгъ. 33 Арышъ пачъыхьэм
ыкъохэр зэкIэ аукIыгъэхэу къызшIуигъэшIызэ сизиусхьан гупшысэм
зырерэмыгъэукI; щымыIэжьыр Аминон закъу ныIэп». 34 Абищэлэм
хэлъэдэжьыгъ. Къэрэгъулэу щытыгъэ кIалэр зэплъэм къушъхьэм
ебгъукIорэ гъогум цIыфыбэ къырыкIоу къылъэгъугъ. +[14]

35 Арти Ионэдаб пачъыхьэм риIуагъ: «Пачъыхьэм ыкъохэр
къэкIожьхэшъ ары; уиIумэт зыфиIуагъэм Iофыр тет». 36 Ар
ащ къыIогъэ къодыеу, пачъыхьэм ыкъохэр къыдэхьажьхи, гъы
мэкъэ куо-хьаушхом зыкъырагъэIэтыгъ. Ежь пачъыхьэри зэкIэ
иIумэтхэри лъэш дэдэу гъыщтыгъэх. 37 Арти Абищэлэм хэлъэдэжьи,
Гъышыурым ипачъыхьэу Iаммихъуд ыкъо Тэлмай дэжь кIуагъэ.
Пачъыхьэу Даут ыкъо мафэм мафэр кIэлъыкIоу ыгъаещтыгъ.
38 Абищэлэм хэлъэдэжьи Гъышыурым зэкIом, ащ илъэсищэ къисыгъ.
39 Аминон зэлIэм ыуж пачъыхьэу Даут нахь къэушъэбыжьыгъэу ыгу
Абищэлэм фыхэкIыжьыщтыгъэп.

---

+[14]Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [Къэрэгъулыр къакIуи, пачъыхьэм къэбар къыфихьи, къыриIуагъ: «Хъорэунаим гъогур къушъхьэ тхыцIэм къызщехырэм цIыфхэр теслъэгъуагъэх»]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

# ЯпшIыкIуплIэнэрэ шъхьэр

### Абищэлэм Ерыусэлэм къызэригъэззэжьыгъэр

[1] ЕтIанэ Даут Абищэлэм зэрэфэзэщырэм Цырыуй ыкъо Иоаб
гу лъитагъ. [2] Арти Иоаб къалэу ТэкъоаI ыгъакIохи, ащ щыщ
бзылъфыгъэ Iуш горэ къаригъащи риIуагъ: «Ушъыгъо фэдэу зышIи,
шъыгъошъэ джани зыщылъи, дагъэ зыщымыфэу, щымыIэжьыр
бэшIагъэу зыгъэерэ бзылъфыгъэм фэдэу зышIи, [3] пачъыхьэм дэжь
кIуи, къыосIощтыр еIу». Джащ тетэу пачъыхьэм риIон фаер Иоаб
бзылъфыгъэм гуригъэIуагъ.
[4] ЕтIанэ ТэкъоаI щыщ бзылъфыгъэр пачъыхьэм дэжь кIуи,
ыпашъхьэ зыщыридзыхи, чIыгум нэс шъхьащэ фишIи риIуагъ:
«КъыздэIэпыI, пачъыхьэр!» [5] Арти пачъыхьэр ащ къеупчIыгъ:
«Сыда узгъэгумэкIырэр?» Адрэм къыриIуагъ: «Сэ сышъузаб,
сишъхьагъусэ щыIэжьэп. [6] УиIумэт къуитIу иIагъ; шъофым
щыIэхэзэ ахэр зэфэгубжхи, зэпызыщыжьынхэ щымыIэу зыр адрэм
еуи ыукIыгъ. [7] Джы лIакъор зэрэщытэу уиIумэт къышIонагъэу
къыраIо: „Зыш зыукIыжьыгъэр къытэт, уикIэн къызфэбгъэнэн
уимыIэжьэу укъэнэщтми, ыш ыпсэ зэригъэгъугъэм пае ежь
тыукIыжьыщт“. Джащ тетэу аужырэ гугъапIэу сиIэм сыхагъэкIыщт,
сишъхьагъусагъэм цIи лъфыгъи дунаим щыримыIэжьэу къэнэщт».
[8] Пачъыхьэм бзылъфыгъэм риIуагъ: «Шъуадэжь гъэзэжь, сэ
ощ пае унашъо афэсшIыщт». [9] Ащ ипэгъокIэу ТэкъоаI щыщ
бзылъфыгъэм пачъыхьэм риIуагъ: «Лажьэр сэррэ сятэ иунагъорэ
къыттерэфэ нахь, сизиусхьанэу пачъыхьэр, пачъыхьэмрэ итетыгъорэ
лажьэр атерэмыф». [10] Арти пачъыхьэм къыIуагъ: «Къыппэуцужьын
къыкъокIмэ, садэжь къащэ, ащ нахьыбэрэ ар къыбнэсыщтэп».
[11] ЕтIанэ ащ къыриIуагъ: «ЛъышIэжьхэр нахьыбэ мыхъунхэм, скъо
амыгъэкIодыным пае, Уи-Зиусхьанэу Тхьэр угу къэбгъэкIынэу

сыолъэIу, пачъыхьэр». Арти пачъыхьэм къыIуагъ: «Зиусхьаныр зэрэщыIэр сэIо! Пкъо ышъхьац налъи къыхэзэу чIыгум темыфэнкIэ».

[12] Бзылъфыгъэм къыIуагъ: «Сизиусхьанэу пачъыхьэм джыри гущыIэ есIонэу уиIумэт Iизын къет». Ащ къыIуагъ: «КъаIо».
[13] Бзылъфыгъэм къыIуагъ: «Ащыгъум сыд пае скъо къырашIэнэу зыфаIорэр Тхьэм илъэпкъ епшIэнэу о теуубытагъа? Пачъыхьэм а къыIуагъэмкIэ ежь-ежьырэу зигъэмысэжьыгъ, сыда пIомэ ежь рифыгъэм къыригъэгъэзэжьырэп. [14] Тэ зэпстэуми лIэнычгъэр тапэкIэ къэт, къэмыугъоижьышъущт псы икIутыгъэм тыфэд. Ау Тхьэм цIыфым ыпсэ ыгъэкIодырэп, зыхафыгъэм къызэрэригъэзэжьыным иамалхэр Ащ къыхехых. [15] А гущыIэхэр есIонхэм пае сизиусхьанэу пачъыхьэм дэжь сыкъэкIуагъ. Сыда пIомэ сиIахьылхэм сагъэщынэ; уиIумэт егупшысыгъ: „Пачъыхьэм сыдэгущыIэн, иIумэт риIорэм къыдыригъэштэнэп шъуIуа? [16] Пачъыхьэр къысэдэIун, сикIалэрэ сэррэ Тхьэм ицIыфмэ тахэзгъэзынэу зыIорэмэ тащиухъумэн“.
[17] Арти уиIумэт зэриIожьыгъ: „Сизиусхьанэу пачъыхьэм къыIорэм сигъэрэхьатын, сыда пIомэ сизиусхьанэу пачъыхьэр Тхьэм имелэIич фэд, дэий дэгъуи къядэIун ылъэкIыщт. Зиусхьанэу Уи-Тхьэ о уигъус“».

[18] Пачъыхьэм бзылъфыгъэм къыриIуагъ: «СшIомыушъэфэу сызэрэоупчIыщтыр къысаIу». Арти бзылъфыгъэм къыриIожьыгъ: «КъаIо, сизиусхьанэу пачъыхьэр». [19] Пачъыхьэм къыIуагъ: «Иоаба мы Iофыр зыгу къэкIыгъэр?» Бзылъфыгъэм къыриIожьыгъ: «Упсэ Тхьэм бэ регъэгъашI, сизиусхьанэу пачъыхьэм къыIуагъэр тэрэз, зытетым тетэу джэуап къыосымытыжьмэ мыхъунэу чIыпIэ сибдзагъ. Тэрэз, уиIумэтэу Иоаб ары унашъо къысфэзышIыгъэр, а къэсIуагъэхэри зэкIэ къэсэзгъэIуагъэр джары. [20] Хъугъэм нэмыкIэу уригъэплъ шIоигъоти, уиIумэтэу Иоаб джаущтэу сигъэшIыгъэ, ау сизиусхьанэу пачъыхьэр Тхьэм имелэIич фэдэу Iушышъ, дунаим къыщыхъурэр зэкIэ ешIэ».

21 ЕтIанэ пачъыхьэм Иоаб риIуагъ: «Дэгъу, тесыубытагъэшъ, кIуи
кIалэу Абищэлэм къегъэгъэзэжь». 22 Иоаб пачъыхьэм ыпашъхьэ
зыщыридзыхи, чIыгум нэс шъхьащэ фишIи риIуагъ: «Тхьэм ынэшIу
къыпщэф! Сизиусхьанэу пачъыхьэр, уиIумэт нэшIукIэ узэреплъырэр
джы ешIэ, сыда пIомэ иIумэт зэрэраригъэIуагъэм фэдэу пачъыхьэм
ышIыгъ». 23 Джащ тетэу Иоаб ежьи Гъышыурым кIуагъэ. Ащ
Абищэлэм Ерыусэлэм къыщэжьыгъ. 24 Пачъыхьэм ыIуагъ: «Иунэ ар
орэкIожь, ау санэIу къерэмыхь». Арти Абищэлэм иунэ кIожьыгъэ, ау
пачъыхьэм инэплъэгъу зыкъыригъафэщтыгъэп.

## Даут Абищэлэм зэрэфигъэгъугъэр

25 Абищэлэм фэдэу лIы лъэгъупхъэ, ащ фэдизэу зыщытхъухи
зэрэ-Израилэу исыгъэп. Ылъэдэкъапэмэ къащегъэжьагъэу
ышъхьашыгу нэсыжьэу мыхъун гори къыхэмыгъэщынэу зэкIужьэу
щытыгъ. 26 Шъхьацышхо телъыгъэти, ащ ионтэгъугъэ ышъхьэ
къырищэхщтыгъэ, илъэсым зэ ышъхьэ ыупхъоштыгъэ. Шъхьацэу
къехырэм пачъыхьэм ищэчалъэхэмкIэ килограммитIурэ пшIэнищрэ
къыщэчщтыгъэ. 27 Абищэлэм шъэуищрэ Тэмар ыцIэу зы пшъашъэрэ
къыфэхъугъэх; ыпхъу бзылъфыгъэ дэхагъ. +[14]

28 Абищэлэм илъэситIо Ерыусэлэм дэсыгъ, ау пачъыхьэм
инэплъэгъу зыкъыригъафэщтыгъэп. 29 Арти Иоаб пачъыхьэм дэжь
ыгъэкIоным пае, ар къащэнэу Абищэлэм лъигъэкIуагъэх. Ау адрэр
къыфэкIуагъэп. Джыри зэ ащ лъигъэкIуагъэх, ау адрэр етIани
къыфэкIуагъэп. 30 Арти ипщылIхэм ариIуагъ: «Шъолъэгъуба Иоаб
ичIыгу Iахьэу сичIыгу Iахьэ къыголъыр, хьэр ащ телъ, шъукIуи
машIо кIажъудзи тежъугъэстыкI». Абищэлэм ипщылIхэм а хьасэм

+[14]Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [Сэлмэн ыкъо РыхъэбыIам шъуз ар фэхъугъ, Абие ащ къыфилъфыгъ]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

машIо кIадзи тырагъэстыкIыгъ. +[15]31 Арти Иоаб Абищэлэм
дэжь къакIуи къеупчIыгъ: «Сыд пае уипщылIхэм сихьасэ машIо
кIадзи тырагъэстыкIыгъа?» 32 Абищэлэм Иоаб къыриIуагъ:
«Садэжь укъэкIонэу уадэжь къэзгъэкIогъагъэх. Пачъыхьэм дэжь
узгъэкIонышъ еозгъэIонэу сыфэягъ: „Сыд пае Гъышыурым
сыкъикIыжьыгъа? Ащ сыдэсыгъэмэ нахьышIугъ. Джы пачъыхьэм
инэплъэгъу сырерэгъахь. Лажьэ сиIэмэ, серэукI“». 33 Иоаб
пачъыхьэм дэжь кIуи, а зэкIэри зыреIожьым, пачъыхьэр Абищэлэм
къеджагъ. Ар пачъыхьэм дэжь къакIуи ыпашъхьэ зыщыридзыхыгъ,
арти пачъыхьэр Абищэлэм къебэугъ.

# ЯпшIыкIутфэнэрэ шъхьэр

## Абищэлэм тетыгъор зэриубытыгъэр

1 ЕтIанэ Абищэлэм зэоным фытегъэпсыхьэгъэ кухэр, шыхэр,
ишъхьагъырытынхэм пае цIыф Iэжь-лъэжьэу нэбгырэ шъэныкъо
зэригъэгъотыгъэх. 2 Абищэлэм пчэдыжьрэ жьэу къэтэджти,
къэлэпчъэ дэхьагъум дэжь уцущтыгъэ. Зыгорэм гумэкIыгъо
иIэу, зэхыригъэфынэу пачъыхьэм дэжь кIо зыхъукIэ, Абищэлэм
ар къызэрищалIэти еупчIыщтыгъ: «Тара къалэу узщыщыр?»
«Мыщ фэдэ израил лIакъом уиIумэт щыщ» ыIоу адрэм джэуап
къызыритыжькIэ, 3 Абищэлэм ащ риIощтыгъ: «УиIоф шIу ыкIи зафэ,
ау пачъыхьэм ыдэжь къыщыодэIун щыIэп». 4 ЕтIани Абищэлэм
ыIощтыгъ: «А ей-гущ, мы хэгъэгум сырихьыкумышIщтыгъэмэ!
Янэкъокъури нэкъокъогъу зиIэри зэкIэ садэжь къэкIощтыгъэ,
шъыпкъэм тетэу зыгъэгумэкIхэрэр афызэхэсфыщтыгъэх». 5 Арти
шъхьащэ къыфашIынэу цIыф горэхэр къызекIуалIэхэкIэ, ыIэ

+[15]Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [Иоаб ипщылIхэр ащ дэжь къакIохи, ящыгъынхэр зэхацунтхъэхи къыраIуагъ: «Абищэлэм ипщылIхэм уихьасэ тырагъэстыкIыгъ»]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

афищэйти, ІаплІ арищэкІти, ябэущтыгъэ. 6 Пачъыхьэм хьыкум
ригъэшІынэу къэкІорэ израил цІыф пэпчъ, Абищэлэм ар ишІыкІэу,
израил цІыфмэ агу зырарити гъэхьщтыгъэ.

7 ЕтІанэ, илъэсиплІ зытешІэм, Абищэлэм пачъыхьэм риІуагъ:
«Зиусхьаным ыпашъхьэ тхьэлъанэу щысшІыгъэр згъэцэкІэжьынэу
Хъэурэн сыкІо сшІоигъу, 8 сыда пІомэ Гъышыурым сыдэсэу,
Сирием сыщыІэ зэхъум, Ерыусэлэм къысигъэгъэзэжьмэ, Хъэурэн
кІонышъ Зиусхьаным шъхьащэ фишІынэу уиІумэт тхьэлъанэ
ышІыгъагъ». 9 Ащ пачъыхьэм риІуагъ: «Зыгъэрэхьати кІо». Арти
ар Хъэурэн кІуагъэ. 10 Ау етІанэ Абищэлэм, – «Бжъэ сырынэм
ымакъэ зызэхэшъухыкІэ, „Абищэлэм пачъыхьагъум Хъэурэн
щытехьагъ“ яшъуІу», – ыІуи, дэІокІо-плъакІохэр Израилым илІэкъо
пстэумэ шъэфэу ахитІупщыхьагъэх. 11 Ерыусэлэм щыщэу нэбгырэ
шъитІу Абищэлэм зыдырищэжьэгъагъ. Ахэр ригъэблэгъагъэхэти,
Іофым изытет щымыгъуазэхэу, цыхьэ фашІи дежьагъэх. 12 ЕтІанэ
Абищэлэм къурмэныр ышІ зэхъум, Даут иупчІэжьэгъоу Гъылэу
щыщ Ахъытэуфэл кІэлъигъакІохи къаригъэщагъ. Іофыгъо шъэфэу
зэдырахьыжьагъэм тыраубытэпагъ. ЦІыфхэр Абищэлэм дэжь
къыщызэхахьэщтыгъэх.

## Даут Ерыусэлэм къызэрибгынагъэр

13 Ащ ыуж мэкъэгъэІур Даут дэжь къакІуи къыриІуагъ: «Израил
цІыфхэм агухэр Абищэлэм фагъэзагъэх». 14 Арти Даут иІумэтхэу
Ерыусэлэм къыдыдэнагъэхэм ариІуагъ: «Тежъугъажь! Армырмэ
Абищэлэм тыкъелыжьыщтэп. ЗыжъугъэпсынкІ, ар шІэхэу
къыттеощт, тыІэкІэмыфэзэ, тхьамыкІагъо къытфимыхьызэ, къалэм
дэсхэр зэхимыукІэхэзэ тшъхьэ щыдгъэзыен фае». 15 ИІумэтхэм
пачъыхьэм къыраІуагъ: «Хъунба адэ, зиусхьанэу пачъыхьэм
шІоигъо пстэумкІи тыриІэрылъхь». 16 ЕтІанэ пачъыхьэри
иунагъуи зэрэщытэу къежьагъэх. Унэм лъыплъэнхэм пае ишъуз
годзипшІ пачъыхьэм къыгъэнагъ. 17 Арти пачъыхьэри цІыфэу ащ

игъусагъэхэри къежьэхи, къэлэ гъунэм щыт аужырэ унэм дэжь
къызэсхэм, ащ къыщыуцугъэх. [18] ИIумэтхэр зэкIэ ыбгъухэмкIэ
ащ къегъэуцокIыгъагъэх, иухъумэкIо шъхьагъырытхэри Гъат
къыщегъэжьагъэу игъусэгъэ гъытытхэри – зэкIэ нэбгырэ шъих хъоу,
пачъыхьэм ыпэ итэу кIощтыгъэх.
[19] Арти пачъыхьэм гъытытэу Иттай риIуагъ: «Сыд пае
укъыддакIора? Гъэзэжьи пачъыхьакIэм къыкIэрын. О хымэ
хэгъэгум ущыщ, уиунэ укъырафыгъэу мыщ укъэкIуагъ. [20] Тыгъуас
нэмыIэу укъызытхэхьагъэр джы утигъусэу укъыддэмыкIомэ
мыхъунэу сыдэущтэу уезгъэзына? Сэ къысэхъулIэщтыр сшIэрэп.
Ори уилъэпкъэгъоу уигъусэхэми зэдэжъугъэзэжьых, Зиусхьаным
игукIэгъурэ ишъыпкъагъэрэ къыпферэгъэнафэх!» [21] Ау Иттай
пачъыхьэм къыриIожьыгъ: «Тхьэр зэрэщыIэр сэIо, сизиусхьанэу
пачъыхьэр орэпсэу, сизиусхьанэу пачъыхьэр псэущтми е хьадэгъум
пэIуфэщтми, уиIумэт тыди щыуигъусэщт». [22] Даут Иттай риIожьыгъ:
«Хъун ащыгъум шъунекIу». Арти зибынхэр зигъусэгъэ унагъохэр
зэкIэ гъытытэу Иттай къыдежьагъэх. [23] ЦIыфхэр къыблэкIхэ
зэхъум хэгъэгум зэрэщытэу нэпсыр рикIыхщтыгъэ. Пачъыхьэр псы
игъукIыгъэу Къидрэун ылъэгу зэпырыкIыгъ. ЦIыфхэр зэкIэ гъогум
тетхэу шъофнэкIым ылъэныкъокIэ ежьагъэх.
[24] КъурмэнышIхэу Абыетаррэ Цэдокърэ къэкIуагъэх. Цэдокъ
игъусэгъэ лэуийхэм Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ къахьыгъ. Абыетар
а чIыпIэм къурмэн щишIыгъ. [25] Арти пачъыхьэм Цэдокъ
риIуагъ: «Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ къалэм хьыжь. Зиусхьаныр
нэшIукIэ къысэплъымэ, къысигъэгъэзэжьынышъ пхъонтэ
лъапIэри, ар зыдэщыIэн фэе чIыпIэри къысигъэлъэгъущтых.
[26] Ау „Сыпфэразэп“ Ащ зиIокIэ, мары сэ сыщыт, сэркIэ зыфэе
шъыпкъэр къысерэшI». [27] Ащ ыуж пачъыхьэм Цэдокъ риIуагъ:
«КъыбгурэсэгъаIо: ори, Абыетари, къыжъудежьэгъэ шъуикIэлитIуи
зэрэшъукIыгъухэу, АхъымэIаци, уикIали, Абыетар ыкъо Ионэтани
зыжъугъэрэхьати къалэм жъугъэзэжь. [28] ШъошIа, къэбар шъо

къыслъэшъомыгъэIэсыфэ, шъофнэкIым ит псы игъукIыгъэм
изэпырыкIыпIэ дэжь сыщышъожэщт». [29] Арти Цэдокърэ Абыетаррэ
Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ Ерыусэлэм къахьыжьи ащ къыдэнагъэх.

[30] Даут Елеон Iуашъхьэм ылъэныкъокIэ ежьагъ, ышъхьэ
ухъумагъэу, лъапцIэу, гъызэ ар къушъхьэм дэкIуаещтыгъэ,
игъусэхэми зэкIэми ашъхьэхэр ухъумагъэхэу гъызэ дэкIуаещтыгъэх.
[31] «Абищэлэм гохьагъэхэм Ахъытэуфэл ахэт» аIуи Даут къэбар
къылъагъэIасыгъ. Арти Даут ыIуагъ: «А си-Зиусхьан, сыолъэIу
Ахъытэуфэл ариIощтыр делагъэ фэдэу къащыбгъэхъунэу!»

[32] Даут Iуашъхьэм ышыгу дэкIуаий, цIыфхэр Тхьэм зыщелъэIухэрэ
чIыпIэм зынэсым, арыкъ лъэпкъым щыщэу Хъущай иджанэ
зэготхъыгъэу, ышъхьац ятIэр къыхэтэкъоу Даут къыпэгъокIыгъ.
[33] Даут ащ риIуагъ: «УкъыздакIомэ, хьылъэ укъысщыхъущт;
[34] ау къалэм бгъэзэжьэу „УсиIумэт, пачъыхьэр, джы нэс уятэ
сыриIумэтыгъ, джы о сыуиIумэт“ пIоу, Абищэлэм зепIокIэ,
Ахъытэуфэл джэнджэшэгъу зэрафэхъущтыр зэщыбгъэкъощт.
[35] Цэдокъи, Абыетари, къурмэнышIхэми урягъусэщт, пачъыхьэм
иунэ къикIэу зэхэпхырэ къэбар пстэури ахэм анэгъэсыжь.
[36] АкъуитIу ахэм ягъусэх: Цэдокъ ыкъо АхъымэIацрэ Абыетар
ыкъо Ионэтанрэ; къэбарэу зэхэпхырэр зэкIэ ахэм къяIожьзэ, сэ
къыслъыгъэIэс». [37] Арти Даут ицыхьэшIэгъоу Хъущай къалэм
къэкIуагъ; Абищэлэм а уахътэм Ерыусэлэм къыдахьэщтыгъэ.

# ЯпшIыкIухэнэрэ шъхьэр

### Цыбэ Даут ишIуагъэ къызэрэригъэкIыгъэр

[1] Даут Iошъхьэ шыгум тIэкIу къызехым Мэфибощэт иIумэтэу Цыбэ
ыпэ къифагъ. Хьылъэхэр ателъхэу щыдитIу ащ игъусагъ. Хьалыгъу
шъитIу, сэнэшъхьэгъугъэ блэришъ, гъэмэфэ къушъхьэ-мышъхьэ
къыпычыгъэкIишъ, санэр зэрыз нэтыр ахэм ателъыгъ. [2] Арти
пачъыхьэр Цыбэ еупчIыгъ: «Хэт пая мыхэр?» Цыбэ къыриIожьыгъ:

«Щыдхэр рызекIонхэу пачъыхьэм иунагъо пае, хьалыгъумрэ
гъэмэфэ пхъэшъхьэ-мышъхьэхэмрэ дзэкIолIмэ апае, санэр
шъофнэкIым кIочIаджэ ихъухьагъэмэ апае». [3] Пачъыхьэр ащ
еупчIыгъ: «Уизиусхьанщтыгъэу Саул ыкъорылъф тыдэ щыIа?»
Цыбэ пачъыхьэм къыриIожьыгъ: «Ерыусэлэм къыдэнагъ, „Сятэ
ипачъыхьагъу израил цIыфхэм джы къысатыжьын“ ыIуагъ».
[4] Пачъыхьэм Цыбэ риIуагъ: «Мары Мэфибощэт иIэр зэкIэ джы пIэ
къесэлъхьажьы». Арти Цыбэ къыриIожьыгъ: «НэшIукIэ къысэплъ,
сизиусхьанэу пачъыхьэр, шъхьащэ пфэсэшIы!»

## ЩымIый Даут къызэребгыгъэр

[5] ЕтIанэ пачъыхьэу Даут Бахъурим къалэм зынэсым, Саул
иунагъо щыщ Гъэрэ ыкъоу ЩымIый зыцIэр къаIукIагъ. Ар бгэзэ
къакIощтыгъэ. [6] Пачъыхьэм зэкIэ ицIыфхэр, иухъумэкIо дзэкIолIхэр
бгъу пстэумкIи къегъэуцокIыгъагъэх нахь мышIэми, Даутрэ ащ
иIумэтхэмрэ мыжъокIэ ар къяощтыгъэ. [7] ЩымIый къебги, къекууагъ:
«КIожь, кIожь, укIакIоу, цIыф мыхъат. [8] Зипачъыхьагъу уубытыгъэ
Саул ибын ылъэу бгъэчъагъэр Зиусхьаным къыптыригъэфэжьыгъ,
ащ пае пачъыхьагъур Зиусхьаным Абищэлэм, пкъо, ритыжьыгъ.
Джы мары о тхьамыкIагъом иупчъэIупэ унэсыгъ, сыда пIомэ
уукIакIу».
[9] Цырыуй ыкъо Абищай пачъыхьэм риIуагъ: «Сыда мы хьэ
лIагъэр сизиусхьанэу пачъыхьэм къызфебгырэр? СыкIонышъ
ышъхьэ пызгъэлъэтыщт». [10] Ау пачъыхьэм ыIуагъ: «Сыда ащ
шъуиIофэу хэлъыр, Цырыуй ыкъохэр? Даут къебгынэу Зиусхьаным
ащ къытырилъхьагъэмэ, ащ фэдэу зызэришIыгъэм пае хэта еупчIын
зылъэкIыщтыр?» [11] ЕтIанэ Даут Абищайрэ зэкIэ иIумэтхэмрэ
ариIуагъ: «Сэ къыспыкIыгъэм сиукIыжьынэу фаемэ, быняминым
къыхэкIыгъэр нахь лъэшыжьэу фэенба; ыуж шъуикI ащ, орэбгэ,
сыда пIомэ Зиусхьаным ар ащ къытырилъхьагъ. [12] Къинэу
сызыхэтыр Зиусхьаным къелъэгъумэ, мыр джы къызэрэсэбгырэм

пае Зиусхьаным ынэшIу етIанэ къысщыфэжьынкIи мэхъуба».
[13] Даутрэ зэкIэ игъусэхэмрэ ягъогу тетэу кIощтыгъэх, ЩымIый
ахэм къаготэу Iошъхьэ цакIэм рекIокIызэ, ябгыщтыгъ, мыжъохэр
атыридзэщтыгъэх, сапэр атыритакъощтыгъ. [14] ЕтIанэ пачъыхьэмрэ
зэкIэ игъусэхэмрэ Иордан зынэсхэм, пшъыгъэхэти загъэпсэфыгъ.

## Ахъыутэуфэл джэнджэшэгъу зэрафэхъугъэр

[15] А уахътэм Абищэлэмрэ ащ игъусэгъэ израил цIыфхэмрэ
Ерыусэлэм къэкIуагъэх, Ахъытэуфэли ахэм ягъусагъ. [16] Даут
ицыхьэшIэгъу арыкъэу Хъущай Абищэлэм дэжь къакIуи къыриIуагъ:
«Пачъыхьэр орэпсэу, пачъыхьэр орэпсэу!» [17] Арти Абищэлэм
Хъущай къыриIуагъ: «Ара уиныбджэгъу узэрэфэшъыпкъэр? Сыд
пае уиныбджэгъу уримыгъуса?» [18] Хъущай Абищэлэм риIожьыгъ:
«Хьау, сэ сызигъусэри сызигъусэщтри Зиусхьаным къахихыгъэр,
мы цIыфхэми зэрэ-Израилэуи къыхахыгъэр ары. [19] НэмыкIэу хэта
сызфэлэжьэщтыр? Пачъыхьэм ыкъоба? Уятэ сызэрэфэлэжьагъэм
фэдэу ори сыпфэлэжьэщт».

[20] ЕтIанэ Абищэлэм Ахъытэуфэл риIуагъ: «ТшIэщтымкIэ
джэнджэшэгъу къытфэхъу». [21] Арти Ахъытэуфэл Абищэлэм
къыриIожьыгъ: «Унэм лъыплъэнхэу уятэ къыгъэнэгъэ шъуз
гуадзэмэ адэжь ихьи, уятэ ыгу къызэрэпщыкIыгъэм икъэбар
зэрэ-Израилэу щызэхахынышъ, къыбгоуцуагъэхэм агукIэ ащ нахь
тырарыгъэубытэщт». [22] ЕтIанэ Абищэлэм пае унашъхьэм чэтэныр
щагъаIи, зэрэ-Израилэу щыгъуазэу ятэ ишъуз гуадзэмэ адэжь
Абищэлэм ихьагъ. [23] Ахъытэуфэл ыIорэр а лъэхъаным Тхьэм
ыIуагъэм палъытэщтыгъэти, ащ иджэнджэшэгъу пстэуми Даути
Абищэлэми уасэ фашIыщтыгъ.

# ЯпшIыкIублэнэрэ шъхьэр

### Хъущай Абищэлэм зэригъэгъуащэрэр

[1] ЕтIанэ Ахъытэуфэл Абищэлэм риIуагъ: «Нэбгырэ мин
пшIыкIутIу зэзгъэгъусэнышъ нычэпэ Даут ыуж сихьанэу сэIо. [2] ЫIэ
къымыIэтыжьышъунэу пшъыгъэу сызытебанэкIэ, зыщыгугъыни
щымыIэу, ышIэжьыщтыри ымышIэу згъэщтэнышъ, игъусэхэр зэкIэ
хэлъэдэжьыщтых. Пачъыхьэ закъор сыукIынышъ, [3] цIыф пстэуми
къыпфязгъэгъэзэщт.[q] Зы лIы закъо ыпсэ зыбгъэгъукIэ, адрэ цIыфхэр
зэкIэ рэхьатыжьыщтых». [4] КъыIуагъэр Абищэлэми Израилым
инахьыжъ упчIэжьэгъухэми агу рихьыгъ.
[5] ЕтIанэ Абищэлэм ыIуагъ: «Арыкъэу Хъущай шъукъедж,
ащи къыIощтым тедэIун». [6] Хъущай Абищэлэм дэжь къызэкIом
Абищэлэм ащ риIуагъ: «Ахъытэуфэл тызэригъэгъуазэрэр мары; ащ
зэриIорэм фэдэу тызекIощта? Хьау оIомэ, тшIэщтыр къаIо». [7] Арти
Хъущай Абищэлэм риIуагъ: «Мызыгъогум Ахъытэуфэл къыIуагъэр
дэгъоп». [8] ЕтIанэ Хъущай къыпидзэжьыгъ: «Уяти ащ игъусэхэри
зэрэдзэкIолI лIыбланэхэм ущыгъуазэба, зищырхэр къызтырахыгъэ
мышъэбзэу шъофым щагъэгубжыгъэм ахэр фэдэх. Уятэ зэолI пхъаш,
дзэкIолIхэр игъусэхэу чэщым ар къэуцущтэп. [9] Джыдэдэм мэшэ куу
горэм е нэмыкI чIыпIэ горэм ащ зыщегъэбылъы. Арышъ, апэу ащ
тебэнагъэмэ ащыщхэр къызиукIхэкIэ, ар зэхэзыхыщтмэ аIощтыр
ошIа: „Абищэлэм гоуцуагъэхэм къатекIуагъэх“. [10] Джащ дэжьым
аслъаныгу зиIэ дзэкIолIхэми агу къашIуефэхыщт. Уяти ащ игъусэ
дзэкIолIхэри зэрэлIыбланэхэр зэрэ-Израилэу щашIэба. [11] Джащ
пае джэнджэшэгъу сыпфэхъу: Дан къалэм къыщегъэжьагъэу
БэрщэбаI къалэм нэсыжьэу, хы Iушъом Iулъ пшахъор зэрэбэм

[q][16] Мы чIыпIэм щыт гущыIэхэр ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым къыбгурыIонэу, зэхэугуфыкIыгъэу зэримытхэм къыхэкIэу къарыкIырэр Библием изэдзэкIыгъэ зэфэшъхьафхэм ащызэтефэрэп.

фэдэу, зэрэ-Израилэу къэугъоий, уряпащэу шъузэхэтэу шъузэонэу
шъукIу. [12] Джащыгъум тылъежьэнышъ, тыдэрэ чIыпIэ щыIэнкIи
фит, осэпсым зытемыхэрэ чIыпIэ къызэримыгъанэрэм фэдэу,
тызатебанэкIэ, ежьри, игъусэхэри, зы нэбгыри къэдгъэнэжьыщтэп.
[13] Къалэ горэм зыщигъэбылъмэ, зэрэ-Израилэу гъучI хьажтIаркъохэр
зыпышIэгъэ кIапсэхэр ащ къырихьылIэнышъ, мыжъо зэтелъ закъуи
къэтымыгъанэу къалэр чIыгум щиз тшIыщт». [14] Арти Абищэлэми ащ
игъусэгъэ израил лIы зэпстэуми аIуагъ: «Арыкъэу Хъущай ыIорэр
Ахъытэуфэл ыIорэм нахьышIу». Джащ тетэу Ахъытэуфэл Абищэлэм
джэнджэшэгъу зэрэфэхъугъэр нахьышIугъэми, Зиусхьаным
теубытагъэ ышIи, мэхьанэнчъэу ар къыгъэнагъ.

### Хъущай Даут макъэ зэрэригъэIугъэр

[15] Ащ ыуж Хъущай къурмэнышIхэу Цэдокърэ Абыетаррэ
заIуигъакIи Ахъытэуфэл Абищэлэмрэ Израилым инахьыжъ
упчIэжьэгъухэмрэ ариIуагъэри ежь Хъущай ахэм ариIуагъэри
къафиIотэжьыгъ. [16] «Арышъ, ыIуагъ ащ, джы Даут дэжь
псынкIэу нэжъугъэсхи макъэ ежъугъэIу: „Ори уигъусэхэми
шъукIодынэу шъуфэмыемэ, нычэпэ шъофнэкIым ит псыигъукIыгъэм
изэпырыкIыпIэ дэжь укъыщымыуцоу, псынкIаIоу ащ
зэпырыкI“». [17] Ионэтанрэ АхъымэIацрэ псынэкIэчъэу Рогел
дэжь щытхэу къэкIощтым ежэщтыгъэх, сыда пIомэ ахэм къалэм
зыкъыщагъэлъагъо хъунэу щытыгъэп. ПщылI бзылъфыгъэр
къакIоти къэбарым ахэр щигъэгъуазэщтыгъэх, етIанэ ахэр Даут
дэжь кIожьхэти къэбарыр лъагъэIасыжьыщтыгъ. [18] Ау ахэр кIалэ
горэм къызелъэгъухэм, Абищэлэм дэжь кIуи риIуагъэти, тIуми а
чIыпIэр псынкIэу къабгынагъ. Бахъурим, зищагу псынэр дэтыгъэ
цIыф горэм дэжь къакIохи, псынэм ехыгъэх. [19] Арти ащ ишъуз
пIэтехъор псынашъхьэм тырипхъуи, зыпари къэмылъэгъонэу
лэжьыгъэ зэтегъэпхъыгъэр ащ тыритэкъожьыгъ. [20] ЕтIанэ Абищэлэм
иIумэтхэр бзылъфыгъэм иунэ къакIохи, «АхъымэIацрэ Ионэтанрэ

тыдэ щыIэха?» аIуи къызеупчIхэм, «Ахэр псыхъом зэпырыкIыгъэх»
ыIуи бзылъфыгъэм джэуап аритыжьыгъ. Арти ахэм алъыхъугъэх, ау
къамыгъотхэу Ерыусэлэм къагъэзэжьыгъ.

21 Ахэр зыIокIыжьхэм лIыхэр псынэм къикIыжьхи, пачъыхьэу
Даут дэжь кIохи, Ахъытэуфэл ариIуагъэр къыфаIотэжьи раIуагъ:
«ПсынкIэу псым шъузэпырыкI». 22 Арти Даутрэ игъусэхэмрэ ежьэхи
Иордан зэпырыкIыгъэх; нэфшъагъор къэсыфэ Иордан зэкIэри
зэпырыкIыгъагъ.

23 Джэнджэшэгъу зэрафэхъугъэм къызэремыдэIугъэхэр
Ахъытэуфэл къызыгурэIом, щыдым уанэр къытырилъхьи, ащ
къытетIысхьи ядэжь, икъалэ къыгъэзэжьыгъ. Ибынхэм осыетхэр
къафишIыжьи зитхьалэжьыгъ. Арти ятэ икъэунэ ар далъхьажьыгъ.

24 Даут къалэу Мэхъанэим кIуагъэ. Абищэлэмрэ игъусэгъэ израил
дзэкIолIхэмрэ къакIохэзэ, псыхъоу Иордан къызэпырыкIыгъэх.
25 Абищэлэм Иоаб ычIыпIэ Iамасэ дзэм ипэщэнэу тыригъэхьагъ.
Израил лъэпкъым [r]щыщ Итрэ ары Iамасэ зыкъуагъэр. Наас ыпхъоу,
Иоаб янэу, Цырыуй ышыпхъу Абигал ащ ишъузыгъэр. 26 Абищэлэм
игъусэу зэрэ-Израилэу ГъылыIад хэкум къыщыуцугъэх.

27 Даут Мэхъанэим къызэсым, Iамон къалэу Раббэ щыщ
Наас ыкъо Щэубый, Лэудэбар щыщ Аммиил ыкъо Махыр,
гъылыIад къалэу Рэугъэлим щыщ Бэрзылай къыпэгъокIыгъэх.
28 Ахэм техъон-кIэлъынхэр, лэджэнхэр, ятIэм хэшIыкIыгъэ
хьакъу-шыкъухэр, коцы, хьэ, хьаджыгъэ, лэжьыгъэцэ гъэгъугъэхэр,
джэнчы, джэнчыжъый, 29 шъоу, щхыу, мэлхэр, чэмыщэм хэхыгъэ
къуае Даутрэ игъусэхэмрэ арагъэшхынхэу къафахьыгъэх. Ахэм
аIощтыгъ: «ДзэкIолIхэр мэлакIэ малIэх, пшъыгъэх, шъофнэкIым
псыфалIэ щылIагъэх».

---

[r][17] мы лъэпкъыцIэр ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхымрэ ижъырэ урымыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытххэмрэ нахьыбэрэ зэрахэтым фэдэу къэнагъ. Урыс синодальнэ Библием зэритыр: изрыIэл лъэпкъым щыщ.

# ЯпшIыкIуенэрэ шъхьэр

### Абищэлэм зэрэтекIуагъэхэмрэ зэраукIыгъэмрэ

1 ЕтIанэ Даут игъусэгъэ дзэкIолIхэр къэзэрэугъоигъэхэти, нэбгырэ
мин-минэу, шъэрышъэу зэхидзхи, куп пэпчъ шъхьафэу пащэ
фишIыгъ. 2 Даут идзэ щэу зэхидзи, дзэкIолIмэ азыщанэ Иоаб пащэ
фишIыгъ, адрэм Иоаб ышэу, Цырыуй ыкъо Абищай пащэ фишIыгъ,
гъытытэу Иттай ящэнэрэм пащэ фишIыгъ. ЕтIанэ пачъыхьэм лIыхэм
ариIуагъ: «Сэри сыкъыжъудэкIощт». 3 Ау лIыхэм къыраIожьыгъ:
«УкъэмыкIу, тэ тыкъечъэжьэжьми, ащ фэдизэу къытпылъыщтхэп,
тазыныкъо хэкIуадэми, ащи ащ фэдизэу къыпылъыщтхэп. О
уизакъоу тэщ фэдэ минипшIым уапеIащт. Арышъ къалэм удэсэу
укъыддэIэпыIэмэ тэркIэ нахьышIущт». 4 Пачъыхьэм ариIожьыгъ:
«Шъо нахь къежъугъэкIурэр ары сэри сшIэщтыр». Пачъыхьэр
къэлапчъэм дэжь уцугъэ, дзэкIолIхэр шъэрышъэу, мин-минэу ащ
къыблэкIыгъэх. 5 Арти пачъыхьэм Иоаби, Абищайи, Иттайи унашъо
къафишIыгъ: «КIалэу Абищэлэм сэщ пае шъуфэсакъ». Абищэлэм пае
пачъыхьэм идзэпащэмэ унашъоу къафишIыгъэр зэкIэ дзэкIолIхэм
зэхахыгъ.

6 Даут идзэ Абищэлэм гоуцогъэ израилыдзэм шъофым щыпэгъокIи
Ефраим мэзым щызэзэуагъэх. 7 Арти Даут идзэкIолIхэр израилыдзэм
текIуагъэх. А мафэм бэ заом цIыфэу хэкIодагъэр – нэбгырэ мин
тIокI аукIыгъ. 8 Зэрэхэгъэгоу заор щыкIуагъ, чатэкIэ хагъэфагъэм
нахьыбэжь а мафэм мэзым цIыфэу хэкIодагъэр.

9 Абищэлэм Даут идзэкIолIхэм къапэIууагъ. Щыдым тесэу кIозэ,
чъыгэешхом икъутэмэ гъумхэм ачIэкIзэ, ышъхьэкIэ ахэм апыни,
ылъакъохэр чIыгум нэмысэу кIэшIагъэу къэнагъ. Щыдэу зытесыгъэр
хэлъэдэжьыгъ. 10 Ар дзэкIолI горэм къылъэгъугъэти, Иоаб дэжь
кIуи риIуагъ: «Абищэлэм чъыгаем пынагъэу слъэгъугъэ». 11 Арти
Иоаб къэбарыр къыфэзыхьыгъэ дзэкIолIым къыриIуагъ: «Адэ

плъэгъугъэмэ, сыд пае уеоу ар хэмыгъэфагъа? Тыжьын ахъщипшIырэ
бгырыпхрэ къыостынгъэхэба». 12 Ау адрэм Иоаб къыриIожьыгъ:
«Тыжьынэу ахъщэ мин къысэптыщтгъэкIи пачъыхьэм ыкъо
сIэ тесщэеныгъэп. КIалэу Абищэлэм ежь пае шъуфэсакъынэу
ори, Абищаий, Иттаий пачъыхьэм къызэрэшъуиIуагъэр
зэхэтхыгъэба. 13 Мыхъун горэ сшIэгъагъэмэ, сэр-сэрэу бэлахьэм
зыхэздзэжьыщтгъэ. Ор шъыпкъэм етIанэ укъыскъоуцожьыщтыгъэп.
Ар пачъыхьэм шIоуушъэфын плъэкIынэу щытэп ныIа». 14 «Бащэрэ
сыппылъын слъэкIыщтэп», – Иоаб ащ риIожьи, пчыпыджын кIэкIищ
къышти Абищэлэм псэоу зыпынэгъэ чъыгаем екIуалIи, Абищэлэм
ыгу ахэмкIэ хэпыджагъ. 15 Иоаб иашъоджэнэзехьэ кIэлипшIым
Абищэлэм къаухъурэий, чIыгум къытырадзи, аукIыгъ.
16 Ащ ыуж Иоаб сырынэм къыригъапщэхи, Абищэлэм игъусэгъэ
израилмэ алъежьэгъэ дзэкIолIхэм къаригъэгъэзэжьыгъ, сыда
пIомэ Иоаб цIыфхэр нахьыбэрэ ыгъэзэонхэу фэежьыгъэп.
17 Абищэлэм ихьадэ мэзым мэшэ куу горэм щырадзэжьи, мыжъо
Iошъхьэшхо ышъхьагъ щызэтыратэкъожьыгъ. Абищэлэм игъусэгъэ
израил цIыфхэр зэкIэ шъхьадж иунэ екIужьыгъ. 18 Абищэлэм
джыри псэузэ Ерыусэлэм пэблэгъэ Пачъыхьэ кIэим мыжъосын
щызфигъэуцужьыгъагъ. Ар ыгъэуцу зэхъум цIыфхэм агу
къыгъэкIыжьынэу къо зэримыIэр ыIогъагъ. А мыжъосыным ежь
ыцIэкIэ еджэгъагъ. Непэ къызнэсыгъэми а мыжъосыным «Абищэлэм
имыжъосын» аIозэ, еджэх.

### Абищэлэм зэрэщымыIэжьыр Даут зэрэхихыгъэр

19 Цэдокъ ыкъо АхъымэIац ыIуагъ: «Пачъыхьэм дэжь сынэрэси,
Зиусхьаным ар пыйхэм зэращиухъумагъэм икъэбар лъэсэрэгъэIэса».
20 Ау Иоаб ащ къыриIуагъ: «КъэбарышIу непэ о ащ фэпхьышъущтэп;
непэп ащ къэбарыр зыфэпхьыщтыр, нэмыкI мафэр ары, сыда пIомэ
пачъыхьэм ыкъо лIагъэ». 21 ЕтIанэ Иоаб Даут иIумэтэу Африкэ
чIыналъэм ис куш лъэпкъым щыщым къеджи риIуагъ: «КIуи

плъэгъугъэр пачъыхьэм еIотэжь». Арти кушыим Иоаб шъхьащэ
къыфишIи ечъэжьагъ. 22 Ау Цэдокъ ыкъо АхъымэIац джыри Иоаб
риIуагъ: «Сыдэу щытми, кущыим ыуж ситэу сэри сыгъачъэба». Иоаб
ащ риIуагъ: «Сыд пае учъэщта, сикIал? ГушIуапкIэ къыуатыщтэпи».
23 «Ау щытми сычъэщт». Арти ащ къыриIожьыгъ: «Чъэ». АхъымэIац
чъэкIэ кIэир зэпичи, кущыим ыпэ ишъыгъ.

24 А уахътэм Даут къэлэпчъэ зэкIоцIытитIум азыфагу дэсэу
щысыгъ. Къэрэгъулыр дэпкъым хэт къэлапчъэм ышъхьэ дэкIуаий
къызэплъэм, зыгорэ изакъоу къызэрычъэрэр къылъэгъугъ.
25 Арти къэрэгъулыр къэкууи, пачъыхьэм макъэ къыригъэIугъ.
Пачъыхьэм къыIуагъ: «Изакъомэ, къэбарышIу къехьы». Адрэр нахь
къэблагъэщтыгъ. 26 Ар дэдэм къэрэгъулым нэмыкIэу къачъэрэр
къылъэгъугъэти, къэлэпчъэIутым къекууагъ: «Муары джыри зыгорэ
изакъоу къэчъэ». Пачъыхьэм ыIуагъ: «Ащи къэбарышIу къехьы».
27 Къэрэгъулым къыIуагъ: «Апэрэм, къызэрэсшIэжьырэмкIэ, Цэдокъ
ыкъо АхъымэIац икIуакIэ ыIыгъ». Арти пачъыхьэм къыIуагъ: «Ар
цIыфышIу, къыхьырэри къэбарышIу».

28 АхъымэIац къэси пачъыхьэм къекууагъ: «Сэлам!». ЧIыгум нэс
пачъыхьэм шъхьащэ фишIи риIуагъ: «Сизиусхьанэу пачъыхьэм
зыкъыпэзыIэтыгъэхэм уатезгъэкIогъэ уи Зиусхьанэу Тхьэм щытхъур
ыдэжь!» 29 Пачъыхьэр къэупчIагъ: «КIалэу Абищэлэм иIофхэр
шIуа?» АхъымэIац риIожьыгъ: «Пачъыхьэм иIумэтэу Иоаб уиIумэт
уадэжь къыгъэкIон зэхъум гузэжъогъу-гумэкIыгъо горэ щыIагъ,
ау ащ къыщыхъугъапэм сыщыгъуазэп». 30 Пачъыхьэм къыIуагъ:
«IукIоти моу уцу». Адрэр IукIоти уцугъэ.

31 Мары кущыир къэсыгъ. Ащ пачъыхьэм риIуагъ: «Сизиусхьанэу
пачъыхьэм пае къэбарышIу! Зиусхьаным О зыкъыппэзыIэтыгъэхэм
зэкIэми уатыригъэкIуагъ». 32 Арти пачъыхьэр кущыим еупчIыгъ:
«КIалэу Абищэлэм иIофхэр дэгъуха?» Адрэм къыриIожьыгъ:
«А кIалэм къехъулIагъэр сизиусхьанэу пачъыхьэм ипыйхэмрэ о
къыппэшIуекIоу Iоф бзаджэхэм ягупшысэхэрэмрэ къащэрэшI!»

[33] Пачъыхьэм ыгу къызэхахьи, къэлапчъэм ышъхьагъ тет унэм
ихьагъ. Ащ кIо зэхъум гъызэ пчъэщтыгъэ: «СикIалэу Абищэлэм!
СикIал, сикIалэу Абищэлэм! О пчIыпIэ сылIагъэмэ, зыпэ къэсштэн
щыIэныгъэпи, а сикIалэу Абищэлэм, сикIал, сикIал!»+[18]

# ЯпшIыкIубгъонэрэ шъхьэр

### Иоаб Даут зэрегыигъэр

[1] Иоаб раIуагъ: «Пачъыхьэм Абищэлэм егъае, ащ пае нэшхъэй».
[2] Джаущтэу дзэкIолIхэм а мафэм къыдахыгъэ текIоныгъэр
хьадагъэ хъужьыгъэ. Ыкъо пае пачъыхьэр зэрэнэшхъэим
икъэбар а мафэм дзэкIолIхэм зэхахыгъ. [3] Арти зэуапIэм зышъхьэ
къыIузыхыжьыгъэхэм укIытэхэзэ зызэрагъэбылъырэм фэдэу,
дзэкIолIхэр гъэбылъыгъэкIэ къалэм къыдэхьажьыщтыгъэх.
[4] Пачъыхьэм ыIэхэр ынэIу Iулъхэу, ымакъэ Iоу пыхьэщтыгъэ:
«СикIалэу Абищэлэм! Абищэлэм, сикIал, сикIал!» [5] Арти
Иоаб пачъыхьэм дэжь къакIуи къыриIуагъ: «О уищыIэныгъи,
пкъохэмрэ упхъухэмрэ ящыIэныгъи, уишъузхэмрэ уишъуз
гуадзэхэмрэ ящыIэныгъи къэзгъэнэжьыгъэ уиIумэтхэр зэкIэ непэ
къыпфэукIытагъэх. [6] Узфэмылъэгъухэрэр ары о шIу плъэгъухэрэр,
шIу узылъэгъухэрэр пфэлъэгъухэрэп, сыда пIомэ дзэпащэхэри
уиIумэтхэри къызэримыдзэхэрэр непэ къэбгъэнэфагъ. Тэ зэкIэми
тылIэу Абищэлэм псэоу къэнэжьыгъагъэмэ, о нахь зэрэуигопэщтгъэр
непэ сэ къызгурыIуагъ. [7] Арышъ, къэтэджи уидзэкIолIхэм агу
къыдэщай, армырмэ, Тхьэр зэрэщыIэр сэIо, укъызахэмыхьэкIэ, зы
нэбгыри нычэпэ къыпфэнэжьыщтэп. О къэбгъэшIагъэм узхэфэгъэ
тхьамыкIагъохэм ар анахь дэижьыщт». [8] Арти пачъыхьэр къэтэджи
къэлапчъэм дэжь тIысыгъэ. Пачъыхьэр къэлапчъэм дэжь зэрэщысым

---

+[18]Мы стихыр ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхмэ яя 19-рэ шъхьэ и 1-рэ стихэу щыт.

икъэбар дзэкIолIхэм ахатIупщыхьагъэти, ахэр зэкIэ пачъыхьэм дэжь къыщызэрэугъоигъэх.

## Даут Ерыусэлэм къызэригъэззэжьыгъэр

Ащ дэжьым Абищэлэм Израилым итемыр лъэныкъо щыщ
дзэкIолIхэу гоуцогъагъэхэр шъхьадж ипакIэ хэлъэдэжьыгъагъэх.
9 Израилым итемыр лъэныкъо щыпсэурэ лIэкъо пстэури
зэнэкъокъухэзэ тегущыIэщтыгъэх: «Пачъыхьэм типыйхэм
тащиухъумагъэми, фылистхэми такъыIэкIихыжьыгъ, ежь
Абищэлэм пае тихэгъэгу къыбгыни хэлъэдэжьыгъагъ. 10–11 Ау
пачъыхьэу хэддзыгъэ Абищэлэм заом хэкIодагъэба, пачъыхьэм
икъегъэгъэзэжьын сыд пае джы зедгъэукIыхьыра?» Израилым
итемыр щыпсэурэ лIэкъо пстэури зытегущыIэрэм икъэбар
пачъыхьэм къылъыIэсыгъ. Арти пачъыхьэу Даут къурмэнышIхэу
Цэдокърэ Абыетаррэ адэжь ыгъэкIуагъэх: «Ехъудэм инахьыжъ
упчIэжьэгъухэм яшъуIу: „Пачъыхьэр тегъэхьажьыгъэным пае
шъо зыпари сыда зыкIэшъумыIорэр? 12 Шъо шъусикъош, зыл
тыщыщ шъыпкъэх, пачъыхьэр тегъэхьажьыгъэнэу фаехэм сыд пае
ауж зыкъижъугъанэра?“ 13 Iамасэ сфешъуIу: „Усикъупшъхьэба
о, усипкъба? Джы къыщегъэжьагъэу Иоаб ычIыпIэ удзэпэщэнэу
узысымыгъэуцукIэ, Тхьэм сифэшъуашэр серэгъэгъот, нахьыбэжьи
къысерэшI!“» 14 Джаущтэу зы нэбгырэм фэдэу ехъудхэм
агухэр ащ къыщэфыгъэхэти, ахэм пачъыхьэм дэжь къагъакIохи
къырарагъэIуагъ: «Ори уиIумэтхэми зэкIэми къэжъугъэзэжь».
15 Арти пачъыхьэм къыгъэзэжьи псыхъоу Иордан къэкIуагъ.
Ехъудхэр пачъыхьэм пэгъокIынхэшъ, Иордан къызэпыращыным пае
Гъылгъалым къэкIуагъэх.

## Даут ЩымIый гукIэгъу зэрэфишIыгъэр

16 Бахъурим щыщ быняминэу Гъэрэ ыкъо ЩымIый гузажъозэ
ехъудхэм ягъусэу пачъыхьэу Даут пэгъокIынэу кIуагъэ. 17 Бынямин

нэбгырэ миныр ащ кӀыгъугъ. Саул иунагъо иӀумэтэу Цыбэ ыкъо
пшӀыкӀутфырэ ипщылӀ нэбгырэ тӀокӀырэ пачъыхьэр Иордан
нэмысызэ гузэжъогъукӀэ ащ чъагъэх. [18] Ахэр зыфэягъэхэр пачъыхьэм
иунагъо псыикӀыпӀэм къызэпырыкӀ зыхъукӀэ дэӀэпыӀэнхэу, етӀани
ежь зэрэфаем фэдэу яшӀуагъэ ащ рагъэкӀынэу ары. ЕтӀанэ пачъыхьэм
иунагъо псыхъоу Иордан къызэрэзэпырыкӀыгъэм тетэу, Гъэрэ
ыкъо ЩымӀый пачъыхьэм ыпашъхьэ зыщыридзыхи, [19] пачъыхьэм
риӀуагъ: «Сизиусхьанэу пачъыхьэм Ерыусэлэм къызебгынэ мафэм
уипщылӀ зэрэхэукъогъагъэр угу къэмыгъэкӀыжьэу, сизиусхьан,
бзэджэшӀагъэкӀэ ар къысфэмылъэгъоу, хъугъэр, пачъыхьэр, угу
темыгъэлъ. [20] Сыда пӀомэ зэрэхэукъуагъэр уипщылӀ зыдешӀэжьы,
сизиусхьанэу пачъыхьэм сыпэгъокӀыным пае джы мары Израилым
итемыр щыпсэурэ лӀакъохэм ащыщэу апэ дэдэу сэ сыкъэсыгъ».
[21] Арти Цырыуй ыкъо Абищай ащ ипэгъокӀэу къыӀуагъ: «Тхьэм
хихыгъэ пачъыхьэм зэребгыгъэм пае ЩымӀый укӀыгъэн фаеба?»
[22] Ау Даут къыӀуагъ: «Сыда ащ зызкӀышӀожъугъанэрэр, Цырыуй
ыкъохэр? Сыжъугъэмысэрэм фэдэу непэ зэшъогъэпсы. Непэ зыгорэ
Израилым щытыукӀын фая? Зэрэ-Израилэу сызэрипачъыхьэр
сэркӀэ джыри нафэба?» [23] «О упсэущт» ЩымӀый риӀуи, пачъыхьэм
тхьэлъанэ ышӀыгъ.

### Даутрэ Мэфибощэтрэ зэрэзэӀукӀагъэхэр

[24] Саул ипхъорэлъфэу Мэфобэщэт пачъыхьэм къыпэгъокӀыгъ.
Пачъыхьэр зыдэкӀыгъэ мафэм къыщегъэжьагъэу текӀоныгъэр
къыдихи къызщигъэзэжьыгъэ мафэм нэс уахътэу тешӀагъэм
къыкӀоцӀ ар ылъакъохэм апылъыгъэп, ыжакӀи пыупхъухьагъэп,
иджанэхэри ыгыкӀыгъэхэп. [25] Ар зыдэс Ерыусэлэм къыдэкӀи
пачъыхьэм къызыпэгъокӀым пачъыхьэр ащ еупчӀыгъ: «Сыд пае,
Мэфибощэт укъыздемыжьэгъагъа?» [26] Арти адрэм къыриӀожьыгъ:
«Сизиусхьанэу пачъыхьэр! СиӀумэт сигъэпцӀагъ, сыда пӀомэ
сэ, уиӀумэт, сызэрэлъащэм къыхэкӀэу сӀогъагъэ: „Щыдым уанэ

теслъхьанышъ, сытетIысхьанышъ пачъыхьэм сыдежьэн“. 27 Ау
зиусхьанэу пачъыхьэм ыпашъхьэ уиIумэт ащ щиубыгъ. Ау
сизиусхьанэу пачъыхьэр Тхьэм имэлэIич пэлъытыгъэшъ, узфэе
шъыпкъэр шIэ. 28 АукI ашIоигъоу сизиусхьанэу пачъыхьэм ыуж
зэритыгъэхэм пае сятэ иунагъо зэрэщытэу бгъэкIодыныр ифэшъуаш,
ау уиIумэт уиIанэ пэсхэм ахэбгъэтIысхьагъэба, пачъыхьэр
джыри згъэгумэкIыным ифитныгъэ сэ сиIа?» 29 Арти пачъыхьэм
къыриIожьыгъ: «Икъунба къэпIуагъэр? Сэ зытесыубытагъэр оррэ
Цыбэрэ чIыгур зэфэжъугощынэу ары». 30 Ащ ыуж Мэфибощэт
пачъыхьэм къыриIожьыгъ: «Сизиусхьанэу пачъыхьэм текIоныгъэр
къыдихыгъэу къызигъэзэжьыгъэ уж фаемэ зэкIэри ащ ерэшт».

**Даут ынэшIу Бэрзылай зэрэщыфагъэр**

31 ГъылыIадэу Бэрзылай пачъыхьэр Иордан зэпырыкI зыхъукIэ
ишъхьагъырытхэм ахэтыным пае Рэугъэлим къикIи къэкIуагъ.
32 Бэрзылай лъэшэу хэкIотэгъагъ, илъэс тIокIиплI ыныбжьыгъ.
Баеу щытти пачъыхьэр Мэхъанэим щэIэфэ гъомлапхъэхэр
къыIэкIигъэхьагъэх. 33 Пачъыхьэм Бэрзылай риIуагъ: «Усигъусэу
некIо, Ерыусэлэм удэсыфэ сынаIэ къыптезгъэтыщт». 34 Ау Бэрзылай
пачъыхьэм къыриIожьыгъ: «Пачъыхьэм сыригъусэу Ерыусэлэм
сыкIоным пае згъэшIэнэу ба сэ къысфэнэжьыгъэр? 35 Сэ илъэс
тIокIиплI сыхъугъах; къинымрэ тхъагъомрэ зэхэсымыгъэкIокIэшъун
шъуIуа? УиIумэт ышхыщтымрэ ришъущтымрэ яIэшIугъэ
зэхифышъун шъуIуа? Хъулъфыгъэхэмрэ бзылъфыгъэхэмрэ яорэд
макъэхэр зэхихыным иIоф тета? Сыд пае сизиусхьанэу пачъыхьэм
хьылъэ зыфэсшIына? 36 УиIумэт пачъыхьэм игъусэу Иордан
ыкIыбкIэ тIэкIу горэм дэкIотэн; сыд пае пачъыхьэм ащ фэдизым
нэсэу сигъэлъэпIэн фая? 37 Сикъалэ сызэрэдэсэу сихьадэгъу
сыIукIэнэу, сятэрэ сянэрэ якъэмэ адэжь сыщагъэтIылъыжьынэу
уиIумэт Iизын къет. Ау мары уиIумэтэу Къымхъам сизиусхьанэу
пачъыхьэм игъусэу орэкIо, о зэрэпшIоигъоу ащ къыдэзекIу».

38 Арти пачъыхьэм къыIуагъ: «Къымхъам къыздэрэкIу, о узфаер ащ
къыфэсшIэщт, сыд уфаеми ори къыпфэсшIэщт». 39 ЕтIанэ цIыфхэр
зэкIэ пачъыхьэри ягъусэу Иордан къызэпырыкIыгъэх. Пачъыхьэр
къебэуи, Тхьэм ынэшIу къыщыфэнэу къызыфэлъаIом ыуж Бэрзылай
ядэжь къэкIожьыгъ.

### Ехъудхэмрэ израил цIыфхэмрэ зэрэзэнэкъокъугъэхэр

40 ЕтIанэ пачъыхьэр Гъылгъал кIуагъэ, Къымхъами ащ игъусагъ.
Ехъудэм щыщ дзэкIолIхэм зэкIэми, Израилым щыщ дзэкIолIмэ
азыныкъо пачъыхьэр къагъэкIотэжьыгъ. 41 Ащ ыуж зэкIэ Израилым
щыщ дзэкIолIхэр пачъыхьэм дэжь къакIохи раIуагъ: «Сыд пае
Ехъудэм щыщ ткъош дзэкIолIхэм утшIуатыгъуи пачъыхьэмрэ
Даут иунагъорэ лIэу игъусагъэхэри зэрэзэхэтхэу Иордан
къызэпыращыжьхи ядэжь къагъэкIотэжьыгъэха?» 42 Арти ехъудхэм
Израилым щыщ дзэкIолIхэм къараIожьыгъ: «Ар зытехъухьэрэр
пачъыхьэр тилIакъо щыщышъ, нахь къытпэблагъэшъ ары. Ащ пае
шъугубжынэу щыта? Пачъыхьэм ие горэ тшхыгъа е шIухьафтынхэр
ащ къытитыгъэха?» 43 Ау Израилым щыщ дзэкIолIхэм ехъудхэм
араIуагъ: «ЛIэкъуипшI тэхъумэ, пачъыхьэу Даут щыщэу тэ
къыттефэрэр шъощ нахьи IахьипшIыкIэ нахьыбэн фае. Ащыгъум
сыд пае тынапэ тешъухыра? Типачъыхьэ къызэрегъэгъэзэжьыгъэн
фаер тэрба апэу къэзыIуагъэр?» Ау ехъудхэр Израилым щыщ
дзэкIолIхэм анахь ябгэу къэгущыIагъэх.

# ЯтIокIэнэрэ шъхьэр

### ЩэбаI зыкъызэриIэтыгъэр

1 Бынямин мыхъатэ горэ Быхърый ыкъоу, ЩэбаIкIэ еджэхэу, Тхьэм
шIомылIыкIэу а чIыпIэм щыIагъэти, сырынэм къепщи къыIуагъ:

„Даут тызэрэхэт щыIэп,

Ищай ыкъуи къызэрэтфыщыт щыIэпышъ,
Израилым щыщхэр, зэкIэми тиунэмэ тяжъугъэкIужь!»

2 Арти Израилым итемыр лъэныкъо щыщхэр зэкIэ Даут гокIхи,
Быхърый ыкъо ЩэбаI гоуцуагъэх. Ехъудхэр япачъыхьэ гоуцохи, ащ
игъусэхэу Иордан къикIыжьхи Ерыусэлэм кIожьыгъэх.
3 Ащ ыуж Даут Ерыусэлэм дэт иунэ къыгъэзэжьыгъ. ЕтIанэ
унэм лъыплъэнхэу къыгъэнэгъэгъэ ишъуз годзипшI унэ шъхьаф
ригъэтIысхьэхи къэрэгъулэр аригъэуцолIагъ. Яфэныкъуагъэхэр
аригъэгъотхэу ахэр ащ исыгъэх, ау ежь алъихьэщтыгъэп.
ОлIэжьыфэхэ ахэр шъузабэм фэдэу ащ исыгъэх.
4 ЕтIанэ Даут Iамасэ риIуагъ: «МэфищкIэ ехъудхэр
къысфызэIугъакIэхи, ори къакIо». 5 Ехъудхэм къяджэнэу
Iамасэ ежьагъ, ау пIалъэу фигъэнэфагъэм къемыхъулIэжьэу
къэгужъуагъ. 6 Арти Даут Абищай риIуагъ: «Абищэлэм изэрарэу
къыгъэкIуагъэм нахьыбэ Быхърый ыкъо ЩэбаI джы къыхьыщтышъ,
ащ къэлэ-пытапIэхэр ымыубытхэзэ, тIэкIэмыкIыжьзэ сидзэкIолIхэр
зигъэгъусэхи ыуж ихь».
7 Иоаб идзэкIолIхэри, Даут иухъумэкIо шъхьагъырытхэри,
лIыбланэхэри зэкIэ зэгъусэхэу Абищай ыуж итхэу Ерыусэлэм
къыдэкIхи Быхърый ыкъо ЩэбаI лъежьагъэх. 8 ГъыбIоным дэжь
мыжъосынышхо горэм зынэсхэм апэкIэ къикIэу Iамасэ къаIукIагъ.
Иоаб дзэкIолI шъуашэкIэ фэпэгъагъэ, къэмалъэм псынкIэу
къиупхъотышъоу ыкIи иплъхьажьышъурэ къэмэ кIэкIыр ыкопкъ
телъыгъ. КъакIо пэтзэ къэмэ кIэкIыр къэмалъэм къицохъугъ. 9 Мыщ
дэжьым Иоаб Iамасэ риIуагъ: «Упсэуба, сикъош?» Iамасэ ебэуным
пае Иоаб ащ ыжакIэ Iэ джабгъумкIэ ыубытыгъ.
10 Иоаб IэкIэлъыгъэ къэмэ кIэкIым Iамасэ зыщиухъумагъэпти,
адрэр ащкIэ ыныбэ къыхэпыджи, ыкIоцI илъыгъэхэр зэкIэ
къыригъэугъэх, ащ нахьыбэри хэпыджэжьыгъэп, сыда пIомэ адрэм
ыпсэ хэкIыгъэхагъ.

ЕтIанэ Иоабрэ ащ ышэу Абищайрэ Быхърый ыкъо ЩэбаI
лъежьагъэх. [11] Иоаб игъусэмэ ащыщ горэ Iамасэ ихьадэ
шъхьащытэу ыIощтыгъэ: «Иоаб фэшъыпкъэу Даут готыр Иоаб
ыуж ерэхь!» [12] Iамасэ лъым хэлъэу, гъогум телъэу, блэкIхэрэр зэкIэ
зэрэшъхьащыуцохэрэр а лIым къызелъэгъум, ащ Iамасэ гъогум
къытырилъэшъужьи, шъофым рилъэшъуагъ, щыгъын горэхэр
тыридзагъэх. [13] ЕтIанэ ар гъогум зытырелъэшъужьым дзэкIолIхэр
зэкIэ Иоаб ыуж итхэу Быхърый ыкъо ЩэбаI лъежьагъэх.

[14] ЩэбаI Израилым итемыр лъэныкъо щыщ лIэкъо пстэуми
заIуигъакIэзэ, къалэу Абэл-Бэт-МэIахэ кIуагъэ. ЕтIанэ быхърый
лIакъом щыщхэр зэкIэ къэзэрэугъоихи ащ кIэлъыкIохэзэ къалэм
дэхьагъэх. [15] ЕтIанэ Иоаб идзэкIолIхэр Абэл-Бэт-МэIахэ къекIухи
къадзыхьагъ, къалэм ыкIыбырэ дэпкъ дэкIоенхэм пае мыжъо-етIэ
зэхэлъ Iошъхьэшхо зэтыратакъуи, дэпкъым икъутэн ахэр фежьагъэх.
[16] Арти зы бзылъфыгъэ Iуш горэ къалэм идэпкъ ышъхьагъ тетэу
къэджагъ: «ШъукъэдаIу, шъукъэдаIу, Иоаб моу къэкIотэнэу
ешъуIоба, ащ сыкъыдэгущыIэнэу сыфай». [17] Иоаб къызекIуалIэм
бзылъфыгъэм къыIуагъ: «Ора Иоабыр?» «Сэры», – риIожьыгъ.
Адрэм къыриIуагъ: «УиIумэт къыуиIощтым къедэIу». Мыдрэм
риIожьыгъ: «СыкъэдаIо».

[18] Ащ къыIуагъ: «Пасэм аIощтыгъэ: „Зыгорэм кIэупчIэнэу фаер
Абэл орэкIуи къыщыкIэрэупчI“. Джары Iофыр зэрэзэхафыщтыгъэр.
[s19] Мыр Израилым фэшъыпкъэ мамыр къалэмэ ащыщ; ау Израилым
ыгъэлъэпIэрэ ным палъытэгъэ а къалэр о зэхэпкъути, бгъэкIоди
пшIоигъу. Сыд пае Зиусхьаным ыIэ илъ къалэр бгъэкIодына?»
[20] Арти Иоаб риIожьыгъ: «Ашъыу зыгори зэхэскъутэнэуи
згъэкIодынэуи сыфаеп! [21] Арэп Iофыр зэрэщытыр. Ау Ефраим

---

[s][19] Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [шъыпкъэм тетынхэу Iуагъэ зышIыгъэмэ афэдэхэр Израилым къинэгъэнха? Абэл щыкIэрэупчIэх: къэнагъэха?]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

Iуашъхьэм щыпсэурэ Бихърый икъоу, ЩэбаIкIэ заджэхэрэр
пачъыхьэу Даут пэуцужьыгъ. Изакъоу джар къысIэкIэжъугъахьи,
къалэм сыкIэрыкIыжьыщт». Бзылъфыгъэм Иоаб къыриIуагъ:
«Ащыгъум ащ ышъхьэ дэпкъым къырадзыхыгъэу плъэгъун».
22 ЕтIанэ бзылъфыгъэр цIыфхэм ахахьи игухэлъ зафеIуатэм,
Бихърый икъо ЩэбаI ышъхьэ шIуаупкIи Иоаб къыфырадзыхыгъ.
Арти ар бжъэ сырынэм къеопщи, къалэр къэзыдзыхьэгъагъэхэр зэкIэ
къыIукIыжьхи, ядэжь къагъэзэжьыгъ. Иоаб Ерыусэлэм пачъыхьэм
дэжь кIожьыгъэ.

### Даут икъулыкъушIэ Iэшъхьэтетхэр

23 Иоаб зэкIэ израилыдзэмэ япэщагъ, ИодаI ыкъо Бэнай Даут
иухъумэкIо шъхьагъырытхэу къэрэт, пэлэт лъэпкъмэ ащыщхэм
яIэшъхьэтетыгъ. 24 Адорам егъэзыгъэкIэ Iоф зэрагъашIэщтыгъэ
цIыфхэм ятхьамэтагъ; Ахъылыуд ыкъо Иощэфат иупчIэжьэгъу
шъхьаIэщтыгъ, пачъыхьэм иунашъохэр цIыфмэ алъигъэIэсщтыгъэх;
25 Шэуа тхэкIуагъэ; Цэдокърэ Абыетаррэ къурмэнышIщтыгъэх,
26 яирэу Iири Даут икъурмэнышIгорэщтыгъ.

## ЯтIокIэнэрэ зырэ шъхьэр

### ГъыбIонхэм Саул иунагъо агу къызэрэтырагъэпщэхагъэр

1 Даут ипачъыхьагъум зэпыу имыIэу илъэсищэ зэкIэлъыкIоу
гъэблагъэ. Даут Зиусхьаным еупчIыгъэти, Зиусхьаным къыриIуагъ:
«Саулрэ ащ иунэгъо лъыгъэчъакIорэ лажьэу яIэм, гъыбIонхэр
зэраукIыгъэхэм пае ар». 2 ГъыбIонхэр джуртмэ ащыщыгъэхэп,
ау амэрхэм зязаохэм ахэм ащыщэу псэоу къэнэжьыгъэмэ
къахэкIыгъагъэх. Джуртхэм ахэр щыхьагъу амышIынхэу
тхьэлъанэ адашIыгъагъэми, израил цIыфхэмрэ ехъуд цIыфхэмрэ
афэгумэкI фэдэу зыригъэшIызэ, Саул ахэр ыгъэкIодхэ шIоигъуагъ.
Арти пачъыхьэр гъыбIонхэм къяджи адэгущыIагъ. 3 Даут

гъыбIонхэм яупчIыгъ: «Сыдэущтэу шъугу къыдэсщэежьын
слъэкIыщта? Зиусхьаным хихыгъэ лъэпкъ шъуишIуным пае
сыда сшIэщтыр?» 4 ГъыбIонхэм ащ къыраIожьыгъ: «Саулрэ
ащ иунагъорэ яIоф тыжьынрэ дышъэкIэрэ зэхэпфынэу щытэп,
Израилым зыгорэ щядгъэукIынэуи тыфитэп». Арти ащ ариIуагъ:
«Сыда адэ шъузыфаер? КъышъуфэсшIэщт». 5 Ахэм пачъыхьэм
къыраIуагъ: «Израилым ыкъуапэ горэми тыщымыпсэуным пае
Саул тиукIыщтыгъ, джащ фэдэу зэкIэми тигъэкIодынэуи фэягъ.
6 Арышъ, ибынхэм ащыщэу нэбгырибл къытэти, Зиусхьаным
инэрылъэгъоу Тхьэм хихыгъэ пачъыхьэу Саул икъалэу ГивыIэ
щытыукIынхэшъ, зэрэпылъагъэхэу къэдгъэнэщтых». Пачъыхьэм
ариIуагъ: «Къышъостыщтых». 7 Саул ыкъо Ионэтан зэзэгъыныгъэ
зэрэдишIыгъагъэм пае, ащ икIалэу Мэфибощэт пачъыхьэм аримытэу
псэоу къыгъэнэжьыгъ. 8 Арти Айэ ыпхъоу, Армоныйрэ Мэфибощэтрэ
Саул къыфэзылъфыгъэхэ Рицпэ ыкъуитIу, Саул ыпхъоу Мэраб
Мыхъолат щыщ Бэрзылай къуитфэу къыфилъфыгъэхэр пачъыхьэм
къахихыгъэх. 9 Ахэр гъыбIонхэм къаритхи, Зиусхьаным ыпашъхьэ
Iуашъхьэм щыпалъагъэх. Блыри зэдэкIодыгъэх. Хыныгъом
иапэрэ мафэхэм, хьэм иIухыжьын фежьагъэхэу ахэр аукIыгъагъэх.
10 Арти Айэ ыпхъоу Рицпэ дзыопхъэ шэкI пхъашэм фэдэ ежь
тетIысхьаным пае къышти, мыжъо горэм ар тыриубгъуи,
хыныгъор зыщырагъэжьагъэм къыщыублагъэу ощх къещхынэу
къеублэфэ мафэрэ бзыухэр къанимыгъэсхэу, чэщрэ шъофым
ит хьакIэ-къуакIэхэр къаримыгъэкIуалIэхэу ахэм яхьадэмэ
апэсыгъ. 11 Саул ишъуз гуадзэу, Айэ ыпхъоу Рицпэ ышIагъэм
икъэбар Даут къылъагъэIасыгъэти, 12 Даут кIуи Саулрэ Ионэтанрэ
яхьадэкъупшъхьэхэр гъылыIад къалэу Яощ дэсхэм къаIихыжьыгъэх.
Фылистхэм Саул ГъылбэуаI щаукIыгъэу, ыкъо Ионэтанрэ ежьыррэ
яхьадэхэр Бэт-Щан чIыпIэм зыщыпалъэжьхэм Яощ дэсхэм
ахэр шъэфэу къыпахыжьыгъагъэх. 13 Саули ащ ыкъо Ионэтани
яхьадэкъупшъхьэхэр ащ къычIихыжьыгъэх; адрэ палъэгъагъэхэм

яхьадэкъупшъхьэхэри къаугъоижьыгъэх. [14] ЕтIанэ Саулрэ ащ ыкъо
Ионэтанрэ яхьадэкъупшъхьэхэр Саул ятэу Къыщ икъэу бынямин
чIыгум къыхиубытэрэ чIыпIэу ЦэлаI дэтым чIалъхьажьыгъэх.
Пачъыхьэм афишIыгъэ унашъохэр зэкIэ агъэцэкIагъэх. Ащ ыуж
цIыфмэ ятхьэлъэIухэр Тхьэм къызэхиххи гукIэгъу къафишIыгъ.

**Даут идзэкIолIхэм ягъэхъагъэхэр**

[15] ЕтIанэ фылистмэ икIэрыкIэу зао къырагъэжьагъэти, Даутрэ
идзэкIолIхэмрэ ежьэхи фылистмэ язэуагъэх. Даут пшъыгъагъэ.
[16] Иныжъмэ къахэкIыгъэу, зигъоплъэ пчыпыджын килограммищ
фэдиз хъущтыгъэу, кIэу къамэ зыгопхэгъэгъэ Ищбый-Бэнэу Даут
ыукIынэу фэягъ. [17] Ау Цырыуй ыкъо Абищай фылистым текIуи
ыукIыгъ. Арти Даут идзэкIолIхэм тхьэлъанэ ашIыгъ: «Израилыр
къызэпэзгъэнэфырэ остыгъэр мыкIосэным пае утигъусэу ащ
нахьыбэрэ заом укIожьыщтэп». [18] Ащ ыужи фылистмэ джыри
Гоб зыщязаохэм, Хъущым щыщ Сыбхъай иныжъхэм ащыщ
горэ ыукIыгъагъ. [19] НэмыкI зауи Гоб щыкIогъагъэти, Бэтлэхъэм
щыщ ЯIэрэ-Орэгъым ыкъо Елхъэнан гъытытмэ ащыщ Голиатэу
зипчыпыджыныкI лIы къызэрыкIом ыIапшъэкIэ умыубытышъунэу
гъумыгъэр ыукIыгъагъ. [20] Гъатым джыри зы зао щыкIуагъэти,
ыIэхэми ылъакъохэми Iэхъомбэ ыкIи лъэхъомбэ хырых, зэкIэмкIи
тIокIырэ плIырэ хъоу пытхэу иныжъхэм ащыщэу зы лIы лъэгэшхо
горэ ахэтыгъ. [21] Израил дзэкIолIхэр ащ къыушъхьакIущтыгъэх, ау
Даут ыш Щаммэ ыкъо Ионэтан ар ыукIыгъ. [22] А нэбгыриплIыри
Гъатым дэс иныжъхэм ащыщыгъэх, плIыри Даутрэ ащ
идзэкIолIхэмрэ аукIыгъэх.

# ЯтIокIэнэрэ тIурэ шъхьэр

## Даут ищытхъуфэшI орэд

[1] Зиусхьаным Даут ипыйхэми Саули къызаIакIехыжьым ыуж
орэдым хэлъ гущыIэхэр фигъаззэхи ащ къыIуагъ:

[2] «Зиусхьаныр – симыжъо Iошъхьэ пыт,
сипытапI, сикъэгъэнэжьакIу.

[3] Си-Тхьэ – сикъушъхьэ зэндэ лъаг,
Ар сэ сигугъэпIэшху, симэIу;
сыкъэзгъэнэжьырэ кIуачI,
симыжъо дэпкъ занд ыкIи сигъэбылъыпI;
СиухъумакIу, егъэзыпIэхэм О сыкъарэощыжьы!

[4] Щытхъушхор зытефэрэ Зиусхьаным селъэIунышъ,
сипыйхэми сащиухъумэн.

[5] Хьадэгъум иорхэм сыкъауцухьагъэу,
кIодыгъом ипсы чъэр сыздихьы пэтыгъ;

[6] хьадрыхэ кIапсэхэмкIэ сызэкIоцIыпхагъэу
хьадэгъум имашэ сифагъ.

[7] ГукIаем идэкъацэ сызыдэфэм,
си-Зиусхьанэу си-Тхьэ зыфэзгъази селъэIугъэти,
Сызэрэкууагъэр иунэ лъапIэ къыщызэхихыгъ,
спсэ игурым макъэ ытхьакIумэ ридзагъ.

[8] ЕтIанэ чIыгур къэтIыгурыгугъ, зызэридзэжьыгъ,

ошъогу лъачIэхэри къэкIэзэзхи, къэтIыгурыгугъэх,
къызэрафэгубжыгъэр къыгъэнэфагъ.

9 ЫпэгъуанэхэмIугъор къарыутысыкIыгъ,
тезылыкIырэ машIор ыжэ къыдэустхъукIыгъ,
мэшIо тэпхэр къыхэтэкъугъэх.

10 Уашъор къызэIуигъэкIоти, Ар ащ къехыгъ,
мэзэхэ шIункIыр Ащ ылъэгу чIэтыгъ;

11 Къэрыубмэ къатетIысхьи ебыбэжьагъ,
жьыбгъэ фыртынэм ытамэхэм атетэу зыригъэлъэсэжьагъ;

12 ошъуапщэхэм къыздахьырэ псыр зэхигъэзыхьи,
ямэзэхэ шIункI гъэIагъэ къызэригъэуцокIыгъ;

13 итеплъэу зэпэхъопскIыжьырэм
мэшIо стафэхэр къызэкIигъанэщтыгъ.

14 Ошъогум мэкъэшхо Зиусхьаным къыщигъэIугъ,
ТиIэшъхьэтетышхо ымакъэ къызэхаригъэхыгъ;

15 щабзэхэр къытIупщхи атыригъэфагъэх,
ипыйхэм пчыкIэмкIэ кIаригъэтхъужьыгъ.

16 Зиусхьаным ымэкъэ щынагъорэ ижьыкъэщэ гъогъо лъэшрэ
хыхэр алъачIэмэ анэсэу зэгуагъэугъэх,
дунаим ылъапсэхэр къызэIуахыгъэх.

17 Ащ ыIэ лъэгапIэм къыхищэикIи сиубытыгъ,
хыдзэ-псыдзабэхэм сакъыхищыжьыгъ;

[18] сипый лъэши сызфэмылъэгъухэу сэщ нахь лъэшщтыгъэхэми
сакъыІэкІихыжьыгъ.

[19] СитхьамыкІэгъу мафэм ахэм зыкъыспаІэтыгъ,
ау Зиусхьаныр сэркІэ тегъэкІапІэщтыгъ.
[20] Хъоо-пщаупІэр къыситыжьыгъ,
сакъыІэкІихыжьыгъ, сыда пІомэ Ар сэ къысфэшІу.

[21] Шъыпкъэм сызэрэтетым пае Зиусхьаным шІу къысфишІагъ,
мыхъун зэрэскъомылъым ипэгъокІэу сигъэлъэпІагъ.
[22] Сыда пІомэ Зиусхьаным сэ сыбгъодэкІыгъэп,
си-Тхьэ къемыкІунэу мыхъун сэ сшІагъэп.

[23] Ащ иунашъохэр зэкІэ згъэцэкІагъэх,
шапхъэу ыгъэуцугъэхэри сыукъуагъэхэп,
[24] Ащ ыпашъхьэ лые щысшІагъэп,
пхэндж зекІуакІэм зыщысыухъумагъ.
[25] Арти шъыпкъэм сызэрэтетыр, ыпашъхьэ сызэрэщыкъабзэр
Зиусхьаным къызэхишІыкІыгъ.

[26] Къыпфэшъыпкъэхэм уафэшъыпкъэжь,
пхэнджыгъэ зыхэмылъым шІур пэогъохы,
[27] къабзэм уфэкъабз,
тхьагъэпцІыми зэрифэшъуашэу укъыпэгъокІыжьы.

[28] Шъырытныгъэ зыхэлъхэр къэогъэнэжьых,
пагэхэр уинэплъэгъукІэ пхъэтэпэмыхь ошІыжьых.

[29] Оры, оры, Зиусхьан, сиостыгъэ нэфыр;
сызхэт шІункІыр Зиусхьаным къысфегъэнэфы.

30 О, О усигъусэу дзэ купым сытекIо;
Тхьэр сигъусэу пытэпIэ дэпкъым сыдэкIуае.

31 Ар Тхьэ – Ащ игъогу щыкIэгъэнчъэ шъыпкъ,
Ащ игущыIэ зафэм изэфэжь,
щыгугъырэ пстэуми мэIу афэхъу.

32 Зиусхьаным нэмыкI зыпари Тхьэ щыIэп,
ти Тхьэ нэмыкIэу хэт къушъхьэ зэндэ лъагэу щыIэр?

33 Ар – Тхьэу сыкъэзгъэнэжьырэ кIуачI,
гъогу зафэр къысфызэIуехы.
34 Шъыхьэ анэм ылъакъомэ япсынкIагъэрэ ясакъыгъэрэ слъакъомэ къаритыгъэхэшъ,
къушъхьэ лъэгапIэхэм санегъэсы;

35 зэуакIэм сыфигъэсагъэшъ,
джэрз щабзэр къэсэуфэшъу.

36 Сыкъызэрынэжьыщт мэIур О къысэптыгъэшъ,
уиIэпыIэгъу сакъыхеIэтыкIы.

37 Лъагъоу сызтэтым зыкъысфырегъэушъомбгъу,
слъакъохэри кIэсысыхьэхэрэп.

38 Сипыйхэм ауж силъади, зэхэзгъэтэкъуагъэх,
ахэр зэхэсымыукIэфэхэ къэзгъэзэжьыгъэп;
39 ахэм сатекIуагъ, ахэр зэхэсыукIагъэх,
зыкъамыIэтыжьышъухэнэу зэхэсщытIагъэх.

40 КIуачIэу сызэрэуузэндыгъэм заом сащытыригъэкIуагъ,

зыкъыспэзыIатыгъэхэр гъэры сэбгъэшIыгъэх;
41 сипыйхэм ашъхьэ О щябгъэгъэзыягъ,
сызфэмылъэгъурэр зэкIэ зэхэзгъэфагъ.

42 IэпыIэгъу щыгугъхэу ахэр къэлъэIуагъэх,
ау къэзгъэнэжьыщтхэр щыIагъэп,
– Зиусхьаным зыфагъэзагъ,
ау джэуапэгъу къафэхъугъэп.
43 ЧIыгу сапэм фэдэу ахэр сэ истэкъухьагъэх,
гъогум телъ псынжъым фэдэу зэхэсщытIэхи сыутагъэх.

44 ЗыкъыспэзыIэтыгъэ сицIыфхэм сатебгъэкIуагъ,
нэмыкI лъэпкъхэми Iэшъхьэтет О сафэпшIыгъ,
зыщыщ сымышIэщтыгъэ лъэпкъхэр джы сэ къысфэпщылIых.

45 Хэмэ цIыфхэр къысэубзэхэу хъугъэ,
сикъэбарэу зэхахыгъэм сызыфаер арегъашIэ.
46 Къызэрэсщыщынэхэрэм нахь хэмылъэу
хэмэ цIыфхэм ашъо пэзы,
ягъэбылъыпIэхэр кIэзэзхэзэ къабгынэх.

47 Зиусхьаныр зэрэщыIэр сэIо,
сикъушъхьэ зэндэ лъагэ щытхъур ыдэжь!
Тхьэу, сикъэгъэнэжьын икъушъхьэ зэндэ лъагэ,
ыцIэ нахь лъагэу зерэIэт!

48 Сэщ пае Тхьэм сипыйхэм яфэшъуашэр аригъэгъотыгъ,
лъэпкъхэми сатыригъэкIуагъ,
49 сипыйхэм зэкIэми сатебгъэкIуагъ!
Сэ зыкъыспэзыIэтхэрэм апшъэ О сыбгъэуцугъ,
цIыф жъалымхэм О сащыуухъумагъ.

50 Джащ пае, Зиусхьаныр, О уищытхъу хэмэ лъэпкъхэм сахэтэу
сIотэщт,
О щытхъу орэдхэр пфэсIощт.

51 Тхьэм ипачъыхьэ текIоныгъэшхохэр регъэшIых,
Ащ тхьэихэхэу Даутрэ ибынхэмрэ егъашIэми гукIэгъу
къафыриIэщт!»

# ЯтIокIэнэрэ щырэ шъхьэр

## Даут иаужырэ гущыIэхэр

1 Ищай ыкъо Даутэу, лъагэу Тхьэм ахиIэтыкIыгъэ лIым, Якъубэ
и-Тхьэ пачъыхьанэу къахихыгъэу, Израилым иорэдыIо жэбзашIоу
Даут иаужырэ гущыIэхэр зыфэдэр мары:
2 «Зиусхьаным и-Псэ скIоцIыкIэ къыщэгущыIэ,
Ащ игущыI сыбзэгу телъыр.
3 Израилым и-Тхьэ къысиIуагъ,
Израилым и-Къушъхьэ зэндэ лъагэ къысиIуагъ:
„ЦIыфхэр зыIэ илъым зэфагъэм тетэу,
Тхьэм ищынагъо итэу ипачъыхьагъу зэрехьэмэ,
4 тыгъэр пчэдыжь нэфшъагъом
ошъогу къаргъом къызэрэщыкъокIырэм,
уцыр ощх ужым зэпэлыдыжьэу зэрэкъашхъорэм ар фэд“.

5 Ащ фэдэба Тхьэм ынэшIоу сибын къыщыфэрэр.
ЕгъэшIэрэу зэзэгъыныгъэ Ащ сэ къыздишIыгъ,
лъэныкъо пстэумкIи пытэу, мыукъожьыхэнэу.
Насыпыгъэу сиIэ пстэури къэзыухъумэрэ кIуачIэр,
сигухэлъ пстэури Арба къызхэкIырэр?

6 Ау цIыф мыхъатэхэр зызщадзыерэ,

ӀэкӀэ зынэмысышъухэрэ пэнапцӀэм фэдэщтых;
7 ау ащ нэсыным пае гъучӀыкӀэ
е пчыпыджын пхъэкӀымкӀэ зиуӀэшын фае;
джащ дэжьым машӀом ар регъэстыпэ».

**Даут идзэкӀолӀ анахь лӀыхъужъхэр**

8 Даут илӀыхъужъмэ ацӀэхэр мары: пачъыхьэм илӀыхъужъ
хэшыпыкӀыгъэ тхьаматэмэ ащыщ тахъкъэмон лъэпкъым
къыхэкӀыгъэу Иощэб-Бащэбэт; ипчыпыджын нэбгырэ шъиим
къапиӀэтыгъ, язаозэ зэпстэури хигъэфагъ.
9 Ащ къыкӀэлъыкӀорэр Даут игъусэгъэ дзэкӀолӀищым ащыщэу
ахъохъ лъэпкъым къыхэкӀыгъэ Додэ ыкъожьэу ЕлыӀазар. Къэзэонхэу
къэуцугъэ фылистхэр аушъхьакӀухэ зэхъум, израил дзэкӀолӀхэр
къызызэкӀафэхэм, 10 ыӀэмычӀэ чӀэлъ чатэр ыпкъ щыщ охъуфэ
фылистмэ ар язэуагъ. Зиусхьаным а мафэм текӀоныгъэшхор
къафихьыгъ. АукӀыгъэмэ апылъхэр къапахыжьынхэм пае цӀыфхэр
пыим ыуж зыкӀихьэгъэгъэхэ закъор.
11 Ащ ыуж итыгъ Хъэрар щыщэу Агъэ ыкъо Щаммэ.
Джэнчжъыер зыщашӀэгъэ хьасэр зыдэщыӀэ Лэхъый чӀыпӀэм
фылистхэр къызыщызэрэугъойхэм израил дзэкӀолӀэу къэнагъэхэр
къечъэжьэжьыгъэх. 12 Ау Щаммэ губгъо гузэгум иуцуи
къафызэкӀэкӀуагъэп, фылистхэми атекӀуагъ. Ащ дэжьым Зиусхьаным
текӀоныгъэшхо къафихьыгъ.
13 Хыныгъо лъэхъаным фылист жъугъэхэр РэфаӀим кӀэим
къызыдахьэхэм пачъыхьэм илӀыхъужъ хэшыпыкӀыгъэмэ анахь
бэлахьищыр къакӀохи Даут дэжь Ӏэдулам гъочӀэгъым чӀэхьагъэх.
14 А уахътэм Даут пытапӀэм дэсыгъ, фылист дзэ купхэр Бэтлэхъэм
дэтыгъэх. 15 Даут гупшысэ ӀэшӀухэм ахэтэу къыӀуагъ: «Бэтлэхъэм
икъэлапчъэ дэжь щыт псынэм ипс щыщ хэт къысӀуигъэфэн?»
16 Арти лӀыхъужъищыр фылистмэ яуцупӀэ кӀоцӀырыкӀхи, Бэтлэхъэм
икъэлапчъэ дэжь щыт псынэм псы къырахи Даут къыфахьыгъ. Ау ар

ащ ешъон ымыдэу, Зиусхьаным ищытхъу пае рикIути [17] къыIуагъ:
«А Зиусхьан, ар сшIэным сыщыухъум! Зыпсэ рыджэгужьхэзэ псыхьэ
кIогъагъэхэм къахьыгъэм сешъомэ, ахэм алъ сешъуагъэм фэдэба?»
Ащ ешъон ыдагъэп. А лIыхъужъищым ашIагъэр джары.

[18] Цырыуй ыкъоу, Иоаб ыш Абищай пачъыхьэм илIыхъужъ
хэшыпыкIыгъэ тхьаматэмэ ащыщыгъ: ипчыпыджын мокIэ-мыкIэ
ахиIузэ нэбгырэ шъищ ыукIыгъ, ищытхъуи нэбгырищ хъурэ а купым
ыIуатэщтыгъэ. [19] А лIыхъужъ хэшыпыкIыгъэмэ ар анахь цIэрыIуагъ,
ахэм Iэшъхьэтет афэхъугъагъ, ау нэбгырищ хъурэ адрэ купым ар
анахь лъэшыгъэп.

[20] ИодаI ыкъо лIыбланэу Бэнай зиIофшIэгъэшхохэмкIэ лъэшэу,
Къэбцыел къалэм щыщ мэуабэу Ариел[t] ыкъуитIу атекIуагъ; ар дэдэр
осыр къызщесщтыгъэ мафэм кIэим дахьи аслъаныр ащ диукIыхьагъ.
[21] Ар дэдэм мысыр лIы лъэгъупхъэ горэ ыукIыгъ. А мысырым
пчыпыджын ыIыгъыгъэми, ежь бэщыр ыIэдакъэу ащ пэгъокIи,
мысырым пчыпыджыныр къыIэкIитхъи, иIашэкIэ ыукIыжьыгъ.
[22] ИодаI ыкъо Бэнай джары ышIагъэр, адрэ лIыхъужъищым афэдэу
ари цIэрыIуагъ. [23] А нэбгырэ щэкIым афэдэу ар цIэрыIо хъугъэ, ау
адрэ нэбгырищым анахь лъэшыгъэп. Арти къэзыухъумэрэ цIыфхэм
Даут Iэшъхьэтет ар афишIыгъ.

[24] А нэбгырэ щэкIым нэмыкIхэри ахэтыгъэх: Иоаб ышэу Iасаел;
Бэтлэхъэм щыщ Додэ ыкъо Елхъэнан; [25] Хъэрэуд щыщхэу Щаммэрэ
Елыкъэрэ, [26] Бэтпэлэт къалэм щыщэу Хъэлэц, ТэкъоаI щыщэу
Iикъэщ ыкъо Iирэ, [27] Iанатот щыщэу АбиIэзэр, Хъущым щыщ
Мэбунай, [28] ахъохъмэ ащыщэу Цалмон, нэтофмэ ащыщэу Махрай,
[29] нэтофмэ ащыщхэу БэIан ыкъо Хъэлэдрэ Бынямин хэкум ит ГъыбIэ
щыщ Рибай ыкъо Иттайрэ, [30] пирIатонмэ ащыщэу Бэнай, гъэIащмэ
ащыщэу Хъыддай, [31] Iарбэтмэ ащыщэу Аби-Iалбон, Бахъурим щыщ
Iазмэот, [32] щэIалбонэу Елэхъбэ, Ящэн ыкъохэр, Ионэтан, [33] хъэрарэу

[t][20] Ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым мы гущыIэм имэхьанэ зэхэугуфыкIыгъэу итэп.

Щаммэ ыкъу, хъэрарэу Щэрар ыкъо АхъыӀам, [34] МэӀахэ щыщ
Ахъэсбай ыкъо Елыфэлэт, гъылэунэу Ахъытэуфэл ыкъо ЕлыӀам,
[35] Къармэл щыщэу Хъэцрай, арыбэу ПэӀэрай, [36] Цэубэ щыщ Нэтан
ыкъо Игъал, гъадэу Баный, [37] Ӏамонэу Цэлэкъ, БэӀэрот щыщэу
Цырыуй ыкъо Иоаб иашъоджэнэзехьэу Нэхъэрай, [38] итырэу Ӏирэ,
итырэу Гъарэб, [39] хъытэу Урый. ЗэкӀэри нэбгырэ щэкӀырэ блырэ
фэдиз хъущтыгъэ.

# ЯтӀокӀэнэрэ плӀырэ шъхьэр

## Лъэпкъыр зэратхыгъэр

[1] Зиусхьаныр Израилым джыри лъэшэу къыфэгубжыгъ. Даут ыгу
къончагъэ къырилъхьи Израилми Ехъудми арыс цӀыфыр зыфэдизыр
къылъытэнэу къыриӀуагъ. [2] Арти пачъыхьэм идзэ иӀэшъхьэтетэу
Иоабрэ идзэпащэхэмрэ ариӀуагъ: «Даным къыщежъугъажьи
БэрщэбаӀ нэсэу зэрэизраил лъэпкъэу къызэпэшъукӀухь, дзэм хэтын
зылъэкӀыщт хъулъфыгъэ пчъагъэр зыфэдизыр сшӀэным пае ахэр
къэшъулъыт». [3] Ау Иоаб пачъыхьэм риӀуагъ: «Уи-Зиусхьанэу Тхьэм
цӀыфэу щыӀэмэ афэдиз ахерэгъахъу, ащ фэдишъэ джыри ахерэгъахъу,
сизиусхьани ынитӀукӀэ ар ерэлъэгъу; ау сизиусхьанэу пачъыхьэм
сыд фэдэ гухэлъа а Ӏофым фыриӀэр?» [4] Ау пачъыхьэм Иоабрэ
идзэпащэхэмрэ ариӀуагъэр ыкӀыӀу къэхъугъ. Арти Иоабрэ пачъыхьэм
идзэпащэхэмрэ зэгъусэхэу пачъыхьэм дэжь икӀыхи израил лъэпкъыр
къалъытэнэу ежьагъэх. [5] Ахэр Иордан зэпырыкӀхи, къэлъытэныр
ӀарэӀэр къалэрэ кӀэим дэт къалэмрэ къащырагъэжьи, ащ ыуж Гъад
хэкум, етӀанэ ЯӀызэр къалэм кӀуагъэх. [6] ГъылыӀад лъэныкъоми
кӀуагъэх, хъытмэ яхэку ит къалэу Къадэщи нэсыгъэх; етӀанэ
Даным кӀуагъэх, Даным дэкӀхи Цыдон лъэныкъомкӀэ агъэзагъ;
[7] къыблэмкӀэ лъыкӀуатэхэзэ, зэтегъэпытыхьэгъэ къалэу Цэури
дэхьагъэх, хъэухэмрэ къэнэӀанхэмрэ якъэлэ пстэуми анэсыгъэх,
Ехъудэм икъыблэкӀэ щыӀэ БэрщэбаӀи нэсыгъэх. [8] Зэрэхэгъэгоу

къызэпакIухьи мэзибгъурэ мэфэ тIокIырэ зытешIэм ыуж Ерыусэлэм
къагъэзэжьыгъ. [9] ЦIыфхэр зыфэдиз хъурэм икъэбар Иоаб пачъыхьэм
зыфеIуатэм, дзэм хэтын зылъэкIыщт хъулъфыгъэ пчъагъэу
Израилым, темыр лъэныкъомкIэ, исыр нэбгырэ мин шъиеу, Ехъудэм,
къыблэ лъэныкъомкIэ, – мин шъитф хъоу къычIэкIыгъ.

**Тхьэм Даут зэригъэпщынагъэр**

[10] ЦIыф пчъагъэр зыфэдизыр къызелъытэм Даут ыгу
къэлъэпэрэпагъ. Арти Даут Зиусхьаным зыфигъэзагъ: «Ащ
фэдэу сызекIуи псэкIодышхо згъэхъагъэ. Зиусхьаныр, уиIумэт
ипсэкIодшIагъэ къыфэбгъэгъунэу джы сыолъэIу, сыда пIомэ
акъылынчъагъэ къызхэзгъэфагъ». [11] КъыкIэлъыкIорэ мафэм
пчэдыжьым Даут къызэтэджыжьым тхьэлIыкIоу, Даут иусэрэжъэу
Гъад Зиусхьаным къыриIуагъ: [12] «Даут дэжь кIуи еIу: „Зиусхьаным
ыIорэр мары: ‘Пщыныжьищ къыптеслъхьащтышъ, ахади о
ппэкIэкIынэу ахэм зы къахэх’“». [13] Арти Гъад Даут дэжь къакIуи,
къэбарыр къыфихьи, къыриIуагъ: «Тара ащыщэу узыфаер, къахэх:
илъэсиблэ уихэгъэгу щыгъэблэныр ара, хьауми уауж ит уипыйхэм
ори уицIыфхэми зашIожъугъэбылъзэ мэзищэ къэшъучъыхьаныр
ара, хьауми хьадэгъур къызпыкIырэ зэпахырэ бэгуузыр мэфищэ
уихэгъэгу къыщекIокIыныр ара? Джы егупшыси СыкъэзгъэкIуагъэм
есIожьыщтым теубыт». [14] Арти Даут Гъад риIожьыгъ: «Къинышхо
сыхэт; ау щытми, Зиусхьаным ыIэ терэф, сыда пIомэ Ащ игукIэгъу
гъунэнчъ; цIыфмэ саIэкIэрэмыфэ закъуи ары ныIэп сызыфаер.+[21]
[15] Арти Зиусхьаным пчэдыжьым къыщегъэжьагъэу пIалъэу
къыгъэнэфагъэм нэс бэгуузыр израилмэ къафыригъэхыгъ; Даным
къыщегъэжьагъэу БэрщэбаI нэсыжьэу цIыфэу нэбгырэ мин

+[21]Мы чIыпIэм мыщ фэдэ къэIуакIи иI: [Арти Даут коцым иIухыжьыгъом тефэу хьадэгъур къызпыкIырэ зэпахырэ бэгуузым хэдагъ]. Мы къэIуакIэр ижъырэ урымыбзэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытх горэхэм ахэт, ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъэ Iэпэрытхым хэтэп.

тIокIищрэ пшIырэ лIагъэ. [16] Ерыусэлэм дэс цIыфхэр лъэкъабзэ
ригъэфэнэу мэлэIичыр зыфежьэм, Зиусхьаныр тхьамыкIагъоу
къафыригъэхыгъэм фыкIэгъожьи, цIыфхэр езгъэтэкъохщтыгъэ
мэлэIичым риIуагъ: «Икъущт, джы уцужь». Зиусхьаным имэлэIич
ащ дэжьым еус лъэпкъым щыщ Араунэ ихьамэщ дэжь щытыгъ.
[17] ЦIыфхэр езгъэтэкъоххэрэ мэлэIичыр къызелъэгъум Даут
Зиусхьаным риIуагъ: «Ары сэ сизакъоу псэкIод сшIагъэ, хэбзэнчъэу
сызекIуагъ; ау мыдрэ мэлхэм сыда ашIагъэр? Сэррэ сиунагъорэ
тифэшъуашэр О тэгъэгъот».

## Даут къурмэн зэришIыгъэр

[18] А мафэм Гъад Даут дэжь къакIуи къыриIуагъ: «КIуи еусэу
Араунэ ихьамэщ Зиусхьаным пае къурмэншIыпIэ щыгъэуцу».
[19] Зиусхьаным къыфишIыгъэ унашъом тетэу, Гъад къыриIогъэ
чIыпIэм Даут кIуагъэ. [20] Араунэ къызэплъэм пачъыхьэмрэ ащ
иIумэтхэмрэ къызэрекIуалIэхэрэр къылъэгъугъэти, Араунэ
къапэгъокIи чIыгум нэс пачъыхьэм шъхьащэ къыфишIыгъ.
[21] Араунэ къыIуагъ: «Сыда сизиусхьанэу пачъыхьэр иIумэт дэжь
къызкIэкIуагъэр?» Даут ащ риIуагъ: «Зиусхьаным къурмэншIыпIэ
щыфэзгъэуцуным, цIыфхэр бэгуузым римыгъэтэкъохыжьынхэм
апае уихьамэщ пщысщэфынэу ары». [22] Арти Араунэ Даут
къыриIожьыгъ: «Сизиусхьанэу пачъыхьэм зыфаер ерэшти къурмэн
ерэшI. Мары къурмэнгъэстым пае цухэри, гъэстыныпхъэ пшIынхэу
лэжьыгъэутыныжь пхъэхэри, цухэр зэрэкIашIэхэри. [23] А пачъыхь,
а зэкIэ сэ къыосэты». ЕтIани Араунэ пачъыхьэм къыриIуагъ:
«Уи-Зиусхьанэу Тхьэм ынэшIу къыпщэрэф!»
[24] Ау пачъыхьэм Араунэ риIуагъ: «Хьау, атефэрэ уасэр
къыостыщт, къысатыгъэр Си-Зиусхьанэу Тхьэм къурмэн
фэсшIыщтэп». Джаущтэу Даут хьамэщри цухэри тыжьын ахъщэ
шъэныкъокIэ къыщищэфыгъэх. [25] Ащ дэжьым Даут Зиусхьаным
пае къурмэншIыпIэр щигъэуцуи къурмэнгъэстрэ мамыр къурмэнрэ

щишIыгъэх. Арти Зиусхьаным хэгъэгум гукIэгъу къыфишIыгъ, бэгуузыр израил цIыфхэм къяузыжьыгъэп.